# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**Адыгэ тхакIуэхэм я журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**2011 гъэ** **5** **Сентябрь – Октябрь**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI**

**Редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр**

**Елгъэр Кашифщ**

*Редколлегием хэтхэр:*

**Къагъырмэс Борис, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, Тхьэгъэзит Зубер, ХьэкIуащэ Андрей**

**Налшык**

**2011**

# Iуащхьэмахуэ (Эльбрус)

На кабардинском языке

*Учредители:* Министерство по информационным коммуникациям, работе с общественными объединениями и делам молодежи Кабардино-Балкарской Республики (360000,КБР, г.Нальчик, пр. Ленина, 57), Общественная организация «Союз писателей Кабардино-Балкарской Республики» (360000, КБР, г.Нальчик, пр. Ленина, 5 офис 501)

**И. о. главного редактора**
**Кашиф Эльгаров**

Редакционная коллегия:
**Борис Кагермазов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов, Зубер Тхагазитов, Андрей Хакуашев**

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Подписано к печати 12.10.11. Формат $70 \times 108^{1}/_{16}$. Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,2. Уч-изд. л. 12.00. Тираж 2000 экз. Заказ № 243. Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73926
Регистрационный № Н-0036
Адрес редакции:
КБР,г.Нальчик,пр.Ленина,5.

Отпечатано на ООО «Тетраграф». КБР, г. Нальчик, пр.Ленина, 33

Обложка художника
Заурбека Бгажнокова

## КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ИТХЭР:

**Хьэх Сэфарбий.** ИщхъэрэкIэ. «Дуней гъащIэ» тхыгъэм щыщ. . . . 3
**Нэхущ Хьэжпагуэ**. Яужь гъуэгуанэ. Рассказ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
**Къэжэр Хьэмид.** Ар къызыхуигъэщIауэ щыта гъуэгур. Эссе. . . . 32

ПШЫНАЛЪЭ

**Нало Заур.** Дыщэ жьакIэ. . . . . . . . . . . 51

ЖЬАНТIЭ

Зи гуащIэдэкIхэр мыкIуэдыжынщ. . . . 58
**Елгъэр Кашиф.** Зи адэцIэри зи цIэри зыгъэпэжу псэуа е ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сэ зэрысцIыхуу щытар. ГукъэкIыжхэм щыщщ. . . . 59
**ЩоджэнцIыкIу Iэдэм.** Анэ. Къурш псынэ. Рассказхэр. . . . . . . . 76
**БакIу Хьэнджэрий.** Зи гъащIэр литературэм къурмэн хуэзыщIа тхакIуэ. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 94
**Дыгъужь Къурмэн.** Бжьыхьэ псыдзэ. Романым щыщ Iыхьэ. . . . . . . 95

КУЛЬТУРЭМ И ЛЪАХЭМ

**Жэман Ахьмэд.** Iуащхьэмахуэ сыт щыгъуи си плъапIэт. . . . . . . . . . 108
**Псори зэгурызыгъаIуэ фIыгъуэ.** . . . 122
**Бейтыгъуэн Сэфарбий.** ЖыIэгъуэхэр. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 130
**ХьэкIуащэ Андрей.** «Умыдзыхэ, си нанэ, дыщэ». . . . . . . . . . . . . . . 131
**АфIэунэ Рае.** Гугъэмрэ гъащIэмрэ я зэпыщIакIуэ. . . . . . . . . . . . . . . . . 136
**ТекIужь Заретэ.** Адыгэ щэнхабзэм щIыналъэхэр зэпэгъунэгъу ещI. . . . 140

ХЪУЭЖЭ И КУЭБЖЭ

**Хьэтуей Заурбэч.** Пасэрей псысэхэр. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 147

ХЬЭХ Сэфарбий

# ИщхъэрэкIэ

## «Дуней гъащIэ» тхыгъэм щыщ



Милицэм чэфу езауэу зы илъэс къытралъхьам щыщу мазэ бжыгъэ фIэкIа имысауэ лъэхъуэщым къикIыжащ Къамбот. И тутнакъ лъэужьыр хигъэгъуэ-щэжын щхьэкIэ, и паспортыр игъэсыжащ.

Псори хъуащ тэмэм. ТхьэмахуитIи щыи дэкIакъым, «Паспорт кIуэдам и пIэкIэ» жиIэу тету комендантым къыхуихьыжри щIэрыпсу къритыжащ. А паспортыр щIэкIуэдами зэрыкIуэда щIыкIэми зыми зыкIэ и Iуэху зэрихуакъым. ИгъэкIуэдащ, къратыжащ щIэуэ. Къэхъу хабзэкъэ апхуэдэу? Зы цIыхум псалъэ жиIакъым шахтым щылэжьэну къыщащтэми. Тэмэмт и тхылъхэр псори. Къэралым щыпсэу дэтхэнэ цIыхуми иIэн хуейхэм хуэдэт. Лэжьыгъэр зратхэ тхылъри лэжьапIэщIэм щыува махуэ дыдэм, декабрым и 27-м 1958 гъэм, щIэуэ къыхузэIуахащ «Южная» шахтым, руда зэрыщызэрашэ вагон цIыкIухэр щызэхигъэувэну къызэращта тхыгъэмкIэ. Къамбот, а ищIам зыгуэркIэ игъэикIэ хуэдэу егупсысри, и щхьэ моуэ хужиIэжащ: ахъшэ щхьэкIэ щIым сыщIыхьауэ аракъэ иджы сэ!

Iуэхукъым, щIрырехьэ. ЩIыхьэнщ щIым, хыхьэнщ тенджызым, мывэ зэпихынщ, бгыр къигъэуэнщ, псыр дигъэуэхынщ – зы гугъуехь къыпикIуэтынкъым, и нэ къызэрыхуикIым хуэдэу ахъшэ зэрыIыгъыфI тIэкIу унэм ихьу кIуэжын щхьэкIэ. КъыпикIуэтынкъым сыт хуэдэ гугъуехьми!

Мы ахъшэ зэпэубыдам и Iуэхур Къамбот игъащIэм къыгурыIуатэкъым, къыгурыIуэртэкъым иджыри. Ахъшэр, гъавэм хуэдэу, илъэс псом щIым утелэжьыхьу къэбгъэкIын, зепхьэн хуейтэкъым. Къэбгъэхъуртэкъым былымым ещхьу илъэс бжыгъэкIэ уелIалIэу IускIэ бгъашхэуи. Апхуэдэу щытамэ, яхузэфIэкIыркъым, яхуэгъэкъаруркъым, жыпIэнт. Щыхуей дыдэм и деж зыхуей дыдэм хуэдиз мэуври паупщI. Апхуэдэу щыщыткIэ, лIэун, къапщтэу псоми зыхуейр кърапщэхуну ярикъун, я ныбэ изу яшхын къызыщIэкIын къыщIэбгъэкI щIэмыхъур сыт?! ЩыцIыкIум абыкIэ еупщIауэ щытат я егъэджакIуэ Бэрбэч Нажмудини, къыхуидакъым:

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ,  къэралым дыщэу илъым  нэхърэ нэхъыбэ ахъшэ къыдэбгъэкI хъунукъым.

Абы щыгъуэ сабийт, къыгурыIуакъым. Хузэгъэзэхуакъым, сыт дыщэу уиIэмрэ ахъшэмрэ Iуэхуу зэхуаIэр? Зиумысыжынци, къыгурыIуэжакъым иужькIи. Иджыри абыкIэ еупщIат псори зыщIэ Игори, ар дыдэр къыжриIащ:

– Ахъшэ куэду къыщIэбгъэкIкIэ, цIыхур нэхъ къулей хъунукъым. АбыкIэ уи ахъшэр нэхъ пщIэншэ, къыщIэкIыр нэхъ мащIэ пщIын къудейуэ

*КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 4-нэ номерым итщ

station. Арaщ инфляцэ жыхуаIэжыр. Апхуэдэ ди деж щыIэкъым, капиталист къэралхэм я дежщ ар къыщыхъур!

Мыбдежми балигъ хъуа Къамбот мы Iуэху къыгурымыIуэм и тэмэмыпIэр аргуэру и акъылкIэ хуэгъэкъарууртэкъым къиищтэну. Хъунщ, ахъшэ куэд къэралым илъкIэ, уи цIыхур нэхъыбэу, нэхъыфIу щэхуэфыркъым, пхуэщIынкъым абыкIэ нэхъ къулеи нэхъ насыпыфIи. Ар къыгурыIуа хуэдэщ. УмыувыIэу ахъшэ къыдэбгъэкIкIэ пшхыну хьэмэрэ щыптIэгъэну илъыр нэхъ мащIи нэхъыби хъунукъым. Ауэ къэралым щIыхуэ телъу жаIэу зэхех. ПыбупщI, а щIыхуэ птелъыр абыкIэ упшыныжу, хуиту упсэу щIэмыхъур лIо, къэблэжьыр пшхыжу? Хьэмэрэ, кхъухьлъатэ къехуэхащ, хэщIащ къэралым сом ... Кхъухьлъатэхэм я уасэр дапщэ: мелуан, мелард? Сытми, ахъшэу апхуэдиз пыбупщIу абыкIэ кхъухьлъатэр е нэгъуэщI зыгуэрыр пщIыжкIэ, къэпщэхужкIэ, ящэмрэ къащэхумрэ зэпэмышэчэж щIэхъун хуейр сыт?! Е, нэгъуэщI зы щапхъэ къэтхьынщи, иджыпсту хамэ къэрал гуэрым ахъшэшхуэ къритмэ, гуфIэу къыIахынущ. НтIэ, абы ящэ-къащэхум и зэпэшэчэкIэр щIызэблимышыр лIо? ЛIо абы инфляцэ къимыгъэхъуу, уи ахъшэ пыбупщIыжам нэхъ лейуэ къыщIигъэхъунур? А ахъшэр къыщIалъэIухуэххэнури щIыхуэу къыщIэпщтэнури сыт, уи ахъшэ къыщIумыгъэкIыжу?!

Мис ар дауэ мыхъуами, къыгурыIуэртэкъым Къамбот нобэр къыздэсым, игъуэтыртэкъым къыгурызыгъэIуэни. И щхьэр абыхэм ятрикъутэщятрикъутэри, и гур Iей щIэхъуэжарэ тесабырэжауэ псэурт: езым къыгурыIуэм хуэдиз фIэкIа адрейхэми къагурымыIуэжатэмэ, куэд щIати дунейр зэрыкъутэжрэ!

Къамбот хьэлэчыпцIэр и махуэу и нэ къыхуикIырт шахтым ихьэну – игъащIэм имылъэгъуа илъагъунут! ХуэпIащIэрт, къыхуэмыгъэсу. Сыт хуэдэу пIэрэ ар? А дыщэ къыщIахыр дэнэ дежу пIэрэ къыщащтэр? Плъагъуу пIэрэ ар, ауэ нэкIэ уеплъкIэ?.. Ей, уеплъу, нэкIэ плъагъуу щытмэ, къыздэпщтэу уэ пхуэмыгъэкъэбзэжыну пIэрэ ар? Апхуэдэу пщIы хъууэ щытамэ, щхьэхынтэкъым, игъэкъабзэнт. ЦIыхум и сабиигъуэ-къэжэпхъыгъуэм, дунейр къищIэу щыщIидзам дежи Къамбот и гум шахтым теухуауэ щызекIуэхэм нэхърэ нэхъыбэм щIэупщIэу къыщIэкIынтэкъым. И япэ лэжьэгъуэ пщэдджыжьым псори жейуэ къэушри, уэздыгъэр пигъэнащ. Общежитым къыдыщIэлъхэм, мыарэзыуэ, хэт зигъэзащ, хэт и щхьэр шхыIэным щIиIуащ, хэти гъуматIымащ. Къамбот а гъуматIымам жиIам хущIригъэгъуэжащ: мыр общежитщ, уи закъуэкъым щIэсыр. Мыбы щызекIуэ хабзэхэр уигу иримыхьрэ ахэр зигу ирихьхэм нэхърэ унэхъыфIу къэплъытэмэ, фэтэр къащти, зыри зэран къыпхуэмыхъуу, тыншу псэу уи закъуэу!

Илъэс бжыгъэ хъуауэ щIэст иджы ар апхуэдэурэ зэпсалъэр, езыр япэу ныжэбэ мыбы нэху къыщекIауэ аркъудейт. Ауэ Къамбот абыи, зэрымызахуэм теухуа нэгъуэщI зыгуэрхэми иужькIэщ щегупсысыжар. Асыхьэтым, хузэхуэмыгъэхъуу къекIуэкI и Iуэху тIэкIухэр зэрызэхуэхъужам, лэжьапIэщIэм и нэр къызэрыхуикIым псори щигъэгъупщауэ арат.

* * *

Сытым ар къыхахми имыщIэу, стволт шахтым зэрех лифтыр зэрыт ихьэпIэм зэреджэр. МетрищэрэпщыкIутIрэ и кууагът Къамбот щылэжьэнур здэщыIэм. Зэрынэсу, псом япэу зэхигъэкIыну и нэ къызыхуикIым иужь ихьащ – дыщэ къилъагъуну пIэрэ? АрщхьэкIэ дэнэт, щыIэтэкъым

дыщэ лъэпкъ. ЩIэупщIэу зыщимыгъэдыхьэшхамэ нэхъыфIт абы нэхърэ.

– Дыщэ мыбы щыIэкъым, – къыжраIащ щIэуэ къахыхьа щIалэм. – Мыбы щыIэр ар къызыхах къыр къутахуэхэращ. Мы шахтым пэмыжыжьэу щыIэщ фабрикэ, дэ щIэтш рудам дыщэр къыщыхахыу. Мис аращ дыщэр здэщыIэр!

А къыр къутахуэ руда хъужыр щIэзыш машинистым, вагон цIыкIухэр зэпищIэрэ езым и машинэм къыкIэрищIэжу, зы лэжьакIуэ къегъэбыдылIат. Мис а «зы лэжьакIуэм» хуэдэу лэжьэн хуейуэ арат щIалэр езыри къызэращтар. Къамбот зыхуэза машинистым и унэцIэр Уколовт. И цIэр Артёмт. Арат иджы Къамбот и унафэ къэзыщIыну зи Iуэху къыхэлъ и унафэщI нэхъ гъунэгъу дыдэр. Iейуэ лажьэми фIыуэ лажьэми арат зылъагъур, абы жиIэрат зытращIыхьынури, Къамбот зыхуэдэ лэжьакIуэм теухуауэ. Артём езым нэхърэ фIыуэ нэхъыжьынт. Сыхьэт бжыгъэ ихьащ абы Къамбот ищIэнумрэ зэрищIыну щIыкIэмрэ къригъэлъагъуным, къыгуригъэIуэным. Хуабжьу зэгуэпырт, езым псори къыгурыIуауэ, мор лейуэ псалъэу къилъытэрти. Сытыт абы умыщIэнуи къыбгурымыIуэнуи хэлъыр?!

Пэжу, Къамбот лэжьапIэ къыщащтам шахтым щыблэжьынур вагон цIыкIухэр зэпыпщIэну аращ, къыщыжраIам тэмэм дыдэу къыгурыIуэщатэкъым ищIэн хуейуэ и пщэ къыдэхуэ лэжьыгъэр зищIысри зыхуэдэри – гугъу хьэмэрэ тынш? ЩIэупщIэххакъым. Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрагъэувэми идэрт, ягъэув закъуэмэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Игорь сымэ къакъутэ рудар вагон цIыкIухэмкIэ ирашалIэрт ишыжыпIэм. Абыхэм я инагъым тещIыхьауэ яухуа гъущI гъуэгу бгъузэхэм тетт вагон цIыкIухэр. ЩIэзышыр машинистырат. Къамбот и къалэныр абы щIишыну вагонхэр псори зэпищIэу машинэм пидзэжынрат. Ар гурыIуэгъуэт. Ауэ и унафэщIыр увыIэртэкъым. Иригъаджэрти-иригъаджэрт. Сытми, Къамбот дяпэкIэ нэхъ унафэщI гъунэгъу дыдэу иIэну Артём и жьэр игъэувыIэщ зэи, и Iэпэр ишиящ:

– КIуэ, мис мо унэ цIыкIум къущатынущ узэрылэжьэну щыгъыныр.

Къамбот икъусыкъужкIэ игу ирихьырт кърата шахтёр фащэр. Псом хуэмыдэжу щыгуфIэр уэздыгъэр зи натIэм тет фурашкIэр щыщхьэритIагъэкIэт. Зэреджэ тхылъхэм ярыту сурэткIэ фIэкIа, зэи Къамбот шахтёр илъэгъуатэкъым игъащIэм. НтIэ, мис, иджы езыр шахтёр хъуащ. ФIэхьэлэмэту зэхъуапсэу щыта а пыIэ дыдэри щхьэрыгъщ!

Арати, щIидзауэ лажьэрт. Вагон цIыкIухэу пщIы хуэдиз зэкIэращIэрт. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми метритI и кIыхьагът. Машинистымрэ и кIэ дыдэм щыпыщIа вагонымрэ метр тIощI я зэхуакут. Мыбдежым Къамбот къыщыгурыIуэжащ, абыкIэ зыми емыупщIами, къыгурымыIуэ гуэрым и жэуап: сыт шахтёрым и пыIэ натIэм уэздыгъэ щIыхэгъэубыдар? Шахтым зэрыщызекIуэ гъуэгу нэхъыщхьэр къагъэнэху щхьэкIэ, бгыр зыкъутэхэм, абыхэм ядэлажьэхэм я деж щыкIыфIт. А я пыIэм хэлъ уэздыгъэм къигъэнэхур я Iыхьэу арат. Езы Къамбот сымэ къапщтэмэ, машинистыр гъуэгум еплъырт, къызэплъэкI хъуртэкъым. Къамбот и пыIэм хэлъ уэздыгъэм и нурыр вагон псоми тридзэрти, хуиту илъагъурт, сыт къэхъуми. МащIэтэкъым къэхъури. ПсынщIагъэшхуэ къащтэрт машинэхэм – щIыщIагъ мафIэгухэм. ГъущI гъуэгу цIыкIухэм я зэпылъыпIэхэм деж вагонхэр щыбгъунлъэнкIэ хъурт, щыщхьэпридзыпэ щыIэт, илъыр икIутрэ ипкIутэжын хуейуэ къыпхудэкIыу. Ар апхуэдэу мыхъун щхьэкIэ, вагоныр гъущI гъуэгум къызэрытепкIыу, гу лъыптэу, уи пыIэ уэздыгъэмкIэ машинистым къебгъэщIэну арат. «Ежьэ» жыпIэнумэ, «хъунщ» къикIыу, уи щхьэр пщIынут, вагоныр

гъущI гъуэгум текIауэ къэбгъэувыIэнумэ – «хьэуэ»-м ещхьут зэрыщIын хуейр... Мыхэр мыпхуэдэу тегъэчыныхьауэ зэрывжесIэм щхьэкIэ, ахэр сэ зэрысщIэр фэзгъэгъэщIэгъуэну сыхэт фи гугъэу, лажьэ зимыIэ мы си тхыгъэм фыкъыхуэмышхыдэ редактори критики. Сэ Къамбот и лэжьыгъэр зыхуэдэм абыкIэ щыгъуазэ фысщI си гугъэжу аращ.

## ИлъэсыщIэ Iэнэ

Хуабжьу дихьэхыу лажьэрт Къамбот. КъыффIэмыщI вагоныр щхьэпридзырти, илъыр икIутырти, ар Къамбот сымэ иракIутэжын хуейуэ къахудэкIырти сытти жысIами, ахэр сыхьэт хьэмэрэ махуэ къэс къэхъуу. Къэхъуртэкъым. Тыншыбзэт улэжьэну. Изу зэрыкIута вагон цIыкIухэр зэкIэлъхьэужьу ягъэув, зэпэщIэтыбзэуи, уэ фIэдзапIэ-зэпыщIапIэ иIэхэм ауэ фIэбдзэурэ ирикIуэ, иужь дыдэ итым хэхауэ уэр щхьэкIэ щхьэхуэу иIэ теувапIэм теувэжи кIуэ, къызэрыбжыхьым уи гур хигъахъуэрэ уздэкIуэм плъагъухэри бгъэщIагъуэу. Къамбот иIуэтэжауэ къилъытэрт, мо зыIута заводым щишэчам иригъапщэрти. Ауэ мыбыи а заводым къыщыхъу хабзэ лъэпощхьэпохэм нэхърэ зыкIи нэхъ гугъуехь мащIэтэкъым пыщIар, вагоныр щхьэпридзрэ илъыр икIутамэ. Пэж дыдэу, хьэлэчт. Ещхьыпст а завод лъэпощхьэпохэм мыри – зэзэмызэт къыщыхъур, ауэ къэхъуакъэ – мыхьыр уигъэхьырт. Къамбот ар зыхуэдэр къищIакъым занщIэу.

Апхуэдэурэ, зы мазэ кIуа, нэхъ мащIэ, нэхъыбэ, сытми, и лэжьэгъуэ зэманри ирибзылIэпауэ, жэщ гуэрым щхьэпредз вагонищ зэуэ. КъыпщыщIыну иухамэ, бетэмалкъэ, вагон зэкIэрыщIа къомыр гъущI гъуэгу цIыкIу зэпылъыпIэхэм мащIэу щыIэуэлъауэу гухэхъуэу кIуэуэрэ, зы тоцIэфт гъуэгу зытетым. Къамбот вагонхэм и нэр теубыдауэ еплъу теувапIэм здытетым, занщIэу гу лъетэ къэхъуам. Машинистым ирегъащIэ хъыбар. Абы къежьэу щыта фIэкIа умыщIэну, мобы занщIэуи къегъэувыIэ щIыщIагъ вагон къомыр зышэ машинэжь цIыкIур. ЗикI, ауэ зы напIэ Iэтыгъуэ тIэкIут а псоми зэману яхьар.

ИтIани, мо щIихьауэ кIуэм, куэдрэт – къэхъункIэ хъунум я нэхъ Iейр къэхъуауэ арат! Къамбот сымэ я фэм дэкIар а жэщым! ГъущI гъуэгу цIыкIу зытетым ауэ текIа къудеймэ, бэлыхьищэр пыщIащ вагоныр и пIэ ибгъэувэжу, уи гъуэгум пыпщэжыным: вагонищ къэпIэтыжу, бгъэувыжу, илъар ипкIутэжыни хуейт! Ауэ хыфIэдзи, мазэ лэжьыгъэ ящIауэ къыщIэкIынщ а зы лъэпощхьэпом къыдэкIуэу. Абыи и закъуэт, гъуэгури IущIа хъуауэ, адэкIэ кIуэри мыдэкIэ къакIуэри зэтраIыгъэрэ зи Iуэхуми зи мыIуэхуми къагъэкъуаншэу, псалъэмакъ кърашIэкIыу. Арыншами, езы тIум бэлыхьу къатрилъхьар ирикъурт. Къамбот зэгуэпырт ар къызыгурымыIуэу кIийхэм щхьэкIэ. Ауэ зыри жиIакъым. Уколовым хуэшэчакъым жимыIэIауэ. Нэхъ Iейуэ къыжраIэж щыхъум, Къамбот и гъусэм и Iэблэр иубыдри къыIуишыжащ. А щIалитIыр абы щыгъуэ гугъу зэрехьар пхуэмыIуэтэным хуэдизт.

Абдежым къыщыщIидзащ мы дуней гуфIэгъуэр иIэу зыIуува шахт лэжьыгъэм Къамбот и гур къыбгъэдэкIыным. Ахъшэшхуэ зэрыщыгугъамкIи къыхуэпэжатэкъым IэнатIэр. Хьэуэ, иджыри къэс, дэнэ щылэжьами, къызэримыхьауэ, ахъшэ хъарзынэ къыпыкIырт, дидзыхыфырт зыгуэрхэри. Ауэ зэрыщыгугъам хуэдэтэкъым. Егупсыс хъуат: и гъащIэм и фIыпIэр мы щIы щIагъым щигъэкIуэн щIыхуейр сыт, и узыншагъэри хилъхьэу?! Иджы и тхылъхэр къабзэщ, япэм хуэдэу щIэшынэн щыIэжкъым, и щIа-

лэгъуэ-и къаруилъыгъуэщ. Дуней хуитым тету къыхуэлэжьынукъэ мыбы къыщратым хуэдиз, егъэлеяуэ щыщымыткIэ? Сыт и гум пымыкIыр?

Егупсысщ апхуэдэуи, а щегупсысам деж къыщигъэнэжауэ, зэкIэ лажьэрт Къамбот, а зыIуууауэ щыта бэлыхьыр щымыгъупщами. МыдэкIэ Игоррэ абырэ зэкIуэгъужэгъу хъуауэ, дэтт зэкIэрыIуауэ. ЩIалэ екIу лъагэшхуэр лъэныкъуэ куэдкIэ игу ирихьырт Къамбот. Иджы ахэр, мо общежит зыщIэсымкIи зы пэш зыщащIауэ, зэкIэрыкIыжыххэртэкъым жэщи махуи. Къамбот абы жиIэр дыжиIэрт, ищIэр дищIэрт. ИкIи нэхъыжьти, и жыIи едаIуэрт. ЖыпIэ хъунут ар абы и бжьым щIэхуауэ. ЩIэхуами, фIы хихыртэкъым. Зэгуэпырт, и гъусэу Урал къэкIуауэ щыта щIалэ бэлыхь Аслъэн игу къэкIыжауэ. Ари хуабжьу игу ирихьырт. Щхьэ апхуэдэхэр псори фадэм хьэщыкъ техъуэрэ?! Игорь, бжьыфIэми, губзыгъэми, лэжьакIуэ Iейуэ щымытми, и дуней тетыкIэр, а Аслъэни нэхъей, узэхъуапсэу къэпщтэным хуэдэтэкъым. Хуэмыдэми, Къамбот къищтат: пивэри дыщIишырти, нэхъ гуащIэIуэхэми Iэбэ хъуат. ЗикI, шахтым щыщIэт тIэкIур хэгъэкIауэ, мыдрей и зэман къомыр хьэулейуэ игъакIуэрт. Ар и гум къеуэрт, зэрыкIуэдыр и нэкIэ илъагъужырт Къамбот, зыпэщIэувэжыну, къигъэзэну хуейт, ауэ къыхудэхыу иужь ихьэртэкъым. КIуэху нэхъ Iей хъурт. Махуэ къанэртэкъым, мащIэ куэдми, зыгуэр емыфэу. Иужьрей зэманым къэхъуу хуежьар нэхъ Iеижт. Япэм Къамбот тIэкIу дидзыхыфу щытамэ, иджы ахъшэ тыгъуитI я кIапэ хузэтегъэхьэжыртэкъым. Улахуэр мазэм тIэу ятырт. Дэтхэнэ тыгъуэми махуищ фIэкIа пIалъэ ирамыту, ахъшэ къратар ирагъэсыкIырти, я шхын ямыгъуэту къанэрт. Игоррэ Къамботрэ я гъусэу нэгъуэщI зы щIали щIэст я пэшым. Ари ядэплъеят мо тIум. Арати, мазэм и нэхъыбапIэр мэжалIэу яхьырт. Сыту Iейуэ щIэх уесэрэ мыхъумыщIагъэм. Къамбот къызэрекIуэкIамрэ мы иджы зэрыхъуамрэ машинэрэ шыдыгурэ я зэхуакут. Лъэхъуэщым щисам гузавэрт хьэл мыхъумыщIэ кърагъэщтэнкIэ. Абы щышынэу, ар къимыгъэхъун и гугъэу зыхуэсакъыжу щытащ. АрщхьэкIэ а лъэхъуэщым щекIуэкIа псор зэрыщыту Iу бахъэт, мы иджы къыщыщIым еплъытмэ! Зауэ нэужь гъейхэм и анэм игъэмэжэлIатэкъым Къамбот. ХузэфIэкIат и ныбэ имыгъэныкъуэн, къытригъэхьатэкъым ныбэкIэ лей. Иджы, зауи бани щымыIэу, езым и делагъэкIэ къытехьэрт ерыскъыкIэ лей! Ар и гъусэу щIэс щIалэхэм, жыпIэпэмэ, Игорь и зэрант.

* * *

Апхуэдэурэ илъэсыщIэр къэсащ. Абы ирихьэлIэу аванс жаIэу ята ахъшэ тIэкIур занщIэу ирафыжарэ яшхын къудей ямыIэу щIалищыр ирихьэлIащ илъэсыщIэ пщыхьэщхьэм. Къамбот мэжалIэу лэжьакIуэ къиджэдыкIыжырт, здэкIуэжым, щхьэ гъэва дэнэ къэна, джэдыкIэ игъэвыкIа къудей зэрыщыхуамыгъэтIылъам икъукIэ фIыуэ щыгъуазэу. Урал и къурш зэфIэмыхьэжьхэм дыгъэр епщылIэпат. Ари бзаджэт. Абыхэм закъуигъэпщкIуэжу, арыншэми хуэмыгъэхуабэ дунейм, пIалъэкIэ нэхъ мыхъуми, IэщIэкIыу, тIэкIу зигъэпсэхуну арат зыхэтыр. ДагъэкIэ гъэжьауэ, и кум повидлэ илъу а зэманым кIэпIейкIипщIкIэ щыIэт пирожки лIэужьыгъуэ гуэр. Арат мы шхынщIэлIэ гупыр ажал щIыIэм нэхъыбэрэ къезыгъэлыр. ЩIалэм иIыгътэкъым ари къызыщIэкIын.

Игорь лъагъугъуафIэт икIи щIалэ гуакIуэшхуэти, хъыджэбзхэм фIыуэ къалъагъурт. Яхэтт къытелIапи. АрщхьэкIэ езыр зыми еплъыртэкъым. ИкIи зэи зэрихуэртэкъым абы цIыхубз Iуэху лъэпкъ. А «зэрихуэм» къы-

худэгъахуэу къыщIэкIынтэкъым – хуэIыгъыртэкъым хъарбызитI зы IэкIэ. Ауэ, Iэмалыншагъэм уимыгъэщIэн щыIэ? Къамботрэ а ещанэу щIэсу жыхуэтIа щIалэ Макеев Николайрэ зи щIакхъуэ уасэ тIэкIур зыфIэкIуэда факъырэм хуэдэу кърагъэтIэтIэхыу мо илъэсыщIэ махуэшхуэм и пщыхьэщхьэм я закъуэ щысу къыщIохьэжым, уэлэхьи, я Игорыр. Плъэхэмэ – зы хъыджэбз тхьэIухуд щIыгъущ, езым хуэдэу лъагэрэ икIи емыкIупсу зы IэпапIэ думылъагъуу. Абы хьэлъэу зы сеткэ иIыгъът, илъэсыщIэ ерыскъыр игуауэ. Ар щалъагъум, мыдрей тIур къэгуфIащ.

– ХьэщIэр фIыщ, – жиIащ Къамбот, зигъэгубзыгъэу. – НэхъыфIыжщ, иIыгъыIамэ!

Iэнэр къаузэдри, IэфIу шхащ ныбжьыщIэхэр. Ефащ, къэфащ, уэрэд жаIащ, Игорь усэ хьэлэмэт куэди къеджащ. Е къафIэщIа къудей, е апхуэдэ дыдэу щыта, мы Iэнэм пэрыса дэтхэнэми тхьэ иIуэфынут езым нэхърэ нэхъ IэфIу, дахэу, нэгузыужьу а пщыхьэщхьэм махуэшхуэ Iэнэ пэрыса илъэсыщIэм цIыхуу техьам яхэмытауэ. Ар зи фIыщIэр Игорт. Ауэ Игорь зэи а хъыджэбзым и Iуэху лъэпкъ иужькIэ зэрихуэжакъым. Езы хъыджэбзым къызэрихуат дэзыхьэха щIалэм и Iуэху. Ар хьэзырт абы щхьэкIэ сытри ищIэну, дэни кIуэну. Мыдрейр хуейтэкъым зыри. Къамботрэ Николайрэ абы ищIэр яфIэемыкIут, арщхьэкIэ Игорь ахэр къыфIэIуэхутэкъым, псом щхьэкIи дыхьэшхырти ежьэжырт.

## Махуэ нэкIэпсыжэ цIыкIу

НэкIэпсыжэри нэкIэпсыжэщ, ауэ махуэр нэхъ лейуэ цIыкIуу щIыщытри сыт, жыфIэнкIэ мэхъу. ЦIыкIущ, мо уэлбанэ зэхэуфам, нэхъ кIасэу махуэм зыкъиужь, нэхъ пасэуи пщыхьэщхьэм зызэщIиуфэж хуэдэу мэхъури. Къремыхъуж апхуэдэ махуэ, жиIащ иужькIэ Къамбот абы щхьэкIэ. Махуэм сыт и лажьэт, адрей гъатхэ махуэ псоми хуэдэт, зыкIи мынэхъ лейуэ. Илъагъужатэкъэ апхуэдэ зэманым дыгъэншэ махуэ къэхъууи, итIанэ, мо хуабэщIэлIэхэр зыкIи хуэмейуэ, уэлбанэ щIэхъуэжуи? Зэтэкъым зэрилъэгъуар. Ауэ аратэкъым мыбдежым Iуэхур здэщыIэр...

Псом япэ пщэдджыжьым къэуша Николай, бжьэхуци сыти хуэфIу иубауэ зэрылъ и щхьэнтэ хьэлъэжьымкIэ къауэ мыгъуэщ аби, жейуэ хэлъ Къамбот и щхьэбгъур хуигъэвууащ. Ар и щыпэщIэтэкъым, иIэт абы апхуэдэ джэгукIэ. Абы Игори дэплъеяуэ, щыIэт зэзэмызи щыкъуейщIей. Жейбащхъуэ лъэпкъыи нэгъуэщIи имыIэжу, сархущ жиIэу зыкърисат Къамбот. Абы и гугъат а къызэреуар къыщтэжу, къезыутIыпщам ириутIыпщыжыну. АрщхьэкIэ щхьэхыжащ – щхьэнтэр бжэ къуагъым нэс лъеят. ГушыIэр гушыIэт, лIот абы. Ауэ... Абы щежьэри, махуэ псом Iуэхуу ищIам зыгуэркIэ и гум къемыуарэ къезымыщIаIарэ къахэкIакъым. Къамбот Николай мыпхуэдэу жриIащ, пщыхьэщхьэм лэжьакIуэ къикIыжахэ нэужь, бгъэдэувэри: нышэдибэ уи щхьэнтэ хьэлъэжьымкIэ уеуэри, нобэрей си махуэр уукIащ!

Къамбот сытым щыгъуи фIыуэ илъагъуртэкъым гъатхэ уэлбанэр. ЩIымахуэ щIыIэм, зэкIуэцIыкудам укъыхэкIыу гъатхэ цIахуцIэ хьэрэмыгъэншэ цIыкIум, нэхумрэ хуабэмрэ зи бэу щытын хуейм икIи уи гукъыдэжыр нэхъ къэзыгъэбэзэрыфэну узыщыгугъым уи гур хуэпабгъэрэ абы ущыхыхьэнум иIэж махуэхэр убжу макIуэ. Апхуэдэу къыпхуэмыгъэсу къэса гъатхэр къохьэри, узыщымыгуфIыкIыщэну къыщIокI. Пшагъуэрэ къыпытIэтIу, махуэ нэщхъейхэм пфIашх гъатхэм и нэхъыбапIэр. Ауэ,

мыдэ мы Урал къыздэкIуамкIэ, Кавказ къыздикIам зэрыщыхъу хабзэм хуэмыдэу, гъатхэр щыуэфIат нэгъабэ. АрщхьэкIэ нышэдибэ узижагъуэным и махуэт мартыпэ махуэр. Кхъузанэ щабэм щIагъэкIа фIэкIа умыщIэну, уэшх ткIуэпс жьгъей цIыкIухэр Iуву къехырт. Къешхыртэкъым – къехырт. КIуэцIрыхьэут къызэрехри. Дунейм и нэпсри и пэпсри зэхэлъэдэжат. ЛэжьакIуэ здэкIуа щIы щIагъым, дауи, уэшх къыщешхыртэкъым. Ауэ икIи щыуэфIтэкъым. Мо дуней къызытекIам къытрахауэ арат хьэмэрэ сытыт я гукъыдэжыншагъэр, нэщхъей-нэщхъейуэ зеджадэрт цIыхухэр, ящIэшхуи щымыIэу къыпфIэщIырт. Къамбот и машинист Уколовым щыIуплъам мыпхуэдэу егупсысащ: а и унэцIэр къызытекIауэ къыщIэкIыну «укол» урыс псалъэр егъэпэж мыбы нобэ, и нэщхъ-банэр къыпхоуэ! Пэж дыдэуи, пыджэрт ар нэщхъкIэ, къызыхихри умыщIэу. Зыгуэр щIэн хуей хъуамэ, адрей махуэхэм «кIуэт», е «кIуэт, кхъыIэ», жиIэу щытамэ, иджы унафэ къыхуищIу фIэкIа къепсалъэркъым: «кIуэ!», «щIэ!» Къамбот, махуэкIэрэ абы елъэIуурэ, и машинэм дэтIысхьэрт, зригъасэрт ирилэжьэфу. Зэ, езыр Къамбот и пIэкIэ лажьэурэ, и машинэмкIэ рудар сыхьэт бжыгъэкIэ щIригъэшат. И гугъат ноби апхуэдэу и пIэкIэ тIэкIу игъэлэжьэну елъэIуну. АрщхьэкIэ мобы зэрыIуплъэу, и гугъэр хихыжащ. Абы и закъуэ? Нобэ къытемыхъуэр укIуэдыж. Зэ къыщIэшыгъуи, къыщIэшыгъуитIи, нэхъыбэ ящIагъэнтэкъым вагонхэм щыщ зы гъущI гъуэгум щытецIэфтам. Насып Алыхьым къритати, Къамбот мо и нэIэ здытримыгъэкIым, занщIэу гу лъитэри, къигъэувыIащ. ТеплъэкъукIамэ, абы и махуэр къахуэкIуэнут и ужьым ит адрей вагонхэми. Мис итIанэт махуэ псо зи кIыхьагъ бэлыхьым щыхыхьар. А зы вагонри ярикъуащ я гущхьэр игъэуфIыцIыну. Абы хухэха ломкIэ псэху ямыIэу еныкъуэкъуащ шыгун шэрхъыжь цIыкIухэм я пэр зытетын хуей гъуэгумкIэ ираIуэнтIэкIыжыну. Сытми зэ, мис иджы машинэр ебгъэкъумэ, вагоныр тэмэму гъуэгум теувэн хуейщ, жаIэри, ирагъэкъуат – хъуакъым. СыхьэтитI нэблагъэ щIалитIыр лэжьащ, пщIэнтIэпсыр зракъуэкIыу. А зэман кIыхьым зы псалъэ къыжьэдэкIакъым Къамбот и гъусэм. И нэщхъри а зэрызэхэлът. ПщIэнтэкъым вагоныр гъуэгум зэрытекIамкIи тегъэувэжа зэрымыхъумкIи къуаншэр Къамботу фIэкIа. Ауэ махуэ псом гурымыхьу къылъыкъуэкIари къытехъуа-къытещIа илъэпкъи зэуэ щигъэгъупщэжащ пщыхьэщхьэхуэкIуэу къытепсыхэжам.

* * *

Дыгъэкъым, мазэкъым, нэхукъым, кIыфIкъым е дунейм и щытыкIэ гуэркъым – шахтым зыри щыIэкъым зэманыр здынэсар кърипщIэну, сыхьэт фIэкIа. Къамбот абы еплъыну хущIэмыхьэурэ кIуат махуэр. Уэздыгъэ зыхэгъэубыда и шахтер пыIэр зыфIэлъ и щхьэр «хъунщ» жиIэу къикIыу ищIщ, иригъажьэщ вагонхэри, и теувапIэм теувэжауэ здэкIуэм, хукъуоплъ и Iэпщэ сыхьэтым. Махуэр фIыуэ тешхыхьат. Зы сыхьэтрэ ныкъуэрэ къыхуэнэжауэ арат лэжьэгъуэ зэману. ТеплъэкъукIа хъуащ жыпIэнущи, дакъикъэ плIанэ ирикъуи тригъэкIуэдауэ къыщIэкIынкъым абы и Iэпщэм илъ сыхьэтым хукъуэплъыным. И щхьэр къыдрихьеижрэ плъэмэ, вагон сатыр ирикIуэр и зэхуэдитIым щызэпытIэтыкIат. Машинэ-мафIэгужь цIыкIур жыжьэ нэсат. Ар кIуэрт, а псынщIагъ къищтар зэриIыгъыу. Къыхуэнэжа вагон тIэкIури зэрыкIэрыщIат. МыдэкIэ къэна вагонхэр, езыр зытетри хэту, зэрыщIихьам къарит къарумкIэ абыхэм якIэлъыжэу арат, кIуэху нэхъ хуэм хъу зэпыту. Къамбот машинэр, Уколоври зэрытесу, IэщIэкIынкIэ шынэрэ гужьеяуэ и щхьэр фIиутхыпщIыкIащ, «хьэуэ» жиIэу къикIыу.

Машинэр занщIэу къэувыIащ. Щытт, зимыгъэхъейуэ. Машинистым щхьэ имылъагъурэт а къэхъуар? Щымыхъум, и щхьэр хуигъэкIэрэхъуащ, мо кIыфIым Iупщ Iу «о» къигъэхъуу. Абы «къикIуэтыж» жиIэу арат къикIын хуейр. Арыншауи, щхьэ къыгурымыIуэрэт екIуэкIыр? Къамбот и гъусэм хужиIэнур имыщIэжу, хузэгуэпырт: вым хуэдэщ, жьажьэщи, ауэ зэ ежьа хъуамэ, и нэ чы техуауэ макIуэ, здэкIуэнум нэсу къэувыIэжыху! ЗдэкIуэм, зэ закъуэ нэхъ мыхъуми, апхуэдиз гъуэгур зэпичыху ауэ къызэплъэкIын къудей жыхуэпIэр и гущхьэм къыщыхъейркъым. Ар дауэ цIыху, къыфIэIуэху абы лэжьыгъэри?! Мо зэгуэпыщам, и Iэпэлъапэхэр кIэзызу зэкIэрещIэж вагон сатырыр. ЗдэпIащIэри дэнэт, вагонитI зэхуакум и плIэр зэрыдэлъу, щхьэ хуещIри, кърегъэкIуэт машинэр. Вагонхэр, Iэуэлъауэшхуэ ящIу зэфIоуэ. Мо бгъукIэ дэтыр, Къамбот вагонитI зэхуакум деубыдэ. Екъуз. Узыр зыхищIэным и пэ къихуэу къызэхихащ щIыкъыкъ макъыр. СыдепIытIапэ, жиIэри къэгужьеят. Насып иIэти, абы нэхърэ нэхъ зэву зэхуэкIуэнутэкъым, зэбгъэдыхьэнутэкъым вагонхэр зэрызэпыщIамкIэ. Армыхъумэ ар абы дипIытIыхьыпат – зыуи къыщымыхъуу хиудат и псэ тIэкIур! ЛIот абы хуещIэнур, мывэхэр ярызу зэрылъ вагон хьэлъитI зэхуэкIуэм?! ЗанщIэу шахт псор къытоункIыфIэ.

А щыдиубыдам вагонхэр зэтIыркъыу зэпэщIэкIуэтыжамэ, езыр-езыру къыдэхужауэ къыщIэкIынт, Къамбот сытми зэ зыкъыщищIэжам ихъуреягъкIэ псэ зыпыт щыIэтэкъым. Тхьэм ищIэнщ мо и Iэ Iэтауэ щытыр зэрызекIуа, егъажьэ жиIэу къыгурыIуауэ къыщIэкIынут, щIэIэри ежьэжащ и Уколов хъужри. И бгъэчыр къыхигъэзыхьу къеузырт, хуиту игъэбауэртэкъым. Сыт ищIэнт, къыщопщыжри, зебыршэу макIуэ икIыжыпIэ лъэныкъуэмкIэ. МащIэрэ ирикIуа, ирижа ар мы иджыпсту зэрыкIуэ гъуэгумкIэ, итIани ищIэркъым здынэсар. Куэд иIэж икIыжыпIэм нэсыжыным, мащIэ иIэж? И лъэр ерагъмыгъуейкIэ зэблихыф къудейщ. Плъагъуркъэ, и гъусэми къызэримыгъазэ. Хьэмэрэ гу лъимытэххауэ пIэрэ иужь дыдэ ит вагоным Къамбот зэрыпымысыжым? Ари къэхъункIэ хъуну Iуэхущ. Нэсыжа нэужь, машинистым и машинэр къигъэувыIэнми нимыгъэсу, Къамбот къыпыцIэфту щежьэж щыIэщ Iэджэрэ. Иджыри апхуэдэ зыгуэру и гугъэнурэ, и Iуэху къызэрихуэххэнукъым. ИщIэнур лIо? ЛIэ жыхуаIэракъэ иджы!

Гужьеяуэ, и зэфIэкI мащIэм къызэритIасэкIэ екъуу мо здэкIуэм, къызэщIэплъауэ ара е щхьэщыкIуэтрэ, узыр иджы апхуэдэу Iей дыдэу зыхищIэжыркъым, хуиту нэхъ егъэбауэ. Ауэ и фIэщ хъуркъым и псэр щIэх унэм нихьэсыжыфыну. Зыгуэру къохъу. КIуэрыкIуэм тету къытемыхуащэрэт. ХузэфIэкIыжыркъым. Хузэблэхыжыркъым и лъэр. БлэкI-къыблэкIыжи зэрыщымыIэ, абы нэхъей. Зэтеуагъэнщ, сменэ зэблэкIыгъуэ нэсамэ. Машинэ гуэр къыкъуэкIмэ, хэтми, къыдэIэпыкъунт. КъыкъуэкIыркъым.

Абдежым, Къамбот и гур къызэригъэгъуэтыжрэ игъэгуфIэу, машинэ Iэуэлъауэ къызэхех. А зыхуэмыарэзыщэу игукIэ зыхуэхъущIэ и гъусэ машинистырат. Абы и лэжьэгъур къызэрытым гу лъитат, къищIат Къамбот къыпыкIэрэхъукIа зэрыхъуар дауэми. Уколовым къыщищIэм, и машинэм къытригъэтIысхьэу къызэришэжам и закъуэкъым и гуапагъ зэрилъэгъуар, и цIыхуфIагъри къызэрищIар. Абы и фэр пыкIат, гужьеят. Уа, къуэш, мыр щIы щIыIум хуэдэкъым, жиIэрт абы, шахтщ. Уэ, мо дыздэкIуэм зэуэ бгыр къыгуэууэ ущIиубыдамэ, сэ сыткIэ сщIэрэ?!

КъигъэувыIэщ, и джанэбгъэр итIатэри, къеплъащ, къиIэбэрэбыхьащ. ХищIыкIIауэ къыщIэкIынт, дохутыр нэхъей, и бгъэм къедэIуащ. ИтIанэщ и машинэм тригъэтIысхьэу, джэдыкIэ пцIапцIэм хуэдэу хуэсакъыу ар

къыщишэжар. Къамбот абы еплъырт, къыхуэмыцIыхужу. Хуэарэзыт: здэлажьэм, къысхуэткIийщ, къызжеIэIа жыхуэпIэракъым Iуэхур здэщыIэр. Мис мыпхуэдэхэм дежщ цIыхур къыщыпцIыхур!

## Мы Никэ зэхищIыхьхэр!

Луковниковым и псэлъэкIэ тщIауэ аращ апхуэдэу щIыжытIар. Игорь и Никэ хъужыр КПСС-м и ЦК-м и Генеральнэ Секретарь Хрущёв Никитэ Сергеевичщ. Къамбот ищIэркъым шахт лэжьакIуэ щIалэм ар илъагъу щIэмыхъур, сытым дежи – къыщезэгъи къыщемызэгъыххи – къыхиIуу ауан, апхуэдэу джэгупIэ щIищIыр. Езым щапхъэ зытрих усакIуэшхуэхэм,  – Пушкиным, Лермонтовым, Есениным, – нэгъуэщIхэми я деж къыщыщIэдзауэ, пащтыхьхэм емызэгъыу, я къэрал зехьэкIэхэмкIэ мыарэзыуэ, бэм я телъхьэу къэуву, щIэнэкIалъэхэр абыхэм щхьэкIэ ятхыу зэрыщытар арагъэнщ. Щапхъэ ятрех. Ауэ абырэ мы ди Никитэрэ зэхуэдэтэкъым жыжьэуи. Пащтыхьыр, Къамбот сымэ школым зэрыщрагъэджамкIэ, цIыху Iейт, гъэпщылIакIуэ пщыжь-уэркъыжьхэм я телъхьэт, цIыхубэм я бийт. Хрущёв цIыхум и гъащIэр егъэфIэкIуэным телажьэрт, къызэрилъытэмкIэ.

Къамбот щыщIыхьэжам я пэшым щIэсхэр псори къэкIуэжат. Игорь, сыт щыгъуи хуэдэу, лэжьыгъэ нэужьым ефат. Абы и гъусауэ къыщIэкIынут Николаи. Ахэр зыгуэрым тепсэлъыхьырт. Къамбот абыхэм жаIэр зищIысри имыщIэу, я псалъэмакъыр зэпиудри, езым и Iуэхур къыхиIуащ: мы махуэ нэкIэпсыжэ цIыкIум сыхэкIуадэ пэтащ, жиIэщ, къригъажьэри, лэжьапIэм къыщытехъуа псор къиIуэтэжащ. Игорь зыхимыщIыкI щыIэ, зригъэтIэщIри къеплъащ, къедэIуащ. ЖиIащ сэкъатышхуэ щымыIэу. Къамбот езыри иджы къызэрызэщIэплъарат, тIэкIу нэхъ къиутIыпщыжат узым. Ар щыжиIэм, Николай къыщыдыхьэшхащ: тхьэмыщкIэр къэщтауэ аращ, армыхъумэ къыщыщIаиIакъым. ХьыI, сыкъиищIэнт, ар къызыщыщIар езырауэ щытамэ! Я псалъэм пащэж. Зи гугъу ящIыр Хрущёвт аргуэру. ЗыщIри, сыт щыгъуи хуэдэу, Игорт. Фи жьэр зэщIэфкъуэ, ядэгушыIащ абыхэм Къамбот, лIо, Iуэхуу фиIэр фыухыу, абы и деж фынэсауэ ара иджы? Фи щхьэкъэбым и щIыбыр гъуджэкIи щывмылъагъужын фагъэкIуэну фыхуейуэ ара, жывмыIэн жыфIэу фыщIызэхэсыр?! АрщхьэкIэ жиIаи зыгуэр Къамбот, жимыIагъэххи? КъыхуеплъэкIа къудей мыхъумэ, цIутI жаIакъым. Ауэ жаIэнур жаIа нэужь, Николай дыхьэшхащ, ауан къиищIу: щыIэжкъым, Къамбот, а дэ жытIэхэм щхьэкIэ цIыху ягъэтIысу, яукIыу щыщытар, укъыкIэрыхуащ!

Игорь сыми я закъуэтэкъым «зи Iуэхур зыухауэ» Хрущёв а зэманым тепсэлъыхьыр. Ди къэралышхуэм игъащIэм зы лIыщхьэ иIауэ къыщIэкIынтэкъым абы цIыхур зэрытепсэлъыхьым хуэдэу Iуэху ящIу, тепсэлъыхьауэ. Хьэуэ, щыIами щыIэми я нэхъыкIэу жаIэу хуэхъущIэхэуи аратэкъым ахэр. Аратэкъым нэхъ лейуэ жагъуэу ялъагъууи. Тепсэлъыхьырт, езым яцыщ къызэрыгуэкI гуэрым и гугъу ящI фIэкIа умыщIэну. Хъуэжэ и таурыхъхэм ещхьут жаIэхэр зэрыIури. Никэ къудейуэт и цIэр нэхъыбэм зэрыжаIэр. Игори  арат апхуэдэу щIыжиIэр. ЦIыхум мащIэ яхэлъытэкъым абы теухуа гушыIэ шэрыуэхэу, анекдотхэу. Тхьэ зыщаIуэрат бэм яхэлъ анекдотхэм  щыщу езы Хрущёв 200-м щIигъу ищIэу. Игорь абы усэ хуитхар шахтёрхэм гукIэ ящIэрт. Зытеухуар мобы мыувыIэу нэгъуэщI къэралхэм къызэрыщикIухьырт. Сталиныр зыщIыпIи мыкIуэу и пIэм исат, жаIэрти

арат нэхъри хьэлэмэт къащIыщыхъур. Абы ирагъапщэрт. Къыщыхуеджам Къамботи гъэщIэгъуэн щыхъуат Игорь и усэ цIыкIур:

*По свету шляется,*
*На «Х» называется.*
*На вершине его*
*Не растет ничего.*

Щхьэц зэрытемыт нэгъунэ ягу къагъэкIыжырт, апхуэдэ хъуамэ. А къагупсысхэм мымащIэу хэтт ар зыгъэикIи. Къамбот къыгурыIуэртэкъым мы я Игори цIыхухэри абы нэхъ лейуэ щIыкIэрыхъыжьар. Къэралым япэкIэ тетахэр сыткIэ нэхъыфIыт? НэхъыфIу къилъытэркъым зыкIи. Хрущёв литературэм тепсэлъыхьу зэ зэхихат Къамбот. Хуабжьу игу ирихьауэ щытащ.

*   *   *

Языныкъуэ ди тхакIуэхэм ятх тхылъхэр, жиIэрт Хрущёв, апхуэдизкIэ мыхьэнэншэщ, гъуабжэлъабжэжьщи, утемызашэу укъеджэфыркъым. Утежаеу хуежьэмэ, уи пхэм мастэ хэпIуурэ зепхулIэжу фIэкIа, и кIэм пхунэгъэсыркъым. Абы и щапхъэуи къихьат Дуденцев Владимир и «Не хлебом единым» тхылъ къыдэкIагъащIэр. Литературэм икъукIэ фIыуэ хищIыкIыу къыщIэкIат, Къамбот къызэрилъытамкIэ. Ар Игорь жриIати, игъэпсэлъэххакъым. Абы къытригъэхъеикIри, къэрал лIыщхьэм художественнэ литературэ жыхуаIэм зэрыхимыщIыкIым и щыхьэту абы аргуэру зы анекдот цIыкIу жиIэжащ.

Зи щхьэр теха машинэм ису Хрущёв зэгуэрым уэрамым ирижэрт, и блыгущIэтхэр и гъусэу. Гъэмахуэ махуэ хуабэти, машинэм и щхьэр трахауэ жьыщIэхуу кIуэхэрт. ЗдэкIуэм, ижьырабгъумкIэ зы фэеплъ дэгъуэ къыщыIэщIолъагъуэ, лъагэу Iэтауэ тету. Никитэ унафэ ещI:

– Къэвгъэувы Iэт машинэр!

КъагъэувыIэ.

– Догуэ, мо фэеплъ дэгъуэшхуэр сыт зыхуагъэувар, абы тетри хэт?

– Ныбжьэгъу Никитэ Сергеевич, – жаIэ и гъусэхэм.– А фэеплъ дахэр ди тхакIуэшхуэ Чеховым ейщ.

Хрущёв и щхьэр ехьэхауэ заулрэ щытащ, жаIэ, зыри жимыIэу... ИтIанэ, и гъусэхэм къахэплъэри, хэгупсысыхьыпауэ щIэупщIащ:

– Догуэ, догуэ... Ар «Муму» жыхуаIэр зытхаракъэ?

Абдежым псори зэплъыжащ, жаIэнур ямыщIэу. КъэуIэбжьахэт – къэралым и лIыщхьэм, зи кIэр яIыгъыу къакIухьым абы фIэкIа имыщIэу, ар дауэ?! Гугъу ехьхэрт: и пэжыпIэр жумыIэу къэбгъани хъунутэкъым. ЖепIэнущи, къызэрыщыхъункIэ хъунур хэт зыщIэр?! ЗыгуэркIэ игу къэбгъэн жыхуэпIэр бетэмалщ, абы фIэкIа зэрыхимыщIыкIыр и нэм щIэпIужу упсалъэмэ... ЯщIэнур лIо?! Сытми, зы къопсалъэ, лIыгъэ зыхелъхьэри:

– Хьэуэ, Никитэ Сергеевич, «Муму» рассказыр зытхар Тургеневыращ. Мы фэеплъыр зейр Чеховыращ...

– Хъунщ, фынакIуэ, – жиIэри, машинэр ежьэжащ.

Абы къыфIигъэкIакъым къэралым и лIыщхьэм. Ауэ иужькIэ здэкIуэнум нэсыху и щхьэр трикъутащ, къыгурымыIуэу: ар дауэ, «Муму»-р зытхар Тургеневырамэ, фэеплъыр яхьу Чеховым щхьэ хуагъэува?!

Псори мэдыхьэшх. Къамбот къыщыхъуащ езым къыщыдыхьэшххэу.

– Игорь, тӀэкӀу иумыгъэлейуэ пӀэрэ уэ?! ЛӀо, Хрущёв игъащӀэм «Муму» фӀэкӀа художественнэ тхыгъэ лъэпкъ емыджауэ, Чеховыр зищӀысри имыщӀэу ара а уэ жыпӀам къикӀыр?!

Аргуэру псори мэдыхьэшх:

– Ихьи, анекдотщ мыр! А анекдотымкӀэ ди Хрущёв литературэм, искусствэм, зэрыщыту культурэм хищӀыкӀыр къагъэлъагъуэу аращ.

Дэтхэнэм пэувынт, дэтхэнэм еныкъуэкъунт Къамбот, куэд хъурт Хрущёв щхьэкӀэ жаӀэри жызыӀэри. Езыр зэрысырыхум, зэрыфэкъум къыхэкӀыу къыщӀэкӀынт мыпхуэдэхэр щӀыхахьар, псалъэм папщӀэ. Зэ, жаӀэ, а Хрущёв кхъуэ шыр къищэхуауэ, гу цӀыкӀукӀэ бэзэрым къришырт, нэхъ хуиту бэуэн щхьэкӀэ, и щхьэ тӀэкӀур къыщӀэщу, адрейхэр щӀэхъумауэ. Ар щалъагъум, и цӀыхугъэ гъуэгум зыщрихьэлӀэхэр, гу цӀыкӀукӀэ къришэкӀыр и къуэрылъхуу я гугъауэ, уэщхьыркъэпсщ, Тхьэм къыпхуигъэхъу, жаӀэурэ къыбгъэдыхьэрт...

* * *

Ахэр фӀэфӀтэкъым Къамбот. Абы къилъытэрт Хрущёв хуэдэу берычэтыр къызыдэкӀуа къэралым и лӀыщхьэхэм иджыри къэс зы цӀыхупсэ яхэмытауэ. ШхапӀэхэм ущӀыхьамэ, шыгъур, шыбжийр, щӀакхъуэр пщӀэншэу Ӏэнэ къэс телът, пэрыхьэту. Сыт хуэдиз ухуейми шхы – игъащӀэкӀэ зыми зыри къыбжиӀэнутэкъым. ЛӀот, щимыуасэӀакӀэ, щымынэгъуэщӀкӀэ! Мо студент ахъшэншэ къом зи адэ-анэхэр, арыншами, хуэмыщӀауэ псэухэм я дежкӀэ сыт и уасэт ар, нэгъуэщӀым и гугъу умыщӀыххи?! ЛэжьапӀэншэекӀуэлӀапӀэншэу къыщына зэманым Къамботи сэбэп къыхуэхъуат ар. Зэ, тӀэу хуэдизрэ апхуэдэу пщӀэншэу шхауэ щытащ, Ӏэмалыншагъэм ирихулӀэурэ. Дахэ цӀыкӀум хуэдэрауэ, шей стэкан къригъахъуэрт, фошыгъу къищтэрти арат. Ахъшэ зи цӀэ имыӀэххэми, шыгъу хидзэрти абыкӀи къикӀырт. Ӏэнэм пэрытӀысхьэрт гупсэхууи, тепщэчышхуэкӀэ пэрыхьэту тет щӀакхъуэм ину едзакъэм, и шейм деӀубыжурэ, и ныбэ из хъуху шхэрти, къыщӀэкӀыжырт. Дауэ къыпщыхъурэт, зы кӀэпӀейкӀэ нэф уи лъапсэм имылъыжу укъэнами, шхын щхьэкӀэ улӀэнутэкъым, шхапӀэм ущӀыхьэу зыбгъэнщӀыху ушхэу укъыщӀэкӀыж хъунут – коммунизмэт! Мы езы Игорь дыдэ сыми къахуихуат апхуэдэу. Я улахуэр ирафыжарэ, я ахъшэ тыгъуэри къэмысауэ, мис а щымэжалӀэхэм щыгъуэ мызэ-мытӀэу зыкърагъэлат апхуэдэ ӀэмалкӀэ –пщӀэншэрышхэмкӀэ. Ауэ Игорь къоплъынт, усэ шэрыуэ и гум къихьауэ?! УвыӀэртэкъым. Къамбот адыгэ унагъуэм щапӀат, адыгэ жылэжь къыщыхъуати, нэгъуэщӀут а псори къызэрыщыхъур. Абы къилъытэрт щӀалэр мызахуэу, ар зи ерыскъы ишхам хуэпсэлъэжу. Апхуэдэу зэрищӀым къикӀыу къилъытэри Игорь а зи гугъу кӀэрымыкӀыу ищӀ Никэм и закъуэ игъэпуду къэнэжыртэкъым, ерыскъыми пщӀэ лъэпкъ хуищӀыртэкъым. Ерыскъым пщӀэ хуэзымыщӀыр цӀыхутэкъым, Къамбот къызэрилъытэмкӀэ. НтӀэ, сытми, Хрущёвт зытепсэлъыхьыр, жытӀакъэ? ЩӀытепсэлъыхьу жыхуаӀэр Молотовыр зэрытригъэкӀарат. ЖаӀэрт Хрущёв ар Совет властым и гъуэгум техьэулеикӀри, Компартым ифӀ зыхэмылъыщэ Ӏуэху зезыхьэ гуэрхэм фӀыжыӀэгъу яхуэхъуа фӀищу, трихуауэ. Къамбот Молотовыр апхуэдэу епцӀыжакӀуэу къыщӀэкӀынкӀэ хъуну игъащӀэ псокӀэ и фӀэщ хъунутэкъым. Езыми ищӀэжыртэкъым щӀэмыхъунур къызыхэкӀыр. Апхуэдэ лӀыщхьэ ехьэжьахэм щыщу, Сталиным нэмыщӀкӀэ, а зырат нэхъ ицӀыхуу щыӀэри арагъэнт. СурэткӀэт зэрицӀыхури. Я гъунэгъу икӀи и ныбжьэгъу, махуэ къэс зи унэ щӀыхьэ-щӀэкӀ Журт Хьэжсетхэ я блыным фӀэдзауэ фӀэлът а Молотовым и сурэт. ИщӀэртэкъым

ар къыздрахари. Е и адэ, е и анэ къулыкъущIэтэкъым, нэгъуэщIтэкъым. Колхозхэт лэжьакIуэ къудейуэ арат. Уеблэмэ унагъуэм исхэм ящIэххэу къыщIэкIынтэкъым а Молотовым иIыгъ къулыкъур зищIыс къудейр. Къамбот ищIэрт. Махуэ къэс и ныбжьэгъум и деж щыкIуэкIэ, кIуэхуи ар илъагъурти, я егъэджакIуэ Розэ и деж щыщIэупщIэри, къищIат – нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ министрт. ЩIалэ цIыкIум къыфIэщIат езы Сталинышхуэм и ужькIэ, абы нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ къулыкъу къэралым зыри щымыIэу. Мис абыхэм егупсысу, ахэр и щхьэм илъу къэхъуати, Молотовым щхьэкIэ Iей игу къэкIынутэкъым, сыту щымытами. Мис арат иджыпстуи я фIэщу абы хужаIэхэр жагъуэ щIыщыхъури. Ауэ Игорь сымэ я дежкIэ псори зыт. Зыгуэр жаIэмэ, ягъэхъыбармэ, арат. Уегупсысыпэмэ, мы иужьрей зэманым къэралым къыщыхъу-къыщыщIэхэм ущыгъуазэмэ, зыри умыгъэщIэгъуэжыным хуэдизт. Езы Сталин дыдэм, дыщэ дыгъэу иджыри къэс ябжам, бэм я гугъапIэу къекIуэкIам, иджы зыгуэрхэр фIащыжыфащ, Молотовыр гъэщIэгъуэн? Пэжыр жыпIэнумэ, Къамбот а Сталиным фIащыжар тэмэму къилъытэрт. ЗэрыжаIэмкIэ, псэ куэд ягъэнат а Сталиныжьым и зэранкIэ!

* * *

– А Хрущёв Молотовыр лъэныкъуэ зэрыригъэзам теухуауи усэ сиIэщ, – жиIащ Игорь, гъуэлъыжынхэу загъэхьэзыру.

– Къеджэт-тIэ, кхъыIэ! – жи Николай.

Зи, укъемыджэ жыпIами, къеджэнут, зыхуэубыдыжынутэкъым Игорь. Ар ищIэрти, Къамбот зыри жиIакъым, хуеплъэкIа мыхъумэ. ЖимыIами, мо зи нэ къыхуикIыу къыпфIэщIыр лъэныкъуэкIэ къигъанэщ, къакIуэщ аби, гъуэлъыжын гъуэлъыжа Къамбот къыщхьэщытIысхьэри къыхуеджащ.

Къамбот игу ирихьырт Игорь и усэхэр. Сыт итхми фIэгъэщIэгъуэнт. Къилъытэрт зэчий хъарзынэ бгъэдэлъу. Ауэ къыгурымыIуэр зыт: сыт а усэ хьэулеижь цIыкIу зыри къызэрымыкIхэм къапыкIыу, адрей усакIуэ псоми зэратхым хуэдэу, и фIэщу щIимытхыр?!

– Игорь, – жи Къамбот. – Си къуэшыжь... Сэ уэ уи усэ седэIуауэ сщIэжыркъым, сигу иримыхьауэ. УсакIуэшхуэ ухъунут уэ, езым уи зэраныжкIэ къонэ ахъу. Улажьэу уи зэман щумыгъэкIуэдын щумыгъэкIуэду, сыт ущIемыджэр? Пэжщ, уэ куэдым куэд хыбощIыкI, уIэзэщ лъэныкъуэ IэджэхэмкIэ. Си фIэщ хъуркъым институти университети къызэрумыухауэ, уэ къыптекIуэн щыIэу. Ауэ сэ жыхуэсIэри сызыхуейри еджапIэ нэхъыщхьэ къозгъэухыу, литературэм теухуа лэжьапIэ узгъэувыну, упсэуху уи фIэщу абы утезгъэлэжьэну арат. ЛIо классипщIыр, еджапIэ нэхъыщхьэ къызэрыбухамкIэ тхылъ уимыIэу, а жыхуэсIэм хуэдэ лэжьапIэ уагъэувынукъым, сыту уделэ уэ!

– СыщIэныгъэншэщ, сыделэщ. Зэуэ куэд къысхужыпIащ уэ сэ иджыпсту!

– Хьэуэ, аракъым, ауэ...

– Догуэ зэ. Сэ а уэ жыхуэпIэхэр хэмытыххэуи сытхэнущ. Сэ си дежкIэ псом япэр творчествэщи, абы теухуауэ узыхуеинухэм а зи гугъу пщIахэр – щIэныгъэмрэ губзыгъагъэрэ – щынэхъапэкъым.

– Творчествэми?

– Творчествэм! Сэ усэ зэрыстхыр зыщIэхэм куэд къахокI зи тхыгъэ къызэзыхьэлIэ, тхуеплъ жаIэу. Абыхэм яхэтщ щIэныгъэлIхэри – докторхэу, кандидатхэу. ПщIэрэ сэ гу зылъыстар?

– Сыт?

– ЩIэныгъэ иIэкIэ, цIыхум итхыр нэхъыфI хъуркъым. Уеблэмэ щIэныгъэр творчествэм зэран щыхуэхъу щыIэщ!

– Дауэ?! НтIэ, емыджамрэ щIэныгъэ зимыIэмрэ фIэкIа, мыдрейхэр тхакIуэ мыхъуну ара? Сыту узэгуэудыгъуэ уэ!

– Уэращ зэгуэудыгъуэр. Сэ жысIакъым щIэныгъэ зиIэр тхэфынукъым, жысIэу. Сэ а уи щхьэкъэбыжьым ислъхьэну сызыхуеяр нэгъуэщIщ: щIэныгъэр тхакIуэхэм, усакIуэхэм я творчествэм зэран къыщыхуэхъу щыIэщ, жысIауэ аращ. ЩIэныгъэлI тхакIуэм ищIэ псор а итхым, езыр абы хуейхуэмейми, хилъхьэну иужь йохьэри, и художественнэ творчествэр щIэныгъэм теухуа лэжьыгъэм нэхъ ещхь щыфIэхъу урохьэлIэ. Аращ сэ щIэныгъэр творчествэм зэран щыхуэхъу щыIэщ жыхуэсIэр. Губзыгъагъэри аращ. Абыи хищIыхь щыIэкъым творчествэм. ТхакIуэр нэхъ губзыгъэкIи нэхъ тхакIуэфI хъуркъым. Мыбдежым аргуэру укъыспэувынущ, делэра-тIэ, тхакIуэфI хъур жыпIэнурэ. Хьэуэ, делэр зыри хъунукъым. Ауэ сэ сиIэу къызолъытэ художественнэ литературэ творчествэ зи бэлыхь сиукIым ирикъун губзыгъагъи щIэныгъи. ПщIэрэ, зэи лей лъэпкъ мы ди гъащIэм къыщIыщыздеплъэфэкIын щыIэкъым.

* * *

Къамбот абы жиIам трижыIэхьыжынIауэ и гугъат. АрщхьэкIэ дэнэт, Игорь фадэм къигъэщIыта и щхьэ куцIыр нэгъуэщI щIыпIэкIэт иджы щигъэлажьэр. Уэрэдыжьыр къреш:

*Ты зашухарила всю нашу малину,*
*Вот за это, Мурка, получай!*

– Мис мы блатной уэрэд цIыкIум хуэдэщ Никэ и Iуэхур! – погуфIыкI Игорь. – Ей, мы Никэ зэхищIыхь жыхуэпIэр! Сэ схуэмышэчыжу сыпоплъэ ар езыр мыхъумыщIэу къыщIрагъэдзыжу, хьирэу щытрахуну махуэр къыщысынум!

– Трахуми, зыкъомым ягу ятригъэзэгъакъэ, езы Сталин дыдэр псом япэ иту?! Сыти жыIи, лIыгъэ зыхэлъ лIыщ Сергей и къуэ а Никитэ! – Къамбот хэт и жыIи емыдаIуэу, и гум илъыр а зэрилъым хуэдабзэу яхеутIыпщхьэ. Игорь мэгубжь, пшэч мыхъун зы бэлыхь езым и щхьэкIэ кърапэса фIэкIа умыщIэну:

– Уа, сыт иджы мы уэ жыпIэхэр зищIысыр?! Мис а Сталиным, ди дыщэ дыгъэм, хуэфащэ оценкэ иритыж и гугъэу зэрытепсэлъыхьаращ сэ абы зашухарить ищIауэ жыхуэсIэ псоми я нэхъ ин дыдэу, ер зи кIэм къикIынур! А Никэ и щхьэр палъэ хъунущ, а зым щхьэкIэ. Ар апхуэдэу зэрищIам къикIынур хьэмэрэ кърикIуэнур зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ къитIасэу пIэрэ уэ а уи щхьэм?!

– Куэд жумыIэ, кхъыIэ, къикIынур къикIащ абы. НтIэ, хуэфащэу ирищIакъэ? Сыт хуэдиз цIыху абы Iисраф зэтрищIар! Иджыри къэс ябзыщIар Хрущёв сэтей къищIащ. А зыращ пэж жызыIэфар. Зэхэпхрэ, пэж жиIащ, зо, щхьэ къыбгурымыIуэрэ, пэж!

– Пэж, пэж! Мис а пэжыракъэ езыр ер къызэрыкIынур! ПэжкIэ дапIа дэ? Зыр къыджаIэу, дэ езы дыдэхэм ди жьэкIэ жыдагъэIэжу, ауэ пэжыр, зэрыщыт дыдэр нэгъуэщIу, аракъэ дыкъызэрекIуэкIар иджыри къэс?! Дотхъэ, дофIакIуэ, дэ тхуэдэ хэт щыIэ, жытIэу дунейм дытетакъэ нобэр

къыздэсым? Зауэ нэужь цIыхур шхын щхьэкIэ щызэтелIэми аракъэ жыдагъэIар? Сэ сощIэж шхын щхьэкIэ лIэуэ цIыхур телъу, «ГъащIэщIэ дыухуам дыдэунащ, дытхъэжу допсэу!» – жиIэу радиом къитауэ щытауэ. Мис а пцIыр и лъабжьэщ езы Совет властым зэрыщыту, къыбгурыIуэрэ? ПцIыщ Совет Союз псор зэрызэтраIыгъэр. Иджы Никэ абы пэж къихьри къыхилъхьащ. А пэж къыхилъхьам зыгуэрым адэкIэ пищэмэ, Совет властыр къутэжынущ, зэтещэщэжынущ пцIырэ шынагъэкIэ ерагъыу зэтраIыгъэ ди къэралышхуэр!

– Къутэжынукъым икIи зэтещэщэжынукъым, кхъыIэ, апхуэдизыр къыумых иджы мыбы! Къэхъунур зыщIэ Олег и уэрэд жыхуиIэм хуэдэ тхьэгурымагъуэу укъэтIысаи мыбдежым!

– Къэхъунури сщIэркъым икIи сытхьэгурымагъуэкъым. Пэжыгъэрэ жьэ нахуагъэрэ мы ди Советым игъащIэкIэ зэремызэгъынур фIыуэ сощIэри аращ апхуэдэу щIыжысIэр, щхьэ къыбгурымыIуэрэ?! Пэж жаIэу щIадзэмэ, щIадзащ икIи, ар ди къэралым кърахьэмэ, абы кърикIуэнур, къытщыщIынур си нэкIэ слъагъу хуэдэщ. Аращ сэ а жысIэр щIыжысIэр.

– Кърахьэнукъым а уэ жыхуэпIэм хуэдэ пэж къэралым икIи кърикIуэнуIакъым.

– Мес, Хрущёв кърихьэн кърихьащ. Дэнэ щыпщIэрэ уэ ар абдежым къыщыувыIэну? Езы Хрущёв дыди, тобэ ирехъуи, къыгурыIуэжакъым а жиIэмрэ ищIэмрэ зищIысыр. Псори зытражыIыхьыж, зытращIыхьыж, езыр зи унафэщI Компарт дыдэм и лъабжьэр къызэритIым егупсысакъым, лъитэххакъым гу, ищIэжакъым зытес къудамэр зэрыпиупщIыжыр армыхъумэ абы зэи тегушхуэнтэкъым Хрущёв. Ар Компартым хуэпэжщ.

– Хъунщ, ей, дэ, мы къэрал абрагъуэм и Iуэхур зезыгъакIуэм и деж къыщыщIэдзауэ, зыми зыри тщIэркъым, уэращ псори зыщIэр, бэяуж иджы!

Къамбот хуеякъым псалъэмакъ зыри къызэрымыкIыу къилъытэм пищэну.

## Хьэбашэ, Iэбыцинэ, Хьэбыцинэ

– Ей, мыбдежым фокIакIэри фыщысщ фэ тIур, политикэ зы хъырц зыхэвмыщIыкIым фыхыхьэжарэ лIыфIыгъэ фызэримыгъахуэу. Пщэдджыжь нэху здэщым фынэсу, Свердловск фыкIуэн хуейуэ къызэрыфпэщылъыр фщыгъупщэжа? Фыгъуэлъи, мы уэздыгъэри вгъэункIыфI! – пIэм къыхокIиикI Николай, и нэхэр щIиукъуанцIэу. – Унафищэр нобэ дэ къытхуащIащ абы теухуауэ. ДымыкIуэмэ, илъэсым и кIэм ятыж хабзэ епщыкIуцанэ улахуэр напафэкIэ дамыгъэлъагъуну щаIуэж.

Къамбот ищIэххэртэкъым абыхэм зи гугъу ящIыр. Зэ зыгуэрхэм зэпхыжаIыкIIауэ зэхихауэ щытат Эфиопием и лIыщхьэр къэкIуэнущ, жаIэу. Ауэ ар мыбы къэсауи Свердловск нэс кIуауэ, абы пщэдджыжь нэмэзым щыIущIэн хуейуи ищIэртэкъым. Апхуэдизу абы и Iэмалыншагъэм теухуа унафэ ткIий мы Николай сымэ я щхьэм къыщрагуэм Къамбот вагонитI зэхуакум дэпIытIауэ дэлъамэ, къылъэмыIэсу щхьэщыкIауэ арагъэнут.

– Дужэгъуащ мы Никэ сымэ я фэрыщIыгъэ мышыур, – Игорь арэзытэкъым, къехьэлъэкIырт пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджу, и Iуэху лъэпкъ здэщымыIэу къилъытэ къалэм нэс кIуэуэ, гъуэгу щхьэIум теувэну. – Мис мыпхуэдэу дыфIуощIэ, ди нэ къыфхуокI, фIыуэ фыдолъагъури. Феплъ мы ди цIыхур уэрамым къызэрыдэкIутауэ фэр щхьэкIэ пщэдджыжь нэмэзым

зэрыдэтыр, жаIэну аращ ди унафэщI дотэхэр зыхуейр. Уэ лIыгъэ уиIэмэ, къащIэ абыкIэ къахьыну зи ужь итри. Щхьэр куэдрэ къысхурамыгъэуз! Ауэ итIани умыкIуэуи хъунукъым апхуэдизу тракъузэу щаукъуэдийкIэ. Арыншэуи дыздримыкъу ди сомыр щIэдгъэкIуэдынур лIо, мо лъэбакъуитIым щхьэкIэ?! ИIэ, дывгъэгъуэлъ, пэжу.

– Уа, а Эфиопие хъужыр япэм Абиссиние жыхуаIэу щытаракъэ? – Николай пIэ зыхэлъым къыхоупщIыкI.

– НтIэ, – жи Игорь, и гъусэхэм я лейуэ щIэныгъэ тIэкIу зэрыбгъэдэлъым, нэхъыбэIуэм нэхъыфIыIуэу зэрыхищIыкIым аргуэру зэ гу лъаригъэтэну Iэмал зэрихуам зэрыщыгуфIыкIар къапщIэу. – Мыдэ мы Хайле Селассие сымэщ зэхыхьэу ар абы апхуэдэу фIэзыщыжар. Зэныкъуэкъуныгъэ-бэнэныгъэ гуэрхэр увыIэгъуэ имыIэу щекIуэкIырт Африкэм а и къэралыжь цIыкIум и кIуэцIми, зыгуэрхэр зэгуагъэхьэ-зэгуагъэкI хуэдэу ящIщ аби, зыуэ яугъуеижри, Эфиопие фIащыжащ. Эфиопиет абы сыт щыгъуэ зэмани зэреджэри и цIэри, ауэ цIыхухэм Абиссиние щIыжаIэр сщIэртэкъым.

– «ЦIыкIу» жыпIэ щхьэкIэ, апхуэдэуи цIыкIукъым, – зы мелуан щэ ныкъуэм щIигъу щопсэу, – жи Николай. Игорь и мызакъуэу, нэгъуэщI зыгуэрхэми зыгуэрхэр хыдощIыкI, жыхуиIэу, езым ищIэ тIэкIури къыхелъхьэ. – Эфиопиер абыхэм къагупсысакъым, игъащIэ лъандэри и цIэщ, ауэ официальнэу иджы фIащыжауэ аращ.

– Аракъэ-тIэ сэри жысIэр, – Игори хуейщ и ныбжьэгъум жиIахэри езыми ищIэу къафIигъэщIыну. – КIыхьщ абы и хъыбарыр, дывгъэжей!

А «дывгъэжейр» япэ зыукъуэдияуэ щыта езы Николай, Эфиопие-Абиссиние тхыдэм дихьэхыжауэ, аргуэру къыхоуэ:

– Ей, Пушкиныр аратэкъэ къыщалъхуар? Урысщ жыфIэу фымыувыIэу вгъэву щхьэкIэ, хьэрыпщ ар, пэжкъэ?

Игорь мэдыхьэшх:

– Дауэ къыщалъхуу Пушкиныр Эфиопием?! ЖыпIэхэр лIо зищIысыр? Ара хэпщIыкI мыгъуэри?! Пушкиныр Урысейращ къыщалъхуар, ари абы и гущхьэ Москва. Пушкиныр къызытекIыжахэращ хьэрыпу щытари зэгуэр Эфиопием къыщалъхуари...

– Ыы, – и щхьэр ещI Николай, абдежым зыгуэрхэр игу къэкIыжауэ. – КъэсщIэжащ. Эринтерея жыхуаIэратэкъэ Пушкиным и лъабжьэр къыщежьар? Апхуэдэ къэралыгъуэ цIыкIу гуэр щыIэщ Эфиопием, пщIэрэ? Арауэ жаIэ.

– Уэращ езыр Эринтереяр, – аргуэру щодыхьэшх Игорь Николай. – Эритрея жыIэ... Аращ къэралыгъуэ цIыкIу хуэдэу Эфиопием гуэт а уэ жыхуэпIэм зэреджэр. Ауэ ари гуэзэгъэну къыщIэкIынукъым Эфиопием. ЗэпэщIэувэныгъэ, къайгъэ гуэрхэр зэм-зэмкIэрэ къыщопIэтIауэ абыи, гуэкIыну къыщIэкIынущ, гува-щIэхами.

Къамбот абыхэм жаIэм мащIэт хищIыкIыр. МащIэр сыт, хищIыкIыххэIатэкъым. Тхьэм ещIэ, ахэр мы Игорь сымэ щаджым, щызрагъащIэм езыр я бригадирыжь Iэлбий сымэ лэжьакIуэ дахуауэ, колхоз губгъуэм ита, хадэ ипщIэу хьэмэрэ мэзхъумэ Шорэн Хьэшыр ефыщIауэу жыгей мэзыжьым щIэта, триха джыдэр къытрихыжын и гугъэу! Уеблэмэ иджы едэIуэжыххэртэкъым а и гъуситIым зэрыгъэплъауэ жаIэм. Зи гугъу ящIым зэрыхимыщIыкIIами и закъуэтэкъым ар къызыхэкIыр. НетIэ «Абиссиние» псалъэр щызэхихам щыпиудат едэIуэн – хыхьэжат езым и гупсысэ. Египет, Абиссиние сытхэр и щыпэ зэхэхтэкъым. ИщIэрт щыцIыкIуа лъандэрэ. ЩIищIэми щхьэусыгъуэ иIэти, и гум зыгуэрхэр къыщыхъеижат.

Иджыпсту Къамбот и дежкIэ Игорь сымэ я «дывгъэжейри дывмыгъэжейри» зыт – жеифынутэкъым, и гукъэкIыжхэм и гур щыпэщэщэну фIэкIа.

* * *

ГукъэкIыж IэфIт ахэр. Дауэ мыIэфIынрэт, и сабиигъуэм нэс ишэжат. Къыщигъэхутэжат щеджа школышхуэм. ГеографиекIэ я егъэджакIуэ Мышэ жеIэ, и нэгъуджэ дахэ Iулъым гугъу ехьу къыщхьэпрыплъу:

– Мыдэ фыкъаплъэт. Иджы ди цIыхухэр къэралым имыкI щхьэкIэ, зэпымыууэ апхуэдэу щытакъым. Абыхэм я лъэр жыжьэ нэсырт, лIыгъи яхэлъу зыкъыщагъэлъагъуэрт хамэщIым... Дуней псом! Африкэми Египетми, нэхъ жыжьэжи пщIэрэ щхьэрэ щаIэу къекIуэкIащ, я акъылкIэ, лIыгъэкIэ, хахуагъэкIэ къыщахьауэ. Египетыр, Мысыр жыхуэтIэу щытар, адыгэм я унафэм илъэсищэ бжыгъэкIэрэ щIэтащ. Мис мы АбиссиниекIэ нэхъапэм зэджэу щыта, иджы Эфиопие жыхуаIэ къэрал цIыкIу нобэ зи гугъу ныфхуэсщIым адыгэхэр зэреджэр Хьэбашэт...

Абдежым, а зэхахар хуабжьу гъэщIэгъуэн ящыхъуауэ, зэбгъэдэсу щыс Хъромэ Аскэрбийрэ Къамботрэ зэплъыжащ. Хьэбашэ и цIэу зы щIалэ мыцIыху къуажапщэмкIэ къикIри, къуажэкIэм къэкIуат, Хьэбыцинэ жыхуаIэ фызабэ лъэбышэ гуэрым къыхыхьэжри. А хъыбарыр къуажэм ву жиIэу зэуэ дэз хъуат. ЛIот апхуэдизу абы телъыджэлажьэу хэлъыр, къэхъуртэкъэ лIы зыщхьэщымытыж цIыхубз закъуэм цIыхухъу зыхишэжу, мыр щхьэ нэхъ ялейт? Нэхъ ялейти! Псоми ящIэрт а щIалэ фызкъэмышэр быниплI зиIэ физ тешхыхьам икIи ныкъуэдыкъуэм зэрыдэмыпсэунур. Зауэ нэужь гъейхэм щыгъуэт ар. Фызым къулыкъу тIэкIу иIыгъ хуэдэурэ колхозым хэшхыкIырт. Арат щIалэм зытрищIыхьар. Езы физми, а цIыху къытепсэлъыхьхэм ящIэр имыщIэу хьэмэрэ къыгурымыIуэу къанэ хъунтэкъым, дауи. Ауэ абыи фIэгъэщIэгъуэну къыщIэкIынут мо щIалэ зэкIужыр, хъыджэбзхэм яхузэрымыгъэгъуэтыр, пIалъэкIэ нэхъ мыхъуми, щыхуейм и щхьэ къыхуиштэу зригъэIэну, цIыхум къыдалъагъуну. ИтIанэ бынхэр сабийт, унагъуэр цIыхухъуIэ хуэныкъуэт. Зэман мащIэм Хьэбашэ пщIантIэр пхъуантэм хуэдэу кърибгъэбыдэкIри, куэбжи хилъхьэжащ, Iэщ кIуапIэ хадэр къихухьащ... ЗыщIэнурат, армыхъумэ мащIэт цIыхухъуIэ илъэс бжыгъэкIэ зыхуэныкъуа лъапсэм щищIэн?! Иджы псори Алыхьым узэрелъэIуну тэмэму екIуэкIырт. ИтIани цIыхум я жьэр увыIэртэкъым, Хьэбашэ Хьэбыцинэ къигъэнэнурэ ежьэжынущ, жаIэрт. Аращ зэрыхъуари. И ныбэ из щыхъум, Хьэбашэу плъагъум Хьэбыцинэ лъашэ къигъанэщ, езым хуэдэ зы хъыджэбз цIыкIу къишэри, къыздикIа къуажапщэмкIэ унагъуэу дэтIысхьэжащ.

ДэтIысхьэжамэ, дэтIысхьэжат, абдежым щиух хъунут Iуэхур. ИкIи щиухат балигъ псалъэмакъыр. Абы теухуауэ щхьэж жиIэнур жиIэри увыIэжат. Ауэ мыувыIэри имыухыжыныр къызыхуэкIуари цIыкIухэм я жьэм къыжьэдэнарат. Сыт щIа абы лъандэрэ, итIани а Хьэбыцинэ и бынхэм я нэхъыжь Хьэзрэт нобэр къыздэсым, зэреджэр Хьэбашэ и къуэ пасэщ. Къэнащ Хьэзрэт ауан зэращIу щыта Хьэбыцинэ-Iэбыцинэри. Зыгуэр хъуамэ, цIыкIухэр кIийуэ «Хьэбыцинэ-Iэбыцинэ, Хьэбыцинэ-Iэбыцинэ!» жаIэурэ, Хьэбашэ къащыхэсым Хьэзрэт и фэр ирахырт. Ари щагъэтыжакъым иджыри, ауэ Хьэзрэт ин зэрыхъурэ и нэщIыбагъкIэщ зэрыжаIэжыр, щошынэхэри. Мы Къамботрэ Аскэрбийри Iэджэрэ Хьэзрэт зэгуагъэпащ, къезэуащ, езэуэжащ а Хьэбыцинэ-Iэбыцинэм щхьэкIэ. Ауэ къагурыIуэртэкъым: Хьэбыцинэр Хьэбыцинэщ, хъунщ, ауэ Iэбыцинэм лIо къикIыр,

щхьэ жаIэрэ апхуэдэу? Мис иджы, Зыгъэзэж Мышэ (Мушэхьидт и цIэ дыдэр) и урокым и ужькIэ къащIати, арат я нэр къихуу щIызэплъыжар. Адыгэр абы ХьэбашэкIэ еджэмэ, мыдрейхэм а Абиссиниер адыгэ бзэгум «Iэбыцинэу» кърагъэзэгъауэ, еуэу арат, Къамбот сымэ ямыщIа щхьэкIэ! Мис ахэр иджыпсту Игорь сымэ Къамбот игу къагъэкIыжауэ арат.

## ЛIы цIыкIу хьэщIэшхуэ

Свердловск Хайле Селассие Езанэр къызэрыкIуэн хуей и уэрамым и бгъуитIыр а махуэм плъагъуну фIэкIа ухуейтэкъым. Къуацэчыцэ Iув къегъэкIэкIауэ, ар жьышхуэ абы къыщIэбжьэхъуам зэрехьэ, жыпIэнт цIыхуу Iутым я зеуэкIэр. ЗэрыпIытIыжынкIэ шынагъуэ щыIэ хъуат. И жей игъэныкъуэу къэкIуэн къэкIуа щыхъуакIэ, хэти хуейт, нэгъуэщI мыхъуми, хьэщIэр машинэм ису щыблэжкIэ, хъуххэмэ, зригъэлъагъуну. Къамбот сымэ зыщIыпIэ деж хэтт, къузауэ. Щымытыжыфу къэукIурии-пами, ягъэджэлэнутэкъым, цIыхур къеукIэкIат ихъуреягъкIэ. Игорь шхыдэрт: сыту пIэрэ Совет Союзышхуэм мы къэрал фейцей факъырэжь цIыкIум апхуэдизу къыпихыну зыхуейр?! Сыт къыфIащми, кърапщIэми, Игорь сымэ мы зэрыпIытIыжым хэкIыжынухэт, кIуэжынут. Хъуртэкъым ари. Езы хьэщIэри къакIуэртэкъыми къакIуэртэкъым. Сытми зэ, апхуэдэурэ, зэрыпIытI-зэрыкъузыр зэуэ зэрыгъэпIейтейщ, нэхъ Iей хъури, лалэ къэхъужащ. ХьэщIэ ягъэхъур зэрыс машинэр блэжын блэжауэ арат. Абы Къамбот сымэ гу лъатэххатэкъым. Ухуеймэ, дахэ-дахэу къащIэххакъым щыблэж къудейр!

Къамбот шэджагъуэрылажьэти, шахтым кIуащ. Абыи щызэхуахусу щIадзэ цIыхур – я дыщэ къыщIэхыпIэр Хайле Селассие Езанэм ирагъэлъагъуну кърагъэблагъэу арат. Мис мыбы Къамбот хуиту щилъэгъуащ Африкэм къикIа хьэщIэ емынэр. Дауи имылъагъунрэт, и пащхьэ нэхум къикIэрэхъуат, къакIуэри. И лэжьэгъу машинист Уколовымрэ абырэ жьэкIэ плъэуэ здэщытым, бгыр зыкъутэ бригадэм и унафэщI щIалэ гъэщIэрэщIа гуэри абдежым асыхьэтым ирихьэлIэу къыIуохьэри, гъусэ къахуохъу. ГъэщIэрэщIа щхьэкIэ, абы щыгъхэри зэрылажьэ шахт щыгъынт, ауэ щIэрыпс защIэт. Дауи, ар хьэщIэ лъапIэм хуэзэн хуейуэ ягъэхьэзырахэм щыщу къыщIэкIынт. Асыхьэтым къыкъуокI езы хьэщIэр, шахтыр зи Iэмыщ1э илъ Зырянов жыхуаIэри къалэм и унафэщI нэгъуэщI зытIущи щIыгъуу. Шахтым щIэтхэр псори я пIэм йожыхь. ХьэщIэм, мо бригадир гъусэ къахуэхъуам и Iэр къыщиубыдым, мыдрей щтитIри къигъэнакъым. ЛIы фIыцIэ цIыкIу гуэрт утыр зращIэкIыр. Зыгуэрым сэлам ирихын хъуамэ, Къамбот и Iэр абы и Iэмыщ1эм икIуадэрт. Иджы хьэщIэшхуэ къахуеблэгъам и Iэ бгъузэ цIыкIухэр тыншу, езым и Iэгум къимыщу зэриубыдар и гуапэ хъуат...

– Ар гъэщIэгъуэнщ, – жиIащ Игорь Къамбот а хъыбарыр абы щыжриIэжам. – Эфиопием щыпсэухэр цIыху пIащэхэущ сэ зэрысщIэр. Ауэ абыхэми яхэту къыщIэкIынщ нэхъ цIыкIу.

А пащтыхьышхуэ лIы цIыкIум и Iэр къызэриубыдам нэхърэ нэхъ мыхьэнэшхуэ Къамбот и дежкIэ зиIэ нэгъуэщI зы Iуэхуи къэхъуащ абы щыгъуэ. Iэубыдыр зэфIэкIыу хьэщIэхэр щхьэщыкIа нэужь, мохэр я пIэ ижыхьауэ иту, зы цIыхубз къамылыфэ дахэ дыдэ къыIуохьэ. Зы илъэс щэщIым нэблэгъауэ къыщIэкIынт ар, шэч хэмылъу. Къамбот модэ Людэмилэ нэмыщIкIи нэгъуэщI зы цIыхубз хуэзэу щIидзэри, лъагъуныгъэм и

ІэфІыр нэхъри игъэунэхуат. Ауэ лъэхъуэщым къызэрикІыжрэ апхуэдэ Іуэху лъэпкъ зэрихуатэкъым. Зэрихуэн мыгъуэу лІэрт, ауэ сыт, къыдэхуатэкъым, иІатэкъым зэман. И щхьэегъэзыпІэ лъыхъуэным хунигъэсатэкъым нэгъуэщІым. Иджы, иужьрей зэманым, зэрыхуеяуэ и гур щымызэгъащэми, лэжьапІэ тІэкІу зэрыІутыра, и цІыхухъуагъэр къыщишэ хъуат. Махуэм, мо зыхэт къомым трагъэуми, жэщым гъуэлъыжамэ, къытеуэжырти, бэлыхь хигъэтт. Хэлът, Іэджи къызыфІигъэщІу. Уэрамым дэту ауэ здэкІуэ къудейм, езым и жыІэкІэ тщІынщи, «шхыпхъэу» къилъытэ цІыхубз зыхуэзэ псоми хьэрэмыгъэ игу къахуэкІыу къэнат. Иджы мы щІыщІагъ хъыджэбзым итхьэкъупат, зэрыІуплъэу. Дауи, лІы иІэу къыщІэкІынщ. ИмыІэххэми, зи нэцІэІуцІэр къицІэфту дэт цІыхухъужь къомым къагъэнэн апхуэдэ тхьэІухудым и гугъу ямыщІу?! Іэджэжьи иІэ хъунщ къыпыщІа-зыпыщІауэ. Къызэрипэсыххэнкъым. Ар пэжмэ, апхуэдэу щхьэ къыхуэнэфІэгуфІэ? Щхьэ къеплъэрэ къыпыгуфІыкІыу? Сытми, Къамбот Іейуэ хуейт, Іэмал иІэххэмэ, а хъыджэбзыр къыфІигъэнэну. Ауэ... Куэдрэ жаІэу зэхех апхуэдэ ІуэхукІэ узыхэзэгъэну цІыхубзыр занщІэу къапщІэу. Пэжу къыщІэкІынщ. Ауэ е и щІалагъэра, е и делагъэра, Къамбот, зи, зэи къыхуэщІэркъым. Я нэхъ хъуну щытар зыІэщІегъэкІ къимыдэн и гугъэу, шэч къызытумыхьэжыну хъуну фэ зриплъар уІурыІэбэ мыхъуу къыхущІокІыж!

– Мы ди пащтыхь хьэщІэм и къуэрылъху хъыджэбз къэкІуауэ жыхуаІар уэмырауэ пІэрэ? – гушыІэкІэу асыхьэтым абдеж къыщыбгъуэт хъунум я нэхъыфІыр иджыпсту и бзэгупэм къыпылъэдауэ къызыщыхъужа Къамбот зыхуэарэзыжрэ мащІэуи хупыгуфІыкІыу еплъащ къыбгъэдэтым. – Къуэрылъху жысІэ щхьэкІэ, къуэрылъхуи пхъурылъхуи ар пащтыхьым зэрыхуэхъур, сщІэркъым, фэ, урысхэм, тІум щхьэкІи «внучка» жывоІэри зэфІывогъэкІ!

– Хьэуэ, – жиІащ мыдрейм. – Сэ сыхьэщІэкъым, сравнучкэкъым абыхэми. Ауэ а уэ уи нэр къызыхуикІыу узыщІэупщІэ хъыджэбз хьэщІэр сэ слъэгъуащ. Мыдэ мы ди шахтым къехыну зыщрагъэхуапэм, абы дигъэдыхьэшхащ. И лъакъуэм фІишыхьу хьэфэ вакъэм иувэн щхьэкІэ кърата лъакъуэешэкІыр Іэлъэщ І и гугъэри, и щхьэм фІилъхьат!

– Сыт-тІэ, абы гъэщІэгъуэну хэлъыр, ахэр къыздикІа лъэныкъуэмкІэ илъэс хъурейр зэрыщыту хуабэщ, щІыІэ зэи къыщыхъуркъым, я лъакъуэхэми апхуэдэхэр ирашэкІыркъым, ящІэххэркъым зищІысри! – жиІэщ зигъэакъылуи, Уколовым зричыжащ, мыдэкІэ хъыджэбзымрэ Къамботрэ зэгъусэу а здэщытым къыщынэри.

* * *

А тІур зэгъусэу шахтым къикІыжащ. Къамбот и гуапэ хъуащ и лэжьэгъур зэрежьэжар. Уколовыр мыбы ныбжькІэ нэхъ хуэкІуэрт. ИтІанэ икІи щІалэ бжьыфІэт. Ар цІыхубзхэм ягу нэхъ зэрырихьым щхьэкІэ, абы и гъусэу хъыджэбз гуэрхэм щахуэзэ-къащыхуэзэр Къамбот фІэфІтэкъым. Мы нэ зрищар иджыри абы и дежкІэ еутэкІыжынкІэ шынэрт. ЦІыхубз щІалэ нэжэгужэ дахэшхуэт нобэ имыщІэххэу зыІуuар, псэлъэни гушыІэни фІэфІу. Къамбот дапщэщи и нэ къызыхуикІхэм хуэдэт сыт и лъэныкъуэкІи.

– ЛІо, – жи абы, къыхупыгуфІыкІыжу Къамбот къоплъри. – Уэ принцессэ сытхэр нэхъ уи плъапІэу ара, апхуэдэ хэІэтыкІахэм я кІэ къихуэ зыхуэбгъэфащэркъэ, зупэсыркъэ?!

– СолIэ, уэ пхуэдэхэр зэспэсыну!
– Сыт сэ сызыхуэдэр?
– И нэ фIамыщIым дэпу щыщытам хэлъа мафIэр жыжьэуи хэмыужьыхэжауэ. Апхуэдэри зэрысфIэфIри? Езыр узижагъуэну гуакIуэрэ кIуапIэ гуэри къыхуэбгъуэтыфу.
Хъыджэбзыр бзаджагъэ мащIэ хэлъу пыдыхьэшхыкIащ:
– Сыт кIуапIэ гуэр? Ей, зыгуэр къикIыу уопсалъэ уэ!
– КъимыкIIауэ си жьэм ауэ зы псалъэ закъуэ къыжьэдэкIакъым, псоми щэхуу къытхукъуэплъу ди щхьэщыгу къит Тхьэшхуэм мыр цIыху цIыкIум яхэзутIыпщхьэнщи, зэрыхъум сеплъынщ, жиIэу гъэунэхуныгъэ иригъэкIуэкIын къудей щхьэкIэ сыкъызэригъэщIрэ!
– Ари щIагъыбзэ хуэдэу мэIу. Апхуэдэу уэ псоми уазэрепсалъэр?
– Хьэуэ, губзыгъэхэращ апхуэдэ псэлъэкIэ хэха зыхузиIэр. Ари, абы и губзыгъагъэм сифI зыхэлъ гуэркIэ сыщыгугъ хъуну фэ есплъамэ.
– Сыт хуэдэ «уифI гуэру» пIэрэ, ярэби, си деж ущиIэнкIэ хъуну кIуэурыкIуэм тету гугъэ уэзыгъэщIар?
– Уэрэ сэрэ ди зэрыцIыхуныгъэ зыIурамылъхьэжым игъуэта зыужьыныгъэр здынэса гъунапкъэм и мыхьэнэншагъэм зэкIэ къару къызитыркъым нэхъыбэ къыщIэзгъэлъэну – уи цIэр къызжепIарэ укъризгъуэтыну зы телефон номер гуэр уигу къысхупыкIатэмэ арат!
– Ар тыншым и тыншыжщ си дежкIэ. Си цIэр Зинэщ. Си телефон номерыр тхы: 47–14–25.
– Стхынукъым!
– НтIэ, умытхынумэ, сыт укъыщIыщIэупщIэри щIыжызбгъэIэри?! ЛIо щIумытхынур?
– Сэ а бжыгъэ зытхухыр ди Тхьэшхуэм сэркIэ иригъэкIуэкI гъэунэхуныгъэр зэфIэкIыу, и пащхьэм сришэжыху сщыгъупщэнукъым, лIо итIанэ лейуэ гугъу зезгъэхьу щIэстхынур?!

## ЗэIущIэм пIалъэ къыхокIыж

Къамбот и гур игъэфIырт: хъыджэбз къызэрымыкIуэу къыщыхъуамрэ езымрэ я зэрыцIыхуныгъэр къэралхэм я зэныбжьэгъуныгъэр и лъабжьэу къежьат. Ар фIыщ, хужиIэжырт Къамбот и щхьэ, фIым къыщежьар Iейм хуэкIуэн щIыхуейр лIо? Хуейкъым хуэкIуэн, псори тэмэму зэпыувэн хуейщ!
Зигу хэлъэт и Iэпкълъэпкъ золъатэ. ЕтIуанэ махуэм еух лэжьыгъэри, темыпыIэжу унэм зыкъедзыж. Iэрпхъуэру зетхьэщI, Iэрпхъуэру зехуапэ, бэзэрыфэ тIэкIу зытрегъэауэри, общежит къыщIыхьэпIэм щыт телефоным йокIуэ. И Iэпэ-лъапэхэр кIэзызу, къеIуантIэ: 47–14–25. Мыр къэпсалъэмэ, сыпхъуэнщи, телефоныр къытесхынщ, жиIэу щыса хуэдэт, занщIэу къытрех Зинэ. Къамбот зэрыпIейтейр и макъым къыхэмыщу ещI ерагъкIи, жреIэ иджыпсту телефонкIэ зэрыхуэза къудейр насыпышхуэу къызэрилъытэр.
– Сыту насып IэмащIэлъэмащIэ а уэ арэзы узытехъуэр! – къоIукI телефоным.
Абы и макъым и дахагъэр! Къамбот къыщыхъуащ апхуэдэу макъ гурыхь зиIэ игъащIэм телефонкIэ къемыпсэлъауэ. И псэлъэкIэри сыт хуэдэ, абы нэхъей. Сыт жиIэми едаIуэу щысынт жэщи махуи. А псом къызэщIаIэтэри, Къамбот теутIыпщхьауэ псэлъэну мурад ещI:

– Уэрэ сэрэ дызэрызэрымылъагъуж лъандэрэ къэхъуар пщIэрэ?
– Сыт къэхъуар?! – къэщта-къэщтауэ къоупщI, макъ IэтакIэ.
– Услъэгъуащэрэт, жысIэу сыхъуащ!
Зинэ и макъ дахэ дыдэмкIэ мэдыхьэшх. Моуи жеIэ, Къамбот и гукъыдэжыр къигъэтэджу:
– НтIэ, къакIуэ, сыкъэлъагъу, хэт уэ зэран къыпхуэхъур?
– Зы дакъикъэ закъуэ нэхъ дэмыкIыу дэнэ сынелъэтылIэн?
– Сыт, кхъухьлъатэ уису ара?
– Кхъухь фIэкIа лъати узэрытIысхьэ хъуни дунейм темыту уэ щхьэ къыпфIэщIрэ, си хъыджэбз цIыкIу?! Ущыслъэгъуа дакъикъэ лъандэрэ лъагэу Iэтауэ лъагъуныгъэм кърызолъэтыхь. Абы, уэ ухуей закъуэмэ, и дамэ псынщIэ цIыкIухэмкIэ зы напIэзыпIэм уи пащхьэм сынихьынурэ сынригъэувэнущ, сыкъыпхупыгуфIыкIыжу. Си дежкIэ абы зыри гугъуехь лъэпкъ хэлъкъым, къызжеIэ закъуэ укъыщызгъуэтынур дэнэми.
– Абы уэ апхуэдэу уи нэр къыхуикIыр пэжмэ, дяпэ зы сыхьэт ныкъуэ хуэдэкIэ шахт конторэм и бжэIупэм сыкъыщыбгъуэтынщ.
Сыт сыхьэт ныкъуэ жыхуиIэр? Апхуэдэ шыIэныгъэ дэнэ кърихынт Къамбот, дакъикъэ тIощIи дэмыкIыу къыщыхутащ Зинэ жыхуиIа бжэIупэм. Къежьэн и пэ къихуэу, ар куэдрэ зэплъыжу гъуджэм бгъэдэтащ. Зэи хуэмыдэу игу зрихьыжат, гъуджэм здиплъэм. Щхьэц фIыцIэ Iувыр дахэу дэлъэщIеят, зы налъэ цIыкIу закъуэ къыхэмыпIэнкIыкIауэ. ФIыцIэт, Iувт и набдзэхэри, тIэкIу кIэщIыIуэщ жумыIэмэ. И нэкIур мащIэу къиткIуэткIуат. Ауэ, езым къызэрилъытэмкIэ, ар апхуэдэу Iуэхушхуэтэкъым. Пэжщ, цIыхубзхэм цIыхухъухэр нэхъ иныху нэхъыфI я гугъэщ. А лъэныкъуэми мыIейуэ къыщикIыу зыкъилъытэжащ. Къамбот, и лъагагъкIэ къапщтэмэ, щIалэшхуэкIи цIыкIу дыдэкIи уеджэнутэкъым: зы метррэ сантиметр блыщIыр къищтат иужьу зыкъыщипщыжам. Апхуэдизу къыщIэкIынут и Зинэри зэрыхъур, нэхъ лъагэнтэкъым, мынэхъ лъахъшэмэ.
– Дэнэ щыIэ укъызэрылъэтар? – гуфIэжу къыбгъэдолъадэ Зинэ.
– Сытыр?.. Аа-а, лъагъуныгъэри? Ар Iулъэтыжащ, мыбдежым зэкIэ къыщагъэсэбэпыщэ зэрымыхъунур езым къыгурыIуауэ къыщIэкIынти. Дыщыхуей дыдэм къэлъэтэжынурэ тIуми ди щхьэр игъэуназэу къытхуэIэфIынущ.
– Сыту угъэщIэгъуэныщэ уэ, а уи псэлъэкIэхэмкIэ.
– ПсалъэкIэ нэхърэ нэхъ сызэрымыгъэщIэгъуэн, сызэрымыхьэнэншэ збгъэдэлъхэм яхэткъым, уи фIэщ хъурэ?
– Аргуэру щIагъыбзэрыпсалъэ!
– ЩIагъ-ищIагъхэм зэкIэ сынэсыххакъым!..
Апхуэдэурэ псалъэрт зэщIэщыгъуитIыр, жаIэри сытри езыхэм яфIэхьэлэмэтыжу. Къамбот зыхуэарэзыжт, къыщыхъужырт псалъэкIэ батэр игъэшу. Пэж дыдэу, щыуэуи къыщIэкIынутэкъым – Зинэ игъэщIагъуэрти хуэухыртэкъым абы и псалъэхэм я кууагъыр.

* * *

КIуэрти кIуэрт а тIур зэрыдэхьэхыжауэ. Къамбот ищIэртэкъым здэкIуэр икIи щIэупщIэртэкъым. Дэнэми идэнут, Зинэ и гъусэу кIуэ закъуэмэ. КъикIухьыфынут жэщ псом. Мыдрейми здэкIуэм щхьэкIэ зыри жиIэртэкъым. Къыдэхуэртэкъым ари псэлъэным. Къамбот игу къэкIырт: мы сэ слъагъур нэгъуэщI зыри хуейкъым, къешэкI, бгъэуэршэру!

– Сэ сыкъэсыжащ! – жеIэ, унэшхуэхэм блэкIыу здэкIуэм, тIууэ зэтет гуэрым и бжэIупэм къыщоувыIэри.

– Зи насып, мыпхуэдэ унэ зиIэ! – зэпеплъыхь Къамбот унэ дахэшхуэр.

– ЕрагъкIэ дыщIэхуэу аращ!

– Слъэгъуащэрэт узэрыщIэхуэр зыхуэдэр!

– Нэхъ къэпщтэнут?!

– Сытым нэхърэ?

– Фи общежитым нэс уи закъуэ укIуэж нэхърэ ди деж ущыIэну?

– Абы фIэкIа хэлъкъэ «нэхъ къыщIэсщтэнум»? – Къамбот и IитIымкIи мэIэбэри, Зинэ и Iэ ижьыр и щIыIумкIи и щIагъымкIи щиубыду, гуапэу и IэмыщIэм ирегъэзагъэ. Псом япэу къызыхещIэ хъыджэбзым и Iэхэр зэрыщабэр, ар пIыгъыну гум, псэм зэрыфIэфIыр.

НыбжьыщIитIыр куэд Iейрэ псэлъэжащ, апхуэдэу здэщытым. Ауэ иджы я жьэм къыжьэдыхьэр жаIэу, псалъэ шэрыуэхэмкIэ зэпеуэу аратэкъым, я фIэщу псалъэрт. Зинэ Къамбот къыжриIащ шахтым ар дохутыру зэрыщылажьэр, щхьэгъусэ зэриIар, ауэ ахэр зэдагъуэта хъыджэбз цIыкIур илъэситI къудей фIэкIа мыхъуауэ зэрызэбгъэдэкIыжар, иджыпсту а я хъыджэбз цIыкIур илъэс етхуанэм зэритыр. Мы унэм ар пэш закъуэ фэтэр иIыгъыу щIэсу арат, и хъыджэбз цIыкIум и гъусэу. Къамбот ахэр псори игу ирихьырт. Зыхуей дыдэт, жыпIэнурамэ. БжэIупэм Iут жызумей щIагъ зэгъуэкIым лъэныкъуэ зыщрагъэзауэ арати, я фIэщу зытепсэлъыхьхэми къапыкIри, гушыIэм хуэкIуэжу, лъагъуныгъэми и щхьэфэ иIэбэу хуежьащ. Къамбот псалъэ гъущэхэмкIи иримыкъуж щыхъум, дзыхь имыщIыщэурэ Iэбэщ, Зинэ и бгы псыгъуэм и IитIыр кърищэкIщ, и пхэщIыщхьэри тIэкIу къыдэкIуэ-къыдэкIуэуи, быдэу икъузу IэплIэ иришэкIащ. А пщIэм хуейуэ я нэ къикIми, апхуэдэхэм деж цIыхубзхэм зыпIэщIачыжыну иужь ихьэ сыту защIыркъэ, а фэрыщIыгъэ къудейми хэтакъым Зинэ. Ар абы зэрыщытын хуейм хуэдэу екIуэкIыущ къызэрилъытар. ИтIанэ Къамбот асыхьэтым къэхъуа Iуэхугъуэ гуэрым ар Iэмалыншэ ищIам хуэдэу мапхъуэри, абы и нэкIу кIыфIым хъурей дахэу къыхэщым щызэщIеубыдэ, быдэу, кIыхьу ба хуещI.

– Зинэ, си псэ, сэ сыхуейщ уи деж сыныщIыхьэну. Сэ сыхуейщ уи гуапагъэ, уи дахэ, уи IэфI!.. – бэуэкIэщI къэхъуауэ, зыщIыпIэкIэрэ Iэбэрт хъийм икIа щIалэр.

– Хъунукъым, – зэрыхузэфIэкIкIэ къыжьэдикъуэрт ар Зинэ.

– Сыт щIэмыхъунур, – ныкъуакъуэрт мыдрейр. – Уэ ухъыджэбз цIыкIукъым, сэри щIалэ цIыкIуу зызбжыжыркъым куэд щIауэ!..

– Хъунукъым ныщхьэбэ... ДызэгурыгъаIуи, дызэхуэгъазэ тхьэмахуэ къакIуэ. Мис мы унэр къэпцIыхужынкъэ? ЕтIуанэ къатым «45»-рэ жиIэу зытетыращ сызыщIэсыр... Нобэ сыт махуэ?

– Бэрэжьейщ...

– НтIэ, бэрэжьей дызыхуэкIуэ пщыхьэщхьэр сыхьэтибл щрикъу дыдэм хуэзэу етIуанэ къатым «45» бжыгъэр зытет бжэм и уэзджынэр ныбогъэауэ. ДызэгурыIуа?

Къамбот хуейтэкъым зэIущIэм пIалъэ къыхэкIыжыну. А жыхуиIэри дэнэ кIуэжын, иджыпсту жери иукъуэдийрт. Ауэ адыгэм хьэщIэ хьэзыр щхьэкIэ, бысым хьэзыр, жыхуиIэм хуэдэ хъуауэ къыщIэкIынут Iуэхури, мо къыхуагъэлъагъуэмкIэ гурымыIуапIэ иIэтэкъым – цIыхубзыр цIыхухъукъым, ущыхуей дыдэм я Iуэхур хуэмыкIуэнкIэри мэхъу!

# ИугъащIэ Хайле Селассие Езанэм!

Къамбот гуфIэгъуэм зэщIищтарэ и лъэр щIым темыувэу нэсыжащ общежитым. Игоррэ Николайрэ, Тхьэм ищIэнт зи гугъу ящIыр, ину псалъэу зыгуэрым и гугъу ящIырт, бжэр щыIуихам.

– Ей, дэнэ уэ ущыкIуэдар? Пщэдджыжьым улэжьамэ, иджыри къэс укъэсыжын хуеякъэ?!

– Сыкъэсыжакъэ? Сыкъэсыжащ.

– НтIэ, дэнэ ущыкIуэдыжар? Дэ мыдэ дымыщIэжыххэу ахъшэ тIэкIу къыткъуэкIыжати, шхапIэм уздэтшэну удгъуэтыжакъым.

– Фи хьэлэлщ, ягъэ кIынкъым.

– ЩIакхъуэрэ кхъуей тIэкIурэ щыIэщ...

Къамбот мэжэлIат, зэрымэжалIэр щызыгъэгъупщэн хэтами, иджыри къэс ар зыхимыщIами. Ахъши иIэжтэкъым. Сыт щыгъуи зэращI хабзэм хуэдэу, етIуанэ тыгъуэр къэмысу яухат щым я ахъшэри. Шхащ Къамбот пщыхьэщхьэшхэ. Япэхэм хуэмыдэу, абы иджы сытри фIэIэфIт, фIэщIэщыгъуэт, фIэдахэт. Псом я ужькIи гъуэлъыжа, зыри зэран къыхуэмыхъуа щхьэкIэ, жейм щIэх езэгъакъым. Абы и нэгум хъуэпсэгъуэ хьэлэмэт гуэру къыщIигъэхьэрт бэрэжьей къакIуэ Зинэ зэрыхуэзэну щIыкIэр

Къамбот мы и бэрэжьеитI зэхуакур зэригъэкIуам и гугъу сывмыгъэщI, кхъыIэ. Зыри гъэщIэгъуэн лъэпкъ хэлъкъым, къыхуэмыгъэсу Къамбот гугъу зэрехьар, и псэм бэлыхьу телъар сывмыгъэтхыжынумэ. Сэр дыдэр сыкъагъэбырсеяуэ сыхуопIащIэ ахэр щызэIущIэнум. ЩыпщI нэхърэ ущеплъ, жыпIэ хъуну пIэрэ... сщIэркъым, сфIэхьэлэмэтщ сэри!

ЕтIуанэ тхьэмахуэм Къамбот пщыхьэщхьэм лэжьэнут. Гъуэлъыжыгъуи фIэкIауэт лэжьыгъэм къыщыпэрыкIыжынур. Ар ищIэу арэзы техъуат а махуэр къыщыхуагъэлъэгъуами. Къэнэжыр зыгуэрым гурыIуауэ, сменэр ехъуэжын хуейуэ арат. Нобэ гъубжт, зыми гурыIуа щIыкIэтэкъым иджыри. Игу къокIыж езым хуэдэ щIалэ гуэрым и вагоныр щхьэпридзауэ икIи и закъуэу хуэзэри дэIэпыкъуауэ зэрыщытар. Ауэ ар нэгъуэщI общежитт зыщIэсыр, ищIэртэкъым дэтхэнэрами. Сыхьэт бжыгъэ дэкIмэ, Къамбот езыр лэжьакIуэ кIуэн хуейт. Шэджагъуэ нэужьым зи лэжьакIуэ кIуэгъуэр дыхьэу, пщэдджыжьым кIуауэ, зи къыдэкIыжыгъуэри къыдэкIыжу зэтрихьауэ, цIыхум я зэблэкIыгъуэ-Iувыгъуэм а щIалэр къыхуэмыгъуэтмэ-щэ? Хьэуэ, абы нэбгъэс хъунукъым! Иджыпсту кIуэнщи, гурыIуэнщ. Аращ ищIэри. Шэджагъуэ хъуху тIэкIу зигъэпсэхуу, лэжьакIуэ кIуэну гъуэлъауэ арати, къотэджыжри, занщIэу макIуэ, къегъуэтри гуроIуэ. Зохъуажэ щIалитIыр я сменэхэмкIэ.

Къамбот сменэр нигъэсри и кIэр пичыну зыгуэр и ужь къитым хуэдэу, зыкъидзыжащ унэм. Ар хьэлэмэтыщэу мы зэIущIэ зыхуэдэ игъащIэм къэмыхъуауэ къыщыхъум зэрыхуэпIэщIа щIыкIэр стхыну сыхуежьэкIи, схузэфIэкIыну, зи, си фIэщ закъуэ хъуркъым. Ауэ мыпхуэдэу жысIэнщи, сыпыкIынщ: бгым къеджэрэзэх мывэ хъурейм нэхъыбэ икIуху, нэхъри нэхъ хуабжь зэрыхъум ещхьт абы и гум и къеуэкIэм зэрызихъуэжыр – гъуэгум нэхъ хигъэщIыху, здэкIуэм нэхъ гъунэгъу хуэхъуху, нэхъ псынщIэжу къеуэрт. Шынагъуэт зэгуэудынкIэ! Сытми, сыхьэтыр блы мыхъупэ щIыкIэ зиIэтщ етIуанэ къатми, кIэрыуващ бжэм, хьэлъэу бауэу. Зыгуэр асыхьэтым къыкъуэкIыу, и хъыджэбзыр къылъимыгъэсыжынкIэ шынэу, ихъуреягъыр гужьеяуэ къиплъыхьырт. Пэплъэн блы дыдэ хъуху? Iейуэ.

Апхуэдэ шыIэныгъэ дэнэ кърихыжынт абы иджыпсту? И Iэпэлъапэм и Iэ ижь иIэтар зэрыщыту дэкIэзызу, «45»-м трекъузэ. Абы хуэхьэзыру къыщIэкIынти, бжэр занщIэу къыхуIуах.

* * *

Ди Тхьэшхуэ! Къамбот тхьэмыщкIэм и фэм и гъащIэ псом бэлыхьрэ хьэзабу дэкIар мыбыкIэ хуапшыныжу армырауэ пIэрэ?! Нэрылъагъут мы зэIущIэм Зинэ куэдрэ икIи егугъуу зэрызыхуигъэхьэзырар. ХузэфIэкI лъэпкъ къигъэнатэкъым щIалэм игу зрыригъэхьын щхьэкIэ. Къамбот и нэр псом япэу абы и бгъэшхуитIым Iууащ. Ахэр лъагэу къыдэщырт зи щIыIухэр ирикъуу мыпха халатым. И щхьэц Iув утIыпщам и нэкIу къабзэшхуэр зы дахэ гуэру къиухьырт. Езыр IэфIу мо здыпыгуфIыкIым, мащIэу гъэдыхьэрэна и IупитIым ядэплъагъу дзэ хужь сатыр дахитIыр къыIупсырт. Къамбот гуапэу гу лъитащ, языныкъуэ цIыхубзхэм зэращIым хуэдэу абы сыт и лъэныкъуэкIи зэрыримыгъэлеям, и Iупэхэр Iуву зэримылам. Илъагъу хъуртэкъым Iупэщыхуэкlэ щымысхьыжу зызыцIэлэжхэр. Мы Зинэ и Iупэхэр фIыуэ хэпщIыкIыу гъэдыхьэрэна къудейт. ЦIыхум, псом хуэмыдэу, цIыхубзым и нэхэр дахагъэм хуолажьэ. АбыкIи къикIырт мы хъыджэбзыр. И нэ пIащэ къуэлэнитIым я къилыдыкIыкIэкъиджэгукIыкIэм и гугъу умыщIыххэ. УлIэу утелъми, хьэрэмыгъэ уигу къагъэкIынт абыхэм!

– КъакIуэ, къыщIыхьэ, – жи Зинэ.

Езыр щытщ, лъэныкъуэкIэ екIуэтэкIыу, щIалэм гъуэгуи кърьмытрэ гуфIэжу. Апхуэдэу щIищIыр арауэ къыгурыIуауэ къыщIэкIынти, Къамбот абы IэплIэрэ бакIэ IэфIу сэлам ирихащ. Чэщей щыкъум хуэдэт щIалэ щтэIэщтаблэр зыщIыхьа унэм и къабзагъэр, екIу дыдэуи зэлъыIухат. Плъэмэ, зэтетт фадэ Iэнэр. ТIуми абы япэ ирагъэщын щыIэми, мэтIысхэр. Хэплъыхьат фадэри ерыскъыри. Къамбот лэжьакIуэ щыIат, мэжалIэрти, зыгуэри ефэрт, тIэкIуи едзакъэ хуэдэт. Ауэ, фадэри ерыскъыри щыкIуэртэкъым, зи. Абы игу щхьэзыфIэфIыжьыр иджыпсту зыхуэпхъэрри зыхуэбырсейри нэгъуэщIт. Ар икIи гъэщIэгъуэнтэкъым. Тутнакъыу щыщыта мазэ къомым, абы и ужькIи сыт хуэдиз зэман дэкIыжа, куэдрэ егупсысат мы нобэрей махуэм къэхъуну зыщыгугъым хуэдэ Iуэхум. Ар Iэджэри Iэджэ лIэужьыгъуэуи и нэгу къыщIигъэхьат. А дакъикъэхэр къыщысынум пэплъэу иджыри къэс тетат дунейм. Мо щIалэ узыншэм, зи лъы къэплъыгъуэм, лъагъуныгъэм и IэфIыр зэ-тIэу зыхэзыщIам и дежкIэ апхуэдизрэ зызэтриIыгъэн жыхуэпIэр къызэрыгуэкI цIыкIутэкъым – мывэри вагъуэри ишхын жыхуаIэм хуэдэт, абы теухуауэ. Зини нэхъ мащIэу хуэныкъуауэ къыщIэкIынтэкъым цIыхухъум и IэфI. Абыи и гур хуекъурт зи щIалагъэр зи дахагъэ Къамбот. ЩIалэм и гумащIагъэ, щысхырабгъу къыхуимыIэну къыфIэщI и къарур щызыхищIэнум хуэмышэчыжу пэплъэрт. Насыпым и къэкIуэгъуэ зэманым и фIыпIэр зыми щымыщу игъэкIуауэ къилъытэжырт иджыри къэс. И фIэщт а псоми зэуэ къыщрыригъэгъэзэжыну дакъикъэхэр мис иджы къэсауэ.

– Уи хъыджэбз цIыкIу жыхуэпIар дэнэ щыIэ? – жи Къамбот, мы сыхьэтым ар имыIэу мыхъун нэхъей.

– Ар нобэ си анэм и деж сшэжащ, – аргуэру къыхупогуфIыкI Зинэ и щIалэ хьэщIэм, псори зытещIыхьыжа Iуэхушхуэм ар нэхъри иришалIэу.

Абы и дахагъэ-гуакIуагъэ иужьрей дакъикъэ екIуэкIхэм нэхъри нэхъ

Iеижу щызыхищIам, мы иджыпсту илъагъу и пыгуфIыкIыкIэ-къеплъыкIэ лъагъуныгъэшхуэм ухуезыджэм, иджыри къэс зригъэшыIэу и щхьэм итаIами ирахури, Къамбот адэкIэ зиIыгъыжыфакъым. Мыдрейри арат зыхуеиххэри, зи нэ къызэхуикI, хьэлэчуи зэхуэнэхъуеиншитIыр, къапэплъэу плIанэпэм дэт гъуэлъыпIэм кIуащ, абы фIэкIа захуэмыубыдыжу...

НЭХУЩ Хьэжпагуэ

# ЯУЖЬ ГЪУЭГУАНЭ

*Рассказ*



Бжьыхьэ уэлбанэт. Зэпымыужу къегъых дуней хьэлъэр зи узыншагъэр мыщIагъуэ Ибрэхьим и гум къытегъуэлъхьауэ къенykъуэкъурт. Ар щылът хущхъуэ тIэкIу ефэри, и псэр нэхъ тыншауэ, и гъащIэм щыщ гукъэкIыж кIапэлъапэхэр и щхьэм щызеуэу. ЗэрыжаIэжу щытамкIэ, Ибрэхьим къалъхуат нобэ хуэдэ махуэ уэлбанэу. И сабиигъуэу, и Iэпкълъэпкъ зэрыубыдыну хунэмысауэ адэншэ хъури, фызабэкъуэ щIалэ закъуэу къэнат. Колхозхэр щызэгухьэ зэманти, дунейр зэрыхьзэрийт. ЦIыхум и гум къэкIа къудейм иришынэжырт, ар иIуэтэн дэнэ къэна. Щэхуу псэлъа зи гугъэм жиIар хэIущIыIу хъурти, лъэужьыншэу ягъэкIуэдырт... Хьэуэ, Ибрэхьим и адэ Исмел, ягъэкъуэншэн хуэдэу щэхууи нахуэуи жиIаIатэкъым. Алыхьым жимыIэкIэт! Абы нэхъ зи мыIуэху зезымыхуи дэнэ къипхынт! ЗэгухьагъащIэ колхозым Iэхъуэу щылажьэрт. Унафэ къыхуащIар псалъэмакъыншэу зыгъэзащIэ цIыху щабэт.

Махуэ уэтIпсытI гуэрым, Iэхъуэу губгъуэм иту, мо пшагъуэ Iувым зы жэмыщIэ фIыхэкIуэдат. ЦIыхур и ныбжьым щыщыщтэж зэманти, сыт хуэдэ шэч Iейри хуащIынут. ЦIыху гъащIэр зы Iэщым и уасэм пэзымыщIхэр щыIэт...

Исмел игъэкIуэда танэм и лъыхъуакIуэ ежьэри къигъэзэжатэкъым. Бгым щыхури иукIауэ къагъуэтыжат. Иджы дыпсэунщ, щыжаIэм зи щхьэгъусэр зыIэщIэкIа Дахэ и къуэ закъуэр тегужьеикIауэ ипIат. ЩIалэр къэжэпхъри, гугъуехь куэд зи нэгу щIэкIа, кIэдахъуэкIэ къэзыгъэхъуа и анэр псэуху ипIыжат, бадзэ тримыгъэтIысхьэу жыхуаIэм хуэдэу. Гугъу къыдехьами, иригъэIуэтэжат.

Дахэ и къуэ закъуэм къыхуиша нысэри Iэсэлъасэт. ЦIыхуфIым езым хуэдэ къигъуэтыжат. Вэгъзэгъыу, цIыхубз гу щабэу, гуапэ дыдэу къыщIэкIри, дуней жэнэти иригъэлъагъужат, гъащIэ кIыхьи анэм къигъэщIэжат зыхуэныкъуэрэ гукъеуэрэ имыIэу. Ауэ гъащIэр фэзэхъуэкIщ. Колхозри лъэ быдэкIэ уварэ дунейри и пIэм изэгъауэ, цIыхур лажьэрэ и щхьэ игъэпсэужу, дыгъэри гуапэу къатепсэу, езыхэри багъуэу щIадзауэ, зыпэмыплъа гуауэ, гуауэшхуэ къатепсыхащ: Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Сыт ящIэнт, Iэщэ къызыхуэщтэ къэмынэу бий ерум пэуващ, я гъащIэр псэзэпылъхьэ-

пIэм иралъхьэу. Фронтым ямыгъэкIуахэри Iэщэ яIыгъыу зауэм Iутхэм ятелажьэу, губгъуэм ит зэпытт.

ИлъэсиплIкIэ екIуэкIа зауэ жыхьэнмэр иухат ди къэралым и текIуэныгъэкIэ. Ар дэтхэнэ зыми и гуфIэгъуэт, къэрал псом дежкIэ насыпышхуэт. Ауэ хэкIуэдахэр бжыгъэншэт. Псэууэ къелахэми, някъуэдыкъуэу къэзыгъэзэжахэр куэд хъурт: Iэ лъэныкъуэу, лъакъуэ лъэныкъуэу, я лъакъуитIри япымытыжу, нэфхэу, дэгухэу... Хъыбарыншэу кIуэдахэр-щэ? Ахэр хабжатэкъым зауэм хэкIуэдахэм. Дапщэ хъурэт апхуэдэхэр! Сыт хуэдиз щIэблэт къащIэхъуэнухэр, зауэм ихьахэр псэужамэ?

Ибрэхьими хэтащ а мафIэ лыгъэм и курыкупсэм. Ажалым куэдрэ Iуплъащ. Някъуэдыкъуэу къэзыгъэзэжахэм ари ящыщт. Ауэ абы щхьэкIэ лэжьэни бын игъуэту ахэр ипIыни къигъэнакъым. Зауэ нэужьым къэралыр лэжьыгъэкIэ къэзыIэтыжахэм яхэтащ. И къаруи зэфIэкIи еблэжакъым, и унагъуэкIи лъэрымыхьу зыкъигъэлъэгъуакъым. Хъыджэбзхэм я нэхъ нэмысыфIэу къуажэм дэс Тамарэ дахэр къиишэри щIалитIрэ хъыджэбзитIрэ зэдагъуэтащ. Иджы, Тхьэм и шыкуркIэ, ахэри унагъуэ хъарзынэу мэпсэу.

КъэхъукъащIэ и куэду къыщIэкIат етIощIанэ лIэщIыгъуэм. Къэралым пэплъэрт аргуэру зэхъуэкIыныгъэ ин. 1917 гъэм къэхъуа революцэм къахуихьами, Хэку зауэшхуэм и мафIэм къела хэкушхуэм зэтриухуэжа псэукIэми аргуэру зэхъуэкIыныгъэ ягъуэт, революцэм и ужькIэ илъэс 74-рэ дэкIауэ. «Зыми хуимыту щытауэ псоми хуит хуэхъуауэ» жыхуаIэхэм я хуитыныгъэр иджыри мащIэIуэу къыщIокI. «Щхьэж хуегъэлъэтэхынум хуэдиз» хуитыныгъэ щратым, цIыхубэр унафэ ткIийм къыщIокI, иджыри къэс яухуа, зы унагъуэ хуэдэу зэкъуэту лъэпкъхэм бий гущIэгъуншэм щахъума къэрал иныр зэбгролъэлъыж. Ерагъыу зэфIагъэуващ щыта колхозхэр щэщэжащ. ЗыхузэфIэкIым нэхъыбэ зрилъэфалIэу къэрал мылъкур зэбграхащ. ХъунщIакIуэхэр, дыгъуакIуэхэр, лIыукIхэр, лейзехьэхэр куэду къыкъуэкIащ. Тхьэшхуэм ещIэ адэкIэ зэрыхъун... Арат иджыпсту Ибрэхьим зэгупсысыр...

– Уа-а, фызыжь, къаджэIа си гугъэщ. ЩIэплъыт унэм. Хэту пIэрэ мы уэлбанэ махуэм къытхуей хъуар? – йоджэ лIыжьыр пщэфIапIэм щыIэуэлъауэ и щхьэгъусэм.

– Телъыджэ! Иджыри къэс зэбгъажьэу ара? Тхьэ, си гугъам ущIэкIауэ... Сытуи уфагъуэ Iей мыгъуэ. Нобэ нэхъ къохьэлъэкIрэ узыр?

– Уэлэхьи, уи фIэщ хъумэ, фэрыщIагъым къыхэсхауэ симыс сэ мы гъуэлъыпIэм... ЩIэкIи плъэ...

ЦIыху щхьэкIэ зи нэ къикI езыми хуэму зыкъиIэтри унэм щIэкIыну ежьат, ауэ бжэщхьэIум нэмысауэ плъэри илъэгъуащ фызым и гъусэу унэм къыхуэкIуэ щIалэр.

– Къеблагъэ, щIалэ. Укъаджэу ухэмыту занщIэу укъыдыхьэн хуеящ. Къобэн щхьэкIэ, мо ди хьэжьым уи гугъу къиищIынукъым. Зыгуэр къызэрыкIуэр къыдигъащIэу банэ къудейщ.

– Дауэ ущыт, Ибрэхьим? Уэ-щэ, Тамарэ? – закъыхуегъазэ щIалэ хэщIыхьам зэлIэзэфызым.

– Уэлэхьи, щIалэ, пцIы щхьэ упсын хуей, ди махуитI зэхуэмыдэж. Узыжьри жыгъэри зэгъусэ хъужауэ къыдоныкъуэкъу дыхагуэн я гугъэу. Уэ хэт ухъуну? ЗыкъэдгъэцIыхут.

– СыкъэпцIыхужакъэ, Ибрэхьим? Сэ уипхъу Баринэ и тхьэмадэ ТIалиб и шыпхъум срикъуэщ. Хьэсэнщ къызэрызэджэр, – жеIэ мо щIалэ

нэжэгужэ нэIурытым, пыгуфIыкIыурэ. – ПщIэжыркъэ, уи благъэхэм я деж унэкIуауэ ТIалибрэ уэрэ фи щхьэгъэрыту щытар?

– А, уэрат ар? Уэлэхьи, сощIэжым фIы дыдэу. ГъэщIэгъуэныр жыпIаи! Уэлэхьи, ухьэщIэ дыдэм-тIэ уэ... Уа, фызыжь, мы ди хьэщIэр щумыгъэс мыпхуэдэу гунэщIу... Дауэ щытхэ-тIэ, Хьэсэн, укъыздикIахэри?.. Ди хъыджэбзым нысэгъу къыхуашауэ зэхэтхащ. ДэIуэгъу Тхьэм яхуищI.

– Аракъэ, Ибрэхьим, сэ сыкъыщIежьар. Щэбэт къакIуэ я нэчыхьытхщ. Iэмал имыIэу зэрыунагъуэу фынэкIуэну сыкъаIуэхуащ. «Хьэуэ» лъэпкъ къыхыумыгъэкIыу, унрихьэлIэну ТIалиб къолъэIужащ.

Яхущысын имыдэу къэтэджыжа щIалэр жэуап зэрыпэплъэр гурыIуэгъуэти, Ибрэхьим ар игъэгувэжакъым:

– Сэ сынрихьэлIэну быдэу укъэзгъэгугъэфынукъым. Унагъуэм щыщу нэкIуэфыр нрихьэлIэнщ. Аращ ТIалиб жепIэжынур.

Хьэсэн ирагъэжьэжа нэужь, зэлIзэфызыр тепсэлъыхьащ я благъэхэм деж я кIуэкIэ хъунум.

– НысащIэмрэ уэрэ фыкIуэ, – жиIащ Ибрэхьим. – ЗыгуэркIэ сэбэп фыхъунщ. Сэ сызэремыхъулIэр яжепIэмэ къагурыIуэнщ. А къагъэкIуа щIалэми илъэгъуащ си Iуэхур зэрымызэпэщыр.

– Тхьэ, дэ дыкIуэкIэ зэфIэкIмэ хъунтэм. Ауэ зыкъытхуагъэгусэнущ, я жагъуэ хъунущ. Яхуэтхьри ямылъагъужу я нэр зэрагъэдзэкIынщ, псэуху ягу ихункъым. ПцIыхужыркъэ уэ ахэр?

Ибрэхьимрэ Тамарэрэ кърагъэщIа хъыбарым дауэрэ темыпсэлъыхьами, зэгурымыIуахэу жэщ къатехъуащ. ЛэжьакIуэ щыIа я къуэри къыдыхьэжри, абыи жраIат Iуэхур зытетымрэ абы къыхуагъуэтыну Iэмалыр зэрамыщIэмрэ. Езыр лэжьакIуэ кIуэнуми, я благъэм я хьэгъуэлIыгъуэм мохэр нидзысу и Iуэху и ужь ихьэжыну щелъэIум, абы адэ-анэр къигъэгугъэфакъым, а махуэм лэжьапIэм Iуэху пIэщIэгъуэ щыIэу жиIэри.

– Аращ-тIэ, – жеIэ Ибрэхьим, тIэкIуи зэгуэпауэ папщэу, – Iуэхур мыхъуну зэ ежьамэ, апхуэдэу йокIуэкI.

Абы хэту, Ибрэхьим и псалъэр и кIэм нимыгъэс щIыкIэ телефоныр къэзууащ. Тамарэ мэIэбэри трубкэр къытрех.

АдэкIэ къэпсалъэм жиIэр Ибрэхьим зэхимыхми, Тамарэ и псэлъэкIэмкIэ къещIэ къэпсалъэр.

– ... Фэри фи пщыхьэщхьэ фIыуэ. Дауэ фыщытхэ?.. Тхьэ, сымыщIэ тщIэнур... Фи гъащIэкIэ фыкъыдэмыпсэлъэжынур сщIэркъым, ауэ, дауэ демыгупсысми, тхузэхуэгъэхъукъым... Мэт, лIыжь, уэращ мыр зыхуейр, епсалъэ...

Сэлам-чэлам нэужьым, мор къохъурджауэ:

– Си благъэ, сыт мы къебгъажьэ хабзэр? ЦIыхум уахэмыхьэжу джэдкъуртым хуэдэу утIысыжыну ара?

– ТIалиб, уи жагъуэ умыщI. Ауэ, мы дуней уэлбанэрами сщIэркъым къызыхэкIыр, иужьрей махуэхэм тIэкIу сыгукъыдэмыжщ. Фи гуфIэгъуэм сыхэплъэну си нэ къикIырт. АрщхьэкIэ – неIэмал... ТIэкIу нэхъыфI сыкъэхъумэ, иужькIэ...

– Уэлэхьи, хъуам ар! А лIэун, сэ махуэ къэс нысэ къасшэркъым. Благъэ куэд дыди сужэгъужыну сиIэкъым. ЕмыкIур-щэ? ЦIыхум сыт жаIэн, уэ укъримыхьэлIэмэ? Фадэ ефэ жысIэуи ухэзгъэзыхьынукъым, ауэ къэкIуэну хьэщIэхэм сыхьэтитI-щы тхуабгъэдэс нэхъыжьу... Сыт жыпIэми лейщ, нэгъуэщI хэкIыпIэ диIэкъым. Уэри сэри апхуэдэу ди напэр зытетхыж хъурэ?

– СщIэркъым бжесIэнур, ТIалиб, – жеIэ Ибрэхьим, хэгупсысыхьа-

уэ. – СынызэрыкIуэни сиIэкъым. ЩIалэм зынезгъэшэнути, хущIыхьэнукъым. Автобусыр сэзэгъыххэнукъыми, хэхащ. Уэ уощIэ...

– Зыгуэрым елъэIуи зыкъегъашэ. А лIэун, машинэ дунейм текIыжа. Зы псалъэ адэкIэ къыпыпщэу здэнукъым.

Iэмалыншэ хъуа лIыжьым сыт ищIэнт? И гъунэгъум елъэIуащ, игъащIэкIэ Iуэхутхьэбзэ ищIэнумэ, мы зэм и хьэтыр къилъагъуну, къыхуищIэр псэуху щымыгъупщэну жиIэри. – Махуэ ныкъуэм къилэжьынум и уасэри иритыну къигъэгугъащ. ЩIымахуэ кIыхьым я Iэщым яшхын кърашэлIэн зэрыхуейр, хущIыхьэгъуэ ямыIэу губгъуэм зэритыр тегъэлауэ адэми къуэми къраIуэкIыурэ Ибрэхьим зыкъомрэ ягъэлъэIуа нэужь, сытми, гъунэгъум и хьэтыркIэ сыхьэт зыщыплI игъэкIуэдыну, ауэ нэхъыбэкIэ къыщымыгугъыну къыжриIащ.

Уэлбанэр зэрытемыуауэ къэсащ Ибрэхьим щежьэну махуэр. ПщыхьэщхьэхуэкIуэу гъуэгу техьэну арати, быдэ и анэ гъыркъым зэрыжаIэу, гъунэгъум иджыри зэ хъыбар иригъэщIэжащ щежьэну сыхьэт бжыгъэмкIэ.

ПIалъэр къыщысым къыIухьа машинэм зэщхьэгъусэхэр, я нысэр я гъусэу, итIысхьащ, гъуэгу махуэ теувауэ къыщIэкIыну тхьэ елъэIухэри.

Ибрэхьим и унагъуэр езышэжьа щIалэм ахъшэ хъарзынэ Iэрыхьати, нышхьэбэкIэ къэжыхь лей хэмыту, я гъунэгъухэр здишам щапэплъэну мурад ищIащ. КIуэжу къигъэзэжкIэ сыт и фейдэр, къилэжьым щыщ гъуэгум тригъэкIуэдэжу? Езы лIыжьми куэдрэ щымысхэу, зэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу къежьэжыну къигъэгугъащ. Шофер щIалэри къащыгъупщакъым – щIашэри, щIалэгъуалэ ефэ-ешхэм хагъэтIысхьащ.

ГуфIэгъуэ зиIэ унагъуэм къеблэгъа псори нэжэгужэт. Нэхъыжьи нэхъыщIи ефэрт, фадэбжьэр фIым хуаIэту. Емыфэр Ибрэхьим и закъуэт, ищIэжырт и узыншагъэр зыхуэдэр. Хэгъэрейхэм я нэхъыжьу хьэщIэхэм ябгъэдэсыр арат. Фадэр зэремызэгъынур яжриIати, ефэнкIэ хагъэзызыхьакъым. Сытми, дахэу екIуэкIа дауэдапщэр зэфIэкIри, хьэщIэхэм заIэтыжащ. ЯгъэхьэщIахэмрэ зыгъэхьэщIахэмрэ ягу зэпымыкIыу, зэхъуэхъуу, зэхуэгуфIэу IэплIэешэкIкIэ зэбгъэдэкIыжащ.

Ныжэбэрей хьэщIэхэм закъыдигъэза хуэдэ, дуней кIагъэпшагъэр зэкIэщIихужат, къеш щымыIэжу. Вагъуэ къомыр, гъунэ зимыIэ уафэр ягъэщIэращIэу, изу къитIысхьэжат. ПсыIэгъэ зыщIэт хьэуа къабзэ гуакIуэр псэм фIэфIу, IэфIу къыпIурыуэрт. Мо цIыхухъу къэжэна къомым ар зэрызыхащIэ щыIэу фIэщ щIыгъуейт, ауэ зыри емыфа Ибрэхьим зыхищIэрт IейкIи фIыкIи. И гуапэт жьы къабзэр, ауэ, ар хуримыкъуу къарукIэ екъу хуэдэ, зыжьэдишэрти куууэ иришэхырт. «Дауэ ущыса, дауэ ухъуа?» – жиIэу къыхуэгузавэу къыбгъэдыхьа Тамарэ жриIащ, я Iуэху щызэфIэкIакIэ, машинэ хьэхури куэдрэ зыпамыгъаплъэу, ежьэжхэмэ зэрынэхъыфIыр. Шофер щIалэри пIащIэрт щIэпхъуэжыну, мо дуней зызыукъэбзыжар къызэримыгъэсэбэпыр игъейуэ. Абы гу лъитат Ибрэхьим.

– АтIэ, лIыжь, къетхъужьа къомыр зэлъыIузыхыжхэм ядэIэпыкъуну зы махуэкIэ нысэр къэдгъэнэнщи дэ дыкIуэжынщ, – жеIэ Тамарэ.

– Щхьэ фыпIащIэрэ, си благъэфI? – жеIэ Тамарэ и псалъэхэр зэхэзыха ТIалиб. – Сыхьэт зытIущ пщIантIэм фыдэмыскIэ къэхъунуIакъым. ТIэкIу дызэбгъэдэсыжынщ, дэр-дэру.

– ДызэрызэгурыIуар пщIэжыркъэ, ТIалиб? Уэлэхьи, си нэ къокIым услъагъуну, фIы лъагъупIэ Тхьэм уищI. Сэ сыщIэпIащIэ щыIэщ. Уи жагъуэ пщIынкъым.

– А-а-а, ари пэжщ... АфIэкIа щхьэусыгъуэ уимыIэмэ, машинэр утIыпщыж, сэ зыгуэркIэ уезгъэшэжынщ.

– Хьэуэ, ТIалиб, Тхьэр арэзы къыпхухъу, шэч пхуэсщIыркъым, сыпхуэарэзыщ. Ауэ си узыншагъэм сыкъегъэгузавэ. СыщыщымысыфынукIэ сыту сыпщIын? Моуэ тIэкIу зыкъэзудэжмэ, уэрэ сэрэ зэрыщыс едгъэлъагъунщ, – гушыIэ хуэдэу зещI Ибрэхьим, – фIыкIэ Тхьэм дызэхуигъазэ дяпэкIи.

Къесыни, шоферыр, зэгупсысыр нэху мыщ щIыкIэ губгъуэм ихьэу зыгуэр зэрызыIэригъэхьэнырти, Ибрэхьим и псалъэхэр зэрызэхихыу пIащIэу машинэм итIысхьэжащ. Ныжэбэ къилэжьам иджыри зыгуэр къыхигъэхъуэну Iэмал зэрыщыIэм абы псэхупIэ къриттэкъым. Сыт апхуэдэ Iэмалыр щIыблигъэкIынур. ЩIымахуэ кIыхьыр ирикъунщ зигъэпсэхуну.

И благъэхэм сэлам ярихыжу, машинэм зэритIысхьэжу, Ибрэхьим и гум нэхъ къыхигъэзыхьу щIидзащ. Ар хьэлъэу бауэрт.

– ПсынщIэIуэу неуэ, щIалэ, – мэлъаIуэ лIыжьыр. – Сынэсыжу хущхъуэ зэзмыхьэлIэу хъунукъым. ЕмыкIу къэсхьынкъым жысIэри сыкъежьащ, армыхъумэ сэ си хьэщIэ бгъэдэси мыкIуэдат, апхуэдэ узыншагъи симыIэ.

– Тхьэ, сигу иримыхь, лIыжь, уи Iуэхур, – мэгузавэ Тамарэ. – ДумыгъэкIуэж унэм. Дохутырым дыгъакIуэ... КхъыIэ, тIасэ, дыгъашэ мы лIыжьыр район сымаджэщым. Плъагъуркъэ нэхъ хьэлъэ зэрыхъуар?

Машинэм и кIэмкIэ ис цIыхубз гузавэм хуоплъэкI мо щIалэ фIыцIэ лъагэри, и нэ гъуабжитIыр укIытэншэу триубыдауэ еплъурэ жеIэ:

– Къащтэ и уасэр сигу загъэу. Уэлэхьи, дэнэ ухуейми усшэнмэ.

– Тхьэ, дэ иджыпсту дымыIыгъIа, ауэ дынэсыжмэ гугъэзагъэу уэттыжынщ, псалъэ жодмыгъэIэу.

– Арыншами, си Iуэху къэзгъэнауэ ныжэбэ жэщым сохьэулей. Хэт къызэзытыжынур а къэзлэжьыну щытам и уасэр? – и макъым мыарэзыныгъэ къыхэщу къыжьэдепIытIыкI шоферым.

– Си щIалэ, уасэ лъэпкъи щIэмыупщIэу цIыхум и гузэвгъуэ дагъэкI хабзэщ напэм, гущIэгъум я хьэтыркIэ, – зэрыпсалъэ къудейр къехьэлъэкIыу къыдрешей Ибрэхьим. – Тхьэ пхуэсIуэнщ, тлъэкIыу дыномылъэIукIэ. МызыгъуэгукIэ уи IэмыщIэ дыкъихуащи, дыIэмалыншэщ. Узым сыкъыхимыгъэзыхьамэ, сыкIуэнутэкъым сэри дохутырым. Ягъэ кIынкъым, мобдей жыжьэкъым, дакъикъипщIым дынэсынущ. И уасэри уэттынщ жыпIэм хуэдизу.

– Мы лIыжьыр узым къимыгъэгузэвауэ апхуэдэу лъаIуэркъым, – мэубзэ иджы Тамарэ. – Дохутырым кIуэн и жагъуэ дыдэу, Iэмал зэриIэкIэ зыпыIуидзу щытащ. Къигъэгузэвауэ аращ. КхъыIэ, си щIалэ цIыкIу, дынэгъэс сымаджэщым. Тщыгъупщэнкъым дыпсэуху.

– Тамарэ, абы дынэсу дыкъэсыжыху сыгувэнущ. Машинэм ихьыну бензиныр-щэ? Сыту тхьэщыхьэ мыхэр, – къэгубжьа щIыкIэу мэпсалъэ щIалэ хьэтырыншэр.

Гузэвгъуэм хэт лIыжь-фызыжьыр нэхъыбэрэ игъэлъэIуэху уасэр нэхъ худэгъэуеину гу лъитащи, мэныкъуакъуэри гъуэгу зэхэкIыпIэм деж щытщ. ЛIыжьым жиIэж щыIэкъым, узым къыхигъэзыхьауэ псэлъэжыфыркъым, фызыр зэрылъаIуэри къехьэлъэкI хуэдэщ, ауэ Тамарэ бэяуркъым, мэубзэ, толъэщIыхь шофер щIалэм.

Сымаджэщым зэрынэсын зэман нэхърэ нэхъыбэкIэ щытауэ, щIалэр сытми арэзы хъуащ. Машинэр зэрежьэу, Ибрэхьим ерагъыу къыдришеящ:

– Тхьэм ещIэ, фызыжь, сэ си Iуэху зэрыхъун. Ауэ унэм дызэрынэсыжу мы щIалэм жыхуиIэ уасэм зыгуэр лейуэ щIыгъуи ет. Арэзы щIы. И гуэныхь къыстенэну сыхуейкъым. Алыхьым ар жимыIэкIэ.

Жэщым зэкIэщIихужа дунейр нэхущым къызэIыхьэжауэ уэшх-уэс зэщIэлъ къехырт. ЩIыхур уэру зэхуэсырт дунейм ехыжа лIыжьыр иужьрей гъуэгуанэм трагъэувэжыну. ЦIыхушхуэ къекIуэлIат дыуэщIым. Ибрэхьим дунейм тетат цIыху гуапэу, хьэблэми къуажэми чэнджэщэгъу яхуэхъуфу. Зи гъащIэ псор гъуэгуанэ дахэ тету зыхьа цIыху щыпкъэм и псэр хэкIат гъуэгу тету. Зыхьыжари зауэм кърихауIэгъэжьрат. Абы и закъуэт? Иужь дыдэу зыхуэзэжа цIыхугъэншагъэр-щэ? Ибрэхьим балигъ зэрыхъурэ псэуат нэмысыр, хабзэ дахэр, гулъытэр, гумащIагъэр игъэлъапIэу. Езыр зыIууэжам еплъ. И зэманым дэIэпыкъуэгъу игъуэтамэ, Тхьэм ирещIи, нобэ абы и дыуэщI зэхэмыхьэнкIэ хъунт.

Шоферым и адэ Хьэлым дыуэщIым къыдохьэри, жьантIэмкIэ щеувэкIауэ щыт нэхъыжьхэмрэ лIам и Iыхьлы гъунэгъухэмрэ я Iэр екIуэкIыу еубыд, «Тхьэм фщимыгъэгъупщэкIэ» жиIэурэ. Адрейхэми и Iэр къаубыд я щхьэр къамыIэту, къемыплъу. Ибрэхьим и къуитIым я Iэр щиубыдкIэ, Хьэлым нэхъ зеIэжьэ, зэрахуэгузавэр къригъэкIыу, ауэ щIалитIым я щхьэр къахуэмыIэту йоплъых. Е Хьэлым нэмыплъ иратрэ, е щIалэ узыншэшхуитI зиIэ я адэр дэIэпыкъуэгъуншэу губгъуэжьым къызэринам и гупсысэм я псэр игъэхыщIэрэ? СыткIэ пщIэн, я гум ущимыхьэфкIэ.

Хьэлым хьэщпакъ лъабжьэм щызэхэт лIы гупым яхоувэ, «Уэлэхьи, нобэ сыгукъыдэмыжым, си Iуэху мыщIагъуэ», жиIэурэ. «Иджы цIыху узыншэ щыIэжкъым», – жиIэу зым къыпидзыжа мыхъумэ, адрейхэм я жьэ зэщIахакъым.

КъеувэкIауэ зэхэт нэхъыжьхэм зы лIы лъагэшхуэ къахокIри, цIыхубз гъы макъ къызыщIэIукI унэм щIохьэ, куэд дэмыкIыу къыщIокIыжри, ахъшэ хэзых щIалэм дежкIэ еунэтI. Абы щэхуу зыгуэр жреIэ, ахъшэ гуэрхэр къыIех, зыхуейм хуэдиз къыхебжыкIри, адрейр иретыж. ЛIыр Хьэлым бгъэдохьэри: «Хьэлэл пхухъу, мыпхуэдэ ахъшэри мылъкущ», жери ахъшэ ирет.

Хьэлым щыму къэIэбэри ахъшэр Iихащ. Гъунэгъуу щытхэм къаIущэщар, зэхэзымыхахэр къыщIэупщIэжурэ, адрей кIапэм нэс ирижащ.

ТIэкIу зиIэжа нэужь, Хьэлым къыIэщIалъхьа ахъшэм зы тхылъымпIэ къыхихщ, адрейр и жып ирилъхьэжри, ахъшэ хэзых щIалэм бгъэдыхьащ, и цIэ-унэцIэр иригъэтхэну. Аргуэру пщIантIэм Iущащэ макъ ирижащ. Абы хэт псалъэхэр зэхимыхами, Хьэлым и Iэпкълъэпкъ псомкIи зыхищIащ афIэкIа дыуэщIым дэт зэрымыхъужынур.

КЪЭЖЭР Хьэмид

# Ар къызыхуигъэщӀауэ щыта гъуэгур

*Эссе*



«Дунейр гъуэрыгъуэ шэнтщ» жызыӀа пасэрейм дунейм и пӀалъэ ищӀэу къыщӀэкӀынт.

ГъащӀэм и хабзэ ткӀийщ ар: зыр къытхохьэ, адрейр тхокӀыж.

Мы иужьрей илъэсипщӀым ди лъэпкъ литературэм хэщӀыныгъэшхуэ зыбжанэ игъуэтащ: дунейм ехыжащ ди тхакӀуэ нэхъ пашэхэу КӀыщокъуэ Алим, Нало Ахьмэдхъан, МафӀэдз Сэрэбий, ӀутӀыж Борис.

Дэ тщӀэркъым а зэманым кърибыдэу къытхэхъуа щӀэблэм нэхъыбэж зыхузэфӀэкӀын цӀыху щыпкъэхэр къахэкӀынуми. Ауэ сэ шэч къызытезмыхьэжыр мыращ: псэуху хьэлэлу зи лъэпкъым хуэлажьэурэ, зи дуней гъащӀэр зыуха тхакӀуэм къытхуигъэнар зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ нобэ псэухэм тщӀэну, дджыну къыттохуэ. Пэжщ, тхакӀуэр зыхуэдэр щӀэх наӀуэ къэхъу хабзэкъым. Езы Шекспир дыдэм хуэфащэ пщӀэ игъуэту щыщӀидзар езыр дунейм ехыжу илъэс щитӀ нэблагъэ дэкӀыжауэщ. Апхуэдэу, куэд щӀакъым ЩоджэнцӀыкӀу Алий и творчествэм теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я нэхъ щӀагъуэхэр къызэрытӀэрыхьэрэ. НэхъыфӀыжхэр дунейм къыщытехьэнур дяпэкӀэщ. КӀыщокъуэ Алим и гугъу пщӀымэ, абы и Ӏэужьыр дахэ-дахэу джа хъун щхьэкӀэ, къэхутакӀуэ институтыр илъэс ӀэджэкӀэ зытелэжьэн Ӏуэхугъуэ зэхэмыбзхэр иджыри щыӀэщ.

Хабзэу къокӀуэкӀ: тхакӀуэ яхэкӀыжахэм ятеухуа псалъэмакъыр зэхэзыублэр абы и ныбжьэгъуэхэрщ, и лэжьэгъуахэрщ, махуэ къэс жыхуаӀэм хуэдэу зыхуэзэу, зэпсэлъылӀэу, фӀыуэ зыцӀыхуу щытахэрщ.

Ӏуэхур зэрежьэщ, жаӀэ. Ауэ щыхъукӀэ, псалъэмакъыр зэхэубла зэрыхъу щӀыкӀэми зыгуэр елъытауэ къыщӀэкӀынщ.

Мыпхуэдэ къэхъуауэ щытащ: ӀутӀыж Борис гупым яхэсу здэщысым, абы къыбгъэдэсхэм ящыщ гуэрым къытригъэзэжурэ жиӀэрт:

– Иджы Борис дигъэдыхьэшхынущ!

Апхуэдэу мызэ-мытӀэу зраӀуэкӀа Бориси, нэгъуэщӀ къыхуэмыгъуэту, а зыхуэмышыӀэ-пщтырафэм моуэ ещащ:

– Уа, къуэш, узмыгъэкӀылынумэ, сщӀэркъым пхуэсщӀэнур!

Мыр къэхъуа Ӏуэхущ – цӀыхум зэхалъхьауэ аракъым. Ауэ нэхъыщхьэр а тӀум нэхъ пэжыр зэхэгъэкӀынракъым; тӀум щыгъуэми мыбы зыгуэр къокӀ. Ар сыт жыпӀэмэ, ӀутӀыж Борис и тхыгъэхэр гушыӀэм, дыхьэшхым нэхъ теухуауэ куэдым къафӀощӀ – апхуэдэу теӀукӀащ, сыт пщӀэн.

Ауэ… пэжым и хьэтыркӀэ, занщӀэу жыӀэпхъэщ: ӀутӀыж Борис и Ӏэужьым джэгурэ гушыӀэрэ фӀэкӀа хэзымылъагъуэм абы и творчествэр къыгурымыӀуауэ ащ.

Зи гъащӀэм щыщу илъэс 50–60 хуэдизыр етӀощӀанэ лӀэщӀыгъуэм

хиубыдэу, тIощIрэ езанэ лIэщIыгъуэми къыхэбэкъуахэм яхэтами яхэтар зырызщ IутIыж Борис хуэдэу псэкIэ гугъу ехьа. Дауи, зыми жиIэфыну къыщIэкIынкъым тыншу езыр псэуауэ.

Дунейм и IэфIыр, къызыхалъхуа унагъуэм ис нэхъыжьхэм я щабагъыр, я хьэлэлагъыр сытым деж цIыхум нэхъ уэру щызыхищIэр? ЩыцIыкIу дыдэм дежкъэ? Зи сабиигъуэм псори къыхуогуфIэх. КъодэхащIэ. Зы дахэ гуэр къызэрыжраIэнрэ IэрыкI цIуугъэнэ гуэркIэ къызэрыхуэупсэнрэ хэтщ.

Езы щIыуэпс дыдэми Iыхьлыхэм закъыкIэригъэхуркъым: уафэм гуапэрэ берычэту IэплIэ къыхуещI, дыгъэм и бзийхэр сакъыпэурэ кърешэкI, жэщ зэрыхъуу, вагъуэ цIыкIухэр къызэхоувэ, гъуэрыгъуапщкIуэ къыдэджэгу нэхъей, зэпеуэу, нащхьэ къыхуащIу. Бзухэм я уэрэдыр-щэ! Жыг пщIащэхэм къаIущэщыр… Удзхэм къыжраIэр… ПсыIэрышэм, къытригъэзэжурэ, къыхуиIуатэр… Дэтхэнэм и гугъу пщIын!..

НтIэ, а фIыгъуэ къомым ящыщу зыри зылъымыса цIыхум сабиигъуэ иIауэ пхужыIэн!

А зэныбжьхэм я быдзышэм нэпсымрэ лъымрэ уэру къыхэлъэдащ.

Я нэр къызэрызэтрахыу, абы къалъэгъуар уафэкъым икIи дыгъэкъым – мафIэ лыгъейщ, Iугъуэ фIыцIэщ. Гущэкъу уэрэд щыщIэдэIупхъэ зэманым зэхахар гъы макъщ, шэ фий макъщ. ИужьыIуэкIи я шэ шынакъымрэ хьэлу Iыхьэмрэ бийм яIэщIичащ.

Зауэм и ужькIэ ахэр школым щыкIуам… Гуузт абы уаIуплъэну: анэхэм пIэщIэгъуэкIэ хузэщIаIулIа хъыдан вакъэхэр ялъыгъыу, адэшхуэхэм ягъэлажьэу зыщадзыжа къэпталыжь е кIагуэжь зэхэдыжыхьахэр къащылэлу, щIэрыкIуэр я шхыныгъуэрэ фагъуэхэу, гъурхэу… Жэщхэсу колхоз губгъуэм илэжьыхь адэ-анэхэм лэжьапщIэу хуатха баш цIыкIухэм (трудодень) зыри къыпэмыкIуэу; зэрахьэну, кIэлъыплъыну зыхуимыт я унэ хадэм налогыу къытралъхьэр ущIипIытIэн хуэдизу инрэ хьэлъэу… Абы пцIы хэлъкъым.

ИтIани…

Псори – цIыкIуи ини, къэралышхуэм щыпсэу цIыхухэр, я IэщIагъэрэ къулыкъурэ емылъытауэ, дэ дысовет цIыхущ жызыIэу хъуар зэкъуэзыгъэувэ идее щыIэти, ар къаруушхуэт. Дэ бий бзаджэм дытекIуат. А текIуэныгъэр псоми дыдей, псоми къэтхьа, псоми ди зэхуэдэ фIыгъуэт. ИкIи абы псори дрипагэу, дригушхуэу дыпсэурт, дызыхуэныкъуэхэри къытфIэмыIуэхущэу, ди къэкIуэнур зэрыхъуэпсэгъуэм, апхуэдэ хъуэпсэгъуэ зэрытхуэфащэми шэч къытедмыхьэжу.

Абы хэту Хрущев и тетыгъуэр къэсащ.

ИужьыIуэкIэ – Брежнев…

ИужьыжкIэ – къэралкъутэжыр къызэрыкIа ЗэхъуэкIыныгъэр… Демократием и лъэхъэнэ зыфIаща, ауэ, пэжым утетыну ухуеймэ, къэралыгъуэр зэхакъутэжыпэу абы и мылъкур, гуащIэрыпсэухэм я пщIэнтIэпскIэ къалэжьа мылъкур, тIупхым къыкъуэджэлыкIа IэбжьанэфIей нэжэсхэм щызэбгралъэфыжа зэманкIэ узэджэ хъуну илъэсхэр…

А псори зи нэгу щIэкIа IутIыж Борис, зыгъэгушхуэн дэрэжэгъуэ къезытын гуэрхэри и гъащIэм хэтами, хэзыгъэплъэн, зыгъэбэмпIэн, гуауэ мыухыжым хэзыдзэхэри гъунэжу къылъыкъуэкIащ.

А псом и щIыIужкIэ.

Адыгэ лъэпкъыр икъухьарэ зэбгрыдзауэ къызэрынар, абы и дыгъуасэмрэ и нобэмрэ екIуу зэрызэпымыувэр, лъэпкъым и тхыдэмрэ абы

иджыпсту кърапэсымрэ зэрызэхуэмыкIуэр, лъыкIэ зэш, арщхьэкIэ зэпэщхьэхуэ хъуа лIакъуэхэр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, нобэкIэ абы къахэнэжар, зэфIэмыкIуэдыжыпэ щIыкIэ зээышэлIэжын Iэмал гуэрхэр къэхутэныр,   – кIэщIу жыпIэмэ, лъэпкъ Iуэхури, уз гъэтIылъауэ, щхьэхуэу къефыкIырт IутIыжым.

Пэж дыдэр, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, уэ апхуэдэу къыпщыхъур, сыт щыгъуи къэпIуэтэфын щхьэкIэ лIыгъэшхуэ уиIэн хуейщ. Ауэ лIыгъэ «пцIанэкIэ» тхакIуэм и къалэныр зэфIэкIыркъым. Абы хуэфэщэн Iэзагъ къыпкъуэмыкIмэ, псори лъэлъэжащ: уэ езым плъагъур зырикIщ, ар нэгъуэщIым зэребгъэлъагъун художественнэ Iэмалхэр къыпхуэмыгъуэтмэ. IутIыж Борис и тхыгъэ нэхъыфIхэр ди лъэпкъ литературэм и классикэм щIыхыхьэн щхьэусыгъуэ щыIэщ: Iуэхугъуэ щхьэпэ куэдым яхужиIэни иIэу, ар екIурэ-ещхьу, гуимыхужу къызэриIуэтэн-къызэригъэлъэгъуэн Iэмалхэми икъукIэ хуэIэпэIэсэу къыщIэкIащ ар. ИкIи си гугъэщ, IутIыжым и усэхэр, и пьесэхэр дэнэ къэна, и публицистикэр къыумылъытэмэ, иужьрей илъэс 30–40-м ди литературэр зыхуэдэ хъуар тэмэму уи нэгу къыпхущIэмыгъэхьэнум.

IутIыж Борис теухуауэ зи гугъу нэхъыбэу ящIар и драматургиерщ. Ауэ щыхъукIи, IутIыжыр усакIуэ телъыджэт икIи публицист къызэрымыкIуэт. Абы къыхэкIыу, сэ си мурадащ Борис и усэхэмрэ и публицист лэжьыгъэхэмрэ, нэгъуэщI мыхъуми, кIэщI дыдэу мы тхыгъэ мыиным сыкъыщытеувыIэну.

1.

Америкэн романтикышхуэ Эдгар По и новеллэ гуэрым мыпхуэдэ къыщохъу. ИмыщIэххэу егъэлеяуэ ахъшэшхуэ къызыхэхъуа щIалэм мурад ещI мы дунейм зэи щамылъэгъуауэ хадэ телъыджащэ игъэкIыну, ар дэнэ къэна, зы удз цIыкIу закъуи игу иримыхьу а хадэм къыщимыкIыу.

Абы ещхь хуэдэу щытщ усакIуэ щIалэм и Iуэхури: дахагъэм и псэр итхьэкъуащи, дэнэкIэ плъэми и нэм къыIуидзэр а дахагъэрщ:

***Дахагъэр техуэркъым дунейм, –***
***ДахапIэр къэгъуэтыф къудей…***

***Къыпощэщыр дыщэ пхъэщхьэмыщхьэу***
***Вагъуэ пIащэ лыдхэр уэгу жыгыщхьэм…***

***Мэжей гъащIэр, гъатхэ жэщыр гущэу.***
***Псори дахэщ, къабзэщ сабий гущIэу.***

Зэ щIалэгъуэ зиIам яхэту пIэрэ гъатхэ жэщымрэ абы и нэщэнэ IэфIхэмрэ щымыгъуазэ? Ещхьыркъабзэу, усэ зытххэм зы закъуэ къахэкIауэ пIэрэ абы хуэмыусауэ? ИтIани си фIэщу жысIэфынущ: мы иужьрей сатыритIым хуэдэ зытхыфынур «сабий гущIэу» зи псэр къабзэ цIыхурщ.

УсакIуэр – дахагъэм, гуапагъэм, щабагъэм зи гур яхуэзэIуха цIыхур, лъагъуныгъэм хуэмыусэу хъурэ:

***Уэрэдым я нэхъ дахэр***
***Щаусыр гухэлъ хадэрщ.***

«Гухэлъ хадэ», «гухэлъ мэз», «си дуней гъэпщкIуа», «си гухэлъпшыналъэ», «псысэ налъэ защIэу зэхэща», – мы гъэфIэгъыбзэхэм лъагъуныгъэр ягъэбелджылыуэ аращ.

Гухэлъым и лъахэр «пщIыхьщ», а пщIыхьыр «пхуэмыIуэтэнуи гурыхьщ». ИкIи абы ущрихьэлIэнукъым ауэ къызэрыкIуэ псалъэ е псэлъэкIэ – абы щызекIуэр «дыгъэ бзийхэмкIэ зэдэхащIэ псэлъэкIэщ», «мазэ нурхэмкIэ зэIущащэ псэлъэкIэщ». Зыми хуэмыдэжу телъыджэ сэ къысщыхъуар «Лъагъуныгъэ – дыгъэ лъхугъэ» жыIэгъуэрщ.

УсакIуэхэм, лъагъуныгъэр ягъафIэу, абы хуамыIуэтар укIуэдыжи! Ауэ щыхъукIи, IутIыж Борис фIэкIа, апхуэдэу жызыIа нобэр къыздэсым срихьэлIауэ сщIэжыркъым: кIэщIу, куэд къикIыу, щIэщыгъуэу. Хьэуа щIэншэм тыншыпсу хъринэ щещIэ мо пцIащхъуэ цIыкIум – къехьэлъэкIрэ? Ещхьыркъабзэщ. Адыгэбзэм и къарур здынэсыр пщIэмэ, ар уэ узэрыхуей дыдэм хуэдэуи къэбгъэIурыщIэфмэ, кIэщIу жыпIэмэ, у-IутIыж Борисмэ, сыт хэлъ!

«Гухэлъ хадэм», «гухэлъ мэзым» я гуащэр, дауи, бзылъхугъэм къыдекIуэкI хабзэ дахагъэ псоми я нэщэнэ лъагэщ. Арагъэнущ усакIуэр и мыгъуэ закъуэм «Си ДахэнагъуэкIэ» щIеджэри. Абы и теплъэр уафэм хосыхь, и Iэужьри къыжьэдэкIри вагъуэм полыд.

***Уафэм къыпощэщыр***
***Дыщэ щыгъэу вагъуэр.***
***Уэри къоIущэщыр***
***ЩыIэм я нэхъ щIагъуэр.***

Дахащэр щIыкIафIэщIи, дэтхэнэ и щытыкIэри йокIупс.

***Ужьэ дахэм хуэдэу зыпшэщIауэ,***
***Уэ ухэлъщ удзыпцIэм, удэплъейуэ.***

Е:

***Уи щхьэр мащIэу къыфIэщIауэ,***
***Щхьэц толъкъунхэр къежэжьауэ…***

Апхуэдэр уигу иху хъун! ИкIи мыбы шэч къытепхьэжыркъым:

***Ущызмылъагъуми усщIыгъущ.***

Пэжщ, усакIуэхэм я хьэлщ, зэхьэзэхуэ нэхъей, иIэгъэ ехьэжьахэр, эпитет хэIэтыкIахэр, зэгъэпщэныгъэ зыкъизыххэр къалъыхъуэу, щхьэж и мыгъуэ закъуэр дахэ псоми едэхэкI, зыри къызыхуэмытыж тхьэIухуду къыщIригъэдзыну хэту. Ауэ мыри пцIыкъым: поэзием мыхьэнэ щызиIэр щIэщыгъуэрщ, нэгъуэщIхэм гу зылъамытарщ, къамыIуэтарщ. Владимир Маяковскэм иIэщ «Татьяне Яковлевой» жиIэу усэ. Абы мыпхуэдэ ущрохьэлIэ:

***«Иди сюда,***
***иди на перекресток***
***моих больших и неуклюжих рук».***

Зиновий Папернэм, Маяковскэм теухуауэ тхылъищ зытхам, и фIэщыпэу еукъуэдий: «А зы жыIэгъуэм фIэкIа, нэгъуэщI къыпкърымыкIами, Маяковскэм къилэжьат усакIуэшхуэкIэ деджэну». ЩIэныгъэлIым мыбдеж тегъэщIапIэ ищIри гурыIуэгъуэщ: «IэплIэ къысхуэщIыт» – station арэщ мыбы къикIыр, ауэ Маяковскэм ар зэрыжиIа щIыкIэм хуэдэу зэи зыми жиIакъым. Мыбдеж Папернэм щригъэлеиIуами, абы Маяковскэм хужиIар сигу къэзыгъэкIыжар IутIыжым и зы сатырщ:

***«Уи Iэ щабэр IэщIэткIухьырт си Iэм»***

Сэ апхуэдэ сыщрихьэлIар IутIыж Борис и дежщ.

Дауи, «Шэрэджыжьым ирехьэх щэху Iэджэ». Ауэ нахуэр икIи наIуэр сыт жыпIэмэ, шэрэджыпс изыфхэми, адрейхэми, жыжьэ дыдэ щыпсэухэми – псоми я унэр щIыбым дэтщ: ауэ щыхъукIэ, а псори зэрыбауэр зы хьэуащ. ИкIи, ди щIасэ-ди жагъуэми, гухэлърэ лъагъуныгъэкIэ зэфIэкIыркъым. НэгъуэщIу жыпIэмэ, дунейм ущытеткIэ, а дунейм щызекIуэмрэ щызэрахьэмрэ къыбжьэхэмыуэнкIэ Iэмал иIэкъым; хэбгъэзыхьмэ, уи цIыхугъэр здынэсыр къэзыгъэлъагъуэр – уи нэгу щIэкI къэхъукъащIэхэм, укъэзыухъуреихь дунейм, цIыхухэм я псэукIэм, я IуэхущIафэм уэ узэрыхущыт щIыкIэрщ.

И насыпи цIыху хуэдэм пщIэ щигъуэт, дэрэжэгъуэ къезыт гъащIэм къыхэхутэм!

ГъащIэр дахэу къыпщыхъуху ууейщ.

Ауэ «гъащIэ гъатхэр сыту кIэщI»: зуплъыхьрэ уи нэм къыIуидзэм уегупсыса нэужь, хьэкъыу зыхыбощIэ: мы ди гъащIэр дыщэрэ данэу зэхэлъкъым, ар «хьэчэхьэпсэ жагъэщ».

***ГъащIэм –***
***Дызэрыхуейуэ зыри щымыхъуурэ,***
***Зэрыхъуу тщIыуэ дыщесэжащ.***

Ар дауэ!? Арат-тIэ цIыхур къыщIигъэщIар? Хуэмыфащэ кърапэсу, и напэм кърымыгъэкIу илэжьу… Ар зэрыхуэмыфащэри фIы дыдэу къыгурыIуэжу…

***Апхуэдэутэкъым сызыхуейр.***
***Апхуэдэутэкъым.***
***Ауэ сопсэу апхуэдэу.***
***Си гугъэхэр спIытIу.***
***Си дыгъэхэр схузу.***
***Си махуэхэр кIуэщIрэ***
***А кIуэщIхэри нэщIу…***

Апхуэдэ щытыкIэ напэтехым ирегъэувэ цIыхур нобэрей гъащIэм. ПцIы хэлъкъым: цIыхур нэхъ къабзэху, сыт хуэдэ гуемыIури нэхъ къытохьэлъэ. И нэгу щIэкI фэсэдыгъэхэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэр къилъыхъуэурэ зеухыж. Ар хьэзырт фIым хуэлэжьэну, захуэми къыщыжыну. АрщхьэкIэ, хэIэбапIэ игъуэтыркъыми, мэкIэрахъуэ, ищIэнур къыхуэмыщIэу.

***ДекIэрэхъуэкIри дрихьэлIауэ,***
***ЗэрылI-зэпекъум дызэдыхэтщ.***

***Дахэкlыжынут, арщхьэкlэ – дауэ?***
***Дакъыдэщlынут, арщхьэкlэ – хэт?***

Дауэ? Хэт? Сыт?

А упщlэ lэубыдыпlэншэхэм махуэм укърахуэкl, жэщкlи уагъэжейркъым. Зыплъыхьи, псоми я щхьэ я лажьэщ, зы гъуэжькуий шынагъуэ гуэрым ирихьэжьауэ, псори ихьми ярейщ, здихь лъэныкъуэри къыпхуэмыхутэу. Апхуэдэ гъащlэм цlыхур зэблиш дэнэ къэна, и психикэр икъутэнкlэ зыхуэlуа щыlэкъым.

***Гъуджэ lушэ иплъэу есэжа дунейм***
***Фlыхэр щагъэпудри, пудхэр щыдоуей.***

Е:

***Цlыхур зыгъэинрэ зыгъэдахэу***
***Щытыгъахэм дащодыхьэшхыж.***

Нтlэ, ар – гъащlэ? Ар – дуней? Апхуэдэ дуней утетыну, апхуэдэу упсэуну – абы нэхъ напэтех сыт щыlэ? Хэбгъэзыхьмэ, номиным дыхуэмыкlуэжу пlэрэ – тlэкlу-тlэкlуурэ?

***Зэгуэр номиным дыхуэкlуэжу***
***Жиlами Дарвин, ар нэхъ пэжт.***

Укlытэрэ напэрэ здыщымыlэж дунейм сыт узэреджэнур? Мылъку фlэкlа, дин зимыlэжхэр цlыху?

***Гущlэгъу, гулъытэ, напэ, пщlэ, нэмыс,***
***Гуапагъэ, гу щабагъэ, лъагъуныгъэ…***
***А псори нобэ зыми имыщlыс***
***Зи гъуазэ закъуэм дежкlэ къулеигъэр…***

Зэрыгурыlуэгъуэщи, апхуэдэ псэукlэ фейцейм езым хуэфэщэж хабзэ егъэув:

***Лlыщlэми пащтыхьми зызыхуагъэлъахъшэ***
***Тхьэм и Тхьэжкlэ зэджэм и цlэ дыдэр Ахъшэщ.***

Щхьэегъэзыпlэу сыт щыlэ – узэгуэмыудыпэу зызэтепlыгъэн, нэгъуэщl мыхъуми, зэ жьы lурыхьэгъуэ зэбгъэгъуэтын щхьэкlэ?

***Нэм къиубыдыр гъуабжэлъабжэщ,***
***Зэхэсхыу хъуари мыфэмыцщ…***
***Зэlузогъэжри гупсысэбжэр,***
***Си нитlыр быдэу соуфlыцl.***

Адэкlэ къэнэжар – сыт?..

***Дунейр бэмпlэгъуэкlэ гъэнщlауэ***
***Къэуэным пэплъэ хулъэ инщ.***

Псом хуэмыдэжу телъыджэщ «Ухуеймэ, гъащIэр тыншу епхьэкIыну…» жиIэу къыщIидзэ сонетыр. Мы тхыгъэм сыкъыщеджэм мыри сигу къэкIащ: «Ярэби, Шекспир нобэ псэужатэмэ, мы сонетыр абы имытхыну пIэрэт?»

Мис ар:

***Ухуеймэ, гъащIэр тыншу епхьэкIыну,***
***Абы уримыхъукI уэ гупсысэх:***
***Псалъэжьым тету – а псы узыхьынум,***
***УпэщIэмыту, зыдрегъэхьэх.***

***ЗыхуэщI теIущIыкIыпIэ уи нэхъыщхьэм.***
***Узинэхъыщхьэр лъабжьэм щIэгъэтыф.***
***Якъутэу плъагъукIэ цIыху хей гуэр и гущхьэ, –***
***Зыкъутэр зылъэкI гуэрмэ, – блэплъыкIыф.***

***ЦIыхубэм къащхьэщыжхэм уадежажьэу***
***ЗумыщI нэщанэуапIэ, дыхьэшхэн.***
***ЦIыхубэм и цIыхугъэр хуабжьу жьажьэщ, –***
***УлIа нэужькIи къыплъэщIэмыхьэнщ…***

***Апхуэдэу утетыфмэ мы дунейм,***
***УтекIыжынщ… ухъуауэ Iэщ домбей.***

Пэжу, япэми адыгэ поэзием щыхамэтэкъым медитативнэкIэ (узыгъэгупсысэ) зэджэ пшыналъэ лIэужьыгъуэр. Илъэсищэ хуэдизкIэ узэIэбэкIыжми, абы и щапхъэхэр гъунэжу бгъуэтынущ. ЛIэщIыгъуитIым (епщыкIубгъуанэмрэ етIощIанэмрэ) я зэблэкIыгъуэм ирихьэлIэу Агънокъуэ Лашэ, ПащIэ Бэчмырзэ, Куп Хьэжы-Исмэхьил сымэ яусауэ щытащ зыхэщIэм нэхърэ зэхэщIыкIым нэхъ тегъэпсыхьа едзыгъуэхэр.

ЦIыхузэхэгъэж, цIыхугъэпуд щытыкIэм къигъэгубжь ПащIэ Бэчмырзэ ткIийуэ пэщIэувэрт «емыкIур екIуу зылъытэ» зэманым, абы и нэгу укIытэншэр сатыр жанхэмкIэ зэприхулыкIыу. УсакIуэм цIыху хуэдэ цIыхуу, лIыфIу къилъытэр «пэжыр и гъуазэу, захуэм щIэбэнырт». Абы къыхэкIыу гулъытэ лей хуищIырт уэрэдым, пшыналъэм, усакIуэм и псалъэм. Аракъэ мыпхуэдэу щIыжиIари: «Пшыналъэр бгъунлъэмэ, лъэпкъыр мэукIытэ».

Усэр, усакIуэм и псалъэр къэрал Iуэхуу, лъэпкъ Iуэхуу къилъытэрт Агънокъуэ Лаши. Арыншамэ, мыпхуэдэу жиIэрэт: «Усэмрэ ерыскъымрэ зэпащI». ЦIыхур цIыхуу, лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтенэн папщIэ, ар ерыскъы зэрыхуейм ещхьыркъабзэу, псалъэм, усэм хуейщ.

Совет лъэхъэнэм хиубыдэу зэфIэува ди литературэм КIыщокъуэ Алим и фIыгъэкIэ нэрылъагъуу зыщиужьащ узыгъэгупсысэ пшыналъэм е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, философие лирикэкIэ зэджэм. Зауэшхуэм и пэ къихуэу итха усэхэм («Бгы нэпкъым тет жыгей», «Си дыгъэ», «СыкIуэнт нэхъ псынщIэу») къыщыщIэдзауэ КIыщокъуэм и нэIэ зытетыр къэхъукъащIэ пыухыкIа гуэрхэр къетхэкIыныркъым, атIэ а къэхъукъащIэхэм узрагъэгупсысырщ. КIыщокъуэ Алим мыбдеж шу пашэ щыхъуащ. Ауэ ар шу закъуэу къэнакъым: иужьыIуэкIэ абы бгъурышэсащ Нало Заур, Сокъур Мусэрбий, нэгъуэщIхэри.

КIыщокъуэ Алим, литературэм къыщыхыхьа 30 гъэхэм къыщыщIэ-

дзауэ дунейм ехыжыху, ди лъахэм, ди къэралышхуэм щекIуэкIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм набдзэгубдзаплъэу якIэлъыплъащ. А зэманым (илъэс 70 нэблагъэм) къриубыдэу и нэгу щIэкIа псоми езым и нэкIэ дригъэплъыфащ. УсакIуэм ар щIыхузэфIэкIам и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: абы иIэжт езым и лъагъукIи, ар къызэриIуэтэн Iэзагъи бгъэдэлът.

КIыщокъуэ Алим и ужькIэ адыгэ поэзием и лIэужьыгъуэу узыгъэгупсысэ пшыналъэ зыфIащым гу нэхъ зылъытапхъэу къыхэхъуар IутIыж Борис и усыгъэхэр (псом хуэмыдэжу, сонетхэр) ару къыщIэкIынущ.

Япэ ита и Iустазхэм ещхьу, IутIыжри пэжым епцIыжакъым; ауэ ар щыпсэуа зэманыр куэдкIэ нэхъ гурыIуэгъуейт, пэжым ухуэзышэ лъагъуэри (апхуэдэ щыIэххэмэ!) пшагъуэ кIыфIым и курыкупсэм къыщилъыхъуэн хуей хъурт.

КIуэ пэтми екIакIуэ гъащIэм, пцIыр щытепщэ псэукIэм, сомым фIэкIа, напэм щыхуемыплъэкIыж щытыкIэ гущыкIыгъуэм Борис щIэмычэу къыщилъыхъуэрт щызымыгъэуэн, къэзымыгъэпцIэжын къэблэмэ. ИкIи апхуэдэу сыт щыгъуи къыхущIэкIыр зыт: къэхъукъащIэхэм бэр, гуащIэрыпсэухэр зэрехъулIэ щIыкIэрт: цIыхухэм я сэбэп хэлъ мы ди нэгу щIэкIхэм хьэмэрэ насыпыншагъэ къахухэкIрэ? УсакIуэ нэс цIэ лъапIэр зыхуигъэфащэри – езым и щхьэ закъуэрэ и фейдэрэ мыхъуу, бэм, цIыхухэм фIы къахуилэжьыным зи гъащIэ псор хуэзыгъэпсырт.

***Матхэ, гъатхэ уэгуу и гур зэIухауэ!***<br>
***Матхэ, гугъэ нэхухэр цIыхум яхуищIауэ!***<br>
***Ящымыщ ар лъаIуэхэм,***<br>
***Фэрыщ I жыIэдаIуэхэм,***<br>
***КъулыкъущIэкъу жьантIакIуэхэм…***<br>
***Хуэпшиями мы дунейр,***<br>
***Къулеягъыу ар зыхуейр***<br>
***Пэжым хуэзар аркъудейщ.***

Дауи, пэжым хуэдэ щыIэкъым. Уи хъуреягъыр пцIы уджу къыщызэрехьэкIым деж уэ пэж жыпIэфыныр лIыгъэшхуэщ.

***Ауэ пэжым зы жыIэкIэ закъуэкъым иIэр.***<br>
***Пэжыр солъагъури, зызоукIыж, – ар зы жыIэкIэщ.***<br>
***Пэжыр солъагъури, си щхьэр хузогъэщхъ, –***<br>
***ар етIуанэ жыIэкIэщ.***<br>
***Пэжыр солъагъу, ауэ…***

Мис а жыIэкIэ лIэужьыгъуэр Iупщ Iу къыхобелджылыкI IутIыж Борис и усыгъэхэм: пцIым куэдыщэ хузэфIэкIми, ахъшэм псори и лъэгущIэт ищIыну хущIэкъуми, фIымрэ Iеймрэ – фомрэ цымрэ нэхъей – пхузэхэмыхыжу зэхагъэзэрыхьами, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыжыр, напэр зыфIэмыкIуэда цIыхур, пэжым къыщыжу пцIым пэщIэувапхъэщ; арыншамэ, лъапIэныгъэрэ дахагъэу ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум къыдекIуэкIыр хэкIуэдэжыпэнуи зыри хуэIуакъым.

***ЦIыху гъащIэр ещхьщ нарт Бэдынокъуэ аддэ***<br>
***Зэгуэрым фалъэ бийм къратагъам, –***<br>
***И Iупэр хуихьу щиуныкъум фадэр,***<br>
***Зи лъащIэм блащхъуэжьейр къыщыхъеям.***

*Уэ улIыр пэжмэ, зэIурыдзэсыкIи,*
*ПащIэкIэкIэ епыдж а блащхъуэжьейм.*
*Нартыжь и щIыкIэу, моуэ иувыкIи,*
*Бийм я нэхейкIэ бжьэ къыуатар гъэщIей!*

Дауи, ар тыншкъым. Мытыншми къыщынэжыркъым – абы хуэфэщэн лIыгъэ къыпкъуэмыкIмэ, пэжми укъыщыжыфынукъым, пцIыми упэувыфынукъым. Ауэ… УщыцIыхукIэ, уи Iыхьэ мы дунейм, мы гъащIэм зэрыхэлъым ещхьыркъабзэу – уэ уи хэлъэтми, уи лIыгъэми хуэныкъуэщ мы дунейри, мы гъащIэри. Ауэ щыхъукIэ, уэ езыр узыхуэдэм, уэ плъэкIынур зыхуэдизым куэд елъытащ. КъыптекIуэ Iейм зыхуэбгъэщхъ зэпытурэ, уэ щIым щыщ ухъужмэ, уи гъунэгъури уэ къыбдэплъеймэ, абы и гъунэгъужри… Апхуэдэм кърикIуэнкIэ хъунур зыщ: Iейм псори лъэгущIэт ещIри, дунеишхуэм и тепщэ мэхъу… ИкIи цIыхум къытохуэ апхуэдэу къэрабгъэу къыщIэкIыу Iейм зыхуимыгъэщхъыу, фIым псэухукIэ щIэзэуну.

*ЦIыхум и цIэ лъапIэр къызэрилэжьар*
*НатIэм къритхахэм яку къыдищIыкIарщ.*

«Къазэрыщыхъунум емылъытауэ тха усэ», – жиIащ Борис. Мыр псом япэу нэхъ зэпхьэлIэ хъунур езым и тхыгъэхэрщ. Гу къабзащэм къилъэта зы едзыгъуэу, псэ нэху дыдэм иуса зы уэрэду, «къазэрыщыхъунум емылъытауэ» гъэпса зы пшыналъэ уардэу къыпщохъу IутIыж Борис и усыгъэхэр.

2.

ТхакIуэм къыпкърыкI публицистикэр литературэм и зы лIэужьыгъуэу куэд лъандэрэ къокIуэкI.

Мыпхуэдэу къыщыхъуи щыIэщ: зы Iуэхугъуэ гуэрым пIэщIэгъуэкIэ пэджэжын хуейуэ тхакIуэм къылъыкъуэкIащ, арщхьэкIэ и Iуэху еплъыкIэр повестым (е романым) къыщиIуэтэн зэман иIэкъым. Апхуэдэм деж сыт хэкIыпIэу къэнэжыр? Публицистикэрщ. ИкIи тхакIуэм жиIэну зыхуейр сыхьэт (е махуэ) бжыгъэм къриубыдэу тхылъымпIэм къыщегъэлъагъуэ.

Сэ сщIэркъым япэ дыдэ мы жыIэгъуэр литературэ мылъку зыщIар: «Полцарства за коня!». Ауэ сощIэ: игъуэу жаIа псалъэм и уасэр куэдкIэ щынэхъ лъапIи, ажалым цIыху къыщригъэлаи къэхъуащ.

Публицистикэм и мыхьэнэр пасэу къагурыIуат ди тхакIуэ нэхъыжьхэм. Ар щыболъагъу ЩоджэнцIыкIу Алий и дежи. Къэрал Iуэху, лъэпкъ Iуэху зэхэмыбз гуэр утыку кърилъхьэн хуей хъуамэ, абы публицистикэр Iэпэгъу ищIырт.

ЩоджэнцIыкIу Алий и гъуэгум ирикIуащ абы и гъукIэгъэсэнхэри: КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, нэгъуэщIхэри.

Зыми хуэмыдэжу, публицистикэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэр IэкIуэлъакIуэу куэдрэ зыгъэлэжьар, дауи, КIыщокъуэ Алимщ.

Ди япэ ита тхакIуэ Iумахуэхэм я публицистикэ гуащIафIэр уигу къигъэкIыжу мы иужьрей илъэс зытIощIрыпщIым зыгуэр ятхауэ щытмэ, ар зытхар IутIыж Борисщ.

Апхуэдэщ абы и IэдакъэщIэкIхэу «Лъэпкъым и шхэпс», «ХъуэпсапIищ», «Ныбжьышхуэ зиIэ хъуэпсапIэ», «ХэIэтыкIа нагъыщэхэмрэ

упщIэ нагъыщэмрэ», «Тхыбзэм зэакъылэгъур и нэщэнэщ», «Ди нобэрей дыгъуасэхэр», «НэгъуэщIынэкIэ уеплъмэ», «Гуауэшхуэм и джэрпэджэж», нэгъуэщIхэри.

Усэ, рассказ е пьесэ щитхкIэ авторыр «и закъуэ цIыкIуу» лажьэми, литературэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, лъэпкъ Iуэхущ. Мызэ-мытIэу мыпхуэдэу къохъу: литературэр щыIэнрэ-щымыIэнрэ, абы и нобэмрэ и пщэдеймрэ зыхуэдэнур куэдкIэ зэлъыта Iуэхугъуэ щхьэхуэ гуэрхэр зэрылъэпкъыу, зэрыкъэралу къызэдащтэн хуейуэ. IутIыж-публицистым псом япэу и нэIэ нэхъ зытетыр апхуэдэ проблемэхэрт.

Нобэ псоми зыхыдощIэ бзэхэм я дежкIэ лъэхъэнэ дыдж, лъэхъэнэ бзаджэ дызэрыхыхьар. Уеблэмэ урысыбзэр зи инагъри зэхэзехуэн ящI: зэблаш, зэблаIуэнтIыкI, и хабзэм къемызэгъхэр кърагъэщтэну хэтщ, езым и IэмалхэмкIэ тыншу къиIуэтэфынум щхьэкIэ хамэбзэхэр хьэхуэгъу-щIыхуэгъу къыхуащI, хъуанэбзэ зэфэзэщым хуашэ. Мы дунейм щызекIуэ бзэхэм я нэхъ къулей дыдэхэм ящыщ зыр апхуэдэ щытыкIэ напэтехым щрагъэувэ зэман зэхэзэрыхьам сыт къапэплъэр лъэпкъ нэхъ цIыкIухэм яIурылъ бзэхэм? А Iуэхум иригузавэу, ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем 1999 гъэм унафэ къищтат 2008 гъэр Анэдэлъхубзэм и илъэсу дуней псом къыщылъытэн хуейуэ.

НобэкIэ бзэхэм я Iуэхур зэрыхэплъэгъуэр ирибгъэбелджылыну мы зыри пхурикъуни: ЮНЕСКО-м къызэрилъытэмкIэ, мы зэрежьам хуэдэу екIуэкIмэ, иджыпсту дунейм щызекIуэ бзэ минихым я зэхуэдитIыр зэман кIэщIым къриубыдэу кIуэдыжыпэнкIэ хъунущ…

IутIыж Борис балигъ зэрыхъу лъандэрэ егупсысырт анэдэлъхубзэм и Iуэхум. Ар студентт «Бзэр анэ пэлъытэщ» зыфIища статьяр щитхам (1967). «Анэдэлъхубзэ. Ар лъэпкъым и напэщ, игущ, и псэщ. Лъэпкъыр псэухукIэ, абы и бзэм кIуэд иIэкъым. Лъэпкъым и бзэр фIэкIуэдмэ, а лъэпкъым и цIэр щымыIэжу, кIуэдыжауэ аращ», – итхырт автор ныбжьыщIэм. Ар иригузавэрт еджапIэхэм анэдэлъхубзэм хуэфащэ гулъытэ зэрыщимыгъуэтым: «Гум тегъэхуэгъуейщ иужь зэманым ди школ куэдым анэдэлъхубзэр джыным пщIэ лъэпкъ зэрыщыхуамыщIыжыр. Языныкъуэ школхэм къыщалъытэ ар предмет кIэрыдзэн гуэру. Мис абы къыхэкIкIэ еджакIуэ куэдым школыр къаух адыгэбзэкIэ щIагъуэу къемыджэфу, тхэкIэ ямыщIэу. Анэдэлъхубзэ зыджыну хуэмей еджакIуэхэр хуит щащI куэдрэ къохъу. Адрей предметхэми апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ хуаIамэ, дауи, еджакIуэ куэдым, анэдэлъхубзэм ещхьыркъабзэу, е алгебрэр, е геометриер, е нэгъуэщI предметхэр яджынтэкъым».

Гупсысэ къызыхуэт адэ-анэхэм, сабий сэхъуа-щхьэзыфIэфIхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэм къыщхьэщыкIыу, балигъ Iуэху еплъыкIэ щыIэн зэрыхуейм, анэдэлъхубзэм ещхьыркъабзэу, лъэпкъым и тхыдэми гулъытэ хэха, гулъытэ нэс зэрыхуэщIыпхъэм тепсэлъыхьурэ, IутIыжым адэкIэ итхырт: «… сэ щыуэныгъэшхуэу къызолъытэ ди лъэпкъым и историер ди еджапIэхэм зэрыщамыджыр. Дэ еджапIэр къыдоух пасэрей мысырхэм е Америкэм щыпсэу индеецхэм я тхыдэр тщIэуэ, ауэ дыкъызыхэкIа, дыкъэзылъхуа лъэпкъыр уафэм къехуэхами дымыщIэу. Ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъ ин куэдым я тхыдэ зэблэкIыпIэу щыта ди лъахэм, хуитыныгъэм щIэзэуууэрэ хьэзабым къыхэмыкIыу хэкур, гъащIэр тхуэзыхъума ди лъэпкъым и историем еджакIуэхэр щыгъэгъуэзатэмэ, зэраныгъэ лъэпкъ къишэнтэкъым».

Абы къыщыщIидзэри, публицистикэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэр Iэпэгъу ищIурэ, зэкъым икIи тIэукъым Борис утыку къызэрихьар, анэ-

дэлъхубзэр, ди литературэр, хабзэр нэхъ хъума, нэхъ ефIэкIуа хъун папщIэ лэжьыпхъэу къилъытэ Iуэхугъуэхэм къытригъэзэжурэ тепсэлъыхьу. Езым къыхихыжа а IэнатIэ гугъусыгъуми а цIыху емышыжыр ткIийуэ пэщIэтащ аспирантурэм щыщIэса илъэсхэми, къэхутакIуэ институтым щыщылэжьа зэманми, адыгэбзэкIэ къыдэкI журналышхуэ закъуэм и редактор нэхъыщхьэу «Iуащхьэмахуэм» щыщыIами.

Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэри пщIэркъым, жиIэгъаи пасэрей адыгэм. Ижь алыджхэми арагъэнущ щIыжаIар: «И пэм къыщыщIэдзэ».

IутIыж Бориси, а хабзэм тету, и псалъэмакъыр жыжьэ къыщрегъажьэри, адыгэбзэм къызэпича гъуэгу кIыхьым ироплъэж, адыгэхэм я нэгу щIэкIа къэхъукъащIэхэр игукIэ зэригъэзахуэу.

Дауи, адыгэхэр къызытехъукIыжахэм илъэс мин бжыгъэ и пэкIэ яIурылъа бзэмрэ нобэ дэ дызэрыпсалъэ адыгэбзэмрэ куэд дыдэкIэ зэщхьэщокI. Ауэ щыхъукIи… ЦIэрэ щхьэрэ зиIэу, тхыдэм увыпIэшхуэ щызыубыду къекIуэкIа лъэпкъым Iурылъа бзэр, лъэужь гуэри къыщIэмыну, кIуэдыж хабзэкъым.

Кавказыбзэхэр къыщежьа щIыпIэмрэ лъэхъэнэмрэ къэхутэным елэжь щIэныгъэлIхэм я IэдакъэщIэкIхэм фIыуэ щыгъуазэт IутIыж Борис. Арагъэнщ мыпхуэдэу итхынри къызыхэкIар: «…Кавказыбзэхэр Азие ЦIыкIумрэ Азие ПэIущIэмрэ къыщемыжьауэ пIэрэ?.. Жэуап лъыхъуэ упщIэ куэд хэлъщ иджыри мы Iуэхум, ауэ, нэхъыщхьэращи, а жэуапхэр къыщалъыхъуэ хъуну щIыпIэм я лъапэр трашиящ щIэныгъэлIхэм. Иджырей адыгэбзэмрэ хьэтыбзэмрэ зэпыщIэныгъэ зэраIэр ди фIэщ ящI абыхэм я тхыгъэхэм».

Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр IутIыжым хелъагъуэ «Хьет жегъэIэ!» псэлъафэми, «хьэ»-кIэ къыщIидзэ цIэ-унэцIэхэми (Хьэтау, Хьэту, ХьэцIыкIу, къ.), езы «адыгэ» псалъэ дыдэми.

IутIыж-публицистыр нэхъ зытегузэвыхьыр сыт жыпIэмэ, адыгэбзэм и пщэдейр зэрыхъунурщ.

ЗэкIэщIэпхъарэ къэрал куэдым щикъухьауэ нобэ псэу адыгэхэм, зы лъэпкъыу зыдобжыж, псоми жыдоIэ: «дыадыгэщ», ауэ щыхъукIи, бзэ зэтемыхуэхэмкIэ допсалъэ.

ПцIы хэлъкъым: дызыхэхуа зэман дыджми нэхъри гугъу къытщещI ди лъэпкъыр, ди бзэр хъума хъун и лъэныкъуэкIэ длэжьыпхъэ Iуэхугъуэхэр.

Сыт хуэдэ хэкIыпIэхэр щыIэ? Пщэдей дыIэбэми, дызылъэмыIэсыжыну тIэщIэкIыр сыт? Сыт, псом япэу нобэ длэжьыпхъэр? Хуэмыхуу дыкъыщIэкIрэ хэдгъэкIасэмэ, дэ къытщIэхъуэнухэри дгъэунэхъуауэ аракъэ?

А упщIэхэрт IутIыж Борис щIэмычэу и гупсысапIэр икIи, махуэлрэ псэхупIэрэ зримытыжу, зи жэуап къилъыхъуэр. «Лъэпкъым и шхэпс» зыфIища статьям мыпхуэдэу щыжеIэ Борис: «… нобэ дэ дызэгупсысыпхъэр пщэдей къытщIэхъуэну щIэблэм къахуэдгъанэурэ етхьэкIмэ, зэманым екIу тхыбзэ зэи диIэнукъым, культурэ лъагэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ хуэпабгъэу нобэ къэуша адыгэ лъэпкъым тхыбзэ гъэхуа нэхъ IэщэфIи пхуIэщIэлъхьэнукъым».

НтIэ, дэнэ къыздитхынур икIи сыт къызыхэтхынур а «тхыбзэ гъэхуар»?

Сэ сщIэркъым абы теухуауэ IутIыж Борис жиIэм куэд къеувэлIэнрэкъемыувэлIэнрэ. Хэт ищIэрэ, IутIыжым нэхърэ нэхъ щэджащэж къытхэкIыу, а Iуэхугъуэ мытыншым и зэфIэхыкIэ нэхъ тынш дыдэмрэ и Iэмал

нэхъ Iэрыхуэмрэ къихутэнкIи хъунщ… Ауэ, мы псалъэмакъыр ешэжьа щыхъуакIэ, зи гугъу тщIым теухуауэ Борис ди пащхьэ кърилъхьа гупсысэхэм, нэгъуэщI мыхъуми, кIэщI дыдэу къытеувыIэпхъэщ.

Куэд зэрыщыгъуазэщи, мыпхуэдэ Iуэху адыгэхэр псом япэ деувэлIауэ щыткъым. Лъэпкъ Iэджэм я нэгу щIэкIа Iуэхущ мыр. Ауэ щыхъукIэ, IутIыжым къелъытэ абыхэм я нэгу щIэкIам дерс къыхэхыпхъэу. ИкIи къегъэлъагъуэ дэ нобэ къытщхьэпэну къыщыхъу щапхъэ зытIущ.

Мис, псалъэм папщIэ, баскхэр апхуэдэ Iуэхугъуэм зэрехъулIар. IутIыжым етх: «Баскхэм я хэкур нобэрей Испаниемрэ Франджымрэ хеубыдэ, ауэ Латин Америкэми щопсэу баск куэд. Мин щих фIэкIа мыхъуми, баскхэм я бзэр, щхьэж езым и литературэбзэ иIэжу, диалектиплI мэхъу.., арыншами мащIэ дыдэ фIэкIа мыхъуж я лъэпкъыр а щытыкIэм нэхъ цIыкIужурэ зэригуэшынум гу лъатэри, баскыу дунейм тетым къызэдагъэсэбэп хъуну литературэбзэщIэ зэхалъхьащ. Апхуэдэущ абы зэреджэри – «баскхэм я бзэщIэ». А литературэбзэщIэм лъабжьэ хуэхъуар баск псори зэрыпсалъэ бзэхэм я лъэмыжу щыт гипоскуан диалектырщ; гипоскуан диалектым и закъуэкъым литературэбзэщIэм увыIэпIэ щызыгъуэтар – нэхъ гъэхуа ирипщI хъуну адрей диалектищым хэтхэри литературэбзэщIэм зыщIишащ».

ЕтIуанэ щапхъэу IутIыжым къехь куржым я деж къыщыхъуар: сонэхэр, картвелхэр, мегрелхэр бзэ зырызкIэ псалъэ пэтрэ, зэгурыIуэхэри, картвелыбзэр куржы псоми я литературэбзэу къащтащ.

НэгъуэщI щапхъэхэми я гугъу ещI IутIыжым. ИкIи а псори зыхуэунэтIар зыщ: дызэакъылэгъуу, «адыгэу мы дунейм тетыр дризэгурыIуэу зы литературэбзэ, зы тхыбзэ» къызэгъэпэща зэрыхъуну Iэмалым нобэ дригъэгупсысыну.

Абы и лъэныкъуэкIэ гулъытэ нэс хуэщIыпхъэу Борис къелъытэ адыгейхэм, кIахэ лIакъуэм къахэкIа щIэныгъэлI гъуэзэджэ ТIрахъуэ Рэмэзан филологием телажьэу Мэзкуу щыIэ институтыр 20 гъэхэм къиухыу, профессор Н. Ф. Яковлевым и гъусэу КъуэкIыпIэрыдж институтым зыбжанэрэ щылэжьам, иужькIэ Тыркум, итIанэ Германием щыпсэуам, адыгэ тхыдэмрэ бзэщIэныгъэмрэ зи гуащIэшхуэ хэзылъхьам и Iуэху еплъыкIэм.

ТIрахъуэм зэрыжиIэмкIэ, иджыпсту дызытет алфавитыр къащтэн и пэ къихуэу, 30 гъэхэм, адыгэ щIэныгъэлIхэр зэгурыIуат адыгэ псоми зэдай зы алфавитрэ зы литературэбзэрэ диIэн хуейуэ… ТIрахъуэм етх: «… совет правительствэм, лъэпкъ зэIыхьлыхэр, зы лъэпкъым и лIакъуэхэр, хэгъуэгукIэ зэпэщхьэхуэ ищIым, лъэпкъыцIэ зырыз яфIищурэ, хамэгу-хамащхьэ зэрызэхуищIым и щIыIужкIэ, бзэ IуэхукIи зэкIэщIеч, абы щыгъуэми а лъэпкъхэм я блэкIам и пэжыр зыкIи къримыдзэу. Апхуэдэ лъэпкъзэкIэщIэч политикэм и щапхъэ наIуэщ адыгэбзэр литературэбзитIу зэрагуэшар. Апхуэдэ гуэшыкIэр щыуагъэшхуэу къалъытэурэ, адыгэ щIэныгъэлIхэм къагъэувауэ щытащ адыгэ псоми я зэхуэдэ зы литературэбзэ щыIэпхъэу, а литературэбзэм и лъабжьэу къэбэрдейхэм я псэлъэкIэр къэщтэн хуейуэ».

IутIыжым етх: «… ху IэмыщIэм ещхьу зэбгрыпхъа ди лъэпкъыр мы дуней щхьэлыжьым имыкIуэдапэу къелыну дыхуеймэ, гурыщхъуэрэ накIэнащхьагъэрэ къыхэкIыу мы Iуэхур хыфIэдмыдзэжыпэу, литературэбзэщIэ зэхэлъхьэпхъэщ (адрей ди литературэбзэхэм къадэкIуэу, ахэм зыкIи зэран яхуэмыхъуу щыIэн хуэдэу)».

Литературэхутэ-щIэныгъэлIхэм яхэтщ В. Маяковскэр романтикыу

щытауэ къэзылъытэхэри. ИкIи абы жаIэм пэж гуэри хэлъу къыщIэкIынщ: романтикхэм асыхьэтым я нэгу щIэтым нэхърэ къафIэщIыр нэхъапэ ирагъэщ, иджыпсту щыIэм нэхърэ дяпэкIэ щыIэнкIэ хъунум я нэIэ нэхъ тетщ. Арыншамэ, дауэт къызэрыбгурыIуэнур и фIэщыпэу мыпхуэдэу жиIэныр къызыхэкIыр: «Сынегру икIи сыкхъахэ дыдэу сыщытатэми, сэ урысыбзэр зэзгъэщIэнт – а бзэм Лениныр ирипсалъэу зэрыщыта къудейм щхьэкIэ!»

Си гугъэмкIэ, «негр кхъахэм» и дежкIэ лэжьыгъэ хьэлъэIуэ хъун Iуэхут  хамэбзэ зэбгъэщIэныр. АрщхьэкIэ, уромантикмэ – сыт хэлъ!

Си ныбжьым итхэр школакIуэу щыщыта зэманым еджапIэм ущIыхьамэ, урысыбзэм хухаха пэшым и бжаблэр «Фыкъеблагъэ» папщIэу сыт щыгъуи зыгъэбелджылыр Маяковскэм и жыIэгъуэрт. Иджыпсту ар сигу къэзыгъэкIыжари ТIрахъуэмрэ IутIыжымрэ зытегузэвыхь Iуэхугъуэрщ.

ТIрахъуэ Рэмэзан щIэныгъэлI нэст, академик цIэр къэзылэжьхэм яхуэдэт; IутIыж Бориси и лэжьыгъэхэм щыболъагъу зы профессорышхуэ зытемыукIытыхьын щIэныгъэ абы зэрыбгъэдэлъар. Абыхэм елъытауэ сэ, дауи, сыжэхьилщ (бзэщIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ). ИтIани, дэтхэнэ зыми и Iуэху еплъыкIэ иIэжыну хуитыр пэжмэ, сэри мыпхуэдэу согупсыс. Негрми и гугъу тщIынкъыми, жьы ухъуауэ, укхъахэ дыдэу, уэ езым Iуэху пщIыуэ хамэбзэ бджын жыхуэпIэр… уи щхьэм къыпхуимыгъэтIэсэным хуэдизу лэжьыгъэ гугъущ! Ауэ уи анэдэлъхубзэр зыIэщIумыгъэкIыу пIыгъыжыныр…

Пэжщ, ари тынш цIыкIуу щыткъым – хамэщI ущыпсэумэ, хамэ лъэпкъ ухэсмэ, дэнэ лъэныкъуэкIэ зыбгъазэми хамэбзэм ущилъахъэм деж. Тыркум кIуэрей ди лъахэгъухэм жаIэу зэхыбох: «Абы щыпсэу адыгэхэм я бзэр тIэкIу-тIэкIуурэ яIэщIокI. ИджыпстукIэ зи нэхъыжьыгъуэхэр адыгэбзэкIэ мыIейуэ мэпсалъэ, ауэ абы я бынхэр нэхъ хуэмыхущ, щIалэгъуалэм я нэхъыбапIэр икъукIэ бзэныкъуэ хъуащ. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, илъэс 40–50 дэкIа нэужь абы щыпсэу адыгэхэм я анэдэлъхубзэр яфIэкIуэдыжыпэнкIэ хъунущ…»

ЗэрытщIэщи, а къэралыгъуэр адыгэхэр нэхъ гупышхуэу (мелуан бжыгъэ хъууэ) щыпсэу щIыпIэщ. Гуп цIыкIу-цIыкIуурэ адрей хэгъуэгухэм щыхэпхъа адыгэхэм я Iуэхур нэхъ Iеижщ… КIэщIу жыпIэмэ, лъэпкъ кIуэдыжым и гъуэгум дызэрытеувам шэч хэлъкъым (абыкIэ зыдумысыжыну ди жьэ къемыкIуэми).

Хэплъэгъуэщ ди Iуэхур: дэ дызэрыхъум хуэдиз фIэкIа мыхъуж лъэпкъым а зыIэзыбжьэм мелуан бжыгъэ кIэрыхун жыхуэпIэр!.. Абы нобэ имыгъэгупсысэу, имыгъэгузавэу къанэркъым сэ сыадыгэщ жызыIэ дэтхэнэ зыри.

Сэри мыпхуэдэу согупсыс. Ярэби, сыт хуэдэ Iэмал щыIэ ди бзэр тIэщIэхуу дымыкIуэжыдын щхьэкIэ?

ТIрахъуэмрэ IутIыжымрэ зи гугъу ящI литературэбзэщIэр, дауи, Iэмал телъыджэт. Ауэ… адыгэ лIакъуэ щхьэхуэхэр абыкIэ зэгурыIуапэу сощIри… сыт хуэдиз къарурэ мылъкурэ текIуэдэну!.. Зэманыр-щэ? Псом нэхърэ нэхъ шынагъуэр а зэманырщ, дэ зыкъытщIимыгъакъуэу ар ди бийуэ зэрылажьэрщ.

НтIэ, нобэ, иджыпсту лэжьыпхъэу сыт щыIэ – адыгэхэр лъэпкъ кIуэдыжым, нэгъуэщI мыхъуми, нэхъ дыпигъэIэщIэн хуэдэу? Литературэбзэщ1э зэхэтлъхьэнуми (е нэгъуэщI зы бгъэдыхьэкIэ гуэр Iуэхум къыхуэдгъуэтынуми) – жьы Iурыхьэгъуэрэ махуэлрэ иджыпсту къыдитыфын хуэдэу?

Хэт зымыцIыхур IутIыж Мэжид и «Адыгэ унэ» ди Проспектышхуэм тетыр! Ар щапхъэ тхуэхъуу, ди лъэпкъэгъу щыпсэу къэралхэм «Адыгэ унэ» куэд къыщызэIутхатэмэ!.. ЩIыпIэм щыпсэу адыгэхэм я бжыгъэм икIи зэрыпсалъэ адыгэбзэ лIэужьыгъуэм тещIыхьауэ. Адыгэхэм я зэхуэсыпIэу, адыгэбзэ дахэ щIэмычэу щызэхахыу. ЕджэкIэрэ тхэкIэрэ зэзыгъэщIэнуми дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу. Адыгэ кIэзет, журнал, тхылъхэр щызэIэпахыу. Ди артистхэр къызэджэ текстхэри пленкэм тетхауэ къыщагъуэту.

Мыбдеж нэхъ хэкъузауэ щызгъэбелджылынущ: езы бзэм и мызакъуэу, литературэми, н.ж., а бзэмкIэ ятхауэ щыIэ текстхэми мыхьэнэшхуэ яIэщ, лэжьыгъэшхуи зэфIагъэкIыфынущ.

Зэкъым мыпхуэдэ къызэрыхъуар: тхакIуэшхуэм и Iэужьым итхьэкъуа цIыхум а тхакIуэр зэрыпсалъэу, зэрытхэу щыта бзэр Iуэху ищIрэ иджу – фIыуэ илъэгъуа авторым къыпихыну зэрыщыгугъ телъыджэхэр нэхъ кIэрыхуншэу къыIэрыхьэн папщIэ.

Сэри си фIэщу жызоIэ: адыгэбзэр зэбгъащIэ хъунт – Агънокъуэ Лашэ и усэхэм я хьэтыркIэ. Ар дыдэр зыхужыпIэ хъун автор ди мащIэкъым.

НтIэ, Тхьэр къыпхуэупсэу къыпIурилъхьа адыгэбзэр зыIэпыбгъэхужу, абы къыпхуихьыну фIыгъуэхэм уи щхьэхынагъэкIэ зыхэбгъэкIыж хъун!

Мыращ абы сэ къизгъэкIыр: адыгэхэм я анэдэлъхубзэр яфIэмыкIуэдыжын щхьэкIэ литературэм къалэнышхуэ дыдэхэр игъэзэщIэфынущ. Хэбгъэзыхьмэ – ар Iэмалу щыIэм я нэхъ Iэрыхуэу икIи я нэхъ лъэщу къыщIэкIынущ. Ауэ щыхъукIэ, къэнэжыр зыщ: а Iэмалыр нэхъ тэмэму, нэхъ шэщIауэ зэрыдгъэлэжьэну щIыкIэм адыгэ псори дегупсысыпхъэщ.

Пэжщ, мыпхуэдэ Iуэху къепхьэжьэн папщIэ МыдрыщIри (лъахэм къина адыгэхэр) АдрыщIри (хамэ хэгъуэгухэр псэупIэ зыхуэхъуа адыгэхэр) зэгурыIуэу лэжьэн хуейщ, адыгэ лIакъуэу щыIэжу хъуар къызэщIэгъэуIуэн зэрыхуейри гурыIуэгъуэщ.

Хасэхэр къехьэжьакIуэу, къызэгъэпэщакIуэу къэувыфынущ. Ауэ мыр хасэхэм я пщэ далъхьэжыфын къалэнкъым. Далъхьэжыпэуи сощIри, яхузэфIэмыкIынщ. ЦIыху куэд щызэблэкIыу, еджапIэу, библиотекэу, абы и щIыIужкIэ европэ къэралхэм «клуб» зыфIащ зэхуэсыпIэхэм я къалэнхэр зэдэзыхьыну мы «адыгэ унэхэм» я лэжьыгъэр тэмэму зэтеувэн папщIэ, дауи, мылъку текIуэдэнущ: хъун хуэдэ лэжьакIуэхэр къэгъуэтыным, ахэр тезыгъэгушхуэн улахуэ гъэувыным, хэщIапIэхэр Iыгъыным, ахэр зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщыным куэд ихьынущ. Ауэ сэ си фIэщ мэхъу: адыгэхэм «Ирехъу!» жаIэ закъуэмэ, абы мыхъуни яхузэфIэмыкIыни хэлъкъым. Мыри щIызгъужынщ: а Iуэхум сыт хуэдиз текIуадэми, ар, зэрыжаIэщи, кIэпIейкIэ бжыгъэщ – абы иIэну мыхьэнэм елъытауэ!

IутIыж Борис и нэIэ тет зэпытт адыгэ хабзэми.

Дызэрыщыгъуазэщи, ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къадогъуэгурыкIуэ кIэщыIущыгъэ телъыджэ куэд. Абы я зы Iыхьэф I къызэщIеубыдэ «Адыгэ хабзэкIэ» зэджэ кодексым.

Мыр ауэ сытми кодекс!

ЦIыхур къыщалъхуам деж адыгэхэм абы хуащI гулъытэм къыщегъэжьауэ, ар балигъ хъууэ игъэхъэнумрэ илъагъунумрэ я нэгу щIэкIыу, къыхуиухар къипсэууэ, дунейм ехыжыху, – сыт хуэдэ Iуэху лIэужьыгъуэ дапщэщ еувэлIэнуми, сыт хуэдэ щытыкIэ иувэнкIэ хъунуми, сыт хуэдэ лъэпощхьэпо хуэзэми, кIуэаракъэ, цIыхур дунейм тетыху абы и

пащхьэ къиувэнкӀэ хъуну упщӀэ псоми я жэуап гъэхуа, я жэуап тэмэм абы къыщигъуэтын кодексщ Адыгэ хабзэр жыпӀэмэ, пцӀыупс урихъуну къыщӀэкӀынкъым. ЦӀыху хэтыкӀэ жыпӀэн, унагъуэ ухуэкӀэ жыпӀэн… Бысымымрэ хьэщӀэмрэ зэрызэхущытыпхъэр… ЩӀалэмрэ хъыджэбзымрэ… ЦӀыхухъухэмрэ цӀыхубзхэмрэ… Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщӀэхэмрэ… Дэтхэнэр жыпӀэн!...

ЦӀыхугъэ, хьэлэлыгъэ, гуапагъэ, щабагъэ, – а фӀыгъуэхэмкӀэ берычэту псыхьащ «Адыгэ хабзэ» институтым и дэтхэнэ зы пкъыгъуэри.

Бетэмал, сыт и уасэт – Адыгэ хабзэм тету курыт еджапӀэхэм, вузхэм нобэрей ныбжьыщӀэхэм гъэсэныгъэ щебгъэгъуэтыну! Ауэ…

Адыгэ хабзэр Ӏущыгъэ куукӀэ зэщӀэгъэнэхуа щӀэныгъэу къызэралъытэрэ куэд щӀащ. Лъэпкъым къыхэкӀа щӀэныгъэлӀхэми я закъуэкъым апхуэдэу къызыщыхъур. НэгъуэщӀ хэку щыщ еджагъэшхуэхэри лӀэщӀыгъуэ зыбжанэ хъуауэ абы къыхуоплъэкӀ, яфӀэтелъыджэу.

АрщхьэкӀэ, Адыгэ хабзэм теухуауэ ди лъэпкъэгъу щӀэныгъэлӀхэми, хамэ лъэпкъхэм къахэкӀа еджагъэшхуэхэми мымащӀэ ятхами, абыхэм къахутамрэ жаӀамрэ адэкӀэ-мыдэкӀэ щызэбгрыпхъауэ къекӀуэкӀырт, зэпэщхьэхуэрэ зэхуэмыкӀуэу куэд щыӀэт. ИкӀи абы къакӀэлъыкӀуэн хуейт а псор къызэщӀикъуэрэ зы системэ пыухыкӀа гуэрым изыгъэувэфын лэжьыгъэ. Апхуэдэ лэжьыгъэ къызыпкърыкӀынкӀэ хъунур езым и тхьэкӀумэкӀэ а жаӀа къомым пхыдэӀукӀыфын, ятха псоми езым и нэкӀэ пхыплъыфын цӀыхуу къыщӀэкӀын хуейт. ӀутӀыж Борис апхуэдэ зэфӀэкӀ къызэрыкъуэкӀам и щыхьэтщ абы и тхылъыр – «Адыгэ хабзэ» зыфӀищар. Псалъэм къыдэкӀуэу жысӀэнщи, мы тхылъым къалэнитӀ зэдехь: мыр икӀи къэхутэныгъэ лэжьыгъэщ, къапщтэу укъеджэнкӀэ гъэщӀэгъуэну, икӀи киносценарий хьэзырщ – тезыхын, зыгъэувын фӀэкӀа къыхуэмыту.

Ауэ, – ӀутӀыж Бориси и жыӀауэ, – «адыгэ хабзэм дыщотхъу, жытӀэурэ абы лъэмыкӀынрэ и мыкъалэнкӀэ дыхуэвмыгъэупсэ».

Пэж дыдэщ Борис жиӀэр: адыгэ хабзэр динкъым, абырэ динымрэ зэтехуапӀэ гуэрхэр яӀэми; я къалэнкӀи я мыхьэнэкӀи зырызщ: шыми зы хьэлъэ гуэр теплъхьэ мэхъу, ауэ ар вым декъуфынукъым; щхьэж и къалэн иӀэжщи, псынщӀэу зыщӀыпӀэ нэсыну хуейр шым мэшэсри щӀопхъуэ, мэз е мэкъушэ кӀуэнум нэхъыбэрэ щӀищӀэр вырщ.

Зызыплъыхь зи хабзэм гу лъимытэнкӀэ Ӏэмал иӀэкъым: иджырей дунейм диным щиубыд увыпӀэр кӀуэ пэтми нэхъ бгъуфӀэ мыхъумэ, нэхъ бгъузэ хъуркъым.

Дин зэныкъуэкъу-зэпэщӀэувэр нэхъри зэщӀэплъэурэ йокӀуэкӀ, нобэ лъэпкъхэмрэ къэралыгъуэхэмрэ я зэхущытыкӀэм ар Ӏупщӏу белджылы къыщохъу.

Апхуэдэу щыщыткӀэ, диным епха Ӏуэхугъуэхэр иджыпсту Ӏэпэдэгъэлэл тщӀымэ, нобэ ди нэм къыщӀэуэр дымылъагъу зытщӀмэ, дэ зэран дызыхуэхъужым къыщымынэу, пщэдей къытщӀэхъуэнухэри дгъэунэхъуу аращ. «Лъэпкъыпсо гуауэ (зи гугъу ищӀыр 2005 гъэм и бжьыхьэм ди нэгу щӀэкӀарщ) афӀэкӀа дыхэмыхуэн щхьэкӀэ, – етх ӀутӀыжым, – балигъхэм я дежкӀи гурыӀуэгъуафӀэу щымыт нобэрей гъащӀэм ди щӀалэгъуалэр щымыщхьэрыуэным щхьэкӀэ, ди тхыдэм, ди гъащӀэм, ди псэукӀэм, ди дин Ӏуэхухэм набдзэгубдзаплъэ дыдэу хэплъэжын хуейщ».

АдэкӀэ хэбгъэтӀасэ зэрымыхъунум трегъэчыныхь ӀутӀыжым: «Ерыщу зи диныр зыӀыгъыж, зыӀыгъыжынуи зи мурад лъэпкъышхуэм и джабэ укӀэщӀэсу уи дин зумыхьэжыным узыхуишэнкӀэ хъунуми девгъэгупсыс. Мыри зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым: дэ хэкум дисыж щхьэкӀэ, адыгэ

лъэпкъым и нэхъыбапIэр, ауэ хыфIэдзи процент 90-м нызэрыхьэсыр, хамэ къэралхэм щопсэу, икIи абы муслъымэн динми фIэщхъуныгъэ лъагэ хуаIэщ».

НтIэ, сыт и лъэныкъуэкIи хьэлъэ мы зэманым нэхъ тэмэму дехъулIэн папщIэ, зыхамыгъэкIуэдэжу къызэтена лъэпкъхэм дадэплъеипхъэкъэ: «Лъэпкъ нэхъ лъэрыхь дыдэу ялъытэхэм икIи зызылъытэжхэм яхэткъым зи дин Iуэхухэр къагъэтIэсхъэн дэнэ къэна, нэхъри быдэ, нэхъри куу, нэхъри ехьэжьа зымыщI, я цIыхум зэхэтыкIэ дахэ яIэнымрэ псэукIэ нэхъыфI ягъуэтынымрэ теухуауэ а къару иныр къэзымыгъэсэбэп. Ярэби, нтIэ, а лъэпкъ губзыгъэ къомым я акъылыр здынэмыса лъагапIэ гуэрым дылъэIэсауэ пIэрэ адыгэхэр?»

Илъэс бжыгъэ Iэджэ и пэкIэ къуалъхьэжауэ щыта мажусиигъэр нобэ къыкъуэпхыж хъуну къызыфIэщIхэм, апхуэдэуи адыгэ хабзэр муслъымэн диным и пIэ ибгъэувэ хъуну зи гугъэхэм IутIыжым яхужиIэми арэзы утемыхъуэу къанэркъым: «… япэр – щыIауэ щыIэжыпIэ зимыIэщ, етIуанэр – зэи къэмыхъуа, къэхъункIи мыхъуну гуэрщ».

ИкIи, зэрихабзэу, Борис къегъэлъагъуэ щIапхъэу, лэжьыпхъэу къилъытэр: «Лъэпкъ цIыкIур «лъэпкъщ» къыхужаIэу къэнэну хуеймэ… езым и дин Iуэхухэр иубзыхуауэ, иузэщIауэ щытын хуейщ». Ди дин лэжьакIуэхэми дяпэкIэ «еджагъэшхуэ гуэрхэри къахэкIыу щытын хуейщ… Суннизмэми, шиизмэми, суфизмэми – кIуэ, жыпIэнуракъэ, ди диным ехьэлIауэ щыIэ фIыцIагъэ псоми куу дыдэу хащIыкIыу. Ахэр дэнэ къэна, инджылым, теурэтым, адрей динышхуэхэм я тхылъ лъапIэхэм пыплъхьэн щымыIэу щыгъуазэу. Дискуссие инхэм хэтыфу. Конфессие зэIущIэхэм зыщамыдзейуэ. А зэIущIэхэм, яхэс къудей мыхъуу, я щIэныгъэ, я акъыл щагъэлъэгъуэфу».

«Гуауэшхуэм и джэрпэджэж» тхыгъэм и кIэухыр, а тхыгъэм «бжьэпэтехуэ» папщIэ хуэхъуар, зыри дэзмыгъэхуу, зэрыщыт дыдэм хуэдэу, мыбдеж къыщызмыхьыныр захуагъэтэкъым (апхуэдэу жызэзыгъэIэм и щхьэусыгъуэр иджыпсту къэкIуэну сатырхэм аргуэру зэ къеджэжым гурыIуэгъуэ щыхъуну си гугъэщ): «Ди тхыгъэм и кIэухыу иджыри зэ нэхъ тегъэчыныхьауэ жысIэну сыхуейт мы гупсысэр: тхыдэм дерс куэд къыхэзыха лъэпкъ губзыгъэ псори нобэ хущIокъу а зэрыт диным зэрызыщагъэбыдэным. Апхуэдэхэм хьэкъ ящыхъуакIэщ:

**япэрауэ,** зыгуэрхэр хуей-хуэмейм, яфIэфI-яфIэмыфIым емылъытауэ, диныр ноби къару ину зэрыщытыр;

**етIуанэрауэ,** гъащIэм и «къудамэ» нэхъыщхьэ дэтхэнэми хуэдэу, дин  IуэхукIэ цIыхубэм я псэукIэр убзыхуауэ, узэщIауэ щымытмэ, лъахэми, лъахэм ис цIыхухэми гъащIэ Iэдэб, гъащIэ зэтес зэрамыIэнур;

**ещанэрауэ,** лъысыпхъэ увыпIэмрэ гулъытэмрэ гъащIэм щызыгъуэта диныр фIым, пэжыгъэм, къабзагъэм, гуапагъэм гъунапкъэншэу зэрыхуэбгъэлэжьэфынур;

**еплIанэрауэ,** диныр щхьэрыутIыпщ е зэхэзехуэн пщIымэ, ар Iэмал имыIэу IейкIэ къызэрыпщIэкIуэжынур.

АбыкIэ гъащIэм дерс шынагъуэ дэ къыдитащи, акъыл къыхэзыхын лъэпкъ Тхьэм дищI».

IутIыж Борис публицистикэ тхыгъэ куэд «статья, рецензэ, эссе, интервью, къ.) ятриухуащ ди лъэпкъ литературэм и жанр щхьэхуэхэм, езыми и жыIауэ, абыхэм «я щIагъуэмрэ я дагъуэмрэ». КIуэаракъэ, зы жанрми къыпикIухьыркъым, ди литературэм и зы плIанэпи, хуэщхьэхынэу, гулъытэншэу къигъанэркъым жыпIэным хуэдизу.

Ауэ, псом хуэмыдэжу, Борис къытригъэзэжурэ зи гугъу нэхъ ищIрейр, гулъытэ хэха нэхъ зыхуищIыр, дауи, лъэпкъ театрырт.

Борис и псэм щигъафIэу иIэжт езым и Театр, уардагъэкIэ нэгъуэщI зы Уардэ уни къыпэмыхъуну. Абы и псэм пищI Театрым, къыщIэхута цIыхур нэхъ къабзэ, нэхъ лъагэ, и гупсысэр нэхъ куу, нэхъ нэху щыхъурт.

Апхуэдэ Театрым гъащIэ екIуэкIым укъыхечри, лъагэу уеIэт – нэхъыбэ плъагъун папщIэ; уи щхьэм пщIэ хуэпщIыжын хуэдэу – уегъэгушхуэ; уи гумрэ уи псэмрэ узыпэмыплъагъэххэ лъагапIэщIэхэр къыхузэIуех – нэхъыфI, нэхъ Iущ ухъун щхьэкIэ. Ауэ абы уэри ухуэщIауэ, ухуэхьэзыру укъыхущIэкIын хуейщ, сыту жыпIэмэ, «театрым зэрызыщиIыгъыр цIыхум бгъэдэлъ культурэм и дамыгъэ пажэхэм ящыщ зыщ».

Апхуэдэ цIыху зэхуэсыпIэм игъэзащIэ къалэныр ауэ къызэрымыкIуэу лъагэщи, абы «ущытепсэлъыхьым деж, псалъэшхуэхэри къызэрыгуэкIыу къыпщохъу».

Телъыджэт, телъыджащэт IутIыжым и Театрыр! ЛIэщIыгъуэ 25-рэ хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, пасэрей алыджхэм яIа театрым зыкъомкIэ ещхьу, лъэпкъыр зэрыщыту зы Iуэхушхуэ гуэрхэм къыхузэщIигъэушэфыну гуащIафIэу, япэм гу зылъимыта куэдрэ нобэр къыздэсым имыщIа куэдыкIейрэ театраплъэм къыхузэIуихыу. Дэтхэнэ зыри – спектаклым къыщыкIуам елъытауэ – нэхъ хьэлэл, нэхъ Iущ, нэхъ хэкупсэ хъуауэ и унэм игъэзэжу. Дауи, апхуэдэ Театрым театраплъэм и «кIэкъуащIэр иIыгъкъым» – ар езыр пашэщ, япэ итщ, гъуэгухэшщ.

Сэ апхуэдэущ си нэгу къызэрыщIыхьэр IутIыж Борис и гумрэ и псэмрэ щигъафIэу кърихьэкIа и Театрыр. ИкIи «Дауэ псэурэ-тIэ нобэ ди театрыр? Сытхэр и мурад?» – щыжиIэкIэ, а театритIыр, езым и Театрымрэ лъэпкъ театрымрэ, зэригъапщэу сэ къысщохъу.

Сыту фIыт, а тIур зэщхьу, зэтехуэу щытатэмэ! АрщхьэкIэ…

Ауэ щыхъукIи, жеIэ Борис, «ди театрым щIалэгъуэ дахэ иIащ; театрым и щIалэгъуэр нэхъри дахэ ищIт ар цIыхухэм фIыуэ къызэралъагъум, абы и IуэхущIафэ дэтхэнэри зэрафIэгъэщIэгъуэным, ар зыпащI зэрыщымыIэм, пэж дыдэр жыпIэнумэ, абы пэпщIын куэди зэрамылъагъум».

Псоми ящIэ Станиславскэм жиIар, ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, нобэр къыздэсым куэдым къагурыIуакъым абы къикIыр. Спектакль уеплъыну театрым укIуамэ, а унэм, театрым, и бжэщхьэIум узэребэкъуэххэу, нэгъуэщI дунейм, театрым и дунейм, укъыщыхутащи, абы узэрыхущытыпхъэм егупсыс, умыбэлэрыгъ, – аращ Станиславскэм жиIам къикIыр.

Ауэ, – тэмэмщ Борис и Iуэху еплъыкIэр, – спектаклым елэжьхэм (режиссерым, актерхэм, художникым, н.) ятещIыхьауэ жыпIэмэ, театрым къыщIэдзапIэу иIэри, иIэнкIэ хъунури зыщ: пьесэрщ. Драматург уимыIэмэ, абы пьесэр имытхамэ, режиссерхэми, актерхэми уахуеижкъым: шы ущимыIэм деж – уанэ сыту пщIын!

IутIыжыр «ди театрым и щIалэгъуэ дахэкIэ» зэджэ лъэхъэнэм щыгъуэ пьесэ зытхыу щытахэр Тубай Мухьэмэд, КъардэнгъущI Зырамыку, Акъсырэ Залымхъан, Шортэн Аскэрбий сымэщ. Ахэр зэныбжьт, театрым и Iэмалхэм Мэзкуу щыхуеджат. Актер лэжьыгъэм, пьесэ тхыным къыдэкIуэу, режиссурэм дихьэххэри яхэтт.

Зэманыр кIуэрт; лъэпкъ театрым и лэжьыгъэр екIурэ-ещхьу зэтезыухуа мо гуп дыгъэлми зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыхъурт: хэт литературэм нэхъ зрет, хэт, театрыр къегъанэри, къэхутакIуэ институтым щылэжьэну макIуэ, хэти… КIэщIу жыпIэмэ, ди театрым и мыгъуагъэ нэхъ Iэубыды-

пIэншэ дыдэр абдеж къыщожьэ. Актер IэщIагъэм хуемыджа, театрым щымылажьэ авторхэм пьесэ къахьу щIадзэ…

ИкIи мыгувэу белджылы къохъу: апхуэдэ авторхэм зэрадэлэжьапхъэ Iэмалхэм ди театрыр хуэхейт…

Ауэ щыхъукIи, лъэпкъ театрымрэ лъэпкъ драматургиемрэ зыр зым къыгуэпч мыхъуу зэпхащ. Абы ехьэлIауэ Борис жиIэми пцIы хэлъкъым: «Лъэпкъ театрым нэхъ фащэ пажэу иIэн хуейр, дауи, лъэпкъ драматургиерщ… лъэпкъ драматургием зиужьыныр абы театрыр къызэрыхущытым куэдкIэ елъытащ».

IутIыж Борис итхауэ нобэ цIыхур зыщыгъуазэ трагедиеу щыIэм я бжыгъэм иджыри зы хэгъэхьэпхъэщ: ар драматургым лъэпкъ театрыр къызэрыхущытам и хъыбарырщ. Мис ар кIэщI дыдэу езым къызэриIуэтэжар: «Пьесэм къыпхуеджэу хуамурадыр къыбжаIэн щхьэкIэ илъэсым ныззэрыхьэс е нэхъыбэж текIуадэмэ, IэрыIэткIэ къащта пьесэр илъэсипщIкIэ, пщыкIутхукIэ «щIэфыхьу» театрым щIэлъмэ, ягъэувын хуейуэ репертуарым хэхуа пьесэр ягъэбакъуэм-ягъэбакъуэурэ, сезон зыхыблкIэ кърахьэкIа нэужь, щхьэусыгъуэншэу репертуарым къыхэщэтыжмэ, пьесэм и художественнэ фIагъыр абы театрым къыпихынкIэ хъуну фейдэм тращIыхь зэпытурэ екIуэкIмэ, дауэ театрым узэрыдэлэжьэнури драматургием зэрызиужьынури?»

Гуауэшхуэ зыгъэва цIыхум, тригъэзэжурэ, абы и гугъу зэрищIрейм хуэбгъэдэну, Борис аргуэру икIи аргуэру къытригъэзэжт: «Ди драматургием зэи зиужьынукъым, хуэфащэ пщIэ абы театрым щимыгъуэтауэ», «Дунейм зы лъэпкъ театр ехьэжьа тетуи тетауи ди фIэщ хъуркъым, езым хуэфэщэн драматургие щIымыгъуу».

Пэжщ IутIыжым жиIэр. Ауэ сытми пэж! Абыи и закъуэкъым пэжыр.

Мис а етIуанэу зи гугъу сщIыну пэжым и пэ къихуэу зы щапхъэ къэзмыхьу хъунукъым.

Иджырей Германием иIыгъ щIыр, илъэс щитI хуэдизкIэ, нэхъыбэIуэкIэ узэIэбэкIыжмэ, «къэралыгъуэ» щыкъуей цIыкIу-цIыкIуххэу зэпытхьэлыкIат; абыхэм я бжыгъэр 300-м щIигъу пэтми, дэтхэнэ зыми и правительствэрэ и пащтыхьрэ иIэжт, н. ж. къэралыгъуэ щхьэхуэу зыкъилъытэжырт. Ар куэд щIауэ нэмыцэхэм къайфыкI узт икIи лъахъэ бзаджэт – лъэпкъым зримыгъэужьу.

Сытми, я насып кърихьэкIри, 18-нэ лIэщIыгъуэм абы къащIэхъуащ языхэзри пхурикъунти жыхуаIэм хуэдэу драматург телъыджэу щы: Лессинг, Гете, Шиллер сымэ. ИкIи, театрыр трибунэ палъэу къагъэсэбэпри, абыхэм яхузэфIэкIащ швабти, пруссакти, къинэмыщIти, жаIэу лъэпкъыр зэхамыдзу, дэ дызылъэпкъщ жаIэу нэмыцэ псоми я фIэщ ящIын. А щIыкIэм тету, литературэр, театрыр япэ къищри, абы и ужькIэщ къэралыгъуэ мылъхуэс куэдыкIейр зы къэралыгъуэшхуэу зэрызыгъэубыдыжын Iэмалхэр къалъыхъуэу щыщIадзар.

Ярэби, адыгэ лъэпкъым хыхьэ лIакъуэ псори зыуэ зэрыубыдыжын щхьэкIи Iэмалу щыIэм я нэхъыфI дыдэр лъэпкъ театрым къыщымылъыхъуапхъэу пIэрэ?

Ауэ ар зыхузэфIэкIынур IутIыж Борис и гумрэ и псэмрэ щигъафIэу къыдекIуэкIа и Театрым хуэдэрщ. НтIэ, дызэхуевгъэплъыт: абырэ ди нобэрей театрымрэ зэщхь?

Адыгэхэм куэд щIауэ мыпхуэдэ хабзи къадокIуэкI: нэхъыжьхэм псалъэ гуапэ фIэкIа зэхрамыгъэхыу; лIам, фIыкIэ мыхъумэ, IейкIэ темыпсэлъыхьу (абы епцIыжым «псэжь» фIащырт).

А хабзэ дахэм тетащ ди тхакIуэ пажэхэри.

Ар дэ щыдолъагъу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий сымэ ПащIэ Бэчмырзэ зэрыхущытам; КIыщокъуэ Алим Шортэн Аскэрбий, КIуащ БетIал сымэ ЩоджэнцIыкIу Алий зэрыхущытам.

Ар дыдэр щыдолъагъу IутIыж Борис дунейм ехыжа ди тхакIуэ пажэхэм яхуиIэ Iулыджым.

«Псынащхьэ» зыфIища эссем мыпхуэдэу щыжеIэ Борис: «… игъащIэми дунейм къытохъуэ, щIыр щытыхуи къытехъуэнущ къызыхэкIа лъэпкъым, а лъэпкъыр къызэрыхъукIа щIыналъэм зи гур ятеубгъуа, зи гъащIэр тыхь яхуэзыщI цIыхушхуэхэр. Апхуэдэхэми къахэлъагыкI цIыху щэджащэщ ЩоджэнцIыкIу Алий адыгэ литературэм и дежкIэ».

«Ди Алим» эссем мыпхуэдэу щыжеIэ: «… цIыхубэм къабгъэдэкI лъагъуныгъэр къызэрагъэлъагъуэр къызэрыгуэкI дыдэущ: «Ди…» – жаIэри, цIэр абы къыпащэ. Тхьэм и шыкуркIэ, адыгэхэм диIэщ апхуэдэу гуапэу зи цIэр жаIэ цIыху: «Ди Алий». Абы куэд щIауэ къыбгъурышэсауэ, лъэпкъыр дызэрыгушхуэ, зи гъащIэрэ зи гуащIэкIэ бэм я лъагъуныгъэр къэзылэжьащ «Ди Алим».

Апхуэдэу, Шортэн Аскэрбий, КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур, Мыжей Михаил, нэгъуэщI куэдми я гуащIэдэкIым теухуа статья, рецензэ, эссе Iэджэ итхащ Борис. Абы и гулъытэр тхакIуэ нэхъыжьхэм я мызакъуэу, нэхъыщIэхэми, щIалэ дыдэхэми щалъигъэс мымащIэу къэхъурт. Театрым и лэжьакIуэхэм, артистхэм яхужиIэни иIэт Борис. Абыи къыщыувыIэртэкъым – радиом, телевиденэм щылажьэхэм, журналистхэм я дежи нэсырт. ИкIи, зытепсэлъыхьым и гуапэ хъун фэрыщIыгъэ гуэр зэрызэхригъэхыным хэмыту, IутIыжым и псалъэмакъыр сыт щыгъуи зытриухуэр а зи гугъу тщIым и гуащIэдэкIым нэхъыщхьэу, нэхъ гу зылъытапхъэу хилъагъуэрт икIи ар езым къызэрыщыхъурт.

ИтIанэ.

Къыщезэгъым деж (псалъэм и хьэтыркIэ, а зи гугъу ищIыр езым и ныбжьэгъухэм ящыщмэ), Борис гушыIэри, дыхьэшхри, хъурджауэри куэдрэ Iэпэгъу ищIырт. Арагъэнущ, тебгъэзэжурэ щIэбджыкIыжми, IутIыж Борис и статья, эссе, рецензэ хуэдэхэм утезымыгъэзашэр.

IутIыж Борис 1940 гъэм къалъхуащ. 2008 гъэм октябрь мазэм дунейм ехыжащ. Зэрыпсэуар илъэс 68-рэщ.

А зэманым къриубыдэу куэд хузэфIэкIащ IутIыжым. Ауэ ар пасэIуэу тхэкIыжауэ къытщыхъуу, абы и лIэныгъэр ди гум къыщIеIам щхьэусыгъуэ куэд иIэщ: иджыри Iэджэ кIэ дыщыгугъырт а цIыху гуащIафIэм, а лIы емышыжым, а тхакIуэ щэджащэм.

Пэжщ, IутIыж Борис зыхуэдэ дыдэр къыдгурымыIуагъэнкIи хъунщ – ар щыпсэум щыгъуэ, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, дызэрылъагъуу, дызэхуэзэу, псэлъэгъуи дызэхуэхъуу щыщыта зэманым.

Ауэ… ауэ… илъэсищ мэхъу IутIыж Борис зэрытхэмытыжрэ. ИкIи нэхъ кIуэтэху нэхъ IупщI мэхъу адыгэ лъэпкъым дгъуэта хэщIыныгъэм и инагъыр…

# Пщыналъэ

НАЛО Заур



## Дыщэ жьакIэ

Къызэпысчри лIэщIыгъуищыр,
СыкъэкIуащ хьэщIапIэ,
Къэзанокъуэм и хьэщIэщыр
СщIыну чэнджэщапIэ.

СапхыкIащ сэ илъэс Iэджэм,
Хышхуэ сикIым хуэдэу,
ЗэнэкIащ сэ зауэ бзаджи,
Сигу къэскIар згъэбыдэу.

ГугъапIэншэу сылъэпIастхъэу
Ситащ лIыукIыпIи,
Банэ чохэр ныззэпыстхъыу
СафIикIащ пщылIыпIи.

СапхырыкIри хьэзабищэм,
Сыкъэсащ хьэщIапIэм,
Къэзанокъуэм и хьэщIэщыр
СщIыну гупсысапIэ.

I

Гур, гупсысэр къыщIэуащи,
Пэмылъэщ. Зэгуопыр:
ГуащIэ мащIэу къыщIэкIащи,
Имыгъуэт жэуапыр.

Ей, адыгэу лIыгъэ щапхъэ,
Щхьэщэ щIын зымыдэ,
Ущыжати жыру жыпхъэм,
Уэрэдыжьт уи тхыдэр.

Дунеишхуэм и дахапIэр
Тхьэм къуитащ псэупIэу:
Бжэгъу хэпсамэ уи хьэсэпэм,
Жыгыу къыщотIэпIыр.

Уэ уи напэт Iуащхьэмахуэр,
Лъагэт уи нэмысри,
Уи шууейхэм я лIыгъэшхуэм
Псэ зыIут нэмысу.

Темыр щIакъуэ и джатэжьыр
Пэлъэщакъым уи пщэм,
ДжатэрыкIуэу зы бий хъыжьи
КъэбгъэкIуакъым уи пщэ.

АдыгэлIыр зэикI гуншэ
Зэхэсхакъым хъуауэ.
Ди Iуэдыщэр къарууншэ
Зэрыхъуари дауэ?

Сэ сохъуапсэ Мэзкуу къаным,
Париж маплъэ си псэр...
Тхьэшхуэ, дауэ сыкъэбгъанэт
Лъагэ псом сехъуапсэу?

Хьэлъэщ уи гум тебгъэхуэнкӀэ
Уи щхьэм Ӏэ къыдалъэу,
Нартхэм дыгъэр къыщаӀэткӀэ,
Ущытыныр уеплъу.

Сэ нэмыплъ узотыр, Тхыдэ,
Сыпхуэарэзыжккъым:
Дыгъэгъаблэ нартхэм хуэдэу,
Куэд слъэкӀыф сыпщӀакъым!

Ей, адыгэу хабзэ щапхъэ,
Уэкъулэн зымыдэ,
Насып жылэр щытырапхъэм,
Щхьэ ухиныт уэ Тхыдэм?

Согупсысэр, сызэгуопыр,
Къэзмыгъуэт жэуапыр…
Къэзанокъуэм и хэщӀапӀэм
Хузогъазэ гупэр.

Сыту пӀэрэ, сыту пӀэрэ,
Зэхэсхынур нобэ?
Догузавэ псэри щхьэри, —
Къыдохьыжри тобэ.

II

Къэбэрдейм и тафэ щхъуантӀэр
ЗэпрабзыкӀ къуршыпсхэм.
Нартыху бзийм я щхьэкӀэ лантӀэм
ТолыдыкӀ уэсэпсхэр.

А губгъуэшхуэр щӀыпӀэ-щӀыпӀэм
Къыщобэгыр Ӏуащхьэу,
Дунеижьым и гу бампӀэм,
Къыпхыришым ещхьу.

Джэрпэджэжу мы зэхэсххэр
ЩӀопщ макъамэу пӀэрэ?
Мо гу къомым пщащэ исхэр
Кърымым яшэм сщӀэрэ?

Гъуэгу сабалъэу кӀапсэ гъуабжэр
КӀуэцӀырокӀыр губгъуэм,
ПщылӀ ешар зэрыхэ гъубжэр
Къегъэлыдыр дыгъэм.

Умылыд, къазыдзэ гъубжэ,
МафӀэ мэшым щӀэбдзэу!
Бгъэсу щытмэ мы ди хъубжэр,
Хэт хуеижыр вабдзи?

Унэишэ ещӀыр гъуэгум,
Хьэлъэу гур мэбауэ…
Модэ, модэ… Шэрджэс лъэгум
Пщыхэр щызодауэ.

ЗэщӀонакӀэ, зэщӀонакӀэ.
Зыр адрейм щӀонакӀэ,
ХущӀауд нэхъыжьым накӀэр
Джатэ упцӀэнакӀэ.

Соплъыр, соплъыр си нэр къижу,
Сэ Ӏэнкун сыхъуауэ:
Шэмрэ лъымрэ къыӀурыжу
Ирауд пщы щауэр.

Ей, адыгэу лъэпкъ тхьэмыщкӀэ,
Мыхэра фи гъуазэр?
Мы сэ слъагъухэм хэкум щхьэкӀэ
Я щхьэ ямыгъазэ.

Еууей, еууей, пщы палъэ,
Дэри фэ дывэщхьи:
Напэ зиӀэм и щхьэр палъэ,
БетӀал ищӀмэ нащхьэ!

Ей, адыгэу дадэжь дыщэ,
Мыра дэ ди тхыдэр?
Ар илъагъуми си нэ гущэм,
Си гум къысхуимыдэ.

Хьэуэ: дэнэ схьын Редадэ,
Лъэпкъым псэр щӀэзытыр?
Дэнэ схьын атӀэ Лъэпщ дади,
Нартхэр зыгъэнартыр?

Дегъэлъапlэ Темырыкъуэм,
Дзэпщу ди Кургъуокъуэм,
Дегъэlущ дэ Къэзанокъуэм,
Дыкъеlэт Агънокъуэм!

Къэбэрдейуэ лlыгъэ щапхъэ,
Щхьэр гъэщхъын зымыдэ,
Насып жылэр щытырапхъэм
Щхьэ къобакъуэт тхыдэр!

Согупсысыр сыныкъуакъуэу,
Сымыгъуэт жэуапыр…
Сыкъэсащи, Къэзанокъуэр
Сэ къыспожьэ гуапэу.

III

— Фlэхъус апщий, щlалэ хъыжьэ!
Къакlуэ, къытхуеблагъэ:
Уэ сэ слъагъур щlыпlэ жыжьэ
Укъикlа си гугъэщ.

Хамэ фащэщ мы уэ пщыгъыр,
Укъикlа Европэм?
Укъикlами дэнэ пщыгъуэ,
Хьэщlэрщ, дэркlэ япэр.

— Ей, щэджащэу дыщэ жьакlэ,
Къэбэрдей тхьэмадэ,
Уи гупсысэм я хъыбаркlэ
Зэхэлъхьащ ди тхыдэр.

Зэман жыжьэу сызикъаным
Ущытхьэпэлъытэщ, —
Пэмылъэщ зэман аркъэныр
Уи акъыл мылъытэм.

Пэж ухуеймэ, уэрэ дэрэ
Дыцалъхуащ зы хэкум,
Зэман кlыхьрэ гуауэ куэдрэ
Дэлъу щытми дякум.

Сыкъыпхыкlри лlэщlыгъуиццым
Сыкъэкlуащ хьэщlапlэ,
Дыщэ жьакlэ, уи хьэщlэщыр
Сщlыну пэж лъыхъуапlэ…
— Лlэщlыгъуищми?
— Лlэщlыгъуищым!
— Ей, си хьэщlэ лъапlэ,
Сэ къезджэнщ Аслъэнбэчыпщыр, —
Мыбдежщ и хэщlапlэр.

— Тхьэгурымагъуэу дыщэ жьакlэ,
Нобэ пщы дыхуейкъым;
Пщlэркъэ, тепщэ гупсысэкlэр,
Ар Бещто дэкlуейркъым.

— Захуэщ жыпlэр уэ си хьэщlэм,
Дыхуэмей пщы лъэпкъи,
Ауэ жыlэт, шынэхъыщlэ,
Дауэ псэурэ лъэпкъыр?

Къахь хьэщlэщым мэлыл пшэрхэр,
Къахь мэрэмэжьейри…
Догупсыс адыгэ зэшхэр
Дызыгъэгужьейхэм.

Дошхэ, дофэ, дызопсалъэ,
Куэд зэхудоlуатэ…
Къэзанокъуэр lуэхум хоплъэ,
Жьакlэхур иlуэту.

Зэбгырокl абы и набдзэр
Бгъэ лъэта дамитlу,
Мэгупсысэ нур къыщlидзу
И нэ къуэлэнитlым.

Пхокl а нитlыр мы си гущlэм,
Сыпсэлъэфкъым хуиту.
Мы дакъикъэм сэ къысфlощlыр
Тхьэм и пащхьэ ситу.

Дэнэ деж сэ си хъыбарыр
Нобэ щыщlэздзэнур?

Адыгэщ1ым и дэфтэрыр
Дауэ хуэс1уэтэну?

IV

— Къэбэрдейм и вагъуэр нобэ
Лыду итщ уафэгум —
Хэт щ1охъуэпсыр доллэрыбэм.
Хэт — гупсысэ гъуэгум.

Зы вагъуэбэщ л1акъуэ куэдыр,
Урысейр ди гъуазэу:
Ди щ1эныгъэр дыгъэм хуэдэщ,
Дынихьэсу мазэм…

— Тобэ, тобэ! — Дадэм и нэм
Зы нэпс жынж къыщ1отк1ур, —
Лъэпкъ зэкъуэту зи гур иным
Хъун ялъок1 хьэршык1уи!

Ат1э, лъэпкъхэр щызэхыхьэм,
Зи мурадхэр лъагэм, —
Уэ къызже1эт, — сыт яхэфлъхьэу
Фахыхьа адыгэр?

— Ей, тхьэмадэу ер зымыдэ,
Дэ дащ1ати мащ1э,
Хэтлъхьэфам имы1э мардэ —
Ди хэкур, ди гуащ1эр…

Зэхеук1э къурашит1у
Бгъэ дамит1ым хуэдэр,
Щ1игъэкъуау 1эдакъэр нат1эм
Къысхуогу1э дадэр:

— Сощ1э, сощ1э, пщы зэдауэм
Едгъэхьащ лъэпкъ дахэр;
Къызгуро1уэ, къырым зауэм
Дихьыпащ адыгэр.

— Лъэпкъыгъэк1уэдыр, дыщэ жьак1э,
Имыух абык1и.

Ей, тхьэмадэ, уэ уи ужьк1эщ
Къыщыхъуар нэхъык1э

«Дэ дыхуейкъым благъэ жыжьэ,
Ди1эщ ныбжьэгъу пэжи!» —
Щыжып1ат уэ зэман хъыжьэм,
Дауи, ар уощ1эжыр.

А уэсяту псалъэ 1ущым
Хуейкъым ищхъэрейхэр, —
И гур скъутэу л1ыжь щэджащэм
Сыхуотхьэусыхэ:

— Къиуэ хъумэ хэкум псыдзэ,
Сыт хуэпщ1ын псы1удзэ?
Къэрал бийм и гузэрыдзэр
Уеблэмэ фэ1уадзэщ.

Урысейм и пащтыхьыжьыр
Къыщыдэбгъэрык1уэм,
Лъэпкъ гъэукхъуэр къытхохъыжьэ, —
Док1 Истамбылак1уэу.

Зэтраук1э ди пелуанхэр —
Бийм арат и хабзэр! —
Псым етхьэлэ ди мелуанхэр,
Щик1к1э хы Ф1ыц1абзэм.

— Тобэ! Тобэ! — жи1эу дадэм
Щ1егъэк1 гу1э нэпсыр.
Доуф1ыц1ыр вындым хуэдэу
Нэпсым дыгъэ къепсыр.

— Армыраи «ц1ывыр пашэ
Пщ1ым, вэнвейм ухешэ», —
Щ1ыжа1ари. Насыпыншэм
Ц1ыв Тхьэм къырет пашэу.

— Уэ къызжо1э: шэрджэс вагъуэр
Уэгум уардэу щоблэ,
Ат1э, сыт уи гузэвэгъуэр,
Сыт ядэбгъуэр щ1эблэм?

Хэслъэгъуэфыркъым уи псалъэм
Философ Iущыгъэ:
Уи гупсысэр зэполъэлъыр
Хуэдэу пщащэ щыгъэм.

Фи пщэдейр сыт зыгъэзэву
Узыгъэгузавэр?
— Псоми япэ жыпыр йощыр,
Дигуэу хабзэ Iущыр.

Бзэрэбзэжкъым адыгэбзэр,
Ланэр ящI Светланэ.
Вискир нобэ фыздэубзэщ,
Иубыдауэ Iэнэр.

Йофэ, йофэ хъури бзыри,
НыIуракIэ бынми,
IэщIэкIыфкъым къулейсызри,
Псэууэ дедзэ бэным.

Фадэм нэхърэ нэхъ кIуэдыпIэр
Къеблэгъауи сощIэр:
Бэзэр пщIыжмэ уи еджапIэр,
Уи лъэпкъыгъэр хощIэ.

Зи щхьэр кIыфIри мэхъу профессор,
И бохъшэжьыр къуамэ;
Абы лъэпкъыр дохъу тIорысэ,
МылъкукIэ ирикъуами...

V

ФIызэхоуэ и набдзитIу
Бгъэ дамитIым хуэдэр,
ЩIигъэкъуауэ и Iэр натIэм
Мэгупсысэ дадэр:

— Щытыгъар зэримыгъахуэу
Пщыхэр пэжщ лIыфIыгъуэ,
ФIэнэхъапэу щхьэж и Iуэхур,
Зыр адрейм ефыгъуэу.

Ауэ, уигу къызумыгъабгъэ,
ГубжькIэ тхыдэ яджкъым:
Дипщхэр, уэ узэригугъэу,
Псори щхьэзыфIэфIкъым.

— Дауэ, дадэ: пщэдей Iуэхур
Зэи къафIэIуэхуакъым,
ЗыпщIэхахыу пщым я сэшхуэр
ТIысу гупсысакъым.

— Къэбэрдейр псэзэпылъхьэпIэм
Къэпсэуащ имыкIыу.
Ущымыуэ, хьэщIэ лъапIэ,
Пэжым укъытокIыр.

Яхэтащ ди пщыжьхэм лIыфIи,
Лъахэр яхъумэжу,
Яхьу гъащIэр хэту мафIэм,
Я псэ емыблэжу.

Ауэ аркъым Iуэхур, хьэщIэ,
Сэ сыпщы уэчылкъым.
Пщыхэм псори ятебгъащIэм,
Ари сфIэакъылкъым.

Пэж жыдгъэIэ, хьэщIэ пхъашэ!
СыткIи пщхьэпэжыну —
Щхьэусыгъуэ пщIыныр хъушэщ,
Зыбухеижынум.

Икъукlэ тынши, шынэхъыщIэ,
Уэ плъэкIынур мащIэм,
Псори тхыдэм нытебгъащIэу
Утесыныр упщIэм!

Содэ, тхыдэр уэ гъэкъуаншэ,
ЯхущIэджэ тепщэм,
Ауэ тхыдэм пщищIа боршыр
Зыщумыгъэгъупщэ!

Къос а псалъэр мы си гущIэм —
СыIуплъэфкъым хуиту:

Къэзанокъуэр си хеищӀэу
СфӀощӀ и пащхьэм ситу.
Мэгупсысэ Къэзанокъуэр
И нагъуитӀыр лыду,
ЗыщӀэлыдэри си закъуэщ,
Си гур иубыду:

— Ей, си хьэщӀэ, фӀыуэ сощӀэр
Сэ уэ уигу къырихур.
Мурад ин адыгэм фощӀыр,
Нэхъ жьы Ӏущ къыфщӀехур.

Мурадышхуэ зи гум илъыр
Емыбгыж и тхыдэм,
Ар пщэдейм ерыщу маплъэ,
Къещтэр Ӏэди-уади.

Фи дыгъуасэр къэфтӀэпӀыжу
Фымыбзыж щӀэрыщӀэу.
ФыкӀуэ гъуэгум фемыпцӀыжу,
Гугъэр мыфэрыщӀмэ!

МыкӀуэр, хэтми зэщӀокӀуэжыр,
ХэбзэхыкӀыу тхыдэм:
Пщэдей гъуэгу зи мыгъуэгужыр
Сэ хызобжэ хьэдэм.

КъэзыгъэщӀыр Тхьэм хуагъадэ,
Хьэкъыу ар къыздэщтэ:
ЗымыӀыгъым Ӏэдэ-уадэ
И псэ дыдэр мэщтыр.

Уи пщӀэгъуалэм уанэр телъхьэ,
ПумыупщӀу шыкӀэр,
Ауэ хамэм ӀэщӀумылъхьэ
ЗэикӀ шхуэмылакӀэр.

ШхуэмылакӀэр! ШхуэмылакӀэр!
Фи лъэпкъ шхуэмылакӀэр!
Фыхуэсакъ фи благъэ блэкӀми,
Ӏэщэр къеблэкӀауэ!

ЯжеӀэж си жыӀэ пэплъэм:
Пэжым дынэсыпэм,
Фи бзылъхугъэрщ зыӀэщӀэлъыр
Лъэпкъым и насыпыр!

... Къэблэгъати ежьэжыгъуэр
Сэ сыкъотэджыжыр,
Сехъуэхъуауэ Къэзанокъуэм
Сэлам изохыжыр.

Бысым дадэр къыздыщӀокӀри
Мыддэ къыздокӀуатэ.
— СокӀуэж си гум упымыкӀыу,
Дадэу тхьэпэлъытэ.

## VI

НокӀуэ гугъэр зи гъуэмылэр
Си сэмэгурабгъуу,
Согъэуэври си пщӀэгъуалэр,
Изотыж ижьырабгъур.

НокӀуэ сщӀыгъуу Къэзанокъуэр
Нобэм еныкъуэкъуу,
ЕмыупщӀу пщы Къетыкъуи,
Тегузавэу лӀакъуэм.

НокӀуэ къакӀуэм егупсысу,
Шхэнуи схуэмытӀысу,
НокӀуэ и щхьэр игъэсысу,
И псэр бампӀэм ису.

— Ей, адыгэу курмыщ мыдэ, —
ЖеӀэр дадэм быдэу, —
Сыт уи щӀэблэр щӀэмыкуэдыр?
Нысэм ар хуэвмыдэ!

Мэгупсысэ хьэкъым лъыхъуэу,
АрэзыикӀ мыхъуу,
Ныдоплъейри уафэ къащхъуэм
Щхьэр егъэкӀэрахъуэ:

**— Нобэм уилъу пщэдейм лъэныр,**
**Ажал нэхъей, хьэлъэщ:**
**Хуэдэщ ар жэнэтым уипкIыу**
**Жыхьэрмэм ухэлъэм.**

**Згъэззэжынкъым, дауэ щытми,**
**СепцIыжынкъым нетым:**
**Къэбэрдейр щыхупIэм тетмэ,**
**Хэт пхуэкIуэн жэнэтми!..**

**Пщыми, пщылIми, лIакъуэлIэшми**
**КъытфIырекIэ зы щхьэ!**
**Хъуми бзыми, инми цIыкIуми**
**КъытфIырекIэ зы щхьэ!**

**Лъэпкъыр зы щхьэмэ, ар токIуэ**
**Тхьэшхуэм иухами,**
**ДытевгъакIуэ!.. ДытевгъакIуэ!..**
**НатIэм къыритхами!**

**Аращ нобэ сэ си хьэкъыр,**
**Пэж дунейм тетыххэм:**
**Щхьиблыракъэ иныжь сакъыр**
**Зыхьар цIыху мыхъуххэу!**

* * *

**ДыкъыпхокIри лIэщIыгъуищым,**
**ДыкъокIыж хьэщIапIэ,**
**Дыщэ жьакIэм и бзэ Iущым**
**Къызитау гугъапIэ.**

**Дыкъосыж дэ мы зэманым**
**КуэдкIэ ди гур дгъафIэу.**
**Ди Налшык ахъырзэманым**
**Дыдохьэж махуэфIу.**

**Къэзанокъуэм жиIар пэжмэ,**
**ЩIэщхъу, уи ней къытщыхуэ!**
**Сыдоплъей сэ сыгуфIэжу**
**Мо ди Iуащхьэмахуэ.**

**... Ауэ дауэ зэбгырыкIхэм**
**Зы щхьэ фIэдгъэкIэну?**
**Дауэ, дауэ Тхьэм лъэмыкIыр**
**Дэ тхузэфIэкIыну?**

*1970-2009*

## ЖьантIэ



# Зи гуащIэдэкIхэр мыкIуэдыжынщ

*ЩоджэнцIыкIу Iэдэм адыгэ щэнхабзэмрэ литературэмрэ хищIыхьа лэжьыгъэр зыхуэдизым утепсэлъыхьын папщIэ тхылъ ин птхын хуей хъунут. Апхуэдэ гулъыти хуэфащэщ абы, сыту жыпIэмэ къыпхуэмылъытэнми ярейщ Iэдэм и IэдакъэщIэкIхэм я мыхьэнэр.*

*Зи дуней тетыкIэкIи зи творчествэкIи цIыхум къахэщу, фIыуэ къалъагъуу ди щэнхабзэм гъуэгуанэ дахэ къыщызэпызыча ЩоджэнцIыкIу Iэдэм Бахъсэн бжьэпэм Iус Кушмэзыкъуей къыщалъхуащ 1916 гъэм и бжьыхьэпэ мазэм. 1926 гъэм къуажэ школым щIэтIысхьэу ар дэгъуэу къэзыуха щIалэщIэр япэ щIыкIэ колхозым щолажьэ. ИтIанэ Налшык къокIуэри, Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIум щоджэ. АдэкIэ и щIэнынгъэм щыпещэ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэу къыщалъхуа Бахъсэн бжьэпэм егъэзэжри, Дыгулыбгъуей къуажэ школым егъэджакIуэу, завучу, директору щолажьэ.*

*Зыдэплъеин, щапхъэ къызытрихын нэхъыжьыфIу ЩоджэнцIыкIу Алий иIэти, Iэдэм литературэми лэжьыгъэми хъарзынэу хэзагъэрт, и усэхэр щIэх-щIэхыурэ къытрадзэрт. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, творческэ зэфIэкIыфI зиIэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм 1939 гъэм хагъэхьэ СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым.*

*ЕгъэджакIуэ IэщIагъэри литературэ лэжьыгъэри къегъанэри,*

*Iэдэм 1941 гъэм зауэм макIуэ. Абы и мафIэ лыгъэм хэту гъуэгуанэ хьэлъэр лIыгъэ хэлъу зэрызэпичам щыхьэт техъуэ дамыгъэ лъапIэхэр зи бгъэм хэлъу къэзызыгъэзэжа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм зауэ нэужь илъэс-хэм щолажьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, пединститутым. 1951 гъэм ар хах республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщIу. 1954-1956 гъэхэм Къэбэрдейм культурэмкIэ и министру мэлажьэ. Аргуэру ди тхакIуэхэм я шу пашэ мэхъужри, а къулыкъур зэрехьэ 1958 гъэ пщIондэ. Ауэ зи щIэныгъэм нэхъри хэзыгъэхъуэну мурад зыщIа Iэдэм а илъэс дыдэм Мэзкуу макIуэри, М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ Литературэ институтым къегъэщIылIа Курс нэхъыщхьэхэм илъэситIкIэ щоджэ. 1965–1970 гъэхэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу мэлажьэ.*

*1970 гъэм къыщыщIэдзауэ пенсым кIуэхукIэ (1988 гъэ) Щоджэн-цIыкIу Iэдэм щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщIу. А къулыкъур Iэдэм хуэдизрэ зезыхьа ди тхакIуэхэм яхэтакъым. Абыи езым и творчествэми къыдэкIуэу, об-щественнэ лэжьыгъэ зыбжани игъэзэщIащ Iэдэм: ар куэдрэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату, партым и обкомым и члену; СССР-ми Урысейми я ТхакIуэхэм я союзхэм я правленэм хэтащ, Мамырыгъэр хъумэнымкIэ республикэ советым и унафэщIу щытащ.*

*А къалэн къомыр екIурэ ещхьу зыгъэзащIэ адыгэлI емышыжым усыгъэхэу, прозэу, драматургие, публицистикэ тхыгъэхэу и къа-лэмыпэм къыщIэкIым гъуни нэзи ямыIэ хуэдэт. Ахэр адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи, нэгъуэщIыбзэхэмкIи къыщытрадзэрт ди къэралми хамэ щIыпIэхэми. Езым и тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ къыдигъэкIа тхылъхэм (ахэр 40-м нос) нэмыщI, Iэдэм адыгэбзэм къригъэтIэсащ дунейпсо классикхэм я IэдакъэщIэкIхэри. Абыхэм ящыщщ Шекспир Уильям, Навои Низамаддин, Лопе Де Вегэ, Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Шевченкэ Тарас, Хетагуров Коста, Есенин Сергей, Тихонов Николай, Твардовский Александр, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр.*

*Iэдэм и творчествэм гулъытэшхуэ къыхуащIащ къэралым и тхакIуэ, критик цIэрыIуэ куэдым, игу хьэлэлымрэ и псэ къабзэмкIэ къилэжьауэ щытхъу Iэджэ къылъагъэсащ абы. Дауи, а псори къалъы-тащ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ» цIэ лъапIэр къыщыфIащми и лэжьыгъэфIхэм папщIэ къэралым и да-мыгъэхэр къыщыхуагъэфащэхэми.*

*Езыр 1995 гъэм дунейм ехыжами, Iэдэм ди лъэпкъым хуилэжьахэм кIуэд зэрамыIэнум шэч хэлъкъым. Ар цIыхум я гум фIыкIэ къызэри-нам и щыхьэтхэм ящыщщ Iэдэм теухуауэ фи пащхьэм итлъхьэ мы тхыгъэри.*

ЕЛГЪЭР Кашиф

# Зи адэцIэри зи цIэри зыгъэпэжу псэуа
## е ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сэ зэрысцIыхуу щытар

*ГукъэкIыжхэм щыщщ*

Си мурадыр къызэхъулIэ-къызэмыхъулIэм и гугъу сщIыкъыми, гукъэкIыжхэр стхыну сымытIыс щIыкIэ куэдым согупсыс, къызэзнэкIа

илъэсхэр си нэгум къыщIэзгъэхьэжурэ. ЖыпIэнурамэ, гукъэкIыжри художественнэ литературэм и жанрхэм ящыщ зыуэ щыщыткIэ, рассказым, повестым, романым щызэпкърыпхыну уи гугъэу зэбгъэзэхуа Iуэхугъуэхэр япэ щIыкIэ уи щхьэм, уи гум, уи псэм я кхъузанэ пхъашэхэми щабэхэми куэдрэ зэрыщIэбгъэкIым ещхьущ гукъэкIыжхэми яхущытын, ябгъэдыхьэн зэрыхуейуэ къысщыхъур. КъыфIэбгъэкIмэ, гукъэкIыжхэр литературэм и жанр нэхъ къаугъэшыхэм ящыщу къыщIэкIынщ: рассказыр, повестыр къохъулIэн-къомыхъулIэныр нэхъ зэлъытар уи Iэзагъырщ, зэфIэкIырщ. Зы псалъэкIэ жыпIэмэ – талантырщ. ГукъэкIыжхэмкIэ ари мащIэщ: а жанрым къалэн нэхъыбэ пщэрылъ къыпщещI: талантымрэ фантазиемрэ уи тегъэщIапIэу къыпхуэгупсысыр, уэ нэхъ къызэрыпщыхъум тещIыхьауэ Iуэхум убгъэдыхьэмэ, ущыуэныр, уи лэжьыгъэм къаугъэ къикIыныр бетэмалщ. Сыту жыпIэмэ, гукъэкIыжыр пэжыр зи лъабжьэ документальнэ очеркым, повестым я Iумэтым нэхъ итщ: мыбдеж нэхъыщхьэр уэ къыпхуэгупсысыракъым (фантазиеракъым) – гъащIэм, тхыдэм я пэжыращ. Абы утекIакъэ – уи пшыналъэр бгъунлъауэ бжы…

Ауэ уи пэж къудейр къэпIуэтэжкIи зэфIэкIыркъым – а пэжым художественнэ литературэм ижь къыщIимыхуамэ, и фащэри щымыгъмэ, и нэщэнэхэри бгъэдэмылъмэ, уи IэдакъэщIэкIымкIэ къыдэпхьэхыфынур, абы къыпхуеджэнур мащIэщ. Iуэхур апхуэдэу къыщIидзмэ, уи гугъуехьыр псыхэкIуадэ хъуауэ къэлъытэ. Аращи, пэжри уи гъуазэу, Iэзагъми ухуэмыхейуэ къэпIуэтэжыф гукъэкIыжхэращ гъащIэ тхыдэм и къэухьхэр зи хэщIапIэри, цIыхум я пащхьэ иплъхьэну емыкIуншэ хъури.

ЗэрыжысIащи, ар къызэхъулIэныр си хъуэпсапIэущ гукъэкIыжхэр къэIуэтэжыным дапщэри сызэретIысылIэр. Иджыпстуи аращ. АтIэми, зи гугъу сщIынур илъэс плIыщIым щIигъукIэ сэ мыбзаджэу сцIыхуу щыта, куэдрэ сызыщIыгъуа  ЩоджэнцIыкIу Iэдэмщ, илъэс щэщIым нэблагъэкIэ адыгэ тхакIуэхэм ди тхьэмадэу, ди шу пашэу дяпэм фIыкIэ ита ЦIыхущ. ЦIыху угъурлыкъуэщ. Зи цIэри зи адэцIэри (тюркыбзэ гупхэм хыхьэ лъэпкъхэм я деж «Iэдэм» псалъэм «цIыху» жиIэу аращ. «Угъурлы»-м къикIыр дэркIи гурыIуэгъуэщ). А псалъитIри зыгъэпэжу дунейм дахэу тета ЩоджэнцIыкIу Угъурлы и къуэ Iэдэмщ. Ар дунейм щехыжа 1995 гъэ лъандэрэ гукIи, щхьэкIи, псэкIи къызохьэкI мы гукъэкIыжхэр. Иджы къызэралъхурэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу къызоIуэтэж Iэдэм сыхуэзэн хуей щIэхъуамрэ сыщыхуэзамрэ. Ар сэ зэрысцIыхуу щыта щIыкIэр.

АдэкIэ-мыдэкIэ мащIэ-мащIэурэ я гугъу щысщIыжащ си гъащIэм и къекIуэкIыкIам. Абыхэми къызэрыхэщыжщи, дахэ-дахэу еджапIэ къызамытурэ, сэ етхуанэ классым сыщынэсар 1950 гъэрат. А гъэ дыдэм и бжьыхьэм стха си япэ усэр нэщхъеягъуэкIэ гъэнщIат: си щхьэр сфIэтхьэмыщкIэжу сызыхуэтхьэусыхэжырт, си сабиигъуэ гуфIэгъуэншэм теухуат. Ар зыми езгъэлъагъуртэкъым – арыншами анэ зимыIэжым и махуэр зыхуэдэр зи нэгу щIэкI си классэгъухэми егъэджакIуэхэми тIуащIэу, щащIэу яфIэгуэныхь зызгъэхъуну, ягу зыщIэзгъэгъуну зыхуэзгъэфащэртэкъыми, си гуныкъуэгъуэхэр усэмрэ сэрэ ди зэхуэдэ щэхут. Ауэ сыт хуэдэ щэхури зэгуэр нахуэ къызэрыхъурагъэнщ жьуджалэрэ пэткIэ мэхашэ щIыжаIэр. Апхуэдэ жьуджалэу сэ къысхущIэкIар си партэгъурат. Си дзыхь езгъэзри, тхьэусыхафэр фэрэкIыу зытет усэр езгъэлъэгъуати… Абы бзэгузехьафэ есплъыну, гуэныхь къытесхыну сыткIэ сыхуей? ХэIущIыIу сызэрищIар хьэрэмыгъэм къыхихатэкъым – езым

нэхъри фIэгуэныхь сызэрыхъуам ещхьу, адрейхэми ягу къысщIигъэгъун папщIэт усэмрэ сэрэ дызэдищэхур нахуэ щIищIар…

Арати, зы жьэм къыжьэдэкIар жыищэм жьэдохьэ, жи. СыусакIуэу, сы-ЩоджэнцIыкIу Алийуэ сагъэIу. Дунейм темыхуэжыр си тхьэусыхафэм нэпсыр макъамэ хуэзыщIа хъыджэбз цIыкIухэрат; усэм и фIагъэ-Iеягъэ жыхуаIэратэкъым ахэр зэплъыр – мыгъуагъэу хъуар сэ къыстепсыхауэ зызбжыжу сызэрытхьэусыхэрат зыгъэдзыхэхэр. Пэж жысIэнщи, а гущIэгъулыхэращ усэр (ар усэ щIагъуэу щытамэ, схъумэнуи къыщIэкIынт) ди егъэджакIуэ телъыджитI Куэшмэн Серафимэрэ КIэрэф Мухьэмэдрэ езыгъэлъэгъуауэ щытари. АитIум сытрагъэгушхуэри, увыIэжыкIэ умыщIэу, жэщкIэрэ утхэнумэ – къеблагъэ! Пэжщ, иджы нэхъ губзыгъэ сыхъуауэ зыслъытэжырти, стхыхэр зыми езгъэлъагъуртэкъым – зыгуэрхэр згъэгъынуи зыщызгъэтхъунуи сыпылътэкъым; ар дэнэ къэна, дыдейхэр согъэтхьэусыхэ: щIымахуэ жэщ кIыхьхэм фэтыджэн лъапсейр яфIызогъэс. Апхуэдэурэ, 1951 гъэр къохьэ. Фэтыджэныр пщIэншэу згъэсрэ сымыгъэсрэ зэхэзгъэкIын мурад сощI. Ауэ дэнэ ар къыщысщIэнур? СызэкIуэлIэнур хэт? ТхакIуэхэм я союзыращ, – къызжаIэ си адэ къуэшым и къуэ Сэфарбийрэ (абыи зыгуэрхэр итхырт, икъукIэ тхылъ куэди къеджэрт, езыр къалэм щеджэрт) Мухьэмэдрэ (аитIур зэдэлъхузэшыпхъум я бынт). Сэ езым Налшык мыIейуэ сцIыхурт; дызэрыпсэур мэзымрэ къалэмрэ яку къыдэтхрат. Гугъущэ сыдемыхьу къэзгъуэтащ ТхакIуэхэм я союзыр – ар Театральнэ уэрамым тет унэ еханэрати… УпщIэ щIэщхъуркъым, жи, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм жыхуаIэр зыщIэс пэшыр къызощIэри…

СыщIыхьэ хъун-мыхъуни, упщIи-уси сыхэмыту, пэшым зыщIызогъахуэ. СтIолым сыбгъэдокIуэтапэ. Зыгуэр зытхыу щыс щIалэ бжьыфIэшхуэм и пащхьэ нэхум сыщиувэм, къыдоплъейри:

– Къеблагъэ, – жиIэу къотэджри, сэлам къызех. СегъэтIыс. Пэжыр щхьэ бзыщIын хуей? ЩIалэр сигу ирихьатэкъым. ЩIримыхьар зигъэщIагъуэу фэ зэресплъарат. Гуэныхьыр къэхьыгъуафIэщ, армыхъу игъащIэм япэ дыдэу слъагъу, дурдылу къысхущIэкIынуми сымыщIэм фэ Iей щхьэ есплъат? Щхьэусыгъуэр, сэ схуэмыдэу, зыкърихыу зэрыхуэпарат. А зэманхэм зызыгъэкъулыкъущIэхэм, зызыгъэинтеллигентхэм я нэхъыбэм гъэмахуэ фащэу зэрахьэр чесучэ кIэстум зэфIэтрат. Апхуэдэ зимыIэм и махуэ мыгъуэти, интеллигентхэм ядэплъей мыхъуу, зыпащIыж нэхъей, къуажэ унафэщIхэм я деж къыщыщIэдзарэ механизаторхэм, IэщыхъуэхэмI я бригадирхэмкIэ, учетчикхэмкIэ иухыжу загъэчэсучейт. Китайм нэс кърашащ жаIэу мо къазшырыфэ щэкI дахэм къыхэщIыкIа кIэстум зэфIэтым фIеифэ къыщIэлъэдэжауэ, бжьыгъэ зэмыфэгъухэр ятелъу зыщыгъ IэщыхъуэхэрI щытлъагъукIэ, ди ныбафэхэр IэкIэ тIыгъыу Iэджэрэ дызэплъу щыта «ЩIалэ нэжэгужэхэр» кином хэт Iэхъуэри абы и псэлъафэ: «Сэ сыIэхъуэ къызэрыгуэкIкъым – сыIэхъуэ нэхъыжьщ», – жызыIэурэ зыпылъ хъыджэбзым зыхуэзыгъэщIагъуэр дигу къэкIырт. Ди къуажэ «Iэхъуэ нэхъыжьхэми» зыпэрыт IэнатIэм екIун фащэр зэрызэрамыпэсыжыр фIэдыхьэшхэну арагъэнт зи Iэзагъымки (ар тхакIуэшхуэ хъуауэ щытащ), зи Iэсагъымки дагъуэ зыхуумыщIын, зи интеллигентыгъэкIи хуэдэ узыгъэлъыхъуэн ди егъэджакIуэ икIи директор КIэрэф Мухьэмэд и чесучэ кIэстум зэфIэтыр куэдрэ щIызримыхьэжар…

Пэжщ, мо махуэм сыкъызыхуэкIуа къулыкъущIэм и фащэр екIупст. Сэри зытезгъэгусэнтэкъым апхуэдэ щыгъыным, ауэ…

– Хэтхэ уарей? Дэнэ къуажэ ущыщ? Къытхуэпхьар сыт? – мэкъу

сыхуеуэну хьэмэрэ хадэ хуэспщIэну сыкъызэрымыкIуар гурыIуэгъуэщи, сызейми сызикъуажэми я гугъу сымыщIу, уплIэнщIарэ пщIэнтIэпсми игъэIэтIэлъэтIауэ си жыпым къисха тхылъымпIэхэр и пащхьэм изолъхьэ. Ахэр зэкIуэцIех, Iэгуфэкlэ ету тредзэжри, зэпеплъыхь – сызейр, си цIэр тетха и гугъэу арагъэнщ. Сэри апщIондэху псэ тIэкIуи къысхыхьэжат, мо сызыхэта гупсысэхэми сакъыхэкIыжати, си жэуапым пэплъэрэ мащIэу къыпыгуфIыкIыу къызэплъ лIым сызейри сызыщыщри жызоIэ. Мор, и щхьэр ищIурэ, къысщогуфIыкI:

– ЗэрыжыпIэмкIэ, КIыщокъуэм урикъуажэгъущ. Алим пцIыхурэ?

«Хьэуэ» къизгъэкIыу, си щхьэр сощI. – Ауэ и усэ къом гукIэ сощIэ…

– Хъарзынэщ. Алим усакIуэфIщ. Абы фыдэплъейуэ арагъэнщ щхьэлыкъуэдэсхэм усэным фи нэ къыщIыхуикIыр, – жиIэу къыдэгъэжым папкэшхуэ къыдех. Абы еплъурэ:

– КIэрэф Мухьэмэд, Елгъэр Сэфарбий… абы урикъуэш?.. Апажэ Мухьэмэд… – унэцIэхэр къысхурибжэкIырти, ахэр зэрысцIыхури щIэсцIыхури жызоIэ.

– Абыхэми усэ ятх. Ахэр ди семинархэм къыдогъэблагъэ. Уэри абыхэм ещхьу укъыщIэкIмэ... – жеIэри, ету зытридзэу си цIэ-унэцIэр зытритха тхылъымпIэ напэр къещтэ. Абы гукIэ къеджэхукIэ, сэри Iуэхуншэу сыщыскъым – зэм мор ауан сощI: Цуцэрэ (абыкIи деджэрт ди пхъурылъху Мухьэмэд) СэфарбийрЭ усэ зэратхыр сэ сщIэркъэ? ИтIанэ… си къуэшитIым сарещхьу къыщIэкIмэ… абы зи гугъу ищI семинарыр зищIысыр сэ сщIэ и гугъэу пIэрэ?..

– Куэд щIа усэ тхын зэрыщIэбдзэрэ, – итхам йоплъыжри, – Кашиф?

– Илъэс ныкъуэм щIигъуащ…

– Нэгъабэ лъандэрэщ-тIэ. Етхуанэ классым ущIэсу… – хэт сымэ я усэ тхылъ сыкъеджами, хэт итхар нэхъ сигу ирихьми – IэджэкIэ къызоупщI. Сэ сызэгуоп: а къомыр зэрыпщIынур сыт? А укъызэджар уигу ирихьарэ иримыхьарэ къызжеIэ, – согъумэтIымэ сигукIэ. Мор пIащIэркъым – тхылъымпIэ напэхэр къищтэжауэ хоплъэ. Сэ сыкъытреч. Мобы зыщIиIэжьэр къызгурыIуэркъым.

– Уи гурылъхэр усэбзэкIэ къэпIуэтэну узэрыпылъар хъарзынэт, ауэ, уи жагъуэ умыщI, уи мурадыр къохъулIакъым… – абы къысхуригъэкIуэкIауэ щыта псом иджы сыткIэ дыхуеиж? Ауэ щабэу, Iэдэбу, гур хигъэщIу сыкърегъэсыкI. КIыхьу къысхуригъэкIуэкIа псалъэмакъ жагъуэр зэриухыжыгъарат сыкъызэриукIыпар:

– Умытхэу пхузэфIэкIынумэ, умытхэ…

ЕIмэ-еI!.. Езыхэм фIэкIа, нэгъуэщI ямыгъэтхэну аращ, – уафэм сабэ дызопхъей – щэхуу. Пэжщ, зызошыIэ. Мор езыр, зэрыжысIащи, Iэсабзэущ, шыIэныгъэ хэлъущ къызэрызэпсалъэр. Ауэ, ущитхьэлэкIэ, узытхьэлэр псыIэрышэ хуэм цIыкIуми къуршыпс уэрми тIури зыкъэ? СыкъэпщIэнтIауэ сыпсыфыбзэщ. Си Iур апхуэдизкIэ игъущIыкIащи, си бзэгур схуэгъэкIэрэхъуэжыркъым. Арагъэнщ зыри щIысхужемыIари.

Сыгъыным хуэдэу сыкъотэджыжри, си натIэр IэщIкIэ изолъэщIэкI. Бысымри къэтэджати, сэлам ехыжи сыти сыхэмыту, си щхьэр щIэIуауэ сыкъыщIокIыжри… Дунейм тету хъуам уахуэшхыдэнумэ – къеблагъэ! Си тхыгъэм къыщытхъуу сызыгъэжэкъуахэри ар къысхуизыгъэсыкIари зэхуэдэу хьэм изогъэхь. Пэжыр жыпIэмэ, зыми лажьэ иIэтэкъым – къуаншэр сэрат: ауэ сытми си щхьэм сыхуэтхьэусыхэжа мыхъумэ,

усэбзэм сыхуэхейуэ, ар дэнэ къэна, усэкIэ зэджэм, абы и щэхухэм сыщымыгъуазэу сыкъыщIидзат. Ахэрат Iэдэм къызгуригъэIуэну зыпылъар. Арщхьэкlэ, губжьыр къыстекIуати, абы и ущиеу хъуам къыхэсхар нэхъ узыхуэмей дыдэрат: жиIэр плъагъуркъэ? Умытхэу пхузэфIэкIынумэ, умытхэ! Симыгъэтхэну аращ. Сыт щхьэкIэ?..

Арат схуэмыгъэныщкIур. Схуемыгъэхыр. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, нэхъ ерыщ секIуауэ сытхэрт. Пэжщ, иджы зыми зыри езгъэлъагъуртэкъым – щэхуу сакIэщIэтхыхьырт. Апхуэдэурэ зыкъом зэтрихьа нэужь, ТхакIуэхэм я союзыр «згъэгуфIэну» мурад сощIри, 1953 гъэм (захуэзгъэгусати, апщIондэху мохэр «згъэбият») сыкъокIуэ «сигу фIы къыщысхуащIа» унэм. Ауэ… сыкъызыхуеблэгъахэр бгъуэтмэ – къащтэ! «Аргуэру сакъыхуэкIуэнкIэ» шынэхэри загъэпщкIуауэ аращ», – ауан сощI мохэр. Ар гушыIэщ, ауэ «сыкъэзылъагъуну зи нэ къысхуикIхэр» къэзмыгъуэтауэ дауэ сыкIуэжынт?



Мызэ-мытIэу зэрыжысIащи, дадэ… фызхуэмыщт псэлъафэр епхьэлIэну яхуэфащэу, ди республикэм и тхакIуэхэри егъэзыпIэхуэмыщт. Сэ сщIэжым кърииубыдэу а организацэм и IуэхущIапIэр зыхыблэрэ ихъуэжащ. Захуэр жыпIэмэ – хуахъуэжащ. Си щхьэкIэ абы фIы лъэпкъ хэслъагъуэркъым. ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Теунэ Хьэчим, Шортэн Аскэрбий, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Къардэн Бубэ, КIуащ БетIал сымэ хуэдэ, нэгъуэщI тхакIуэ цIэрыIуэхэри зыхуэлэжьа адыгэ литературэм хуэфащэ пщIэ имыгъуэту къызэрекIуэкIым и щыхьэтщ ари. ТхакIуэхэр зи гъуоуэ, зи идеологием и щIэгъэкъуэну къэзыгъэсэбэпу щыта Коммунист партым ищIэр лIот? Республикэхэм я тхакIуэхэм зырыз, тIурытI къахигъэпIиикIырти, ахэр я къулыкъукIи я цIэкIи, я IуэхущIафэкIи игъэву зэпытт. Мыдрейхэр пабжьэр зыгъэхъей щхьэ бжыгъэ къудейхэт. Армыхъумэ, аргуэру къытызогъэзэжри, фэтэр хьэху мыхъуу, нобэр къыздэсым егъэзыпIэ щхьэхуэ гуэр яIэнтэкъэ ди тхакIуэхэм?..

НтIэ, арати, сыщIэупщIэ-сыкъыщIэупщIэурэ къызогъуэт ЩоджэнцIыкIу Iэдэм зи тхьэмадэ тхакIуэ союзыр щрагъэтIысэха щIыпIэр. Нобэ, си лIыжьыщхьэ, хэт пцIы сигъэупсрэ, зыкъомрэ си фIэщ хъуакъым къысхуагъэлъэгъуа а унэ пхашэ цIыкIум, тхакIуэ организацэр щыгъэтауэ, унагъуэ нэхъ тхьэмыщкIэ дыдэри пхущIэсыну. Апхуэдэ унэ мыхьэнэншэжь цIыкIу ди тхакIуэшхуэхэм езмыпэсу, нэхъыфIыIуэ гуэр къэслъыхъуэу, Пощт уэрамыр (нобэ Нэгумэм и цIэр зезыхьэр) зыкъомрэ

къызэхэскIухьащ. Ауэ, къэкIухьи пэт – хьэкъым уфIэкIыу дэнэ укIуэнт? Сэхым къелъэныкъуэбэха пхъэбгъу куэбжэ цIыкIур (нэгъуэщI дыхьэпIэ иIэтэкъым) лъэныкъуэкIэ еслъэфэкIри, хадафэ пщIантIэм сыдыхьауэ сыхуокIуэ згъэцIыхушхуэхэм яхуэзмыгъэфащэ унэ фейцей цIыкIум. Ар адэ щIыкум итт, сыздэкIуэм зызоплъыхь: фэ нэхъ зытет гуэр къэслъыхъуэу арат. АрщхьэкIэ щымыIэр дэнэ къипхынт? А хадэм нэгъуэщI иттэкъым.

Зи дэкIуеипIэ лъахъшэхэр щIым щыщ хъужа бжэщхьэIум сысакъыпэурэ себакъуэмэ… ПэIущIэм щIэтщ зы стIолыжьрэ чэтэн, – е лъахъстэн укъуея? – фIыцIагъэ гуэр зэрыбза диваныжьрэ. Арат унэлъащIэр зэрыхъур. НэгъуэщIи щIэхуэнутэкъым а «приемнэм». КIуэцIыбжитI узыIуплъэм я зыр Iухати, абы зэрыщIэмысIар нэрылъагъут. ИжьырабгъумкIэ хэлъ бжэныкъуэIухымкIэ сеплъэкIмэ… «Сымытхэну схузэфIэкIынумэ, сымытхэну» чэнджэщ «щхьэпэ» къызэзыта «си ныбжьэгъужьым» и нэгум соплъэ. Езыми гу къыслъетэри: «КъакIуэ. КъыщIыхьэ», – жи. ИкIи, сригъэблагъэу, Iэ къысхуещI.

Сэлам-чэлам нэужьым:

– А-а уэра ар? КъызэрыщIэкIымкIэ, умытхэу пхузэфIэмыкIыу арагъэнщ, укIуэдыжауэ щытами, аргуэру укъыщIытхуэкIуар. Ар хъарзынэщ. ЗэгъэцIыху: мыр КIуащ БетIалщ. И усэхэм укъеджагъэнщ, – щыжиIэм, «нтIэ» къизгъэкIыу, си щхьэр сощI. Ар пэжт: сыкъеджат. Абдеж сыкъыпыгуфIыкI пэтащ. Сигу къэкIыжарат: «Си гъащIэм и гуащIэ. КIуащ БетIал» жиIэу зытет тхылъ цIыкIур ди Сэфарбий иIыгъыу щыслъэгъуам:

– БетIалыр гурыIуэгъуэщ: цIэщ. Ауэ… дэнэ ар здэкIуар? – делэ упщIэкIэ сщIат.

– Хэт кIуар? – къызоплъ си къуэшыр.

– Мис мы… мы БетIалыр… КIуащ, жи… Дэнэ здэкIуар?..

– Еу-уей мыгъуэ, абы имыщIэрелъ!.. – къысщIэнакIэркъым – сэр нэхърэ зыкъомыфIкIэ нэхъыжьщи, фIэгуэныхь сохъу. – КIуащыр унэцIэщ. Мыбы къеджи, ар... здэкIуэри зэрыусакIуэфIри къэпщIэнщ, – жери тхылъыр къызитат. Мис иджы – сэ езыр абы и деж сыкъэкIуауэ аращ.

– ФызэрыцIыхуамэ, кIуэ, БетIал, уи дежкIэ щIэши, мы щIалэм дэлажьэ, – жери Iэдэм щIокI.

А «дэлажьэм» къикIри мобы къысхуригъэщIэнур зищIысри къызгурымыIуэпауэ, тIури дызыщIыхьа гъуэмбырэщым зы стIолрэ шэнтитIрэт щIэтыр. Абыи нэгъуэщI щIэхуэнутэкъым. Ауэ унэлъащIэ екIухэмкIэ зэгъэпэща уардэунэшхуэу дунейм тетымкIэ уэстынтэкъым а махуэм а пэш цIыкIум къыщыздэлэжьа КIуащ БетIал дэслъэгъуа цIыхугъэр. Апхуэдэу щIыжысIэр ар къысщытхъуауэ, сызыгъэжэкъуэн псалъэ дыгъэл сыщIигъэдэIуауэ аратэкъым. Хьэуэ! Ухуеятэкъэ?! Абыи хуищIэу сыкъыпригъэхат. Сэ къызбгъэдэсыхукIэ, къызыжьэдимыхыу, IупэкIэ зэригъажэ пэпросу ирифам я бжыгъэр Тхьэрщ зыщIэныр. Iэдэм зы усэ фIэкIа къыхуэсхьауэ щымытамэ, мыр зы тетрадыфI цIыкIу изкIэ «згъэгуфIат». А къомым хуэфэщэн «щытхъуи» сыщIигъэдэIуа пэтми, «умытхэу пхузэфIэкIынумэ, умытхэ», къызжиIэным и пIэкIэ:

– Аращ, Елгъэр и къуэ, мис мыбы, мыбы… – зи псалъэхэм я нэхъыбэр щIэтхъа усэ зытIущ сегъэлъагъури, – а бжесIахэм тету елэжьыж. Адрейхэр хыфIэдзэж. ЗэIытхъыж. Гъэсыж.

Сэфарбий щытхъупсыр къызригъэжэх КIуащ БетIали арат а япэ махуэм къыпысхар. Аргуэру зыбгъэгусэнумэ – къеблагъэ! Ауэ кIуэ пэтми нэхъ псыхьа, нэхъ ерыщ сыхъурт. СакъыхуикIуэтын мурад лъэпкъ

сиIэтэкъыми, зэрыжаIэу, бжэмкIэ сыкъыщIахужмэ, щхьэгъубжэмкIэ сафIыщIыхьэжырт. Пэжыр щхьэ бзыщIын хуей, езыхэри нэхъ нэлейкIэ къызэплъ хъуат. Iэдэм хуэсхьхэм къеджэ, абыхэм я дагъуэм сыщIигъэдэIуж къудейтэкъым – фIымрэ Iеймрэ схузэхэгъэкIын папщIэ, усэ гуэрхэм къысхуеджэрт. «Узэзгъэдэlуахэм ящыщу дэтхэнэр нэхъ уигу ирихьа?» – жиIэрти къызэупщIырт. А сызригъэдэIуахэр зытхар щибзыщIи, ахэр зейр къыщызжиIи къэхъурт. Алий, Алим, БетIал, езым ейхэм нэмыщI, къысхуеджэрт Мысачэ Петр и усэхэми. Абы щыгъуэ Петя Литературэ институтым щIэст. Ар япэ щIыкIэ ди пединститутым щеджат, къызэрыщIэкIымкIэ, езы Iэдэми иригъэджат. Абырэ Теунэ Хьэчимрэ (ар Iэдэм и щыкъу щIалэт, 1951 гъэр къэсыху тхакIуэ союзым и тхьэмадэу щытат. Езыр а къулыкъум щытекIым, и малъхъэр абы и пIэм ирагъэувауэ арат) я жэрдэми хэлът Мысачэр Мэзкуу кIуа зэрыхъуам. Иджы и еджакIуэу щытам и нэIэ тригъэт къудейтэкъым – Петя и япэ тхылъыр къыдэкIыным ЩоджэнцIыкIум и фIыщIагъи зэрыхэлъыр си нэкIэ слъагъурт: усэхэм я ныкъусаныгъэхэр зэригъэзэхуэжырт. ИригъэфIакIуэрт. Мысачэм итхами, езы Iэдэм хэлэжьыхьыжа нэужь, ахэр зэрыхъуами къысхуеджэрт. 1955 гъэм Петя и усэ тхылъ къыдэкIам «Къурш псынэ» фIэзыщари абы и редактору щытари Iэдэмщ.

Iуэхур апхуэдэу зэрыщытыр щхьэусыгъуэ хуэхъурт ЩоджэнцIыкIум хуэм-хуэмурэ, «сызэрекIужым», къыбгъэдэкIауэ щыта си гур щабэ зэрыхуэхъужым. Сыт щхьэкIэ? Зыгуэр зытхыфым зэрыдэIэпыкъур слъагъурт. «Умытхэн пхузэфIэкIмэ, умытхэ», – къызэрызжиIар щIыхуэзгъэгъун куэд дэслъагъурт: Iэсэт. Сабырт. И нэ къысхузэригъэдзэкIыртэкъым. ЦIыху бгъэдыхьэкIи бгъэдэтыкIи ищIэрт. ИщIэнтэкъэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, Бахъсэн игъэзэжри егъэджакIуэу, завучу, школым и директору лэжьат. Хэку зауэшхуэм хэтат. ИтIанэ къулыкъу Iэджи зэблихъуакIэт. Иджы тхакIуэхэм я къру пашэт. Сэ схуэди схуэмыдэ куэдми ядэлэжьа, яхуэза, я хьэл-щэнхэм щыгъуазэ щIалэ Iэдэбыр (япэ дыдэ сыщыхуэкIуам абы и ныбжьыр зэрыхъур илъэс щэщIрэ тхурэт) къысхуэ-тэмакъкIыхьт. Къилъ-къипкIыр, зыхуэмышыIэ пщтырафэр сэрат. Шэч лъэпкъ къытезмыхьэу жысIэфынущ: абы и ныбжьым сыщитам сэ апхуэдэ тэмакъи сиIакъым, шыIэныгъи схэлъакъым. Мохэр пасэу лIы хъуат. ЩIэхъуар зэхьэлIар зэманырат. Мыри къыжыIэн хуейщ: абыхэм щIалэ дыдэу къулыкъушхуэхэр къыхуагъэфащэу щытащ. Ар къызыхэкIыр… вы зимыIэм шкIэ щIещIэ жыхуаIэрагъэнкIи хъунт… Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, ахэр тфIэлIыжьт. Арат, я нэхъыжьагъым деплъурэ, пщIэшхуэ щIахуэтщIыр. ДащIыфIэлIыкIыр. КъимыдэкIэ, а лъэхъэнэм щыгъуэ тхакIуэхэр тфIэтхьэпэлъытэт. Абыхэм дапэпсэлъэжын, я псалъэм дебэкъуэн жыхуэпIэр дигу къэкIыртэкъым. Армыхъу дауэ си тэмакъым схущIэгъэхуэнт, пхузэфIэкIынумэ, умытхэ къызжезыIа Iэдэм и псалъэ жагъуэхэр, хуэсхьа усэхэр хьэм езыгъэхьу сыкъэзыгъэлъеигъа БетIал и псалъэ щIэгъэщхъуахэр.

Тхэн IэщIагъэр цIыхум къыдалъхуу жаIэми, сэ нэхъ сфIэкъабылыр мыращ: Iуэхум ухуэзыущииин, ухуэзыузэщIын нэхъыжьыфI уимыIэмэ, укъэмыкI щIыкIэ угъужынущ. ЩIым хэхуа жылэм зыгуэр къикIыкIыр пэжщ, ауэ абы ухуэмысакъмэ, ар зыхуей хуумыгъазэмэ, мылъхуэсу къэнэнурэ, кIуэдыжынущ. Жыжьэ щхьэ укIуэрэ, шыщIэ псори зэхуэдэу къалъху. Ауэ шыр цIэрыIуэ зыщIыр зыгъасэращ. Дэ гъэсакIуэфI куэд диIащ. Нобэ языныкъуэхэм зэращIым хуэдэу, абыхэм псалъэ дыгъэлкIэ,

пцIыкIэ уагъэжэкъуэнутэкъым. Нэр ирищIми, пэжыр пщабзыщIынутэкъым. Апхуэдэт сэркIэ Iэдэми абы сигъэцIыхуа БетIали.

Ахэр зэрыегъэджакIуэфIыр хуэм-хуэмурэ къызгурыIуэрт. Абыхэм я ущием ипкъ иткIэ, усэ нэхъыбэ сыкъеджэрт. Я чэнджэщхэр къасщтэрт. Езыхэми нэхъ сызыхуагъэгушхуэрт. Удужэгъуащ. Ди ужь икI къызжаIэртэкъым. ИкIи къызэдэхащIэртэкъым. Апхуэдэу щIыщытыр, дапщэрэ сыкъыпрагъэхми, сымытхэн зэрыслъэмыкIрагъэнт. Бдзэжьей къупщхьэу си тэмакъым тенауэ схуемыгъэх икIи къысхуэжьэдэмыхыж а ущием губзыгъагъэу хэлъ гупсысэр къыщызгурыIуар зыкъом дэкIауэщ: Мэзкуу еджакIуэ сыкIуа нэужьщ.

Ахэр зи псалъэр ЩоджэнцIыкIу Iэдэмтэкъым икIи КIуащ БетIалтэкъым – езы Лев Николаевич Толстой дыдэрат. Сэ Iэдэмрэ БетIалрэ я щхьэр зэрызгъэузым ещхьу, урыс тхакIуэшхуэми уцIырхъакIуэ къом къыхуэкIуэрей хъунти, абыхэм ящыщ гуэрым жреIэ: «Умытхэу пхузэфIэкIынумэ, умытхэ». Ар зыжраIа щIалэри, сэ сэщхьу, акъыл кIагуэ гуэрмэ, гупсысэшхуэ зыхэлъ а ущиер, дауи, гуапэ щыхъуа къыщIэкIынтэкъым.

Умытхэну пхузэфIэкIынумэ, тхакIуэ ухъунукъым, – арат абы къикIыр. Ар сэ сымыщIэ, къызгурымыIуэ щхьэкIэ, мо щIалэ IэзитIыр Толстой и псалъэхэм зэрыщыгъуазэм шэч хэлътэкъым. Сымытхэу зэрысхузэфIэмыкIрагъэнт моитIум ягу щIытрагъахуэр щIэх-щIэхыурэ тхыгъэщIэхэмкIэ «зэрызгъэгуфIэр»…

Пэжщ, Iэдэми БетIали лажьэ лъэпкъ ямыIэу, абыхэм аргуэру захуэзгъэгусэн хуей мэхъури (ар къызыхэкIар кIыхьу нэгъуэщI щIыпIэ деж щыстхыжащи, аргуэру къытезгъэзэжынкъым), Пощт уэрамым тет унэ пхашэжь цIыкIур къызобгынэ. Мохэр «згъэбиин» щIызодзэжри, салъимыхьэурэ зэманыфI дызох. Ауэ абы къикIыркъым сымытхэу схузэфIэкI сыхъуауэ. КъыфIэбгъэкIмэ, аргуэру нэхъ ерыщыж секIуауэ, мо сыкъэзыгъэлъеижхэм «я нэхейкIэ», нэхъыбэж стхырт. Зыми езмыгъэлъагъуу. КъызгурыIуат, си жагъуэ къамыщIын щхьэкIэ, си Iыхьлыхэр къызэрысщытхъур. Абыхэм я псалъэ дыгъэлхэм жыжьэ унахьэсынутэкъыми… Мыхъур щыхъуж, къызжаIэхэр къызэмыгуэпэкIми, пэжыр къысщызымыбзыщI мо щIалитIым «секIужыным» тызоубыдэри...

Зэтрихьа усэ къомыр сIыгъыу махуэ гуэрым къалэм сыкъажэмэ (жэрыгъэ защIэкIэт абыхэм щыгъуэ къызэрыскIухьыр: зыгъэжьэжьапIэ, хущIыхьэгъуэ щыIэтэкъым), ТхакIуэхэм я союзми и нэ къысхуимыкIыу, зыкъызимыгъэгъуэтыну аргуэру «зигъэпщкIуауэ» къыщIокI: мохэр я пIэм изгъуэтэжтэкъыми, ар сигу къэкIри сыкъыпыгуфIыкIауэ арат, армыхъумэ лIот ахэр сэ гъуэрыгъуапщкIуэ къыщIыздэджэгунур?

ЖыпIэнурамэ, си ныбжьэгъухэм я хэщIапIэр аргуэру яхъуэжат. Сэр нэхърэ нэхъыфI умыгъуэтмэ, сыкъэшэж жиIат, жи и лIым иригъэкIыж пасэрей фыз гуэрым. Абы ещхьу, тхакIуэ союзым игъэзэжат къызыщIэкIыжауэ е… къызыщIахужауэ щыта унэм. СэркIэ ар къэгъуэтыжыгъуеижтэкъыми, сынэсмэ, си Iэдэму плъагъур – мэхь-мэхь!

– КъулыкъущIэшхуэ ящIащ: Къэбэрдей АССР-м культурэмкIэ (абыхэм щыгъуэм зыми «щэнхабзэ» жиIэртэкъым) и министру ягъэуващ, – жи БетIал. А хъыбарыщIэм сыщигъэгуфIыкIын и гугъами, си щхьэр къыфIохуэ.

– Умынэщхъей, хуэмыху! КъытхуагъэкIуари лIы хъарзынэщ, – жи. Ауэ ар хэтми сыщIэупщIэркъым – езы КIуащым и гугъу умыщIмэ, сэ

Іэдэм нэхърэ нэхъ лІы хъарзынэ щыІэуи щыІэнуи сщІэртэкъыми, зеиншафэ къыстеуауэ сыщыст.

– Къэпхьыжа а-адэ нэхъапэм сызэбгъэплъахэр? УкІуэдыжауэ укъыкъуэкІыжыртэкъыми, нэгъуэщІ Іэджи птхагъэнщ уэ… ШхупцІатэхьэ кІуэуэ крушкІэр зыгъэпщкІужам ещхь умыхъуамэ, къытхуэпхьахэр къызыкъуэх, – жиІэу сызэпеплъыхь БетІал.

Псалъэ пэзмыдзыжу, жьажьэ-жьажьэурэ и пащхьэм изолъхьэ къахуэсхыжахэри абыхэм щІэуэ къащІызгъуахэри.

– Мэлэдец! Іуэхуншэу ущысакъым, зэманыр пщІэншэу бгъэкІуакъым, – жеІэри, си тхылъымпІэ къомыр зэкІуэцІихыурэ, ІэгуфэкІэ ехулІэ. Ари тутын ефэнри зэрызэдихьым хуэдэурэ, сэри нэбгъузкІэ къысхущІоплъ. Си щытыкІэр игу ирихьу къыщІэкІынкъыми:

– Япэрей жьыхэмрэ абыхэм гъусэ къахуэпщІа щІэхэмрэ къызэдэдгъэжэнщи, къытежым деплъынщ… Хьэуэ жыпІэрэ, узытеІэзэщІыхьыжахэр зэрыхъуам деплъын япэ щІыкІэ?



Аргуэру псалъэ спихыркъым – зызэрызгъэпщхьауэ сыщысщ, ауэ, сымыІуэхуншэу, согупсысэ: Іэдэм и пІэкІэ ягъэувар хэту пІэрэ? И Іуэхуи и дэлъи хэмылърэ пэткІэ, антипартийнэ усэхэр стхауэ сыкъыщІезыгъэдзыну, ахэр зыгуэрхэм езгъэлъагъумэ, занщІэу лъэхъуэщым срадзэнкІэ сызыгъэшынэну пылъу 1953 гъэм Пощт уэрамым сыкъыщызыгъэлъа усакІуэм и фэгъу къагъэувамэ, сыкъэпщІэнщ… сыхэплъэу сыздэщысым:

– ЛІо, Елгъэр и къуэ, къытхуагъэкІуар хэтми ущІэупщІэркъыми, – сигу илъыр къищІа нэхъей, усэхэм еплъыныр зэпегъэури, БетІал и щхьэр къеІэт. Жэуап гуэр естын хуейти:

– Хэт? – жызоІэ.

– Къардэн Бубэ жаІэу зэхэпха? – си щхьэр согъэсыс: зэхэсхакъым. – Бубэ цІыкІу лІыфІщ, – Іэджэм сыщІегъэдэІу.

Езы БетІалрэ Іэдэмрэ япэпщІын лІыфІ сэркІэ дунейм темыту къысщыхъуу щытами, нэхъ иужькІэ Къардэн Бубэ и фІыгъэу сэ къызэкІар си гъащІэ псокІэ схуэпшыныжынкъым: Мэзкуу еджакІуэ сыкІуэнымкІэ фІыщІэр нэхъыбэу зыбгъэдэлъар БетІалми, сыкъыщІэмыпхъуэжу институтым сыкъыщІэнауэ, зи ущиерэ ахъшэкІэ къыздэІэпыкъуауэ щытар Бубэщ. Абы зыщІыпІэхэми сыщытепсэлъыхьыжащ, сыпсэухукІи сщыгъупщэнукъым. Ауэ иджыпсту зи гугъу сщІыр Іэдэмщи…

Властым и Іэмыщ Іэ ткІийм дису дызэригъэпсэуа зэхэтыкІэ бзаджэу щытам сыкъытеувыІэнкъыми, нэхъапэхэм гуапагъэр, цІыхугъэр гъащІэм щынэхъ тепщэт. Армыхъумэ илъэс зыщыплІкІэ зи щхьэр згъэуза, зызыхуэзгъэгусэ-сызэкІужурэ, зи гулъытэр жумарту къыслъызыгъэсу щыта ЩоджэнцІыкІу Іэдэм дежкІэ сэ сытым сыщыщт? ИтІани, къулыкъущІэшхуэ ящІа, министру ягъэува пэтми, япэхэм сэ ерагъыу къэслъыхъуэгъа Іэдэм иджы езым Мэзкуу тыншу сыкъыщигъуэт хъуат: и лэжьыгъэ ІуэхукІэ дапщэрэ нэкІуами, си еджэкІэ-щыІэкІэхэм къыщІэупщІэрт. Ди институтым къегъэщІылІа Литературэ курс нэхъыщхьэхэм щеджэ и щыкъу щІалэ Теунэ Хьэчимрэ абырэ щызэхуэзэкІэ сэри гъусэ сащІырт. «Студент тхьэмыщкІитІыр» дыкъыдэзышурэ дызыгъафІэр министрышхуэ ЩоджэнцІыкІу Іэдэмт. ТхакІуэ цІэрыІуи хъуа, къулыкъушхуэхэм я ІэфІагъри зыгъэунэхуа мо лІитІым сэ щІалэжь цІыкІур, пэжыр жыпІэмэ, студент тхьэмыщкІэр, сагъэгушхуэрт, акъыл зыхэлъ я ущиехэмрэ псалъэ гуапэхэмкІэ къысхуэжумарту сызрагъэгъусэрт. А псори сэркІэ щхьэпэт. Сызыхуэныкъуэт.

Ахэр пщыгъупщэ хъун-тІэ? Іэмал зэрызгъуэткІэ, зыщызгъэгъупщэркъым…

ЕджакІуэ сыщыкІуэм гъуэгыурэ икІи фІэмыфІу (къыстегузэвыхьу арат) сезыгъэжьа ди адэм 1956 гъэм сэ зы гуфІэгъуэкІэ сыкъригъэблэгъэжати… И къуэр Мэзкуу щеджэмэ, ІэнэщІ дыдэуи къыхуэмыкІуэжамэ… ЖыпІэнурамэ, нэхъ щІалафэ къытеуэжа хуэдэт. Си Іуэху зыІутхэм гупсэхуу къыщыщІэупщІэм, ныбэ гузэвэгъуэ къыщыслъыс япэ лъэхъэнэхэм Іэджэрэ къысхуихуами, ар сыт щхьэкІэ згъэгузэвэнт? Сызэрыщымытауэзыкъыхузогъэлъагъуэ. ЗызогъэлІыхъужь. СызэрехъулІар хузоІуатэ.

– НтІэ, а сызэбгъэдаІуэхэр къохъулІэн щхьэкІэ зи сэбэп къокІахэм я фІыщІагъэр бгъэкІуэд хъунукъым, тІасэ, – жери къызоплъ.

– ЛІо сэ абыхэм яхуэсщІэфынур? – си дамэхэр дызогъэуей.

– УахуэзгъэлІыщІэу зыгуэр яхуозгъэщІэну аракъым. Хьэмэрэ жэм зырыз къахуэщэху жысІэркъым. Ауэ Іуэхутхьэбзэ къыпхуэзыщІам, зи щІыхуэ къыптехуам пхузэфІэкІ цІыхугъэкІэ упэджэжын хуейщ… Дэ тхузэфІэкІынуращи, ахэр къегъэблагъи ди шыгъупІастэ едгъэшхынщ. Псалъэ гуапэ яхужытІэнщ. Тхьэм и шыкуркІэ, жыг жьауэ дыщІэскъым. Джэдкъаз ди хъушэщ. Зы гъэлъэхъуфІ къэтщэхунщи… Ябгъэдэдгъэсыни диІэхэщи…

– Хьэуэ, зиунагъуэрэ! Апхуэдизыр…

– Апхуэдиз жыхуэпІэр… КъэкІуэнухэра хьэмэрэ? – зи пщІэр здынэсыр зыщІэж ди адэм шэч къытрихьэркъым зэджэу хъуар къызэрыхуеблэгъэнум. Дэр нэхъ хьэщІэкІуапІэ къуажэм дэсми – зырызт. Ди Іуэхур нэхъ щыхуэмыщІа дыдэхэми зэи цІыхуншэ дыхъуртэкъым. Дэ дыщымэжалІэ щыІэми, Дотрэ ди анэнэпІэс ХьэкІунэрэ хьэщІэм къыхуащтэн яІэт. ЯмыІэми, емыкІу къахьыну я напэм яхутегъэхуэнутэкъым – мылъху бынхэм къыдэщІыІэкІми, ХьэкІунэ гъэтІылъыгъэншэ хъуртэкъым: ди адэм ерыскъыкІэ хуэсакъырт, ар укІытэгъуи иригъахуэртэкъым. Иджыщи, дэри ди щхьэ бадзэ тетхужыф дыхъуат. ХьэкІунэ дунейм ехыжа нэужь, дгъуэта ди анэнэпІэс ещанэ ХьэкІуэкІунщи, и гуэныхь сыткІэ сыхуей, дыкъилъхуам хуэдэу къызэрытхущытыным пылът. Абы и псалъэ хэмылъамэ, ар сэ къысщхьэщымыжамэ, нэгъабэ еджакІуэ сагъэкІуэфынуи къыщІэкІынтэкъым. Илъэсыр къесхьэлІэу сыкъыщыкІуэжами: «НэфІыцІэ,

НэфIыцIэ», – жиIэу къысхуэгуапэрт. Сшхыр фIэмащIэу, сщIэр фIэкуэду къысхуэсакъырт.

– Зи емыкIу къыптехуэнкIэ ущIэгузавэу хъуар къегъэблагъэ, тIасэ, – жиIэрти, ди адэм и жэрдэмыр диIыгът. Абыи, дауи, зэхихырт Дот и псэлъафэу зэи ди унэм имыкIыр: «Уи сомыр бгъэлъапIэмэ, уи щхьэр пуд хъунущ» – дызэрыцIыкIурэ дызыщIипIыкIри езым дэтлъагъури арат. Арат нэхъыжьми нэхъыщIэми къыщIагъэныбжьэгъур. ДыщIыхьэщIэкIуапIэр.

– Мэл бжэн къилъхуркъым, жи… Фыкъэзылъхуам фыдэплъеймэ, емыкIуи къэфхьынкъым, укIытэгъуи фихуэнкъым… Дэ укъытщымысхь, НэфIыцIэ. Узыхуей дыдэхэр къегъэблагъэ, тIасэ.

Псом япэ зи цIэ къисIуар КIуащ БетIалти:

– Дэнэщ жыпIа а БетIалыр здэкIуар? – ди адэр къыщызэупщIым, сыкъыпогуфIыкI: тобэ ярэби, мэл бжэн къимылъхур пэж дыди. Ди Сэфарбий КIуащ БетIал и тхылъыр къыщызитам сэ къысщыщIа дыдэрат Доти щызыгъэуар.

– КIуащыр унэцIэу аращ. Псом нэхърэ нэхъыбэрэ къызэлIэлIари еджакIуэ сызэрыкIуамкIэ фIыщIэ нэхъыбэ зыбгъэдэлъри…

– Дэ хуэдмыщIэжыфми, Алыхьым къыхуищIэж. Уэри ар зыщумыгъэгъупщэ. ИтIанэ-щэ?..

Ахэр куэд хъурти, псори къезбжэкIакъым. БетIал и ужькIэ Бубэ, зи министрыгъэр зрагъэухыу абы и пIэм кърагъэувэжа Iэдэм. Къущхьэ СулътIан. Теунэ Хьэчим. ТIыхъужь Зэмахъ…

– Куэд ар? – си пащIэкIэ сыкъыщIогуфIыкI.

– Куэдри мащIэри зыщIэр Алыхьыращ. ЦIыху лей щыIэкъым – щыIэр уз лейщ. Дэ Iэнэ лей къэтщтэнукъым…

Зи цIэ къисIуа псори къытхуеблэгъэнкIэ сигурэ си щхьэрэ зэтелътэкъым. Абыхэм си хьэтыр къалъагъунымкIэ сызыщыгугъыр БетIалт. Ди унагъуэм я мурадым ар щыгъуазэ щысщIым:

– Апхуэдэ гукъэкI зэраIэмкIэ Тхьэр арэзы къахухъу. Ауэ апхуэдиз цIыху… Иджыпсту гъэмахуэщ. Хэти зыгъэпсэхуакIуэ щыIэщ. Хэти… НакIуэ, Iэдэм дечэнджэщынщ, – жи. Сэ абыи къыхэсхаращ: БетIали ЩоджэнцIыкIум нэхъ хуогушхуэ. «Бубэ цIыкIу» (ар зи псэлъафэу зэхэсхыр езы КIуащырт) фIэлIыкIыу, тIэкIу зигъэпсэхуну дыщыщIэкIхэм деж абы и нэгу зыщIимыгъахуэмэ нэхъ къызэрищтэу щытар слъагъурт.

Iэдэми ди дежхэм фIыщIэ яхуищIащ. Гугъу зрамыгъэхьыну, зыми хэмыхьэхэмэ нэхъ зэрыфIэзахуэри жиIащ. АрщхьэкIэ, сэ щытезгъэчыныхьым, хабзэ зыхэлъ мо лIы губзыгъэм фIэемыкIуагъэнщ нэхъыжьхэм я псалъэм ебэкъуэну. Арэзы мэхъу. Ауэ абыи фIэкуэдыIуэщ едгъэблэгъэну зи цIэ къысIуахэр.

– Ди маршынэм из дынакIуэмэ хъунщ, – жаIэри сагъадэ.

ЗэдухылIа пIалъэр къэсрэ тезгъазэмэ, БетIал сыкъегъэщIэхъу.

– Уи жагъуэ умыщI, сэ…сы…сынакIуэ хъуркъым. Iуэху гуэр къытлъыкъуэкIуауэ Дохъушыкъуей сыкIуэжын хуейщ, – абы къылъыкъуэкIа Iуэхур зэхэзгъэкIыну сэ дауэ сыпылъынт? СхузэфIэкIынурати, солъэIу. ПIалъэр и Iуэху щыхуэхъуну махуэм дгъэIэпхъуэнкIи сызытригъэхьэркъым.

– Уэрэ сэрэ иужькIэ дыкIуэнщи, фи дежхэм сабгъэдэсынщ. Ауэ мы зы гъуэгукIэ… хъунукъым, – щыжиIэм, сыт сщIэнт? Си щхьэр къыфIэхуащ. Мэл щхьэгуэжьу псом япэ сызыщыгугъам «хьэуэ» къызэрыхигъэкIыжар зыхуэсхьар зыщ: мо нэхъыжьхэм гъусэ захуимыщIмэ нэхъ

къищтэу арагъэнщ. Армыхъу БетӀал зэрымыхьэтырыншэри псом нэхърэ нэхъыбэрэ къызэрызэлӀэлӀари, псоми япэ гъусэ сызыхуэзыщӀурэ, ди адэм къызэрызихъуэныгъауэ, «лӀы сызыдэхъуари» арат. Иджы къэхъужым еплъ…

– Уи пэшхуэр къыпумыгъэлэл, хуэмыху. ИужькӀэ дгъэзэкӀуэжынщ. НакӀуэ аргуэру Ӏэдэм деж. Зызыгъэхьэзырауэ къытпэплъэ фи дейхэр бгъэщӀэхъу, емыкӀу къэпхь хъунукъым.

АитӀур зэпсэлъагъэжьу къыщӀокӀри:

– Умыгузавэ, зы маршынэ из дохъу, – жи Ӏэдэм. Хэт сымэ? Езы Ӏэдэм. Бубэ. ИтӀанэ… НэгъуэщӀ зы унэцӀэ къраӀуэ.

– Ар хэт? Бубэ и къуэш? – зыхуэмышыӀэ пщтырафэ сохъу. МоитӀум тхъупсыр къысхурагъэжэх Бубэ и унэцӀэджэгъу лӀы гуэрым. ЦӀыху лей щымыӀэми, абы сыткӀэ сыхуейт сэ? Нытхуеблагъэмэ нэхъ къэсщтэнухэм ящыщ гуэру щытами зыгуэрт. АрщхьэкӀэ мобыхэм я унафэм сыхэӀэбэркъым.

ДызыпэмыплъаА хьэщӀэу къыщӀэкӀам, пэж дыдэу, цӀыхуфӀыфэ тетт. И лъакъуэр къызыхина зауэм къриха дамыгъэ лъапӀэхэр и бгъэм къыхэлыдыкӀыу лӀы бжьыфӀэшхуэт. НэгуфӀэт. ИужькӀэ къызэрысщӀамкӀэ, Ӏэдэм къытрагъэкӀыу министру ягъэувар арати, абыи си Ӏуэху еплъыкӀэр дыкъуакъуэ ищӀат: зикӀ си фӀэщ схуэщӀыртэкъым сэ илъэс зыплӀытху лъандэрэ сцӀыху ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм нэхърэ мор нэхъ министрыфӀ хъуну.

АрщхьэкӀэ Къэбэрдейм щекӀуэкӀ псом а лъэхъэнэхэм сэ сыт хэсщӀыкӀрэт? КъардэнгъущӀ Зырамыку и гукъэкӀыжхэм дахэ дыдэу, фӀэщхъуныгъи хэлъу къызэрыщигъэлъэгъуэжащи, зи гугъу сщӀы мо зэманхэм щыгъуэ Къэбэрдейм къулыкъур нэхъыбэу щызыӀыгъыр Аушыджэр къуажэм къыдэкӀахэрат, КӀыщокъуэ Алимрэ сэрэ зи къулыкъушхуэр, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ, зи пащтыхьыгъуэр 1956 гъэм декабрым и 4-м Мэзкуу «щыттхьэщӀа» Мэлбахъуэ Тимборэ и джылахъстэнеегъухэм Къэбэрдейм бжьыпэр щаубыда нэужь, дыгъужьыкъуейдэсхэм хуэм-хуэмурэ утыкушхуэр къабгынащ.

Ауэ, иджыри къытызогъэзэжри, Ӏуэхум апхуэдэу зихъуэжу щыхуежьар 1957 гъэр къихьа нэужьщ. Арат Ӏэдэм и пӀэм ирагъэуvауэ щыта лӀым министрыгъэм щӀагъуэу гу щӀыщимыхуари. Мыхэр ди тхыдэм щыщ пычахуэ гуэрхэу аращ…

ХьэщӀэ лъапӀэхэр гуапэу икӀи дахэу къытхущысу ежьэжахэ нэужь:

– Мис абыхэм уадэплъеймэ, ущыуэнкъым, – жи Дот. Нэхъыбэ дыдэу игу ирихьар Ӏэдэмт. Абы къригъэжэха тхъупсым щыщу Бубэ лъысар зэрынэхъ мащӀэр сигу къеуэрт. Пэжщ, абы и Ӏеягъ лъэпкъи жиӀэртэкъым:

– Зи псалъэм зи ӀуэхущӀафэр ебэкӀ лӀы ткӀиифэ тетщ, – ауэ сэркӀэ мащӀэт а щытхъур. ТкӀиифэ зуплъа а лӀы цӀыкӀур мыхъуамэ, уи къуэм шоферу (ар къылъагъэсауи дощӀри) нобэ къулыкъу щищӀэ дзэр щыхэтыр Тхьэм ещӀэт, – жызоӀэ сигукӀэ. Ауэ, лӀыгъэншафэ зрезмыгъэплъын папщӀэ, Къардэн Бубэ къысхуищӀа псори, ар мыхъуамэ, институтым сыкъыщӀэмынэу, дзэ къулыкъум сыкӀуэну сызэрыхэтари абдеж ди адэм щызбзыщӀат…

– Апхуэдэкъуэ зиӀэ адэ-анэм я насыпщ. И цӀэри бегъымбарыцӀэу, и адэцӀэрщи… Тхьа… – ди адэм «уэлэхьи» жиӀэртэкъым – «тхьэ» псалъэрат Ӏурылъыр, – ехъулӀам ар къэзылъхуахэри зыгъэсахэри, – Дот и щытхъур хуэухыртэкъым. Зэпымыууэ Ӏэдэм къыщӀэупщӀэрт. Мастэ гуапэщи,

мастэ гуауэщ, жи. Псом хуэмыдэу Дотрэ Нанэрэ (ди анэнэпIэс ещанэ ХьэкIуэкIун арат дызэреджэр) я гум Iэдэм къыщыдыхьэпар ЩоджэнцIыкIухэ къыхуащIа гулъытэм и ужьт.

– Зымахуэ, гупу дызэгъусэти, нэхъыжьхэм Iэнэщ Iу сахуэкIуащ. КъомыхьэлъэкIыу икIи зумыусыгъуэджэу мы тIэкIухэр Мысострэ ХьэкIуэкIунрэ схуетыж, – жери зэкIуэцIылъ гуэр къещтэ. ЗысхъунщIэнуи къеIысхынуи сфIэемыкIущ зищIысыр сымыщIэр, шэми шхуми сес. Ауэ…

Алыхь-алыхь! Дадэмрэ нанэмрэ зэуэ щыгуфIыкIат Iэдэм къахузигъэхьа тыгъэ лъапIэм: къэруакъ джанэ-гъуэншэджыпхъэ, псыпсыжу гуэлмэдын Iэлъэщ I. АитIум зы гуфIэгъуэ яIэти, шы-уанэ зэтелъ, къэзан пшынэшхуэ тыгъэ къыхуащIами ярейт. АтIэми, яхуэмыухыр, цIыхум зэрызыхуагъэщIагъуэр а тыгъэхэр къызыбгъэдэкIа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм хъужыр (мыминистрыж пэтми) «зэрыминистрышхуэрат».

Ин хъури, цIыкIу хъужащ жыхуаIэу, сабийм хуэдэу, тыгъэм щыгуфIыкI моитIур щыслъагъукIэ, Iэдэм сэри маршынэ щIэрыпскIэ къысхуэупсами ярейуэ, мобыхэм я гуфIэгъуэр ядэзгуэшырт.

ЦIыху гуапэу ущытыну икIи гугъущ, икIи тыншщ. Сэ зэрысцIыхуу щытамкIэ, а лъэныкъуитIми къапимыкIуэту, езым и цIэри и адэцIэри игъэпэжу дунейм тетащ Iэдэм.

Си адыгэгъу-еджэгъу Теунэ Хьэчимрэ Мысачэ Петярэ я Iуэхур кърахьэлIэу щхьэж и унэ бжэнлъакъуэу зэбгрыкIыжахэ нэужь, адыгэбзэм нэхъ сыхуэзэш хъуам пцIы хэлътэкъым. Апхуэдэ щытыкIэм сыщихуахэм деж нэхъыбэу сыкъэзыгъэнэщхъыфIэжыр Мэзкуу нэкIуэрей Iэдэмт: ар къыщыувыIэ зэпытыр «Москва», «Балчуг» хьэщIэщхэрат. А лъэхъэнэхэм республикэм ехьэжьауэ зыхуигъэхьэзырырт Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур гъэлъэпIэным. Абы пыщIа лэжьыгъэхэрат Iэдэм щIэх-щIэхыурэ къэрал къалащхьэм ныщIэкIуэр. Сэри си Iупэр Iуиудыртэкъым абы: дыгъуасэ республикэм культурэмкIэ и министру щыта, нобэ ТхакIуэхэм я союзым и унафэщI хъужа ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сыт щыгъуи гъунэжу къепщIэкIат тхылъ тедзапIэхэм, журналхэм, газетхэм я лэжьакIуэхэри артистхэри. Ахэм цIыхугъэ сазэрыхуэхъур зи фIыгъэр Iэдэмт. Си нэгу щIэкIырт абы и жумартыгъэри, и цIыху хэтыкIэ дахэри, пщIэшхуэ къыхуащIу, ар фIыуэ къызэралъагъури. Абы зезгъэщхьыныр гугъуми, ди адэм зэрыжиIауэ, сыдэплъей хъунути, сыщIалэщIэми, цIыхуфэ къызэзыплъу дапщэри сыкъэзыгъуэтыр къызэрызэхъулIэкIэ, зэрызмыгъэукIытэным сыпылът. Абыхэм щыгъуи жьы хъуакIэ уемыджэн пэтми, щищIалэгъуэхэм спортым дихьэхыу щыта (и ныбжьыр нэхъ щыхэтIэсахэми и нэщIыбагъкIэ дызэреджэр Спортыжьт) Iэдэм, и гур иджыри илъти, Iуэху нэхъыщхьэхэр зэфIигъэкIа нэужь:

– НакIуэ, Кашиф, иджы тIэкIу зыдгъэпсэхуми хъунущ, – жиIэу сришажьэрти, сылъэщIэмыхьэу (лIыпIэ щиувахэм щыгъуи ар апхуэдизкIэ псынщIэу зекIуэрти, зебгъэкIуну тынштэкъым) сишэрт сыт хуэдэ спорт лIэужьыгъуэкIэ дэнэ зэпеуэ щекIуэкIми. Сэри япэхэми зызгъэспортсмену щытати, «си щIалэгъуэр» сигу къэзгъэкIыжурэ, си псэм дэгъуэкIейуэ зигъэпсэхурт.

Апхуэдэ гулъытэхэр пщыгъупщэ хъун-тIэ?! Ахэр дерс къызыхэхыпхъэт. КъыпхуащIэ фIыр уэри нэгъуэщIхэм зэрахуэпщIэжыным укъыхуэзыгъэушт. Ухуезыгъаджэт. Зыкъом лъандэрэ зызыхуагъэхьэзыра Махуэшхуэр щагъэлъэпIэну 1957 гъэм сэ етIуанэ курсым сыщIэсу арат. Ауэ а гуфIэгъуэхэр дэзыхыну Мэзкуу нэкIуэну лIыкIуэхэм сыхабжэу а

Iуэхум и курыкупсэм сызэрыхэтамкIи фIыщIэр зыбгъэдэлъыр ахэр зымылъагъуу а гъэм майм и 1-м дунейм ехыжа, зи гугъуфIыр схуэмыух КIуащ БетIалрэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэт.

Министрыгъэр зыIэщIахыжу ТхакIуэхэм я союзым къагъэкIуэжа Iэдэм абыи куэдрэ щагъэзэгъакъым. И лэжьыгъэр хуземыхьэу аратэкъым – дэгъуэкIейуэ пэлъэщырт и пщэм къыдэхуэ къалэнхэм. Игъуэ нэмысу дунейм ехыжа КIуащ БетIал димыIэжми, ТхакIуэхэм я союзым творческэ щIалэгъуалэ куэд къекIуалIэрт. Iэдэм абыхэми нэхъыжьхэми дэгъуэу ядэлажьэрт. А илъэс зыщыплIым ди литературэм куэду къыхыхьат усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэр. Ахэр къызэрызэщIэрыуам, я тхыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ дунейм къызэрытехьэм, дауи, ЩоджэнцIыкIуми и фIыщIагъэ хэлът. Мэзкууи Налшыки къыщыдэкIат усакIуэ щIалэхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса сборникхэр. Къущхьэ Къанщобий, Щоджэн Хьэбас, нэгъуэщIхэми я усэхэр зэрытыну тхылъхэм я Iэрытххэр ди тхылъ тедзапIэм щIалъхьакIэт.

ЖыпIэнурамэ, Iэдэм и гулъытэхэр псоми къытлъысырт. Сэ сыкъапщтэмэ, зэрыжысIащи, ТхакIуэхэм я союзым и унафэщIу щыщыта япэ гъэхэми министру ягъэува нэужьи, Iэдэм и нэIэ къыстетащ: лъэкIымкIэ зыкъысщIигъакъуэу, псом ящхьэращи, бгъэдэлъ цIыхугъэшхуэм, гуа-



пагъэм щыщ къыслъигъэс зэпыту. АбыкIи зэфIигъэкIыртэкъым – Мэзкуу сыкъикIыжу зыгъэпсэхуакIуэ сыкъыщыкIуэжахэм деж гъуэгупщIэ пхуэхъунщ жиIэрти, ТхакIуэхэм я союзым ахъшэ гуэрхэр къыщызигъэлэжьырт. Дауэ? Iэрытххэм сыхигъаплъэрт. «Подстрочник» жыхуаIэм хуэдэу усэхэр зэрызигъэдзэкIырт. Нобэ апхуэдэ хэкIыпIэхэр зимыIэж, факъырэ пэлъытэу къэна тхакIуэ союзыр нэхъапэхэм щыгъуэ къулеят; лъэныкъуэ куэдкIэ зыкъыпщIигъэкъуэфырт: санаторэхэм, творчествэмкIэ унэхэм кIуэнухэм, зи Iуэху хуэмыщIа тхакIуэхэм, тхэн щIэзыдза ныбжьыщIэхэм ядэIэпыкъурт. Сэ апхуэдэхэм сыхану щытащ жысIэмэ, пцIыупс сыхъунт. СыщIыханынури лIот? АтIэми, дыдейхэм, Налшык сапэIэщIэу нэгъуэщI щIыпIэ сыщеджэу. Къардэн Бубэ щыдиунафэщIаи, Iэдэм щытетаи, абы и пIэм КIыщокъуэ Алим щрагъэуваи – зэи Iыхьэн-

шэ сыхъуакъым. Ауэ адрейхэм хуамыщІи къысхуащІакъым. Псори си закъуэ нэлейкІэ къызэплъу, адрейхэм нэхърэ нэхъыфІу сыкъалъагъуу щытащ жысІамэ, сыщхьэщытхъуу, сыпцІыупсу арат.

Ауэ пэжри дэнэ пхьын? Жагъуэу сыкъалъэгъуауи схужыІэнукъым. Псом хуэмыдэу ар щызыхэсщІэр Мэзкуут. Буби, Ізэдэми, Алими елъытауэ сэ сыщІалэжь цІыкІут. Я цІыхугъэм, я гулъытэм и гугъу умыщІмэ, ахэр зыми хигъэзыхьыртэкъым лэжьыгъэ ІуэхукІэ щыхьэрым нэкІуэху къэскІэ сэ сыкъалъагъун хуейуэ, зыкъысхуагъазэу самыгъэгушхуэу, самыгъэфІу мыхъуну. АрщхьэкІэ… ЯхуэсщІэжыфынуращи, я фІыщІагъэр зэрызмыгъэкІуэдыным сыпылъщи…

Сыщеджэхэм щыгъуэ нэхъыбэрэ зи нэІэ къыстетар, зи фІыщІэ нэхъыбэ къыстехуар Іэдэмщ. Сыт щхьэкІэ? Зи щхьэкІэращ. 1951 гъэм къыщыщІэдзауэ 1988 гъэм нэсыху ар ди тхакІуэхэм я къру пашэу щытащ. Пэжщ, а илъэс щэщІрэ блым къриубыдэу а къулыкъур зэпымычу зэрихьакъым. ИлъэситІым нэскІэ ягъэминистра нэужь, 1956 гъэм ТхакІуэхэм я союзым къагъэкІуэжащ жысІатэкъэ? Ауэ илъэситІ къудей фІэкІа трамыгъэту, лажьи-хъати имыІэу, и къулыкъум трагъэкІыж 1958 гъэм.

Сыт щхьэкІэ? Ер къызэрыкІа… жэм бжьакъуэм ихьар КІыщокъуэ Алим и закъуэтэкъым – Іэдэми и къулыкъур трахын хуей щІэхъуа узыр къызэрыкІар а жэм бжьакъуэрат. Ахэр къызэрекІуэкІам, ди зэхэтыкІа цІапІэм мызэ-мытІэу сытепсэлъыхьыжащи, абыхэми мыбдеж гуэрым къыщытезгъэзэжынкъым. Ауэ псалъитІ къудейуэ фигу къэзгъэкІыжынщ: къулыкъуу щыІэу хъуам нэхърэ напэр нэхъ зыфІэлъапІэ КІыщокъуэ Алим дагъуар парт-совет унафэ мышыухэм зэрапэувыфарат. Езыхэр зищІысыр ящІэжырти, апхуэдэ лІыгъэ уиІэу укъыщІэкІауэ къулыкъущІэ нэхъ ин дыдэхэм узыдагъэлэжьэнутэкъыми… напэрэ лІыгъэрэ зэриІэм нэхъ лажьэ зыбгъэдэмылъ КІыщокъуэр Унэшхуэм къыщІагъэлъеикІ. Ауэ, дауэ щытми, укІытэ гуэр яІэ хъунти, Алим лэжьапІэншэу щыбгъэсыныр зэрыемыкІум йогупсысхэри… Здахьын къагъуэт: ЩоджэнцІыкІу Іэдэм тегъэкІауэ абы и пІэм игъэувэн. ЗыхузэфІэкІхэми апхуэдэхэри нэхъ Іеижхэри щалэжьыф ди зэхэтыкІэ бзаджэм тхакІуэ цІэрыІуитІми зэуэ пудыныгъэ къащылъысри… сэ си кІэныр къикІащ: Теунэ Хьэчимрэ Кулиев Къайсынрэ къауха Литературэ курс нэхъыщхьэхэм нокІуэ Іэдэм.

Нэхъапэхэми цІыхугъэшхуэ зыдэслъагъуу щыта Іэдэм мис иджы «сысеипэ мэхъу»: студентхэм ди ІэкІэ тщІа общежит дэгъуэр а гъэ дыдэм хьэзыр хъуауэ дыщІагъэтІысхьэжырти, зэрыбынунагъуэу нэкІуа ЩоджэнцІыкІухи абы зы пэшышхуэ къыщратри… Лыуэза (Лизэ) шхын щІэщыгъуэ игъэхьэзырами сыханыркъым – я хъыджэбз цІыкІуитІым яз нагъажэрти… ХьэщІэ къахуэкІуами – арат. Іэдэм Мэзкуу пщІэшхуэ зэрыщиІэр, зэи цІыхуншэ зэрымыхъур си нэкІэ слъагъурт. Ар фІыуэ ямылъагъуми хуэдэтэкъым – и цІыхугъэкІи, и жумартыгъэкІи, и щытыкІэ дахэмкІи, культурэм, литературэм тепсэлъыхьын хъуами, и Іыхьэ иІыгът.

Сэ къызэрысхущыта къудейм тесщІыхьынкъыми, нэгъуэщІхэми сэбэп яхуэхъунымкІэ лъэкІ къигъанэртэкъым. ФІэлІыкІ зиІэ, зи псалъэр къалъытэ ЩоджэнцІыкІу Іэдэм куэд щыхузэфІэкІырт Мэзкуу: ди тхакІуэхэм, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэм я Іэрытххэр редакцэхэм, тхылъ тедзапІэхэм нрагъэхьамэ, абыхэм гъуэгу ягъуэтын папщІэ, и зэмани, пэжыр щхьэ бзыщІын хуей, и жыпи еблэжыртэкъым.

Мыр сэри сызыхэта Іуэхущ: ди институтым ныщІэтІысхьэну мурад зыщІу зи тхылъхэр абы незыгъэхьауэ щыта КІэщт Мухьэз, Іэдэм хэмылІыфІыхьамэ, си лІыгъэр хурикъууу а гъэм еджапІэм тхущІэгъэхуэнтэкъым. А псори къызэрекІуэкІауэ щытари зыщІыпІэхэм деж щыстхыжащи…

НэгъуэщІ зы щапхъи къэсхьынщ.

Махуэ гуэрым лекцэхэм дыкъыщІэкІыжа къудейуэ (дызыщеджэри зы унэт):

– Нажэ, Кашиф, дыкъыкІэроху, – жери, и къэжыхьыкІэм хуэдэу, щІопхъуэ. ДыкъызыкІэрыхур сымыщІэми (общежитым дызэдэкІуэжыну арауэ си гугъэт), сэри сыкІэлъоущ. АрщхьэкІэ здигъазэр нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэщ. Сыхьэтым йоплъри, автобус, троллейбус сытхэми хэмыту, такси къегъэувыІэри…

КъызэрыщІэкІамкІэ, сыздишэр Урысейм (абы щыгъуэ – РСФСР-м) и ТхакІуэхэм я союзырат. ЩІыхьэпІэм дыщыІулъадэм:

– ДыкъыкІэрыхуа хуэдэкъым, – жи. ДыздэкІуэри дыщІэкІуэри гъуэгум къыщызжиІати, дыкъызэрыкІэрымыхуар сэри си гуапэ хъуащ. Ауэ къызгурымыІуэр а дыщІэкІуа Іуэхум сэ хэсщІыхьынрат:

– ЧынтІопщыкъурэ пэткІэ жьы еубыд, жи. ПщІэнукъым – уэри зыгуэркІэ сэбэп ухъунщ, – арат къыпысхар.

Аргуэру си нэкІэ сымылъэгъуамэ, си фІэщ хъунтэкъым абы дэнэ дежи апхуэдизыпщІэ щигъуэту. Шэщ иныжь хуэдиз пэшышхуэм (залым) дызэрыщІыхьэу, къеджэмэ, Іэ къыхуащІурэ, Іэдэм жьантІэм дашэ. Сэ ауэ деж сыщотІысэх. Хьэрф «П»-м ещхьу блынищым декІуэкІ тІысыпІэ къомыр гъэнщІат. Сэ, зызэхузошэри, бжэм и гъунэгъубзэу сыщысщ. Абы нэс къиплъыкІыу, сэ гу къызэрыслъитар уэ къащІэ. И дзэм хамэ къызэрыхэхутар къыгурымыІуэу арагъэнщи, Соболев Леонид (арат урысей тхакІуэхэм я шу пашэр) еуэ къызоплъ, еуэ къызоплъ – дауи, сыкъыхуэцІыхуркъым. И бгъуитІымкІэ къыщысхэми зэреупщІыр солъагъу. Ауэ аитІуми ящІэркъым – я дамащхьэхэр драгъэуей. ИтІанэ Іуэху дыдэ сыкъащІ: жьантІэм къыщожьэри, зыр зым еупщІурэ, си деж къос. Сыхэтми жызоІэ къызбгъэдэсым. Модрей блын лъэныкъуэмкІэ щыс ЩоджэнцІыкІу Іэдэм сызэригъусэри гурызогъаІуэ. Си гъунэгъум и щхьэр ещІ: гурыІуэгъуэщ. Абы къыгурыІуар зэІэпахыурэ, а гурыІуэгъуэр Соболевым деж нагъэс. Леонид Сергеевичи, арэзы хъуауэ, и щхьэр ещІри, зэІущІэр къызэІуех.

А махуэм ахэр зытепсэлъыхьа псор сщІэжыркъым. Ауэ мыр фІыуэ сощІэж: СССР-м и ТхакІуэхэм я союзым хагъэхьэну лъаІуэу зыкъомым я тхылъхэр къагъэхьати, абыхэм хэплъэу щІадзэри… Иджы ТхакІуэхэм я союзым гуп-гупурэ хаутІыпщхьэ щхьэкІэ, мо лъэхъэнэхэм а хъуэпсапІэр зыІэрыбгъэхьэным гугъуехьышхуэ пыщІат. А Іуэхур тынш зэрыхъуари хэлъу къыщІэкІынщ, ди бжыгъэм куэдкІэ хэхъуэми, тхакІуэхэм ди пщІэр хуищІэу зэрехуэхам.

Абы лъандэрэ лІэщІыгъуэ ныкъуэм щІигъу блэкІа пэтми, а зэІущІэм зэдауэрэ кІий-гуоуэ щекІуэкІар нобэми слъагъу хуэдэщ: зыгуэрхэр зыгуэрхэм къащхьэщыжырт, зыгуэрхэм зыгуэрхэр хьэм ирагъэхьырт. ЖыпІэнурамэ, текІуи хагъащІи щыІэу, зауэ гуащІэ екІуэкІыурэ, ар ди лъэныкъуэмкІи къос. Зи тхылъхэр Налшык никІар Грудзинский Валентин и закъуэт. Абы и Іуэхур занщІэу щыпрагъэхым, си Іэдэму плъагъур къотэджри… Апхуэдэ уэчыл лъэщ Алыхьым къуззэритынт. Рецензентхэми къэпсэлъахэми мыстым хаутэу къыханар Грудзинскэм езым итхахэрати,

ахэр фIейм къыхэпхыжу бгъэкъэбзэжыну ухуежьэ зэрымыхъунури а мурадыр къызэромыхъулIэнури къызыгурыIуа Iэдэм ищIэр лIо? Грудзинскэм пэхъун тэрмэш гъуэтыгъуейуэ, ар мыхъуауэ щытамэ, адыгэ, балъкъэр тхакIуэхэм я тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ лъэпкъыбэ тхылъеджэхэм ялъагъуну щымытауэ… ЖыпIэнурамэ, Грудзинскэр адыгэ, балъкъэр тхакIуэхэм ди ныбжьэгъу пэжу, зэдзэкIакIуэ Iэзэу зэрыщытым кIыхьу икIи дахэу топсэлъыхь. АтIэми, жери и къэпсэлъэныгъэр партымрэ правительствэмрэ я политикэ Iущым хуешэ: лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным хуэунэтIауэ Грудзинскэм илэжьыр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ: Къэбэрдей-Балъкъэрым урысхэр щынэхъыбэ дыдэ Прохладнэ районышхуэм щопсэу, цIыхубэм яхэтщ, егъэджакIуэу щолажьэ, абы къыдэкIуэу творческэ ехъулIэныгъэхэри зиIэ Грудзинский Валентин зыкъыдигъахуэурэ, адыгэ, балъкъэр тхакIуэхэм я прозэр зэредзэкI… Мыри зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым, ныбжьэгъухэ: щхьэ закъуэ унафэ гущIэгъуншэм (культ личностым жыхуиIэт) тращIыхьу зи хэкум залымыгъэкIэ ираша лъэпкъхэм ящыщт Кулиев Къайсын хуэдэ усакIуэшхуэ къызыхэкIа ди къуэш балъкъэрхэри. Япэрей политикхэм яIэщIэкIа щыуагъэшхуэр гъэзэкIуэжа хъун папщIэ, партым и къуэ пэж ныбжьэгъу Хрущев Никитэ Сергеевич иригъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм псори дыщыгъуазэщ. Ар зи пашэ партым и унафэ Iущхэм япкъ иткIэ, зи лъахэм къихьэжа ди къуэш балъкъэрхэм я тхакIуэ Iэзэхэм я Iэдакъэм къыщIэкIхэри Грудзинский Валентин хуэдэу урысыбзэкIэ IэкIуэлъакIуэу зэзыдзэкIыфын гъуэтыгъуейщ. Мы си псалъэхэм щыхьэту къытеувэфынущ зи япэ тхылъыр Налшык къыщыдэкIа, «Молодая гвардия» тхылъ тедзапIэ цIэрыIуэми зи сборникыр къыщыдэкI, Литературэ институтым щеджэ, ди зэIущIэм кърихьэлIа усакIуэ щIалэ Елгъэр Кашифи, – щыжиIэм, сыт сщIэнт, сыIэнкуну зыкъытызоIэтыкI. Шэми шхуми сес: Грудзинскэм и цIэр зэхэсхат, апхуэдэ тхакIуэ зэрыщыIэр сщIэрт, ауэ абы зэридзэкIаIауэ слъэгъуатэкъым. ИтIани, Iэдэм жиIэхэм щыхьэт сытехъуэ щIыкIэу, си щхьэр сощIри, сотIысыж.

Езы Валентин абдеж щIэсамэ, игъагъыным хуэдизу Iэдэм къипсэлъахэм я ужькIэ, Хрущев и ныбжьэгъужьу щыта (дауи, абы щыгъуазэт ЩоджэнцIыкIури а зэIущIэм щIэсхэри) Соболевым псалъитI-щы жеIэжри, СССР-м и ТхакIуэхэм я союзым Грудзинский Валентин хуэдэ тэрмэш хэмытмэ, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ди литературэхэр къэрал лъэпкъыбэм и тхылъеджэхэм я деж нэзыхьэсын димыIэу дыкъэнэнкIэ хъунути, а тхьэмыщкIагъэр къызэрытлъымысамкIэ фIыщIэр зейр си нэкIэ слъэгъуат.

А зы Iуэхуракъым а махуэм Iэдэм зэфIихыфар. ЗэIущIэм щыхэплъэрт Псыжь адрыщI адыгэхэм ящыщ гуэрхэм я тхылъхэми. Абыхэми я унэцIэр сощIэж жысIамэ, пцIыупс сыхъунт. Ауэ сигурэ си щхьэрэ зэтелъу тезгъэчыныхьыфынущ: а зэIущIэм ЩоджэнцIыкIу Iэдэм хэмытамэ, Шэрджэсми Адыгейми ящыщ а махуэм ТхакIуэхэм я союзым хагъэхьэну щытакъым.

Ди къуэшхэм я усэхэм хэплъахэми (рецензентхэм) подстрочникхэм тIэкIу щыгъуазэ зызыщIауэ абдеж щIэсхэми я Iуэху еплъыкIэхэр зэтохуэ: адыгэ щIалэхэм (дауи, мобыхэм зэрыжаIэр шэрджэсхэрэ адыгейхэурэт) я тхыгъэхэр лъэрымыхьщ, зэкIэ ябгъэдэлъкъым ТхакIуэхэм я союзым щIыхэбгъэхьэн творчествэ. Дыбэлэрыгъ хъунукъым кърigъэкIыу, Iэдэм си дежкIэ къоплъэ. Минрэ сымыбэлэрыгъынуи сощIри, сэ лIот схуэ-

фIэкIынур? Хэтыт къызэдэIуэнур? Мохэр тхакIуэ цIэрыIуэщ. КъулыкъущIэхэщ. Сэ и пэри и кIэри сыстудентыжь цIыкIущ.

Ауэ Iэдэм упсэут! Абы Iэзагъ къудейтэкъым къигъэлъэгъуар – бзаджагъми хуекIуат: зытепсэлъыхь усэхэр бэлыхьлажьэу, лажьэ псори здэщыIэр подстрочникхэрауэ жиIэу къэуващи, уи фIэщ мыхъуным хуэдизщ абы ищIэр. Хьэм ирагъэхьа усэхэм я подстрочникхэми къоджэ. ИтIанэ… итIанэ сыкъегъэуIэбжь: абыхэм жыжьэрэ гъунэгъуу емыкIуалIэ адыгэ усыгъэ гуэрхэр гукIэ жиIэу хуожьэри:

– Мис апхуэдэущ, ныбжьэгъухэ, ахэр зэратха бзэмкIэ зэрыIур. Флъагъуркъэ абыхэм ящIэлъ макъамэм и дахагъэр? Ахэр зэрызэщIэжьыуэр? – жиIэу щIэсхэр зэрегъэплъыж. Iэдэм мыбдеж пцIы иупсыртэкъым, мыпэжыр нэгъуэщIт: дызригъэдэIуа усыгъэхэр зытхар… ЩоджэнцIыкIу Алийт, КIыщокъуэ Алимт, КIуащ БетIалт, езырат. Ауэ Къэбэрдейм къыщыдэкI газетхэм, «Iуащхьэмахуэ» журналым «къытехуа» а усэхэр апхуэдизкIэ игу ирихьати, гукIэ зригъэщIауэ арат жиIэр. АбыкIэ аргуэру сэри щыхьэту сегъэув. Ауэ, Тхьэм игъэпсэу, пщIэншэу сыкъэгузэвауэ къыщIэкIат. СыкъыщIэгузэварат: ди къуэшхэм я усэхэм щыщ сэри гукIэ сыкъригъэджэну хуежьэмэ… Пэжщ, абы щыгъуи мор укIытэгъуэ изгъэхуэнутэкъым: езы Iэдэм дызригъэдэIуа усэхэм хуэдэ куэд сэри гукIэ сщIэрт. Ауэ ди къеджэкIэхэр зэрызэхуэмыдэнум, сэ Iэдэм сызэрылъэщIэмыхьэнум шэч хэлътэкъым.

Арщхьэкlэ, мобы и псалъэхэм щыхьэт сызэрытехъуам фIэкIа, си дэIэпыкъуныгъэ лъэпкъ хэмылъу, ди къуэш адыгэхэр ТхакIуэхэм я союзым зэрыхагъэхьам дрихъуахъуэу (обмывать тщIыуэ) шхапIэ гуэрым дыздыщIэсым:

– Iэдэм, а… – «уипцIхэр» схужыIэркъым, – дипцIхэр къыщIэщамэ, ди напэр текIатэкъэ? – соупщI.

– Япэрауэ, абы щIэсахэр сэ фIыуэ сцIыхурт. Адыгэбзэ зыщIэ щахэмыткIэ, лIыгъэ яIэт, абыхэм ди пцIыр къыщIамыгъэщмэ. Мыдрейуэ, щIалэ хъарзынэхэм я усэ подстрочникхэр хьэдыгъуэдахэу ящIар пэжт. ПцIы псори зэхуэдэкъым: цIыхум сэбэп яхуэхъуну пцIыхэр тегъэщIапIэ щыпщIыни къыпхуихуэнкIэ мэхъу. Абы емыкIуи гуэныхьи пылъкъым. ЦIыхум пцIы теплъхьэнырщ, пцIыкIэ бгъэжэкъуэнырщ емыкIури гуэныхьри. Дэ…. шыпсэ псори пэж защIэу зэхэлъ? Шыпсэ дахэ зэхэтлъхьэри, сэбэп дыхъуауэ аращ. Уарэзы абыкIэ? – жиIэу къыщызэплъым, дызыхэта Iуэхур дэгъуэу зэрызэфIэкIам арэзы сытехъуат сэри.

Арэзы узытехъуэн апхуэдэ IуэхуфI куэд дэслъэгъуащ сэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, ауэ слъэгъуакъым абы и зэран зэкIа, пцIыкIэ игъэулъиярэ игъэжэкъуарэ ар зэрысцIыхуу щыта илъэс плIыщIым щIигъум къриубыдэу.

**ЩоджэнцIыкIу Iэдэм** ◈ ◈ ◈ **Рассказхэр**

# Анэ

Илъэсищэ хъуащ си анэр. Ауэ жанщ иджыри – ар мэлажьэ. Щелэжь и Iуэху ноби унэм, хадэм. Сытыр злэжьми, дэнэ щIыпIэ сыщыIэми, нэхъ сыпIащIэу сыпIейтейми, гъэтIылъауэ сымамырми – сытым щыгъуи си гур хуожэ а си анэм, гущIагъщIэлъу сохь ар си псэм ехуэбэкIыу. «Дауэ

щыту пIэрэ?» – жысIэу согупсысэ. Сыхуоупсэ сэ нэхъыфIкIэ а си анэм. Ауэ сымыщIэххэу, сыпэмыплъэу, си лъыр сфIигъэдийуэ гурыгъу щIыIэр сэ къысхохьэ: хъуащ си анэр илъэсищэ...

Плъыржьэрт нобэ схуэмыIыгъыу си гур. Зипхъат абы илъэтыкIри бгъэгум. СфIощI арыххэу сэ къызэджэу нанэ. КъысфIощI си сабиигъуэм сыIэбэжауэ, анэ кIэкъуащIэм зездзауэ сIыгъыу, зихузу, зипIытIу си гум. Си дахэщIагъэр лъагэу мэлъатэ си анэм деж.

«Уэращ, си нанэ, псом нэхърэ нэхъ гуапэр, схуэщхьэпэу зи дахэщIагъэкIэ сызыгъэлъагэ! ФIыщIагъэ нэхукIэ къызэщIэнауэ, мы си гурыщIэр из пщIащ къыщыпкIыу. Я нэхъ уз Iейми сыкъебгъэлащ. Балигъ сыбгъэхъури, щIыгу хъугъуэфIыгъуэм я къыхэкIыпIэ цIыху гуащIэдэкIым сыхуэбгъэсащ. Нэхъ дахэу щыIэр слъагъуным папщIэ, си нитIми си гуми плъэгъуэ ептащ. Акъыл къызэптри ар уи IущыгъэкIэ схуэбгъэнэхуащ. ЦIыху гурыхуагъэми сыщыбдзеякъым. ГъащIэ дэкIуашэу, дзыншэу схуогуапэ сфIэпщащи си цIэр: «Чэмал! Ей-ей, Чэма-ал!» – цIыкIури къызоджэ, инри къызоджэ абыкIэ...».

Жьы дыдэу, пшэкIэху къиищIыным нэса къудейуэ, мэву си телефонри, сыкъоскIэ. Си шыпхъум и макъыр гузэвэгъуэ щIыIэм ищта къысфIощI. СодаIуэ жиIэм, си гур ехуэхыпауэ. Гузэвэгъуэм щIыгъуу си гум къыщохъуэпскI: «Илъэсищэ... илъэсищэ хъуащ си анэр!»

– Иджыпсту сынысщIокI! – тызолъхьэж трубкэр. ИкIэщIыпIэкIэ къуажэм сызэрыкIуэжым и хъыбар езгъащIэу еджапIэ директорым хуэстхар си щхьэгъусэ къэушам изот.

– Сыт апхуэдизу къэхъуар? – къызоупщI ари гузавэу.

– Зыри къэхъуакъым... къуажэм сыкIуэжын хуейщ.

КъыспэщIэхуа щыгъыныр зыщыздзауэ, унэм сыкъыщIож.

Уэрамыр нэщIт. Дунейри къызэщIыIэкIырт. Хьэуэ, ар къысфIэщIауэ арат, армыхъумэ, мы сигуми си псэми гузавэ дэпым закъыщIидзат.

Уи Iэр зыхуэпшиин щымыIэу, уэрамыр цIыхуншэт. Си лъэдакъитIым я «тIыркъэ» макъым фIэкIа, зы макъи щыIуртэкъым а уэрам нэщIым. АпхуэдизкIэ мамырти, унэ щхьэукъуэхэм зэхахыу сигугъэт си гум и уэ макъыр.

СыпIащIэу сокIуэ. СлъэкI къэзмыгъанэу собакъуэ. СфIэщIырт а си псынщIагъэм кIэ имыIэну. АрщхьэкIэ тIэкIу-тIэкIуурэ сощабэ, нэхъ бауэкIэщIуи хьэуам соIуб. Зэблэсх си лъакъуэхэм уэрам асфальтыр щIэткIукIми ярейуэ, иджы къысфIэщIырт сыздэкIуэм, зы зали си гъуэгум хэмыщIу. СопщIантIэ, къобэкхъ си щIыфэр. Си джанэ пIащIэр кIэрыпщIэпат си щIыбым. Иджы уэрамми зыкъигъэзауэ, сэ къыспэщIэкIуэу сигугъэщ псыдзэ къиуауэ. Сыту гугъущэ атIэ къыппэщIэлъадэ уэрыгъэр дэпхъуейуэ укIуэныр!..

Уэрамыр зэрыцIыхуншэт. Зы машинэ закъуи щыплъагъукъым! Къэмыушыжынми ярейт нышэдибэ Налшык уэрамхэр.

Си гъуэгур зэрыхэмыщIым сызэгуегъэп. Тыкуэн уэздыгъэхэм си гур хуохъуэщIэ: сыт иджыри къэс ахэр щIэблэр. Нэхъ Iеижыххэу къысфIэщIыр сигнал уэздыгъэрт: мэцIыв, мэпIэнкI, гум щIыIэ-щIыIэу щыдзакъэу...

«Е уи лажьэ укIуэди!» – мотор макъ гъуагъуэр къызэхэсхауэ сыкъызоплъэкI. КъопIащIэ. Си Iэр Iэтауэ соув. АрщхьэкIэ сыкъыфIэмыIуэхуу, збложри йожьэж.

НэгъуэщIкIэ сымыгугъэжу, сопIащIэ аргуэру. Ди къуажэ автобусым и япэ IукIыгъуэм сыкъыкIэрыхункIэ Iэмал зимыIэщ! СокIуэ сыпIащIэу, сыхущIэрыуэу. Ауэ си гъуэгур хэмыщIыжыххэу согугъэ. Си лъэр жаныж-

къым, си пкъыр щIохулIэ. Си плIэм хьэлъагъэ гуэрхэр щIэмычэу тралъхьэу фIэкIа сымыщIэу къыстоуэндагъуэ а сызэрыкIуэр, си лъэр щIигъащIэу. Нэсыжккъым си гум иджы хьэуари. Си нэжьгъ лъынтхуитIыр къэчэным хуэдэу къэпщат. Къетыкъуэ бжьищыр исфами ярейуэ, плъыржьэру щоуэ бгъэгум сигу пщтырыр. СокIуэ. Автобус къэувыIэпIэм щхьэщыт унэшхуэр къыспежьэу къаджэ къысфIощI. «КъэпIащIэ! КъэпIащIэ!..»

Ай, бетэмал, а сэ къысщыщIар! Сынэсыпауэ ди къуажэ автобусыр IукIащ!

Сытыр Iэмал! Зы такси щыткъым!

Зи кIуэгъуэ автобусыр ежьэным сыхьэтитI нейкIэ сыпэплъэн хуейт. Хьэуэ, ар хъункIэ Iэмал зимыIэщ. ЗысIэжьэ хъунукъым зы сыхьэт ныкъуи!

СытокI щхьэрыхьу автобус увыIэпIэм. СытокIри хузоунэтI шоссе гъуэгушхуэм. СыпIащIэу сокIуэ. СопIащIэ Налшык къызэзнэкIауэ. Гъуэгур нэщIыбзэт. Си гъуэгур згъэкIэщIу, гурыщIэ плъари згъэпыIэу, верст бжыгъэ пкъохэр сыбжурэ сокIуэ. Тэмэму сэ зэзгъэщIакIэт иджы верст пкъоуитIым я кум лъэбакъуэу дэлъыр зыхуэдизыр – лъэбакъуэ минрэ щитIрэ блырэ. Ар дауэ! Зы метр нэхърэ нэхъ мащIэщ си лъэбакъуэр! Сыхьэтым нэблагъэкIэ сыкIуащи, къэскIуар километриплI къудейщ. Иджыри къыспэщылъщ километр пщыкIуий гъуэгуанэ! Хызогъахъуэ си лъэбакъуэм. ЗызощI нэхъ псынщIэ. Ауэ зикI хэщIу къысфIэщIкъым си гъуэгур. Ар дэнэ къэна, тIысыныгу сохъу. Жьы Iурыхьэгъуэ зэзгъэгъуэтыным сыщIохъуэпс. АIэ, аIэ, сытIысынкIэ Iэмал зимыIэщ! СызэрытIысу сыщIэхулIэнущ, къызэхьэлъэкIыу сыщIэупщIыIуэнущ. СыпIащIэу сокIуэ. КIэщI-кIэщIурэ сыкъызоплъэкI – си ужьым зы машинэ закъуи щыслъагъуркъым. Машинэ гъуэгурыкIуэ сыхуэзэным си гугъэр хэсхыжыпауэ собакъуэ. Гурыгъу-гупсысэм ауэрэ си гур зэщIащтэ: «Ай, нанэ, нанэ, си гъащIэм и нэху, гупсэху зымыщIэу пIейтей. ТемыпыIэжу къыдэпщэфIэкI! Сэ сыткIэ схуэпшыныжыну уи щIыхуэу стелъыр?.. Дыгъэ зысщIынут, гъатхэ щIэщыгъуэу зыпхуэзгъэпсынут, уи жьыгъэ щIыIэр пхуэзгъэхуэбэнут. Бжьыхьэ пшагъуалъи умыщIэу, гъэмахуэ бзыгъэу узгъэгуфIэнут. АрщхьэкIэ, сытыр Iэмал – сыпхуэдыгъэфкъым, щIыгу гъатхи сыпхуэхъуфакъым. СлъэкI къэзмыгъанэу си къалэн щIыхуэр зытезгъэкIыну сыногугъуами, уи гу хуабагъэм и зы бзий налъи уэсхьэкIыфакъым. Иджы ибохри илъэс тIощIитхур, бжьыхьэ пхъэхуейуэ пощэщ уи пщIащэр. Уи щIэщыгъуагъэр икIащ гъатхэншэу. Уэгу пшэхум хуэплъэ жыг щхьэкIэ пщIащэу пыкIэзызыкIыу уохьри уигу пIащIэр, гурыгъу жьы щIыIэм ар пигъэхункIэ срогузавэ сэ жэщи махуи... Уохь илъэсищэр, си нанэ... Си ныбжь нэсами, сыпфIэсабийуэ, усхуогумащIэ, усхуощIэщыгъуэ!..»

Мотор ву макъыр къызэхэсхауэ, мэбзэх гупсысэу сызыхэтари, къолъэт арыххэу пIейтея си гур. Мэву, мэгъуахъуэ зикI а машинэр къысхуэмылъагъуу. ЩIы щIагъым щIэтми ярейщ. Дунейм, дэнэ щыIэну а ву машинэр?.. Е уи лажьэр укIуэди! Мес. КъыдокI ар хьэлъэу Къуэзадэ псыхъуэм! КъысхуокIуэ занщIэу, псы Iуфэ задэм ерагъкIэ зыкъыдихауэ. Ар сыт, абы тет фэндырэр сыту кIыхьыщэ! Бахъи къыщхьэщеху!

– Ей-ей, Чэмал! – къызоджэ шоферыр, машинэм зыкъришиикIауэ. – Мыр сыт, мыпхуэдизу жьыуэ дэнэ уздэкIуэр улъэсу? УнэкIуэжу ара ди къуажэм? КъитIысхьэ мыдэ.

– Е уи фIыщIэр лъагэ ухъуи, Хьэсет! Сыту фIыуэ укъысхуэза! Си шыпхъур си деж нэпсэлъащ телефонкIэ. Си анэм зыгуэр и мылажьэу си фIэщ хъуркъым... Илъэсищэ хъуащ ар, Хьэсет.

– Ди къуажэ дэмысыжу жаӀэ абы нэхърэ нэхъыжь, – псалъэр сӀэщӀепхъуэт Хьэсет. – Колхозми щилэжьащ уи анэм псом нэхърэ нэхъыбэ.

Хьэсет и жыӀэм седаӀуэу, ерагъкӀэ машинэ итӀысхьэпӀэм зыдызоӀэтей: хьэлъэзешэ машинэм и теувапӀэр лъагэт егъэлеяуэ. Езы машинэри щӀагъуэтэкъым – гуащӀэмэ-фӀэӀурымэ-бензинымэм пэцыр иричырт. Бардэзешэ машинэт сызэрытӀысхьар.

Си гурыфӀыгъуэр иджыкӀэ зыт – мыгувэу си анэр слъагъунырт! Си адэр сиӀэжтэкъым. Илъэс пщыкӀутхум ситу, ар 1942 гъэм сфӀэкӀуэдат. ФӀы дыдэу илъагъуу зы жэм гъэшыфӀэ иӀат си адэм. А жэмым и нитӀыр хьэлэмэтыщэу дахэт. Арауи къыщӀэкӀынт си адэр абы ДахэнэкӀэ щӀеджэр.

Дахэнэр жэмыжьти, куэд щӀат зэрихъуэкӀыну мурад зэрищӀрэ. Ауэ шкӀэхъу защӀэт къилъхур. ДымыщӀэххэу зауэм и пэ къихуэу шкӀэбз цӀыкӀу къилъхуат пщэдджыжь пшэкӀэплъ къищӀа къудейуэ. ШкӀэ сырыху цӀыкӀут къалъхуар, ауэ абы зэреджэр ШкӀэплъти, нэхущ пшэплъым зэрыхалъхуам папщӀэ. Сабийм хуэдэу фӀыуэ илъагъуу игъафӀэрт си адэм шкӀэ цӀыкӀур.

Нэмыцэ фашистхэр ди къуажэм къыщыдыхьам, ШкӀэплъ цӀыкӀур илъэс хъуат. СощӀэж, фашист ерухэм ди къуажэм хьэкӀэкхъуэкӀагъэу щызэрахьар. ЗикӀ я нэ къыфӀэнэр цӀыхум трахырт, япэув закъуэр лажьэншэу яукӀырт.

Зэгуэрым фашистхэм ди танэр Ӏуэм ираш. Куэбжэм нашэсауэ, си адэр къапоув. «Фэстынукъым, – жеӀэ, – танэр! Фыхуеймэ, жэмыр фызот». «Сэлэтищым зыкърадзри си адэр къыхыфӀахуэ. Къыщолъэтыжри и мэлыхъуэсэмкӀэ зы сэлэтым йопыдж къэлыбауэ. Фашистыр зэфӀощӀэ къэп нэщӀу. Арыххэу фоч зыбжанэ къызэдоуэри си адэр хагъащӀэ.

Абы къыщыщӀэдзауэ бынищыр дянэм дыкъыӀэщӀонэ. Жэщ-махуэ жимыӀэу къыдогугъу...

Си гупсысэр Хьэсет и псалъэм къызэпеуд:

– Сэ занщӀэу фермэм сыкӀуэн хуейщ. Уэри накӀуэ.

– Хьэуэ, хьэуэ. Абы унэсыху, ди деж сынэсыжынущ.

Машинэм сыкъолъэри си щхьэр мэуназэ. Бензин, бардэ фӀэӀурымэр си щхьэм дэуеят. СыщӀэпхъуэну си гугъат, арщхьэкӀэ лъэ зизмычыфу сотӀысэх. ГууэщӀу сыщылъщи, си жьэр ущӀауэ собауэ. Ауэрэ щхьэуназэр нэхъ спкърыкӀауэ, зызоӀэтыжри щхьэрыхьу сокӀуэж...

Ди пщӀантӀэр нэщӀт. Унэм щӀэсӀауэ сымылъагъуу, бжэр гъэбыдат. Хадэм сыноплъыс. Гъэкъэбзат хадэр. Жыгхэр къэтӀыхьат. Я лъэдийхэм сэху етыжат. Аддэ хадапхэм щызолъагъу си шыпхъур. Зыгуэр етӀ. Дунейм, дэнэ щыӀэну, нанэ? Хадэр нэкӀэ щӀызощыкӀ. А-а, мес! Зигъэщхъыпауэ щытщи, зыгуэр хесэ хьэсэ гъэщэбам.

Мы гъэм икъукӀэ пасэу къихьат гъатхэр. Мартыр имыкӀыу, хадэ щӀэныр зэфӀагъэкӀат.

Пщэдджыжь дыгъэпсым хуиту симыгъаплъэу, щхьэрыхьу сыхуокӀуэ нанэ. Абы лажьэ зэримыӀэр си гурыфӀыгъуэу зызохь. Дунейм, сыту пӀэрэ атӀэ си шыпхъур ныщӀэпсэлъар?

СыздэкӀуэм, бжэӀупэм пэмыжыжьэу мащэшхуитӀ щызолъагъу. Мо мывэшхуэ къомри хэт къизыхыфар?

– Уузыншэм, нанэ! – къызопхъуатэ си анэри, сабийуэ зызокъузылӀэ. Уазэрэ бзууэ гъуами ярейт – нэхъ цӀыкӀуи псынщӀабзи хъуат нанэ.

– Сыту фӀыт, си щӀалэ... Азалыхьым кӀыхь ищӀ уи гъащӀэр! Уи Ӏуэху къэбгъанэу...

– Хьэуэ, хьэуэ, нанэ!..

– ЩІасэ (арат си шыпхъум зэреджэр) идакъым нэмыпсалъэу, – тобэ къихь щІыкІэу къызжеІэ нанэ.

– Хъарзынэу ищІащ.

Арати, нанэ и хьэсэр, сыдэІэпыкъуурэ, доух. ЩІасэ и тІэнри еух. ЗэщІыгъуу щыми унэм къыдогъэзэж.

– ЩІасэ, – соупщІ си шыпхъум, – мыр сыт зэрыфщІынур, мы ма-щэхэр?

– Нанэ къитІащ. Хадапхэм ит мазэ балий жыгитІыр къигъэІэпхъуэну и мурадщ.

– Ар дауэ хъун, ахэр жыгышхуэІуэщ бгъэІэпхъуэну.

– Бзум къыпагъахъуэркъым, жи, зы балий. ЦІыкІухэм яІумыхуэу мэкІуэд...

– Ягъэ кІынкъым, нанэ.

– Бзум я Іыхьи хэкІынущ абы, ауэ цІыкІухэми тІэкІу яІухуамэ арат.

Унэм дыщІохьэжри пщэдджыжьышхэ дощІ. Дышхауэ дыкъыщІокІыжри, нанэрэ ЩІасэрэ хадэ щІэныр яух. Сэ махуэ псом ди бжыхьыр согъэбыдэж.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІ хъуауэ, бжэІупэм дыкъокІуэлІэж. Нышэдибэ къыздэсхьа хущхъуэхэр си шыпхъум изот. СощІэ ар нанэ зэримыдэнур: «Мыпхуэдиз гъащІэ къызэзыта Алыхьым сыт напэр сиІэу селъэІуну си гъащІэм къыпищэну!» – жеІэри идэркъым зы хущхъуи зэрихьэлІэн.

Сызэрежьэжынум гу лъитауэ, нанэ жеІэ:

– Си щІалэ, хъуххэнумэ, ныщхьэбэ умыкІуэж.

Си анэр зэи лъаІуэ хабзэтэкъым зыгуэрым химыгъэзыхьауэ.

– Сыт щІэмыхъунур, нанэ!

Арати, пщыхьэщхьэшхэм и ужькІэ зыкъомрэ уэршэру дыщысауэ, нанэ си шыпхъум жреІэ:

– ЩІасэ, шхыІэнтебзэщІэри, щащыху жьыщІари, щхьэнтэтелъ бдари къащти си пІэр щІыж. – ИтІанэ сэ зыкъысхуегъазэ. – ПщІэжу пІэрэ, си щІалэ, ди псыр къиуауэ щІымахуэм щыщткІэ, абы цІыкІухэр кІэн фыщыджэгуу, чын щывгъэвууэ зэрыщытар? Уэ уешыпауэ, упсыфу, удияуэ укъэкІуэжырти уи лъакъуэр пхуэзгъэхуэбэжыну укъызэлъэІурт... Иджы, си щІалэ, чэзур ууейщ. СщІэркъым, зикІ схуэгъэхуэбэжыркъым си лъакъуитІыр. Жэщым подиикІ.

ПІэр ящІыжати, нанэ и лъэпагъ согъуалъхьэ. И лъакъуитІым зесшэкІауэ бгъафэм щІызокъузэ. Е уанэмахуэрэ, мыр сыту щІыІэ! Мыл кІанэу пыщтыкІами ярейт! Ар здэсІыгъым, сыгужьеяуэ си гур хощІыІыкІ. Ауэ зыри жызмыІэу зызоудыгъу, гурыгъум сызэщІищтауэ. Мамырт пэш кІуэцІыр, сыхьэткъеуэм и «тІыркъэ» макъырт зэхэпхыр. Си анэр зэрымыжейр белджылыт. Сэри, си жейр къемыкІуэу, сыхэлъат куэдрэ.

Си шыпхъуитІми си анэми, пыІэ зэрысщхьэрыгъым папщІэ, сыт щыгъуи къысхуащІырт гулъытэ лей, сызыхущыщІэ щымыІэу, Іуэху гугъуехьри сщхьэщахыу къызэгугъу зэпытхэт. Ауэ ар яхуэзмыдэу, пыІэ щысщхьэрыгъкІэ жысІэрти, ятелъ гугъуехьыр нэхъ згъэпсынщІэным сыхущІэкъурт. ИтІанэ, зумыгъэлІыфэмэ, пыІэ пщхьэрыгъыныр сытым и пэрмэн! Абы и закъуэтэкъым – махуэкІи жэщкІи сянэм и фэ дэкІ гугъуехьыр зыхуэдэр си нэрылъагъут. Ар мыжеижу дэркІэ фэІуадзэт, фэ цІынэр вакъэ тхуи-щІыну иІуэтырт. Ар тхуэшэцыкуэт, тхуэцейщэпкъот, ди лыр къимыщын папщІэ тхуэдыжэу, зыгуэрхэр тхуиду ихьырт... Топышэм икъута ди унэри

арат зэтезылъхьэжар чырбыш зырызу. Псыхъуэм псыхьэлъахуэу плIэкIэ къыдихар зыхуэдизыр пхуэмыIуэтэщIынт. Ай, нанэ, нанэ, си гъащIэ нэху, гупсэху зымыщIэу пIейтей, сыткIэ уи щIыхуэр зытесхыфыну!.. Ай, нанэ, нанэ, си гъащIэ нэху...

Пщэдджыжьым сыкъыщыушам, дыгъэ нэбзийр сэшхуэдзэу пIащIэу щхьэгъубжэIупIэ дазэм къыдидзырт.

«Ай, бетэмал! – си гур къолъэт. – Сыхэжаери, си зэранкIэ нанэ и нэмэзыр блэкIащ!» Хьэуэ, жей хуэдэщ. Мамырщ.

ЗэрыщIыIэ мылт нанэ и лъакъуитIыр. ЗесшэкIыпауэ бгъафэм щIызокъузэ, Iэ дызолъэ, къэмыушыным сыхуэсакъыу. АрщхьэкIэ сыщыуауэ къыщIэкIат.

– Укъэуша, си щIалэ, – къопсалъэ.

– Нанэ, си зэранкIэ уи нэмэзыр блэкIащ.

– Ягъэ кIынкъым. Спшыныжынщ. Укъэзгъэушыфакъым.

– Уэлэхьи, мыхъуа!

Сыкъыщолъэтри зызохуапэ. Нанэ и лъакъуитIыр зэрыундэрэбжьар белджылыуэ, ерагъ зэрытеувэр.

СыщыщIэкIам, си шыпхъум пхъэнкIын иухакIэт пщIантIэшхуэр. Жэмри ишауэ дегъэкI. Джэдхэри зэщIокъакъэ. Лъэджажэ джатэрэ и кIэр Iэтауэ зегъэпщ адакъэ плъыжьым.

Нанэ пщэдджыжь нэмэзыр епшыныжри пщэдджыжьышхэ дошхэ. Имыхабзэхххэу, пщэдджыжьышхэм и ужькIэ, абы шэнт щабэм зрегъэщI. Тэлай нэхъ дэмыкIауэ къотэджыжри гъуэлъыпIэм йогъуалъхьэ. СыпIейтеяуэ гъуэлъыпIэ натIэм сыбгъэдохьэ. Сызэрыщытым гу къылъитауэ зыкъысхуегъазэ, и IитIыр бгъафэм щызэбледз.

– Умыгузавэ, си щIалэ, – жеIэ хуэм дыдэу, и нитIыр зэтелъу. – УщIэгузэвэн щыIэкъым. Ярэби, умыщIэжу пIэрэ Налшык еджакIуэ узэрыкIуэгъар?

Нанэ и псалъэхэм сагъэуIэбжь. Ауэ зыкIи сфIэмыIуэхуфэу жызоIэ:

– Сыт щIэзмыщIэжыр!

Абы жиIахэм пищэж щымыIэу мамырыпат. Сэри сыумэзэхауэ сыщыму блэкIа зэманхэм сахотэрэзэж. Илъэс тIощIрэ тхурэ хъуат ебланэ классыр къэзухауэ, седжэну Налшык сызэрагъакIуэрэ. Бжьыхьэ щIыIэти, сянэм цы лъэпэдитI схуищIыну и мурадат, арщхьэкIэ ди унэм зы цы Iэрылъхьи имылъу къыщIэкIат. Нанэ къысIуоплъэ и гур хэщIу. Апхуэдизу нэщхъейуэ слъэгъуатэкъым зэи нанэ. Я нэхъ щыгугъуехьми зишыIэфу щытат абы.

Арати, зэрынэщхъей дыдэу мэтэджри хуеунэтI ди куэбжэм.

– Дэнэ уздэкIуэр, нанэ?

– Джэдэщым... Джэд купраузыр къэкъащи сеплъынущ.

Солъагъу игъазэу нанэ джэдэщым зэрыхуэкIуэр. ЩIохьэри щIэх дыдэу къыщIокIыж. Сымылъагъу и гугъэу дегъэзыкIри макIуэ ди гъунэгъум я деж. Арыххэуи къегъэзэж, нэщхъейуэ и IитIыр ныбащхьэм щызэблэдзауэ. И Iуэху къызэримыкIар белджылыт. Ди куэбжэм деж тэлайкIэ щытауэ къоплъэри, сIэщIэлъ тхылъым сыдихьэхыпауэ седжэу, езыми гу лъызмытэу фIэщIауэ, дохьэ уэрамым. Тэмэму къэсщIат ар здэкIуэр. Ди къуажэм дэткъым а чырбыш унэм нэхърэ нэхъ лъагэ. Зауэми къелат ар къыщыщIышхуэ щымыIэу. Фашистхэм я штабу щытат. Ар зейр Хьэгулывэ бынншэт. ЛIы Iэджи зэрихъуэкIат. Зыми емызэгъауэ иджы щхьэзакъуэт. Сондэджэрышхуэт. Нэмыцэм я щIэинкIэ иригъэжьауэ жаIэрт и сатур. Абы папщIи си нэр узырт, сытеплъамэ.

Нанэ Хьэгулывэ хуэкIуэу зэрыслъагъуу сыщIопхъуэ, си гур хуэгъуу, гурыгъукIэ узу сожэ. СылъэщIохьэри нанэ и Iэр соубыд.

– Дисэ, сыт пщIэр зищIысыр? Уи лъакъуэм къыкIэрыху ятIэм и уасэкъым а узэлъэIунур.

Къызошэж нанэ.

– Сыт мыгъуэр Iэмал атIэ, си щIалэ. СыIэмалыншэщ.

– УщIэгузэвэн щыIэкъым.

– Дауэ щымыIэу? ЩIыIэр къэсащ. Улъакъуэ пцIанэщ. Гуэншэрыкъ псыIэм лъакъуэуз уищIынущ. – Нанэ и нитIыр нэпсхэм къызэпажыхьат. Къыщиуду гъын къысфIэщIат.

– Дисэ, ущIэгузэвэн щыIэкъым. СыздэкIуэ еджапIэр унэ нэхущ, унэ хуабэщ.

– Сыт мыгъуэр сщIэн атIэ, нэгъуэщI мыхъуми, мыр здэхь, – жеIэри зы тумэн зэгуэт къызет. – Пхуэсхъумат мы тIэкIур гъуэгупщIэу, щIэщыгъуэ шхыни кърипщэхуну. Ауэ псом япэр лъэпэд хуабитI уиIэнырщ.

Ар нанэ щыжиIэм, сэри сыкъыщиуду сыгъыным зытIэкIущ иIэжар. Быдэу зесшэкIауэ содэхащIэ, и гур фIы хузощI. Гъуэгу тхылъ къэсщэхуу машинэкIэ сыкIуэну жызоIэ. Лъэпэд хуабитIкIи къызогъэгугъэ. АрщхьэкIэ, тумэным Налшык еджапIэм нэхъ сыщыхуеинкIэ хъунути, лъэпэд хуабитIи къэзмыщэхуу лъэсу сыкIуэгъат а махуэм...

Си гупсысэхэм сакъыIэщIэхужауэ соплъ нанэ. Сыщежьэм щыгъуэ, абы жесIа псалъэхэр сигу къыпылъэдэжат иджыпсту жесIэжыну: «Умыгузавэ, нанэ, си илъэсищыр мазищ пIалъэу фIэкIынщи къэзгъэзэжынщ сыегъэджакIуэу». Ауэ си анэр егъэлеяуэ сабырт, а жысIэм гу зэрылъитэ щымыIэу. ЗишэщIыпат. МащIэу къэскIат. ХэщэтыкIат ар хьэлъэу. Мыхъеижыххэу щымат. Жей куум хилъэфэпауэ пфIэщIынт. Ирежей атIэ мамыру. Сигу гъэтIылъауэ зэпыуа гупсысэм сыхотэрэзэж. Лъэс гъуэгум сытехутэжауэ щхьэрыхьу сыкIуэрт. Сабэ Iувыр си лъащхьэм къос, мывэ кIэщхъ жанхэм си лъэгур къауIэ. ЗысIыгъыу, зызгъэбыдауэ сабэ пщтырым лъэ пцIанэхэр хызопхъуэт. Бжьыхьэкут, итIани дыгъэр жьэражьэрт. СыздэкIуэм си гур къигъыкIырт, нэпс кIантIэм яуфэнщIауэ къысфIэщIырт, нанэ и гузэвэгъуэр спкърыхьэпауэ. Дауэ сымыгузэвэнрэт! Лъэпэд хуабитI къыслъитIэгъэну къару хуэмыщIу сыкъригъэжьат. Си нэрылъагъут абы и фэм гугъуехьу дэкIыр зыхуэдизыр. Зэз дыджу гурыгъу уэтэпсыр абы игу пIащIэм дэгъухьырт – лъэпэд хуабэншэу сыкъригъэжьат...

Си анэм соплъри – и нэгур нэхъ нэхут, фагъуафэт. IупитIыр мащIэу зэтекIат. Жьэпкъыпэр ехуэха щIыкIэт. Белджылыт жей гуащIэм зэрыхэтыр.

«Дисэ, – мэбзэрабзэ хуэм дыдэу си гур, – си нанэ, псом нэхърэ нэхъ гуапэ, схуэщхьэпэу си дахэщIагъэ, балигъ сыпщIри щIыгу хъугъуэфIыгъуэр къезгъэблу къару схэплъхьащ, пщIыхьэпIэу нэкъыфIэщIыгъэр щыпщIащ си гъащIэм бэян!..»

ЩIасэ къыщIохьэж. Нанэ йоплъри хокIиикI:

– Чэмал, мыр сыту фагъуэ! – тоIэбэ нанэ и натIэм. – А дыунэхъужа мыгъуэщ!..

Сэри сыкъэщтауэ нанэ зыхузодз. Гузэвэгъуэр мыл щIыIэу си гум йолъэтэх. СызэщIэдиящи, бзэмыIуу зытызошащIэ пIалъэншэу жея си анэм – си гъащIэ нэхум, гупсэхугъэмыщIэу гъащIэр зыхьам. КъыщIэпсэжынукъым абы и нитIым нэхугъэр. ИгъэIужынукъым афIэкI зэхэтхыу и псалъэр, анэ лъагъуныгъэ гурылъ дахащIэр. ЩIылъэм и бгъафэм

щIэлъыныржщ иджы абы и ухыгъэр. Аращ дуней хабзэр: «ГъащIэ зиIэм пIалъэ иIэщ».

Сытыр си Iэмал атIэ, нанэ? СлъэкIамэ, зысщIынут уи гущIагъщIэлъ, уи лъынтхуэ уэгъуэ, жьы Iурыхьэгъуэ!..

... Мэгъагъэ бгъэкIа уи хадэр, мэлъагэ къабзэу уэгу бзыгъэр, мэщхъуантIэ щIылъэр, къэкIыгъэу щыIэр гъатхэ дыгъэпсымкIэ зэщIэрыуауэ – хэхъуэну, гъэгъэну, лъхуадэ ящIыну зыхулъэкI псоми заIэт жумарту, зы гъащIэм гъащIэр къыпащэу.

# Къурш псынэ

Гуапэщ хэткIи псынэр.

Дехьэх абы уи псэр, гур егъэнщI салъкъынкIэ.

МащIэрэ сеплъакъым сэри къурш псынэм, къыр лъащIэ Iувхэр зэпхихауэ, ар къызэрыщIэжым. Къабзэщ нэпсым хуэдэу. ЩIыIэтыIэщ гъэмахуи щIымахуи, щтамыл хэлъ щIыкIэу. Сеплъыху къэси согъэщIагъуэ абы и зэфIэкIыр...

СыткIэ къытхуэлъытэну щIы къат зэтетхэм псынэр къазэрыпхыкI къарур, абы и псыIагъэ пкъыщIэм и лъэкIыныгъэр здынэсыр! Ар зылъэIэсыр сыт хуэдэ уэгъуми къерегъэл, хегъахъуэ, гъэгъэным хуегъэфI нэрылъагъуу.

Зэгуэрым бгыр къыгуэури псынэр щIиIубат. Языныкъуэм зэрыжаIэмкIэ, ар щIыкум ехыу зыщIифын мыхъумэ, дунейм къытехьэжынутэкъым. НэгъуэщIхэми жаIэрт щIы теуар къызэпхихыу, нэгъуэщI щIыпIэм къыщышкIурэжыну. Ауэ щыIэт ар бзэхыпауэ, къыщIэжыжынкIи Iэмал имыIэу зыIуатэ.

Сэ си фIэщ хъуртэкъым а псынэр бзэхыпэну. Сыщыгугъыт къыщIэжыжыну, гъащIэм гъащIэ хуихьу шэджанэщхъуагъэкIэ къэшкIурэжыну. Ар еслъытырт фIыгъэ щIэным хущыIэ цIыхугъэ гъащIэм. Езыр нэрылъагъуу, сытми хуэгукъабзэу, и зэфIэкIыр ехьэкI имыщIу. Ауэ щыIэт щхьэрыутIыпщыгъэм хуэщIарэ, нэгъуэщIхэр зыфIэмыIуэху цIыху гъащIи. Апхуэдэ гъащIэр щхьэхуэфIыгъэ къудейщ зыхуэпсэури, зыми хуэмыфIу, фIыгъэ гуэри имыщIэу мэкIуэдыж. Абы фIэIуэхукъым уи псыни, уи гурыгъугурыщIи, гухэщIыгъэ пэжри...

* * *

Аслъэн ямыщIэххэу зэуэ къэкIуэжат, и анэми Iыхьлыми хъыбар ярымыгъащIэу.

Ар пщIантIэм дохьэжри и къэп цIыкIур и плIэм ирех, пхъуантэр щIылъэм егъэув. И блэм едза урыс цеищхъуэр жыг къудамэм фIедзэ. Абы и жыпым къэдабэ кIапэ кърехри и шырыкъуитIым ятолъэщIыхь. IэпхъуамбэшхуитIыр къубас бгырыпхым дедзри и джанэр щIыбагъым щызэхуелъэфэс. И джанэпщэр егъэлалэ. Лажьэ зимыIэ гъуэншэджым йосэбауэ. Уардэ Iэпкълъэпкъыу уващи, зоплъыж. Лажьэншэщ. Зий хэти къегъэплъ. Сыт илъэныкъуэкIи щIалэ зэкIужщ.

И жьакIэр къэмыкIагъэххэми ярейуэ, къабзэ дыдэу зэщIэупсат. И пащIэ мыин дыдэри екIупсу мащIэу дэгъэджэрэзеят. Аслъэн зэрызыфIэфIыжым папщIэ и пащIэ псыгъуитIми нэхъ заIэтауэ фIэщIт.

Арыххэу абы зегъэщхъ, къэп цIыкIумрэ пхъуантэмрэ къищтэжыну.

КIуэаракъэ, щIым къыщIэтэджыкIами ярейуэ, абы и пащхьэ къохутэ зы хъыджэбз цIыкIу, Iэслъэсу, сабийуи балигъыуи пхуэмылъытэну. Аслъэн абы хуиту Iуоплъэ. НэкIу хъурей къамылыфэщ, и пыжьынэ цIыкIуитIыр гуфIагъэ гуэркIэ зэщIолыдыкI. Щхьэц ухуэна пIащэр и бгъэм къедзыхащ.

– Къохъусыж, Аслъэн! – жеIэри укIытэхыу, къыIумыплъэу пхъуантэр къищтэну мэIэбэ.

– Упсэуж! Уэ дэнэ сыкъыщыпцIыхур?

– УзоцIыху, тхьэ.

– Хэт узипхъур?

– Хьэцацэ.

– Хэтхэ я Хьэцацэ?

– Ажахъуэхэ!

– Ажахъуэхи?!

Ар сыту телъыджэ! Аслъэн зэригъэщIэгъуэнур ищIэртэкъым. Ар Хьэцацэ ипхъууи? ЛIы дэкIуауи! Зэт, зэт! ГупсысэкIэ хъун атIэ ар! Аслъэн къызэрытар илъэсищ къудейщ зэрыхъур! Хьэцацэ лIы дэкIуэпауи щIы, мыпхуэдэпхъу иIэнкIэ Iэмал зимыIэщ. Мы хъыджэбзыр, нэхъыщIэ дыдэми, илъэс пщыкIуплIым иту къыщIэкIынщ! Сыт щхьэкIэ, пхъу зиIэ гуэрым дэкIуамэ-щэ?

Аслъэн гуитIщхьитIу хоплъызэ. НэгъуэщI жиIэн имыгъуэту, аргуэру йоупщI:

– Сыт уи цIэр уэ езым?

– Санэщ.

– Санэ, Санэ... – хогупсысыхь аргуэру. Ауэ апхуэдэцIэ зиIэ цIыхугъэ иIауэ къыхуэмыщIэу, и щхьэр егъэсыс. – АтIэ дэнэ сыкъыщыпцIыхурэ? – жеIэ Аслъэн, хъыджэбз цIыкIур къызэрыфIэIуэху щымыIэжу, ауэ сытми игъэпсэлъэн хьисэп мыхъумэ, и псалъэри зыхилъхьэ щымыIэу.

Аслъэн и макъым къыхэщ фIэIуэхуншагъэм гу лъитауэ, Санэ цIыкIуи мащIэу хуэщIыIат а щIалэм, ауэ а фэр зытримыгъэуащэу къыжеIэ:

– УзоцIыху, тхьэ!.. Къэрал гъунэм къулыкъу щыбощIэ...

– ЗэфIэзгъэкIакIэщ, – зэпеуд Санэ и псалъэр Аслъэн. – ЗэфIэзгъэкIри сыкъэкIуэжащ...

– Тхьэ, атIэ Къанэ дэмыс.

– Дауэ дэмысу?

– Дэскъым, тхьэ! КIэртIоф зэхадзыну яшащ губгъуэ хьэмым. Жэщхэсу мэлажьэ.

– Уи анэр-щэ?

– Си анэри?..

– Дэнэ зыщылажьэр, дэнэ фыщыпсэур?

– Фермэм щолажьэ. Ди унэр моращ, – Санэ и Iэр я гъунэгъу унэм хуеший. – Дызэгъунэгъущ.

– Ари пэжщ, – жеIэ Аслъэн и псэлъафэм щыщ зыуэ. Лажьэ зимыIэ джанэкIэр ирешэх. И цейр жыгым къыфIехыж. Санэ Iэ лъэныкъуэмкIэ пхъуантэр иIыгъыу, къэп цIыкIуми мэIэбэ. АрщхьэкIэ къэпри пхъуантэри Аслъэн Iехыжри унэбжэм хуеунэтI. Гъэбыдат унэм и бжи и щхьэгъубжи.

Сыт ищIэнт? Аслъэн йотIысэх бжэIупэм Iут дей жыгышхуэм и щIагъ щIэт тетIысхьэпIэм. Аслъэн зэрищIэж лъандэрэ абдеж щытт а жыгыжьри тетIысхьэпIэри. А пщIантIэм дэт дэтхэнэ зыри и нэIуасэт абы.

Чыху псыгъуэ цIыкIу къищтащи, и сабиигъуэм зэрищIу щытам хуэдэу, бжэIупэ псыIэрышэм хегъэджэгухь.

Дыгъэмрэ уэшхымрэ зи фэр ираха тетIысхьэпIэр сырыхут. Ар япэм Аслъэн паровоз пэлъытэу иIэти, абы тесу дуней псор «къызэхикIухьырт». Шыгъуэгум дэт щиху задэр и уафэ кхъухьу щытат. Абы и щхьэкIэ лъагэм дэкIуейрти, уэгу щхъуантIэр «къызэхилъэтыхьырт».

– АтIэ мыбдеж ущысу Къанэ упэплъэну? – къоупщI Санэ, жыг лъэдийм зригъэщIауэ здэщытым. Мо жыг IэплIакIуэшхуэм здыбгъэдэтым, Санэ нэхъри Iэпсыгъуэ-лъэпсыгъуэ щIэхъукIырт. И бостей хужь цIыкIум и бгыр щIэкъузыкIати, кIуэаращ, IэмыщIэизу къыпщыхъунт.

Аслъэн, хъыджэбз цIыкIур зыкIи къыфIэмыIуэхужу хэгупсысыхьати, Санэ и псалъэр зэхихатэкъым.

– И зо, ущысыну мыбдеж?

– АтIэ сыт сщIэн? – жеIэ, и Iэдакъэр жьэпкъыпэм иригъэкъуауэ здэщысым.

– Къанэ жэщхэсу хьэмым щыIэщ.

– Ари тэмэмщ, – жеIэ и псэлъафэ гуэрыр.

– Ди деж накIуэ, – жеIэ Санэ темыгушхуащэу, жыгым зыпэщIихауэ Аслъэн къеплъу.

Аслъэн, аргуэру хэплъызэпауэ гупсысэрти, Санэ и псалъэр зэхихатэкъым. Абы и гур зыIыгъыр зыт – пэжу пIэрэ атIэ Хьэцацэ лIы дэкIуар?

Ар къотэдж. И фурашкIэр кърегъэкIуэтэх. И цейр еутхыпщI, пхъуантэр къещтэ, егъэувыж.

– Санэ! А си тIасэ! – къоджэ бзылъхугъэ гуэр. – Мыдэ къакIуэт, си псэр зышхын!

Санэ зыри жимыIэу щытщ.

– Уэращ ар зэджэр. Щхьэ ущыт?

Хъыджэбз цIыкIур къыжьэхоплъэ ней-нейуэ щIалэм. ПIейтеипауэ и нэкIущхьитIыр мэтхъуэплъ, мэплъыз и нитIыр, Аслъэн зыгуэркIи гу къалъимытэу.

– АтIэ укIуэну Къанэ деж хьэмым? – Аслъэн жиIар фIэмыIуэхуу, Санэ къоупщI абы.

– Уа, сыт уэ узыхэтыр?

– Тхьэ, зыми сыхэмыт! – Санэ зеуфэ щIыIэ-щIыIэу. – Сыздэпшэн зоIэри аращ.

– Дэнэ?

– БжесIаи – Къанэ деж. КIэртIоф щызэхадз хьэмым. Сэри садэIэпыкъуфынут абы.

– Зы щIыпIи сыкIуэнукъым. Мис мыбдеж сыщыпэплъэнущ си анэм.

Псалъэмакъыр зэхихауэ, пщIантIэм къыдохьэ Аслъэнхэ я гъунэгъу фызыр. Санэ, абы гу лъитауэ, зепхъуатэ, бжыхь щхьэдэхыпIэм йолъэри я пщIантIэ долъэдэж.

ПщIантIэм къыдыхьа фызым Аслъэныр къилъэгъуауэ къыбгъэдолъадэ.

– АIей-гущэ, мыр Аслъэн!

– Уузыншэм, Жанпагуэ! – къотэджри фызым пожьэ Аслъэн.

Ахъшэм хъуати, пшапэр зэхэуэрт. Жанпагуэ, илъэгъуар зэры-Аслъэныр и фIэщ мыхъупауэ, бгъэдохьэпэри аргуэру йоупщI:

– АIей, у-Аслъэнкъэ?
– Тхьэ соIуэ, сэракIэ!
– А дэ ди тхьэ! Сыту фIыт! Сыту гуфIэгъуэшхуэ атIэ! Лъапэ махуэ дыдэ къытхуэпхьыжауэ тхьэм къыщIигъэкI!
– Тхьэм уиузэщI!
– Мыр сыт-атIэ, мыбдеж щхьэ ущыс, унэм ущIэмыхьэжу?
– Унэр гъэбыдащ.
– Азалыхь, пэжмэ. ЖьыкIэфэкIэр, къанэ щымыIэу, кIэртIоф зэхэдз яшащ. АтIэ мыбдеж ущыс хъункъым. НакIуэ ди деж.
– Тхьэм уиузэщI. Ягъэ кIынкъым. Ди анэр ныжэбэ къэмыкIуэжмэ, си гъуэлъыпIэр хьэзырыххэщ – мо щIэщIым щIэт тахътэбаным силъынщ.
– Алыхь, ар мыхъун, иджы жэщыр щIыIэщ.
– СесакIэщ сэ апхуэдэм.
– Ярэби, дэнэ щыбзэха мы хъыджэбзыр? – жеIэ Жанпагуэ, Аслъэныр фIэмыIуэхужу.
– Санэ жыхуэпIэр?
– Арат.
– Я деж кIуэжа си гугъэщ.
– Хьэцацэ ныщхьэбэ фермэм къикIыж хъунутэкъыми, къызэлъэIуащ Санэ си деж щызгъэIэну... Аслъэн, азалыхь, уэри ди деж унакIуэмэ, нэхъыфIтэмэ.
– Хьэуэ, тхьэм уиузэщI... Хьэдис щыIэ?
Жанпагуэ и Iэр ину ещI:
– АIэ, дэнэ ар щыпхудэсыр! Университетым экзаменхэр зэрыщиухыу, екъури ежьэжащ. ЩIалэгъуалэ гуп гуэрым хэту, Сыбырым щащI гъущI гъуэгум щылэжьэну кIуащ.
– Студент отряду къыщIэкIынщ.
– Аращ, ар дыдэщ. Азалыхь, Аслъэн, уи закъуэ удэзэшыхьыну къыщIэкIынмэ. Ди къуажэ щIалэхэр зэбгрыкIащ. Зыкъомыр ухуакIуэу ежьащ. Зи дзэ кIуэгъуэхэри дзэм яшащ – Хьэмыкъуэ зэшитIри, нэгъуэщI щIалищи, уэ пхуэдэу, къэрал гъунэм къулыкъу щащIэну яшауэ жаIэ. ЕджапIэ кIуахэри мащIэкъым.
– Тхьэ соIуэ, мыхъуакIэ а жыхуэпIэр, – жиIа щхьэкIэ, Жанпагуэ жыхуиIахэм папщIэ Аслъэн игу зэрыгъушхуэ щыIэтэкъым. Пэжу, и пограничник фащэр щыгъыу, сержант нэхъыщхьэ дамэтелъри хуэдыщафэу зытелъ Щауей Аслъэн къыхэкIа зауэлIыр зыхуэдэр игъэлъэгъуэну и жагъуэтэкъым.
Жанпагуэ зэрыдэкIыжу, Хьэцацэ хуищIа гупсысэм Аслъэныр хотэрэзэж аргуэру. «Ари тэмэмщ» – и щхьэ хужеIэж Аслъэн и псэлъафэр. И гупсысэм къыIэпыхужауэ, хьэпшыпхэр зэщIекъуэри макIуэ я хьэщпакъ щIэщIым. Тахътэбаным хьэуазэ ирелъхьэри арджэныр треубгъуэж. И къэп цIыкIур щхьэнтэ папщIэу пIэщхьагъ ещI. Жыгым фIэдза и цейр къихыжыну къыщыщIэкIым, имыщIэххэу Санэ къохутылIэ.
– Мыр сыт, мыбдеж щхьэ ущыт?
– СыкъыбогъапцIэ, тхьэ, – жеIэ абы хуэм дыдэу. – СыкъэбгъэпцIэнурэ, Къанэ деж укIуэнущ пщэдей.
– Сыт жыпIэр? Тхьэ соIуэ, зыщIыпIэ сымыкIуэну! КIуэ аддэ, зегъэхь!
Санэ зрелъэфыхь, фIэмыфIу IуокIыж.

* * *

Санэ жьы дыдэу къэтэджат. Къэтэджри Жанпагуэ и пэшым щIэбзэхыкIат. Фызыр къэушри хъыджэбзыр пIэм хэлъу щимылъагъум, я деж кIуэжагъэнщ жыхуиIэу, къыщIэкIащ унэм, жэмыр ишыну. Пэгуным псы ирегъэжыхьри макIуэ жэмыр зэрыт Iуэм. Абы и жэмыр зыщIэт бэкхъыр Аслъэнхэ я шындэбзий ипщэм къыпытти, щIалэр зыщыжей щIэщIыр хуиту елъагъу. Жанпагуэ и нитIыр арыххэу Санэм тохутэ: хъыджэбзыр лъапцIэу, джанэ пIащIэ тIэкIу фIэкIа щымыгъыу, дей жыгышхуэм зришэкIауэ щытщи, Аслъэн жьэхоплъэ. Хэт ищIэн а тэлайм Санэ игу щыщIар зищIысыр, абы и псэр зыщыхьэщIар, и гурыщIэр щызелъэтар. Ауэ сытми сабий хъуэпсэнэ ар зэрыплъар, хьэмэрэ мыбелджылыми, ныбжьыщIагъэ гугъэм и жьыщIэху мащIэм къэрабэ цыбэу зэрихьэ нэкъыфIэщIыгъэкIэ плъызауэ ара а хъыджэбз цIыкIум и гухэлъ зи щыпэплъэгъуэр? СыткIэ ар къыпхуэщIэн – сабийщ иджыри!..

Жанпагуи хищIыкI щымыIэу хуохъущIэ абы:

– А телъыджэ, щхьэ ущыт абдей?! Сыт напэтех а уи щытыкIэр! ИкIэщIыпIэкIэ кIуэи зыхуапэ!

Санэ, жьым ипхъуатэу ежьэжа щIыкIэу, абдеж Iуобзэхык I.

– Джэдхэр гъашхи, къыщIэгъэкI! – кIэлъыжеIэ щIэпхъуэжа хъыджэбз цIыкIум. – Шхэи, зумыгъэгувэу еджапIэм кIуэ!

Жанпагуэ, Iэмал зэриIэкIэ, зимыгъэIуным хущIэкъуат. Ауэ абы и макъым Аслъэн къегъэуш. Къэушамэ, зы дакъикъэ хэмылъыжу есати, къыщолъэт. Тахътэбаным къолъыхри зеудынышIэ, къежыхь, долъей, къолъых. Гимнастикэ ещI. Дзэм кIуэным и пэкIэ игъэува турникым зыкърех. Iэблэ, куэ лыпцIэхэр ешытIэ. Атлет IэпкълъэпкъыР зэкIужу щIалэ есыр мэзекIуэ. ИужькIэ и пхъуантэм сабын, дзэлъэщI, напэIэлъэщI къыдехри псыIэрышэ цIыкIум зыщетхьэщI, псы ткIуэпс пIащэхэр зэбгриутхыкIыу.

ЩIыкъыкъыу зелъэщIыжри и Iэпкълъэпкъыр мэплъ, нэжэгужагъэм зэщIещтэ. Дыгъуасэрей гурыгъу-гурыщIэр щхьэщыкIуэтауэ, нэхъыфIкIэ мэгугъэ.

Аслъэн зехуапэри щIэщIым къыщIокI. Арыххэуи и пIэ йожыхь: дэшхуей къудамэхэм Санэ къахокIуэт. Дыгъэпсым игъэнэху шылэ бостей плъыфэм нэкIу къамылыфэр апхуэдизкIэ зэщегъэсыкIри дыгъэ къыщIэкIагъащIэр пшэплъ дыхьэрэным къыхэлыдыкIыу фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым.

Къудамэ ещIыхам къыщIэкIуэтауэ, Санэ пщIащэ щхъуантIэм едзэпыIэу, хэпщIыкI къудейуэ къыщIоплъ. И щхьэцыр зэкIэщIэпхъауэ и плIэм йощIых.

Зыми емыплъу, гулъытэ ищIуи къыпхуэмыщIэу зепхъуатэ. ЩIалэ цIыкIу хьэлу, турникым йожалIэ. Дэпхъуейри иубыдауэ зыщIеупскIэ. ХущIэрыуауэ зыдрехьей. Зы Iэр хуит ещIри и натIэ щхьэцыр иредзэкI. Арыххэу зегъэкIэрахъуэ. БостеикIэ диупщIари къеутIыпщыж. Щхьэц фIыцIэ Iувыр зи къэухь нэкIуплъым пщэдджыжь дыгъэпсыр топщIыпщIыкIри, пшэкIухьым къыхэщ мазэщIэу фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым.

– Сыт пщIэр, зиунагъуэрэ? – къэщтауэ Аслъэн абы йожалIэ. – Укъехуэхрэ узэгуиудмэ, зэфIэкIакъэ! – ЩIалэм къепхъуатэ хъыджэбзыр. Сани и мыжагъуэу IэплIэм зрегъахуэ. Аслъэн зэрымыгугъауэ зипкъэ зилрэ зэIэщIэлът а хъыджэбз цIыкIур, къехьэлъэкIат, IэщIэлъэтынми тIэкIут иIэжар.  Ауэ хуабагъэ-щабагъэу зыхищIат Аслъэн хъыджэбз тIымыщ цIыкIур. Ар игъэщIэгъуэным хунэмысу, Санэ Аслъэн и пщэм зрешэкI,

нэкIукIэ и натIэм зрекъузылIэ. Дыгъэ бзийхэм Iэ къыдалъэми ярейуэ, щIалэр къызэщIонэ. Санэ арыххэу зыIэщIепхъуэтри пщIантIэм добзэхыкI.

И пIэ ижыхьауэ щытащ Аслъэн тэлайкIэ, Хьэцацэхэ я пщIантIэмкIэ плъэуэ.

– Тхьэ соIуэ, зеищ дыдэу си мыгугъэ а хъыджэбзыр, – толъэщIыхь и натIэм. – Хьэмэрэ турникым къызэресхьэхыжам папщIэ фIыщIэ къысхуищIауэ ара?.. Сабийщ ар иджыри...

Санэр фIэмыIуэхужу, Аслъэн мэтIыс и жьакIэр иупсыну.

* * *

Жанпагуэ и пщэдджыжь гъэшыр кхъузанэкIэ изауэ, Бабынэ и шэщIэхум ехь. Абы пщэдджыжь къэс хьэблэ фызыр щызэхуос. ДэIуэнкIи IуэрыIуэдзынкIи фызхэм махуэ къэскIэ зыщагъэнщIырт Бабынэ и деж. Нышэдибэ япэу къыхэзыдзар Жанпагуэт:

– Зэхэфхакъэ, на, Аслъэн къэкIуэжащ?

– Хэт и Аслъэн?

– Къанэ и къуэ закъуэр.

– Хьэцацэ и мыгъуэри?

– Ар дыдэр... Ауэ, азалыхь, сигу иримыхь абы и щытыкIэр...

– Сыту?

– Азалыхь, сымыщIэ, ауэ Хьэцацэ и мылъхупхъур дихьэхыу къысфIощI.

– Хьэцацэ-щэ, на?

– Хьэцацэ сыт, фермэращ нахуэрэ Iуэхуу иIэжыр. Ныжэби нэху къыщекIащ абы... Азалыхь, а хъыджэбз цIыкIум лажьэ имыIэ. Лажьэр зыбгъэдэлъыр Къанэщ. Езыр щхьэзакъуэу махуэ псом зэшырти, хъыджэбзыр ишэмэ, дунейм тетыр и къуэм папщIэ иIуатэурэ дихьэхащ. Письмо къыхуигъэхьахэми, дзэм я Iэтащхьэм къуэфI бгъэсащ жиIэу къыхуигъэхьа тхыгъэ нэгъуни къыхуеджащ, лIыгъэ зэрихьам папщIэ дыщэ сыхьэт къызэрыратами щIигъэдэIуащ. Иджы хузэригъэпэща лэгъунэм и блыным хуэфIу фIэдзащ Аслъэн и сурэтхэр. Хъыджэбз цIыкIур а псом дахьэхауэ къыщIэкIынщ. Санэ и ныбжьыр езыр делэгъуафIэ дыдэм щит зэманщ.

– Ана, жыпIэр сыт, сабийщ ар?..

– Азалыхь, мысабиищэ. ЕпщыкIутхуанэм итщ. Еянэ классым макIуэ.

– Дэнэу пIэрэ Хьэцацэ ар къыздрихар?

– Азалыхь, и пэжыпIэр сымыщIэ. Езыр, и лIыр лъхуэркъыми, къикIыжащ. Абы и ужькIэ, Аслъэн дзэм яшэри, щIагъуэ дэмыкIыу колхозым къагъэкIуа зоотехникыщIэм хухэтауэ жаIэ, дэкIуэн и гугъэу. АрщхьэкIэ зыкъомрэ къигъэгугъауэ, зызэридзэкIыжри, нэгъуэщI къишащ. Мы хъыджэбз цIыкIур, зэрыжаIэмкIэ, Хьэцацэ и шыпхъу нэхъыжьым къыIихащ. КъыщIыIихари лIыкIэ мыгугъэжу аракъым, атIэ и шыпхъум илI ефэрейр къыщинэри нэгъуэщIылI дэкIуауэ Къэбэрдейм иIэпхъукIти, аращ.

– Я дэ ди тхьэ, сытуи тыншу дэкIуэрэ, нэхъ щIэхыжуи зэбгъэдэкIыжрэ атIэ иджырей цIыхухэр! Зыр бгъэдокI, нэгъуэщIыр докIуэж...

– Аракъэ, азалыхь. Санэ цIыкIу мыгъуэр сфIэпсэкIуэдщ. И закъуэпцIий мыгъуэщ. Ныбжьэгъуи жэрэгъуи иIэкъым. КъызэрыкIуам хуэдэу, псоми ящыхамэщ. Хьэцаци зэрыхуэгущIэлъ щыIэкъым абы.

ШэщIэху физ хъыбарым зиIэтыпат. Ахэр зи щхьэфэ имыIэбэ щымыIэ-

жу къыпфIэщIынт. Iэджэм тепсэлъыхьауэ, Аслъэн и хъыбарым аргуэру къытрагъэзэж. Абы IэщIагъэлI еджапIэр къиухыу электромонтеру фермэм къыщыкIуагъащIэр фыз гуэрым игу къегъэкIыж. Жэмышхэр псори нэхъыжьт Аслъэн нэхърэ. «Щауэ цIыкIут» ахэр къызэреджэри, Аслъэн зипIытI-зихузу ихьырт укIытэу. Ауэ тIуэкIу-тIэкIуурэ яхосыхь.

Зэгуэрым Хьэцацэ иIыгъ жэмхэм ящыщ «Джэмыдэм» и лъакъуэр шхалъэм дэнауэ Аслъэн ирохьэлIэ. Жэщ псом щылъат жэмыр апхуэдэу. Аслъэн жьы дыдэу къэкIуауэ ар елъагъури къыдегъэкIыж. Абы лъандэрэ къеуэсами ярейуэ, Аслъэн щыблэкIкIэ, къыхуеплъэкIыу къебурт.

– Тхьэ дыдэ «Джэмыдэжьыр» ди монтерым егуэкIуамэ! – жаIэу дыхьэшхи щыIэт.

– Хьэуэ, а щIалэм, и нэр зытена щыIэщ.

– Хэту пIэрэ?

– Белджылыщ – Ажахъуэхэ я пхъужьырщ.

– КхъыIэ, жывмыIэн жывмыIэ! Ажахъуэхэ я пхъужьыр илъэситхукIэ нэхъыжьщ а щIалэм нэхърэ!

– Сыт нэхъыжьмэ! Хьэщыкъ ищIауэ, азалыхь толIэмэ!..

Хьэцацэ жэщ псом жеятэкъым – Аслъэн къригъэла «Джэмыдэр» кIыхьлIыхьу лъхуат. Нэхущ хъупауэт шкIэ фэкъу цIыкIур дунейм къыщытехьар. ЕлъэщI, егъэгъущ, тIэкIуи щIегъэфри, щIэлъын хуабэм шкIэр хигъэзэгъауэ, езы Хьэцацэ ПсыкIэху макIуэ зигъэпскIыну...

Аслъэн сыт щыгъуи жьыуэ кIуэрт лэжьакIуэ, жэмыш Iуэрбжэрхэм я ауаныр зэхимыхыу, зыхуей псори илэжьын папщIэ.

Дыгъэр къыщIэкIа къудейт. Пшэплъым тафи, бгъуэщIи, къурши зэщIилат зэрыджэпсыфэу. ПсыкIэхуми къыхэлъадэ хуэдэт а зэрыджэпсыр.

Аслъэн, пщэдджыжь пасэти, емыпIэщIэкIыщэу кIуэрт фермэм. Хьэуа къабзэм игъэжанат, жыджэрыгъэ хэхакIэ къызэщIэплъати, ар сытми хуэнэжэгужэт, жагъын гуэри дунейм щыщыIэхэнкIэ мыгугъэу. ИIэ хабзэщ апхуэдэ гурыщIэ зи щIэщыгъуагъэр мыух щIалэгъуэм. И дунейр нэхущ, гупсэхугъэр лъагэщ!..

Гъурц Iувым пхыкI лъагъуэм тету здэкIуэм, имыщIэххэу, Аслъэн, и нэгу къыщIэхутам и нитIыр зэуэ тодие. Псым бзылъхугъэ гуэр къыхэкIыжауэ, и гупэр дыгъэм хуэгъэзауэ, щхьэц Iув кIыхьхэр и щIыб иредзэкIри зелъэщI. Абы Iуоплъэ Аслъэн хуиту. Елъагъу нэ пIащэ фIыцIэхэр, нэбжьыц кIыхьхэр я къэухьу, набдзэ къурашэхэр къащхьэщыту. Шэч хэлътэкъым – ар Хьэцацэт. Iэпкълъэпкъ зэкIужыр пхъащIэ Iэзэ гуэрым къыхибзыкIами ярейуэ, нэр пIэпызыхт, шылэху щIыфэр мыIэрысэ хъупауэ пкъыщIэу, хуэплъыфэ мащIэт. Щхьэц Iувым пыткIуа щыгъэху ткIуэпсхэр псы Iуфэ пшахъуэм пщIыпщIу хобзахэ.

Аслъэн, и нитIыр зэрыплъызати, и пIэ икIатэкъым иджыри... Пшэплъ нурыр зытелыдыкI пщэху лъагэри, плIэ щабэ хужьри, бгъэ пщыгъэ яери гум хыхьэпат, псэр яхьэхуат ягъэплъыржьэру.

Щытащ абдеж Аслъэн тэлайкIэ, бзылъхугъэм хьэщыкъ ищIауэ.

Хьэцацэ мыпIащIэу зехуэпэж. И щхьэцыр имыухуэну зэкIэщIэпхъауэ плIэм иредзых игъэгъущыну. ТуфлъитIыр зылъимытIагъэу, IэкIэ иIыгъыу, лъапцIэу мэкIуэж гъэш фермэм.

Аслъэн тэлайкIэ тесащ псы Iуфэ мывэшхуэм. Ар фермэм щынэсыжам, монтерым ищIапхъэ псори езы жэмышхэм зэфIагъэкIат.

Хьэцацэ, силос зэрылъ мащэм деж здэщытым, Аслъэн къыбгъэдохьэ. ГъущI гуахъуэр бзылъхугъэм IэщIехри силосыр кърех. Хьэцацэ игъэщIа-

гъуэу еплъырт монтерым гуахъуэр зэригъэIэкIуэм, силосыр екIуу зэрызэтрихым.

– И щIыIу телъыр къэгъэнэн хуейщ, ар игъуэ хъуакъым, – жеIэ Аслъэн.

Хьэцацэ игъэщIэгъуат – Аслъэн монтерщ, мыбы къэкIуагъащIэщ, атIэ дэнэ щищIэрэ силосым и пIалъэ? Ауэ бзылъхугъэм зыри жиIатэкъым.

Жэмхэм мэкъумылэ етыныр зэфIэкIа нэужь, Аслъэн хуэм дыдэу йоупщI:

– Хьэцацэ, унэкIуэжыну къуажэм?

– Сыт щIыжыпIэр?

– ЗэщIыгъуу дыкIуэжынт...

– Iужажэхэр къытхуэбгъэгуфIэнуи? Тхьэ дыдэ, сыт зэхэтхыу жылэм яхэтхьэн жаIэри я тхьэкIумэр гъэкIамэ.

– СыарэзыкIэ, тхьэ соIуэ.

– Тхьэ, сэ сымыарэзы. Си щхьэгъусами зыгуэр къыздилъагъуу сигъэулъииным щIэхъуэпсу ехь.

– Сыт ихьмэ, фызэIэпыкIыжакъэ?

– Хьэуэ, тIолакъ зэIытхакъым.

Аслъэн зэуэ мэщым. Ар игукIэ зэныкъуэкъужу зыгуэрым егупсысырт. ИкIэм-икIэжым, тегушхуауэ къыжеIэ:

– Дегъауи, нэгъуэщI щIыпIэ дыгъакIуэ, Хьэцацэ!

– Сыт жыпIэр, на, гущэ!

– Си фIэщу жызоIэ.

– Дауэ жыпIэн – мыгувэу дзэм уашэнущ, – хущIоплъ абы Хьэцацэ. Арыххэуи игу къокIыж и анэжьым зэризакъуэм папщIэ Аслъэн дзэм ямышэу зэкIэ къызэрагъэнар. Абы и адэр зауэм къыщытехуа фэбжь хьэлъэм зэрилIыкIрэ куэд щIатэкъым.

– Сэ пIалъэкIэ сыкъагъэнащ. Сраджауэ щытами, къулыкъур зэрызухыу къыпхуэзгъэзэжынт! Укъызэжьэнтэкъэ?

– Тхьэ, узэрыдэкIыу сыпщыгъупщэжынтэмэ, – жеIэ Хьэцацэ щIэгуфIыкIыу.

– Лъагъуныгъэр нэсу пэжмэ, пэIэщIагъэр зыми щыщкъым!

Хьэцацэ мэдыхьэшхыпэ:

– Мыпэжмэ-щэ?

– Сэ зы тхылъ гуэрым иту седжэгъащ лъагъуныгъэр пэж-мыпэжкIэ зэхэпх мыхъуну. Лъагъуныгъэр сыт щыгъу лъагъуныгъэщ!

– Бзэгур къупщхьэншэщ, дэнэкIи пшэ мэхъу, мыхъун Iэджи къепсэлъыф.

– Хьэуэ, сэ жысIэм мыхъун хэлъкъым!

Хьэцацэ и дамитIыр хеш.

– Ана, уэ нэхърэ сынэхъыжьщ... ЛIы сиIащ... Урехьэжьэ уэ сэ слъагъур гупсысэншэ-шы мыгъасэм! Тхылъ гуэрхэр щIэбджыкIауэ укъытелъадэу аращ.

– Хьэуэ, аракъым...

– УщIалэ мыгъуэщ уэ иджыри, – бзылъхугъэм Iэпеуд Аслъэн и псалъэр. – Уи дзэ къулыкъур зэфIэбгъэкIрэ укъэкIуэжмэ, жыпIэм деплъынщ...

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Аслъэн военкоматым кIуэри елъэIуащ икIэщIыпIэкIэ дзэм ягъэкIуэну.

Зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу, Аслъэн дзэм яшащ.

* * *

Пщыхьэщхьэм Къанэрэ Хьэцацэрэ зэщIыгъуу къыдыхьэжащ. Аслъэн пIэр ищIыжу хьэщпакъым щIэтти, ар къызэрилъагъуу, анэр къожажьэ. Хьэцацэ дей жыгышхуэм къыбгъэдоувыIэ.

Къанэ мэгъынанэ, и къуэм зришэкIауэ. Гъынанагъэм къыхопсэлъыкI: «А си нэ, а си псэ, си гъащIэ нэху, си гупсэхугъэ!».

Аслъэни анэм зрешэкI, ауэ игури и псэри Хьэцацэ деж мэлъатэ. Уи нэмыси уи хабзи фIэмыIуэхужу ипхъуэтэнут, зищтэнурэ ирихьэжьэнут! АрщхьэкIэ ар Къанэ иIыгът зришэкIыпауэ, и нэкIу зэлъахэр бгъафэм щIикъузэу.

Хьэцацэ зиIэжьэ мыхъуу:

– Къохъусыж, Аслъэн! – жеIэри я деж мэкIуэж.

Къанэ Аслъэныр зримыгъэплъэкIыу унэм щIешэж, игъэтIысащи, IэджэкIэ йоупщI. ЖиIэр фIэмащIэу йодаIуэ.

* * *

Жэщыбг фIэкIауэт Къанэ щыгъуэлъыжар. ИужькIи куэдрэ пэплъат Аслъэн, анэр химылъафэурэ.

Аслъэн щхьэгъубжэм докIри хадэм йохьэ. Iэуэлъауэ лъэпкъ имыщIыным хуэсакъыу, Хьэцацэхэ я щхьэдэхыпIэм йобакъуэ.

Хьэцацэ и пщIантIэшхуэр мамыр дыдэт. БжэIупэ жыг щIагъым щIэуващи, щIалэм зеIэжьэ. Мыбэуэжыххэми ярейуэ, шэщIауэ мэдаIуэ. Зыгуэр къэчауэ фIэкI умыщIэну мэIэуэлъауэ: гуэгушышхуэ гуэр жыгым къехуэхри Аслъэн къытехуэным тIэкIут иIэжар. КъызэрыщIэкIымкIэ, Хьэцацэ и гуэгушхэр жыгым тесу нэху къекIырт.

Адрей гуэгушхэри зэщIоIэуэлъауэ, ауэ арыххэуи тосабырэжхэ.

Аслъэн щабэрыкIуэ дыдэу щхьэгъубжэм йокIуалIэри хэпщIыкI къудейуэ тоуIуэ. И гур къилъэтыну мауэ, и теуIуэ макъыр дэни щыIу и гугъэу. Аргуэру тоуIуэри зэпходэIукI.

Пэш кIуэцIым лъэ макъ мащIэ щызэхех. Аслъэн зэуэ бжэм зыхуехьри зрегъэщI.

– Хэт ар?

– Сэращ, Аслъэнщ!..

Хьэцацэ бжэр зэрыIуихыу, абы егъэщIа Аслъэныр щIэджэлэнут, ауэ бзылъхугъэм бжэр къредзылIэж.

– Хьэцацэ, сэращ ар, ныIух!..

– Iусхынкъым, IукI адддэ!.. Учэфщ!

– Тхьэ соIуэ, ткIуэпс сIумыхуакIэ! – кIиинут Аслъэн, ауэ ерагъкIэ зеIыгъ. – КхъыIэ, ныIух.

– Иджыпсту, – щэху дыдэу къыжеIэ Хьэцацэ. Хьэлъкъыр ирегъэпкIри бжэр Iуех, къыщIобэкъукI.

Уафэ бзыгъэм мазэр щолыд. Абы и нур щхъуантIэр сытми екIыхат.

– Мамэ, хэт, ар, мамэ? – Хьэцацэ Санэ и макъыр зэхехри къоскIэ.

– ЗырикI... Жей, си тIасэ! КIуэ аддэ, гъуэлъи, жей...

Арти, псори тосабырэж.

Аслъэн бзылъхугъэр зрекъузылIэ.

– Делэ ухъуа, сыт, на, пщIэр?! Щыгъэт, сыутIыпщ! – зыIэщIимыхыфу йоныкъуэкъу. – Ахьмакъ ухъупаи, на, гущэ!

Аслъэн еутIыпщ Хьэцацэ, ауэ зыпэщIигъэкIуэтыркъым. Аргуэру зрекъузылIэ, нэкIу щабэм зрехьэлIапэ...

Иджы а тIур чэф зэрыщIауэ, умэзэхыпауэ зэрыIыгът, зэхахи ялъагъуи щымыIэжу. Абы гу лъатэххэтэкъым Санэ лъапцIэу сенэм къыщIыхьауэ бжэм къызэрыдэплъым. Санэ и анэ шыпхъур зэпсалъэр къыхуэмыщIыхуу, сенэ кIыфIым къыщIоплъ.

Хьэцацэ Аслъэн зыIэщIех. Мэгупсысэ хэкъузэпауэ: и фIэщу пIэрэ атIэ Аслъэн?.. ЛIы хъуащ. КъаруufIэщ... Пэжу, фермэм щыкIуагъащIэми гу лъитат зэрыкъаруufIэм... Езыри зи къару изыгъуэщ. КъызэрыгуэкI хъыджэбзхэр къыдимыгъэплъынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. АтIэ сыт щIызэхуэмыфащэр?..

Арат жиIэр Хьэцацэ и зы макъым. Адрей макъым ар имыдэу зегъэIу: уэ узыхуейр гукIи, псэкIи, ныбжькIи пхуэфэщэн лIыщ! Ар лIы? Сытым ищIыс лIы жыхуиIэр! Уеблэмэ, лIы пащIэ теткъым абы иджыри... IуплъэгъуафIэщ, фIэрафIэ псалъэкIи гум дыхьэфынущ. Ауэ, уи фIэщ зэрыхъун, зи хущхьэ хъум я бзууэ къыщIэкIынмэ, узэриужэгъуу!..

Хьэцацэ зэтэкъым Аслъэн зэрыхуэгупсысар, ар дзэм щыщыIэм щыгъуэ. Уеблэмэ, щепщIыхьар Iэджэт, игъафIэу, фIылъагъуныгъэкIэ игу игъэнэхуу, пхуэмыIуэтэщIыну еIэфIэкIыу. АрщхьэкIэ щIалэр ежьэри, зы илъэс ныкъуэ нэхъ дэмыкIауэ, зоотехникыщIэм зыпищIэри гъэпцIагъэ дыджкIэ IэщIэупщIыIуат и гурыщIэ плъар. Сыту пIэрэ ар къызыхэкIар? ФIэщхъугъуафIагъэра хьэмэрэ мыхьэмыщ имыщIыщэу ара?.. Мис, иджыпсту къыбгъэдэтщ нэм, псэм езыхьэкIыр, икIагъэм щымыплъэу, лъагъуныгъэ мыухыжкIэ хузэщIэлыдэу зыIуатэр... Сыту куу, зэхэбзыкIыгъуей атIэ мы гъащIэр!.. Сыт уэ хэпщIыкIыр абы, Хьэцацэ?.. Уолажьэ... Лэжьэн дэкIуашэу уи гъащIэм и нэхъыфIыпIэр уогъакIуэ! Ухэныпэ нэхърэ лъэхъумбыщIэр мынэхъыфIу пIэрэ?..

Ныщхьэби мыжеифу Хьэцацэ пэплъат Аслъэн къыхуэкIуэным. Санэ жьы дыдэу игъэгъуэлъыжри, езыр щысат, дыжэ нэпцI зищIауэ.

– Хьэцацэ, усхуэмыщIыIэ апхуэдэу! – аргуэру зрешэлIапэ Аслъэн. – ЗэщIиубыдэну мэIэбэ, и ба плъыржьэрымкIэ зыщIишэпэну, лъэкI къимыгъанэу йоныкъуэкъу. – Уи фIэщ сыпщIыну сынолъэIу, Хьэцацэ! Джэгуи гушыIи хэлъкъым мы си гурыщIэм! Лъагъуныгъэ гурыщIэм! Лъагъуныгъэ куукIэ къызэщIэнащ!..

Хьэцацэ зыпэщIех, ауэ еныкъуэкъущэну игу имыдэу, Аслъэным и дахэжыIэм егъэщабэ, зыхищIи ищIэжи щымыIэу и нэкIур щIелъхьэ Аслъэн и бгъафэ хуабэм. АрщхьэкIэ аргуэру фIыхощIыIыкI и гур, гугъэ делэм игъэщэбауэ илъытэу, губгъэн зыхуещIыж гу жагъуэ-щхьэ жагъуэу: сыт напэр иIэу зигъэгущэба, ба пщтыркIэ зита!..

Аслъэни зыхищIат Хьэцацэ зэрыщэбари, нэхъ гушхуауэ йоупщI, Хьэцацэ и гупсысэр Iэпихыу:

– Хьэцацэ, дзэм къистхыкIа си письмохэм я зы жэуапи сыт ныщIумытхыжар? ИлъэситI нейкIэ щхьэ усхуэщыма?

Хьэцацэ зыри жимыIэу хоплъызэ пшапэ щIэнэхукIым. Абы и гуапэт илъэситI нейкIэ къызэрыхуэтхар щIалэм игу къызэрыкIыжар.

Бзу цIыкIу гуэрым шыгъуэгу хадэм ушэн къыщыщIедзэ. Уафэ нэзым, хэпщIыкI къудейуэ, тхьэху мащIэ къиищIат. Нэху щыуэ арат. Ауэ, гъэщIэгъуэнтэкъэ, зи уэрэд къыхэзыдза бзу цIыкIум къыпэджэ щымыIэу увыIэжыпат.

– Щхьэ ущым, Хьэцацэ, сыт ухэзыгъаплъэр?

– Зыми... Си гуапэщ нобэ укъызэрыкIуар, Аслъэн. Ауэ, сщIэркъым, си гур мэпIейтей дзыхьмыщIу...

ЩIалэм аргуэру зыIэщIеубыдэ бзылъхугъэр. Ар Хьэцацэ фIэфI мыхъуауэ зыIэпех, сакъыгъэу хэлъари щыгъупщэжауэ и макъыр еIэт:

– Аслъэн! Зэ моуэ жытIэнум дынэгъэс...

Сенэм щIэт Санэ зэхиха «Аслъэн» псалъэм къегъаскIэ...

– Аслъэн, уэракъэ жыхуэсIэр! – Хьэцацэ зыIэщIех щIалэм.

Шэч хэлъткъым, Хьэцацэ бгъэдэтыр Санэ и гущIэлъу игъафIэ Аслъэнт. Ар гъы макъ инкIэ маджэ:

– Хьэцацэ! Мамэ-а!..

Гъы макъ мыхъуу, гухэщIыгъуэшхуи къыхэщат Санэ и псалъэм.

Хьэцацэ щIолъэдэж пэшым. Абы кIэлъыщIохьэ Аслъэни. Хъыджэбзыр, къауц щхьэнтэм зыхиIубауэ, магъ зэщыджэу. Хьэцацэ абы йодэхащIэ, йогуэпэкI, зытриубгъуауэ и щхьэм Iэ делъэ, зэрылъэкIкIэ игу дахэ ещI. Аслъэни щытщ гуитIщхьитIу, ищIэн имыщIэу лъэныкъуэ зригъэзауэ. Иджыт абы къыщыгурыIуар къэхъуар зищIысыр. ГущIэгъуншэу хузэгуоп, еуб, хуохъущIэ щIалэм и гурыщIэ мафIэм къуацэкIэ къыхэуа хъыджэбзыжь цIыкIум...

ТIэкIу-тIэкIуурэ еупIэхат Аслъэн и гурыщIэ мафIэ бзийр. И гухэлъ дэпым сахуэ трищIэу къыфIэщIу, ней-нейуэ хэплъызэрт иджы ар. Езы дыдэми дахэ-дахэу пкърыпсыхьатэкъым иджыпсту абы и гум пIэ щища гупсысэ Iуданэр зищIысыр. Абы иризэгуэпу губгъэн зыхуещIыж мыарэзыуэ, а гурылъ Iуданэр еIэу зэпичыну дзыхь имыщIыщэу хоплъызэ.

Щытащ ар тэлайкIэ, Санэ и зэщыджэ макъымрэ Хьэцацэ и дахащIэ псалъэмрэ къызэрыфIэIуэху щымыIащэу щIэдэIуу. ИужькIэ, жиIэ щымыIэу, щIокIыж щэху дыдэу.

Сэ куэдрэ сегупсысат Санэ цIыкIум къытепсэха гурыгъум: сыту пIэрэ абы и гурыщIэ псынэм къыпэплъэр? Бгы къыгуэуам щIиIуба къурш псынэу, бгыгу кIыфIым зриту зыщIифыпэну пIэрэ, хьэмэрэ и зэфIэкI гугъэм жапIэщIэ ищIу, нэгъуэщI гугъапIэм и дуней нэхум щышкIурэжыну щIэрыщIэу, щIэщыгъуэ щыпкъэу, насып салъкъынкIи мыухыу?

Сыт абы шэч щIыхуэпщIынур?

Гъунапкъэншэщ къурш псынэм и зэфIэкIыр!

*Июль, 1976 гъэ*



# Зи гъащIэр литературэм къурмэн хуэзыщIа тхакIуэ

*Шэрджэс усакIуэ, тхакIуэ Дыгъужь Къурмэн Бахъсит и къуэр (1941–1984) лъэужь дахэ литературэм къыхэзынахэм ящыщщ. Лирикэ жыпхъэм ит усэхэмкIэ тхэн щIидзэри, абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ усыгъэ куэд, рассказхэр, очеркхэр, повестхэр, зы роман («Бжьыхьэ псыдзэ»). Зи япэ тхыгъэхэр 50–60 гъэхэм газетхэм къытехуэу хуежьа усакIуэ щIалэм иужькIэ зэкIэлъхьэужьу къыдигъэкIащ «Псыжь и толъкъунхэр» (1968), «Кърухэр» (1970), «Журавли» (урысыбзэкIэ, Москва, 1973) усэ тхылъхэр. Апхуэдэу Къурмэн и усэхэр ихуащ антологиехэми, нэгъуэщI тхылъхэми. Ахэр, курыт еджапIэхэми щадж.*

*Дыгъужь Къурмэн егъэпщэгъуейщ адрей тхакIуэхэм, абы езым и хъэтI, и «шы тесыкIэ» зэриIэжым нэмыщIкIи, ар и дуней тетыкIэкIи къыщхьэщыкIырт усакIуэ куэдым. Къурмэн махуэ псэуакъым гугъуехьым къыпикIухьу. Классиблыр къызэриухыу ар Iэхъуэхэм, мэлыхъуэхэм яхэту лэжьащ. Езыр къыщалъхуа Хъумэрэ (Абыкъухьэблэ) къуажэм къыщымынэу, Къущхьэхъу щIыпIэхэр къызэхикIухьащ, и гур ятхьэкъуащ бгыхэм, мэзхэм, къуршыпсхэм. Абыхэм яхуищIа лъагъуныгъэр уэру хыхьащ и усэхэм, поэмэхэм.*

*Ухуэнысгъэм щыхурагъаджэу Черкесск дэт училищэм къыщIэкIа нэужь, Къурмэн мывэзэтелъхьэу махуэкIэ лажьэурэ, пщыхьэщхьэм еджэурэ, курыт еджапIэр къеух, илъэсищкIэ дзэм къулыкъу щещIэ,*

*ехъулӀэныгъэкӀэ кърехьэлӀэ Москва дэт Литературэ институтри. ТхакӀуэхэм я союзым, радиом щолажьэ. ИужькӀэ Черкесск дэт тхылъ тыкуэн нэхъ ин дыдэм и директору ягъэув. АрщхьэкӀэ, а псори къегъанэри, химзаводым хьэлъэзехьэу мэув.*

*Дунейм и ӀэфӀри и дыджри зригъэщӀати Къурмэн, ахэр къыщыхуэщхьэпэжащ и творчествэм, псом хуэмыдэу и прозэм лъабжьэ хуэхъуа образ хъарзынэхэр, зи пщӀэнтӀэпс къабзэкӀэ псэужхэр гъащӀэм къыхипхъуэта къыпщызыгъэхъури арагъэнщ.*

*Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм япэу запызыщӀахэм ящыщщ Къурмэн – абыхэм яхуэтхэрт, езыхэри къыхуэтхэжырт. Усэ зыбжани ятриухуащ адыгэ псори зыгъэгузавэ а темэм.*

*УсакӀуэ нэсхэм зэрахьэлу, Къурмэни гу пцӀанэт, сабийм хуэдэу жыӀэзыфӀэщт, и гур хэти хузэӀухат, хьэлэлт, гуащӀафӀэт. А псори хыболъагъуэ абы и усыгъэхэми дэгъуэу къехъулӀэу щыта жанр нэхъ инхэми. А и тхыгъэхэм тхылъеджэхэр, курыт еджапӀэхэм щӀэсхэр щыгъуазэщ, я гуи ирохь.*

*Дыгъужь Къурмэн къигъэщӀар мащӀэми, адыгэ литературэм лъэужьыфӀ къызэрыхинам шэч къытесхьэркъым. ЦӀыху щыпкъэу, адыгэпсэ зиӀа тхакӀуэ Ӏэзэущ ар дигу къызэринари, и цӀэри и лэжьыгъэ дахэри щӀытщымыгъупщэжыр араш.*

***БакӀуу Хъанджэрий,***
*филологие щӀэныгъэхэм я доктор.*

## ДЫГЪУЖЬ Къурмэн

# Бжьыхьэ псыдзэ

*Романым щыщ Ӏыхьэ*

Бгыщхьэ папцӀэхэм япэрей уэсыщӀэр къытегъуэлъхьати, гъэмахуэ махуэ бзыгъэхэм жыжьэу нэм къыфӀэщӀу щыта бгыхэр иджы нэхъ гъунэгъуу плъагъут. Бгыхэм къеха уэсукхъуэм ещхьу, къуэладжэхэм нэху къыщекӀа щӀылъэ пшагъуэ хужьхэм хуэм-хуэмурэ заӀэтыжурэ бгы нэкӀухэм irекӀуэкӀти, къыпфӀэщӀт бгыхэм пщэдджыжьым гухэхъуэу затхьэщӀауэ пшэ къауц хужьхэр напэӀэлъэщӀу зэӀэпахыурэ залъэщӀыжу.

Бгъэныщхьэ унэ лъахъшэм и шындэбзийм къыдэт абрикосеижьхэм къапыхут пасэу бжьыхьэ жэпыр зэпхъуа дыщэ пщӀащэхэр. МащӀэу жьыр къыщыщӀэпщэкӀэ пщӀащэхэр щӀилъэсыкӀт зууэ. Жыгыщхьэхэм къыщызэщӀэжьууэу щыта бзухэр хэку хуабэ жыжьэхэм лъэтэжати, гъащӀэм зыгуэр хэщӀауэ щэхут.

И къуэ ДжэбрэӀилым гъубжэр зэригъэӀэрыхуэм дихьэхыщауэ еплъу Гуащэгъагъ дакъикъэ зыбжанэкӀэ щытащ. И ныбжь хуегъэзэкӀым емылъытауэ зи ӀэпкълъэпкъыМ къару щӀэту зызыӀыгъ, зи нэгум жаныгъэр щӀэмыкӀа фызым зигъэщхъащ псынщӀэу, щӀым теуэ бэхуцеикӀэр лъащхьэм нэс къыдригъэкӀуэтейщ, дзыгъуэ банэхэр, бажэкӀэхэр къыкӀэрищыпыкӀри зыкъиӀэтыжащ. Данэ щхьэфӀэпхыкӀ фӀыцӀэм къыщӀэкӀа щхьэц тхъуа ӀэмыщӀэр Гуащэгъагъ щӀигъэпщкӀуэжащ. И къуэ лэжьакӀуэшхуэм нэ тригъэхуэнкӀэ шынэжа, е нэгъуэщӀ гуэр и щхьэ къихьа? Гуащэгъагъ игукӀэ жиӀащ: «Мэшэлыхь!»

Джэбрэlил и бгыр къимыlэту лъакъуэ сэмэгур лъэщу игъэбакъуэт, къаруунэ хэлъыр ирихьэлlауэ, зыгуэрым ебэну пхъуэ уи гугъэну, lэдийм хуэдэу щхьэ пlащэхэр зыдэт нартыху жэпкъитl-щы зэуэ lэ сэмэгумкlэ зэдиубыдт, lэ ижьымкlэ гъубжэр жэпкъ лъэдийм къыщlидзыжти, къызэригъэтlылъэкlт жэпкъ дыгъэл lэплlэр. Щlалэр аргуэру лъэщу бакъуэт. lэрыхуэу пхъуэт, къигъэгъуэлът пхыр хьэлъафlэхэр. Гуащэгъагъ и нэгур гуфlэгъуэм зэщlищтэт и къуэм кlэлъыплъыху.

Щlихьэпауэ иджырэ къэс нартыху зыха Джэбрэlил къызэфlэуващ. Пасэу лэжьыгъэ хьэлъэм зэрызэхихуарауэ къыщlэкlынщ, и ныбжьыр зэрыт илъэс пщыкlубгъум хуумыгъэфэщэну плlабгъуэт. Джэбрэlил дригъэкlуэтеящ упщlэ пыlэ гъуабжьэ ушкlумпlар, мазэщlэм ещхь гъубжэ цlуужыр lэ сэмэгум lэщlилъхьэри, lэ дакъэкlэ ирилъэщlэкlащ пщlэнтlэпс пlащэхэр къызэщэщэх натlабгъуэ гъуаплъафэр, щlилъэщlыкlащ нэ фlыцlэ пlащэхэр. Дыжьын метхэр зытебла фэ бгырыпх псыгъуэм lэхъуамбэшхуэхэр диlури, джанэ гъуабжэм и кlэр иригъэкlуэтэкlащ шхужьыщхьэхэм. Гуфlэпсыжу къыкlэлъыплъ и анэм езы Джэбрэlил нэшхуэгушхуэу еплъри хущlэгуфlыкlащ. Къуэм едэхащlэ щlыкlэу анэм жиlащ:

– Уеша, lил? Жьы тlэкlу зыlурыгъэхьэ!

Джэбрэlил и псалъэм тегушхуэпауэ жэуап къитащ:

– Сешыху къэсхын нартыху сиlащэрэт!

– Шэч къытесхьэкъым уэ уемышу нартыху куэд къызэрыпхыфынум. Ауэ къызжыlэт, сытыт епщlэнур нартыху куэд уиlатэмэ?

Джэбрэlил и макъым дэхъуу и щхьэр лъагэу иlэтурэ къэпсэлъащ:

– Уо-о-о! Сэ къэзгъуэтынт нартыхум есщlэн! Щlымахуэм гъавэкlэ зэтехуам сыдэгуэшэнт щlыхуи, ещи, ехъуэжи хэмыту. Атlанэ, – Джэбрэlил и фlэщу и анэм еплъащ, – атlанэ, махуэ къэс си шым нартыху уэкъуэу щы лъызгъэсынт. Сызэрыхуейуэ си шым lускlэ сегугъуфащэрэт! Язгъэлъагъунт абы и къэжэкlэмрэ и къэлъэкlэмрэ.

– Тхьэм къуит узыхуейм хуэдиз нартыху! Уи адэр къущхьэхъум къехыжмэ сэ хуэсlуэтэнщ гъэмахуэм дэгъуэу узэрылэжьар. Мэкъур пыбупщlри, зы шхии хэмыщlу дыгъэлу мэкъуэщым щызэтеплъхьэжащ. Нартыхурамэ къохъулlащ бэврэ нэ бзаджэ зытрамыгъаплъэм хуэдэу, мис иджы еуэ-еуэкlэ къыбохыж.

Набдзэ фlыцlэ lувхэм къыщlэджэгукl нэ фlыцlэ пlащэхэр и анэм триубыдауэ Джэбрэlил гушыlащ:

– Хьэуэ, Гуащэгъагъ! Щытхъу къудейкlэ lуэхур зэфlэкlынукъым. Си шыр щытхъу псалъэхэмкlэ схуэгъэнщlынутэмэ, семызэшу щытхъум седэlуэнт. Махуэ къэс шым хуизгъэкlутэ нартыху, уэкъуэ уэсым хуэдэу хужьу гъэпlэнкlауэ, мащlэу шыгъушыпси тегъэхауэ. Атlанэ шыри нэхъыфlыжу къэжэнщ, сэри нэхъыфlыжу сылэжьэнщ.

– Ди куэдтэмэ, зы уэкъуэм къыщымынэу, нэхъыби шым хуипкlутэнтэкlэ. Бынышхуэр дызыщыгугъыр мы щlы тlэкlум къикlращ.

Гуащэгъагъ и щэнтэкъым и гур кlуэду тхьэусыхэу унагъуэм исхэм закъригъэлъагъуу. Иджыпсту и къуэм зэхригъэхар къемызэгъыу къилъытэжри, псалъэр гушыlэм хуиунэтlыжыну хуежьащ. Арщхьэкlэ гъунэгъу пщащэ Мардие хадэм къихьауэ псынщlэу къызэрыкlуэр щилъагъум, Гуащэгъагъ абы пэплъэу зиущэхужащ.

Илъэс пщыкlух зи ныбжь, зи къэплъыгъуэ дыдэ пщащэм и напэ хужьыр къиухьт лодан тхьэмбылыфэм. Пщащэм и нэ къуэлэн пlащэхэр къилыдыкlт. Тlууэ ухуэна щхьэцыгъуэшхуэр лъэдакъэпэм теуэным

къэнэжыр бжьизт. Пщащэр къызэрыжарауэ къыщIэкIынщ, дыжьын щIыIу зэфIэдзэр и бгъэм къызэгуитхъын къыпфIэщIу, лъэщу бауэт. Гуащэгъагърэ ДжэбрэIилрэ къабгъэдыхьэри, пщащэм и макъ псыгъуэ щабэр тхьэкIумэм едэхащIэу къызэрылъэлъащ:

– ГуфIапщIэ! Гуащэгъагъ! ГуфIапщIэ! Фи Исхьэкъи, ди Билали Къущхьэхъум къехыжащ. Билал иджыпсту пщIантIэм къыдыхьэжауэ шым къытрехыж хьэпшыпхэр. Исхьэкъи узыншэ дыдэщ. Мэлхэр АлмэстыкъуэкIэ къыдигъэхьэжауэ мо бгыщхьэмкIэ къэрокIуэкI. – Пщащэм и Iэ псыгъуэ кIыхьыр ищIащ къыр дапхъэхэу Хьэжрэт хьэблэ къыщхьэщытымкIэ.

Быным я адэр мазиплIым щIигъукIэ къэтащ Къущхьэхъум. Иджы узыншэу лIыри Iэщри къекIуэлIэжащ. Гуащэгъагъ пщащэм IэплIэ иришэкIыурэ жиIащ:

– Псалъэ гуфIэгъуэхэр къытхуэпхьащ. Уи цIыкIущхьэ лъандэрэ сыпкIэлъоплъри, Мардие, гуфIэгъуэщ уэ укъыщIалъхуар. Угъурлы наIуэу тхьэм укъигъэщIащ. НакIуэ, си дуней нэху, унэм ныщIыхьэ. Дыкъэзыгъэщ Iа, гуфIапщIэри пхуэфащэкIэ.

Гуащэгъагърэ Мардиерэ хадэм щикIыжым ДжэбрэIил якIэлъыплът и пIэ ижыхьауэ. Ар хихьэжащ сабиигъуэм щыщ гукъэкIыж жыжьэм. Мардии, абы и дэлъху БэтIали, хьэблэм щыщ нэгъуэщI цIыкIухэми ядэщIыгъуу ДжэбрэIил зэзэмызэххэ къыщыхуихуэ щыIэт мэлхэми кIэлъыплъурэ мэз лъапэм къыщIэж псынэм щыджэгуну. ДжэбрэIил псы цIыкIум трищIыхьа щхьэлыдзэр джэрэзт, ткIуэпсхэр лъеймэ мыщIэ зэмыфэгъухэм ещхьу зэхэцIуукIыу. ТкIуэпс щIыIэтыIэу щхьэлыдзэм къыдрипхъейхэм пэщIагъэувэт цIыкIухэм я напэр. Псыми, цIыкIухэми я дыхьэшхыр зы хъужт. Мардие ткIуэпсхэр Iэгу цIыкIухэмкIэ къиубыдурэ ДжэбрэIил и напэм триутхэт. Иджыри ДжэбрэIил и тхьэкIумэм итщ абы щыгъуэ Мардие и сабиигум къабзэрэ уэру къыщиуду дыхьэшхыу зэрыщытар.

Бзылъхугъэхэр хадэм икIыжт. Мардие и щхьэцышхуэхэр хьэлъэ-хьэлъэу, лъэныкъуэ-лъэныкъуэкIэ ещIэт. ТIэкIуи хуэней-нейуэ жыпIэну ДжэбрэIил и нэхэр теплъызат хадэм икIыж пщащэм. ЩIалэм и Iупэ зэгъхэм гуфIэр мащIэу ирижэри, игукIэ и щхьэ хуигъэщIэгъуэжащ: «Сытуи макъ гъэщIэгъуэныщэ иджыпсту зэхэсхар! Сабиигъуэм дыджэгуу дызыIуса псы цIыкIум и жьгъыру макъыр игъащIэкIи Мардие къритыжауэ пIэрэ?» Сабиигъуэ лъандэрэ ДжэбрэIил хуезэшт Мардие. Зэдэджэгуну къахуихуэ пэтми, щIалэ цIыкIур лъыхъуэ зэпытт пщащэ цIыкIум и напэлъагъум. Адэм дэщIыгъуу ДжэбрэIил губгъуэм ежьами, пщыхьэщхьэм шкIэхуж кIуэми, щIымахуэм мэлхэр псафэ ихуми, зиплъыхьт Мардие лъыхъуэу. Абы щыгъуэм ДжэбрэIили Мардии ящIэтэкъым лъагъуныгъэ иныр сабиигъуэм къадежьауэ къахуэсакъыу къадэгъуэгурыкIуэу. Сабиигъуэм и щIэину ДжэбрэIил къыхуэнащ гукъэкIыж гуауи. Хьэблэм цIыкIуу дэсым бжьыхьэ махуэ уэфIым мэзым дэ къыщащыпат. БэтIал дэ къищыпакъым, мэз лъапэм пщIащэ щабэм хэгъуалъхьэри хэлъащ цIыкIухэр дей гуэрэнхэм къыхэкIыжыху. ЦIыкIухэри зырыз-тIурытIурэ чыцэхэм къыхэкIыжт я пыIэхэм, жыпхэм, нэд цIыкIухэм дэр ярызу. БэтIал есат нэхъ теIэпхъэу къилъытэм, нэхъ хуэгъэшынэм къищыпа дэм и зэхуэдитIыр къыIрихыу. Дэр къызытрихар щыгъкIэ, БэтIал жиIэт:

– Сыту къыбгурымыIуэрэ? Доджэгури аращ! Сэ сыпщу, уэ упщIылу доджэгури аращ!

Пщыуэ тетыну зигу ирихьа БэтIал пщIащэ щабэм хэлът зы щIалэ

цIыкIум къытриха дэр мывэкIэ зэтригъэпкIыу. Джэбрэlил къыхэкIыжат дей гуэрэнхэми, БэтIал абы егуоуащ:

– Джэбрэlил! Мыдэ къакIуэ!

Дэр зэрылъ упщIэ пыIэр Джэбрэlил и джабэм кIэрикъузауэ иIыгъыу къеупщIащ пщIащэм хэлъым:

– Сыт узыхуейр?

– Си пщылIхэм дэ къысхуащыпащ! Уэри сыт къыщIызумытыр къэпщыпам и ныкъуэр?

– Сэ уэ сыуипщылIкъыми аращ щIозмытыр!

– Сызэрыджэгур уи фIэщыпэ хъуаи! Сэ уэ узгъэпщылIкъым, сэри сыпщкъым, ауэ сытми доджэгури араи. Къэпщыпа дэм и ныкъуэр къызэт!

– Зы дэ закъуи уэстынукъым, сыхуейкъым сэ апхуэдэ джэгукIэ.

Джэбрэlил къежьэжащ Мардие пщащэ цIыкIури, нэгъуэщIхэри дэщIыгъуу. ТеIэпхъэ ищIрэ къигъэжыIэщIэу иригъэса цIыкIухэм я пащхьэ Джэбрэlил къыщрикъутэхат БэтIал и пщыгъэр. Ар БэтIал и фэ кърихуу, зэгуэпауэ кIэлъыплът цIыкIухэр езышэжьэжа Джэбрэlилым. Дэр зэрикъутэ мывэр IэщIэлъу БэтIал хуэщхьэхынэу къэтэджащ. Абы мывэр ириутIыпщащ цIыкIухэм я ужьым иту къызэмыплъэкIыу кIуэж Джэбрэlилым.

Мывэр Джэбрэlил блэлъэтри езы БэтIал и шыпхъу цIыкIу Мардие и блэгъукIэм техуащ. А махуэм Мардие цIыкIур гъащ гухэщIу, а гъы макъри аргуэру Джэбрэlил и гум къыхэуэжащ мастэ плъам хуэдэу.

Зи гупэр къэблэмкIэ гъэза бгъэныщхьэ унэжь кIыхьым и щхьэгъубжэ лъабжьэм щIэст Мырзэ дадэ пхъэ шынакъыр тхъусэкIэ кърихъунщIыкIыу. Гуащэгъагърэ Мардиерэ нэмысыфIэу дадэм блэкIхэри унэм щIыхьащ.

Гуащэгъагъ и адэ Мырзэ махуэкIэ тесщ щхьэгъубжэ лъабжьэм щIэлъ бей дакъэжь джэдыгу зытеубгъуам. ЗэманыфI текIащ лIыжь гъэрибыр и малъхъэ Исхьэкърэ ипхъу Гуащэгъагърэ зэрызрашэлIэжрэ. Уэшх къемышхмэ, щIыIэу щымытмэ Мырзэ дадэ махуэ кIыхьагъым къэмытэджу щысыфынущ. Абы и щхьэусыгъуэр дадэм и IэщIагъэращ. Ар тIэкIуи темызашэу бжейм къыхещIыкI Iэнэ лъакъуищхэр, хьэмгъашэхэр, шынакъхэр, бжэмышххэр, хур зэрыщIагъэпщ тэбакъышхуэхэр, фалъэхэр, нэгъуэщI хьэкъущыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр. Хьэблэ щIалэ цIыкIухэри дадэм бгъэдэкIкъым. Дадэм и Iэхэр лажьэурэ цIыкIухэм яхуеIуатэ шыпсэхэр, лIыхъужьхэм я хъыбархэр, къуажэхь егъэджэгу, хьэкIэкхъуэкIэхэм я псэукIэм, ахэм я щэкIуэкIэм теухуа хъыбар гъэщIэгъуэнхэм щIегъэдэIу. ЩIалэ цIыкIухэр щызэбэнкIэ дадэм и тхьэкIумэр ягъэву:

– Дадэ! Къеплъыт къызэризуд!

– Дадэ! Дадэ! Еплъыт къызэрытездзэ!

ЩIалэ цIыкIухэм сыт ягъахъэми дадэ ирагъэплъынущ, ирагъэгъэщIэгъуэнущ, ягъэгуфIэнущ, къызыщагъэтхъунущ. Дэтхэнэ щIалэ цIыкIуми зытрищIыхьыр дадэм ищI бжэмышххэм я нэхъ дахэр къылъысынырщ. ЩIалэ цIыкIухэм зэхуагъэщIагъуэ дадэм яхуищIа бжэмышххэр, шынакъжьейхэр, щхьэж къылъысам къыщотхъури, хэти и гуфIакIэм, хэти и жыпым ирегъэжэх.

Iэнэ хъуреишхуэр итщ Мырзэ дадэ и пащхьэ.  Сэ пIащэ, сэ жьей, сэ псыгъуэ, тхъусэ, гуэджэп, пхъахъуэ, къинэмыщI Iэмэпсымэхэри Iэнэм телъщ. Дэтхэнэ гъущIыпэри иригъэжану езэгъ мывэупцIэхэри ядэщIыгъужщ Iэмэпсымэхэм. МывэупцIэхэр Исхьэкъ къыхех Къущхьэхъу

псынэхэми бжьыхьэ къэс къыздехь. Дадэм и нэхэм щыщIащи, зэрыхуейуэ ялъагъужкъым, шынакъ кIуэцIым здетхъунщIэуэнур игъэбелджылын папщIэ и Iэпэхэр шынакъым щегъэпэщащэ. АтIанэ тхъусэ цIуужьыр бжьыхьэ дыгъэм пэлыду къещтэж, тхъусэм къыпих нурыр цIыкIухэм ящхьэщолъэт напIэ Iэтыгъуэк Iэ, дадэм шынакъыр къритхъунщIыкIыу щIедзэж.

Нартыху пхырым ДжэбрэIил трилъхьащ гъубжэр. И адэр къыздыкъуэкIыжыну бгыщхьэмкIэ тIэкIурэ плъащ. ДжэбрэIил и адэм хуэзэшат. Гуащэгъагъ зэIуища шухьэ фIыцIэ пхъашэм къыхэщIыкIа гъуэншэджым и куафэхэм, лъэкIампIэхэм хэна дзыгъуэ банэ, бажэкIэ хуэдэхэр къыкIэрищыпыкIыжри хадэм къикIыжащ. Ар хуэныкъуапэт Мардие Iуплъэну. Пщащэм къызэрыкIэлъыкIуэжар сабийхэми лIыжьми къащIа хуэдэ, и нэкIущхьэхэм плъыжьыгъэ къытридзауэ ДжэбрэIил къыщыувыIащ пщIантIэшхуэм и кум.

Гуащэгъагъ и щхьэр ехьэхауэ дэпщIэпщIыхьт урыс пхъуантэшыхь иным. Мардие къыдэплът щхьэгъубжэ цIыкIум, ар дихьэхауэ зэплъыр ДжэбрэIилт, гъэщхъауэ пхъуантэм щхьэщыт Гуащэгъагъ гу къылъитэнкIэ шынэу Мардие абыи загъуэурэ хуеплъыхт. ЩIалэм здыкIэлъыплъым Мардие и нэ къуэлэнхэм мафIэр нэхъри къыщылыбт.

ЩIалэ цIыкIухэр гуоуэ къэпхъэращ:

– ФынакIуэ!

– Фынажэ!

– Iил девгъэбэн!

– Псори дызэхэвгъэхьи къидывгъэуд!

– ПлIэIукIэ къытедывгъалъхьэ!

Хьэблэм дэс цIыкIухэр ДжэбрэIил игъэгушхуэт. Чын къадигъафэми, кIэн ядеуэми, Iэрыхъ ядэджэгуми, зэригъэбэнми, езыр ябэнми къезэгът, апхуэдизу зэсэжахэти. ЩIалэ цIыкIухэр къыщежэм, ахэр ДжэбрэIил зэтригъэувыIэри япсэлъащ:

– Япэрауэ, псори хъумпIэцIэдж хьэвэу фызэтеслъхьэнущ! Ауэ щыщыткIэ, пщIэншэу сывэбэнынукъым. ТекIуапщIэу сыт къызэфтынур?

ЩIалэ цIыкIухэр зыр зым хущIэплъащ, сыт тщIэнур жыхуаIэу. Зизылъэфыхь щIалэ цIыкIухэм ДжэбрэIил яжриIащ:

– ИIэ, дызэвгъэбэн! Хьэмэрэ фышынэжауэ фикIуэтыжрэ фыкъызэризудынум папщIэ?

Зы щIалэ цIыкIум и щхьэр егухауэ щэхуурэ жиIащ:

– Дыкъибудмэ текIуапщIэу уэттын диIэкъым.

– Аркъудей зыщIэвущэхужар, лIыхъужьхэ? – Игъэгушхуащ ДжэбрэIил щIалэ цIыкIухэр. – Фыкъизудмэ – анэш дадэ фхуищIа бжэмышххэр къызывот. ДызэгурыIуа? Хьэмэрэ бжэмышххэм фыщысхьыжыну? ИIэ, дызэвгъэбэн!

– Хъунщ! Дыкъибудмэ уэттынщ бжэмышххэр!

– Хьайдэ! Девгъажи ДжэбрэIил къидывгъэуд!

Аргуэру ДжэбрэIил щIалэ цIыкIухэм яжриIащ:

– Сыкъивудмэ, си шым чэзуурэ физгъэшэсынущ.

– НэхъыфIыжщ! НэхъыфIыж…

– ДжэбрэIил къидывгъэуд!..

ЩIалэ цIыкIухэм IэпщэрыбанэкIэ чэщанэ уардэ къащтэ хуэдэ, зэрыгъэдаущу зрадзащ ДжэбрэIил и лъакъуэхэм, и Iэхэм, и бгым. Езы ДжэбрэIил тхъэжыгъуэр и махуэу къахэдыхьэшхыкIт къепщIа щIалэ

цIыкIухэм. Зы щIалэ цIыкIу ДжэбрэIил и тхьэкIумэм еIа хъунщ зыхригъащIэу, ДжэбрэIил къахэгуоукIащ:

– Си тхьэкIумэр тывотхъ! ТхьэкIумэм еIэу хэткъым!

ТхьэкIумэм екъуами иутIыпщыжащ. ДжэбрэIил къыщыгушхуэ щIалэ цIыкIухэр нэхъри къызэрыкIауэ я макъ къызэрихькIэ гуоут:

– И-и-и-тI маржэ!

– Къыдоуд!

– Иджыпсту къытеддзэнущ!

– ТIэкIунитIэщ къэнэжар къытеддзэным!

ПщIэнтIэпсыр иракъуэкIыу, пщхьэпэу щIалэ цIыкIухэр ДжэбрэIил ебэнт. ДжэбрэIил игу узыншэм хэлъ къару псори щIиутIыпщхьауэ тхъэгъуэр и махуэу дыхьэшхыу, щIалэ цIыкIухэр зыкIэригъэщэщащ, атIанэ, нартыху жэпкъыр Iэрыхуэу къихыу пхыру зэрызэтрилъхьэм ещхьу, лъэщу, псынщIэу пхъуэмэ къиубыдурэ щIалэ цIыкIухэр хьэвэу зэтрилъхьащ. ПщIантIэкум Iэрэ лъакъуэу щыпIэтIауэр бжыгъэншэт. ДжэбрэIил дыхьэшхыу ахэм ящхьэщытт. ЩIалэ цIыкIухэр къыщылъэтыжащ, гъуэншэджхэм, джанэхэм есэбэуэжащ, упщIэ пыIэхэри яутхыпщIыжри зыщхьэратIэгъэжащ. Псоми я бжэмышххэр, шынакъжьейхэр ДжэбрэIил хуашиящ:

– Нащтэ!

– Хьэлэлу къытфIэпхьащи, хьэлэлу иришхэ!

АдэкIэ ящIэнум пэплъэу щIалэ цIыкIухэм я нэ цIыкIухэр ДжэбрэIил траубыдауэ щэху хъуащ. ДжэбрэIил ахэм япсэлъащ:

– Иджы, лIыхъужьхэ, фыкъэдаIуэ! Сэ сыфтекIуащ, текIуапщIэри хьэлэлу къыффIэсхьащ. АтIани мыпхуэдиз бжэмышхымрэ шынакъжьеймрэ сыт си закъуэ есщIэнур? – Даду хужь Iэрамышхуэм ещхьу, бжэмышххэмрэ шынакъжьейхэмрэ ДжэбрэIил лъагэу иIэтащ.

– КъыщыпхьакIэ уэуейщ!

– ДыщIэфыгъужккъым!

ДжэбрэIил яхуидакъым:

– Хьэуэ, лIы мэхъаджэхэ! Ар Iуэху пхэнжщ! Зы лIыр джэдыгуибгъуу, лIибгъур джэдыгуншэу хъунукъым. Сэ фэр нэхърэ сынэхъ лъэщти, фыкъизудри текIуапщIэр къэсхьащ, ауэ абы къикIкъым нэхъ къаруушэм и хьэпшыпыр, и мылъкур нэхъ лъэщым зыIэщIилъхьэну, ар зи кIэ умыкIуэжыну гуемыIущ. Иджы щхьэж и бжэмыш къылъысыжын папщIэ унафэр мыращ: тIурытIурэ физобэнри, текIуэм и бжэмышхыр изотыж. Зэи, тIэуи къраудым игу иремыгъэкIуэд, и бжэмышхыр къихьыжын папщIэ ещани, еплIани бэнэнкIэ хуитщ. Нэхъыщхьэр – щхьэж езым ейм хьэлэлу щIэбэныныршщ.

ЩIадзэжащ бэнэным. ЩIалэ цIыкIуитI утыкум къихьэт, зэрыубыдти, щэIужу зэрызелъафэт, адрейхэми гузэвэгъуэр ятелъу Iуфэр къажыхьт, зэбэнхэм чэнджэщ иратт:

– И бгыр лъэщу къыщIэкъуэзэ!

– И щхьэр фIэубыдыкI!

– Нэхъ лъахъшэу еIэбыхи и лъакъуэр къыщIэч!

БэтIал пщIантIэм къыдыхьащ. Сытым щыгъуи зыгуэрым щIэхъуэпс нэ хъурей цIыкIухэмкIэ нэпсейуэ псори зэпиплъыхьт пщIантIэм дэтхэм фIыгъуэр зэтрагуашэу езыр хэна уи гугъэну. Абы и къэкIуэкIэр ещхьт бзум ещакIуэ джэду щабэрыкIуэм. ЛъагагъкIэ БэтIали ДжэбрэIил хуэдэт, ауэ БэтIал нэхъ Iэпкълъэпкъ хузауэ утеплъэт. ЩIалитIми я ныбжькIэ хьэнтхъупс шынакъи зэрагъэхькъым жыхуаIэм хуэдэт. Зэбэнхэм яху-

щIэплъу БэтIал гъэщхъауэ къэуващ. Щэхуу дакъикъэ гуэр зэбэнхэм къахущIэплъауэ гузэвэгъуэр къылъэIэсащ, зэми хущIэтIысыкI щIыкIэу, и Iэхэр шияуэ, нэхъри лъахъшэу щIэтIысыкIыу зэбэнхэм я хъуреягъым еутэкIт. Абы IэштIымхэр игъэдалъэу псалъэхэр къыIурылъэлъащ:

– Умар! УкъимыкIуэт уэ! И бгыр лъэщу къыщIэкъузэ! КъытеIэтыкIи лъэщу плIэIукIэ къытедзэж!

БэтIал хуейт къуажэ старшина Лалу и къуэ цIыкIу Умар зэбэным щытекIуэну. ПщIэнукъым, игу къэкIт БэтIал, щIалэ цIыкIум и адэм жриIэжынкIи мэхъу сыкъызэрыдэщIар, гъэтIылъыгъэм Iупэ Iуиудкъым. ДжэбрэIил хьэрэмыгъэншэу яхэплъэт бэнакIуэ цIыкIухэм, ар апхуэдизу хуиту дыхьэшхти, и нэ пIащэхэм нэпсыр къытелъэдат. Блатыкур кърихыурэ и нэхэр щIилъэщIыкIт. Мысост и къуэ цIыкIу СулътIаным Умарыр плIэIукIэ къигъэтIылъри и бгъэгум шэсыжащ. БэтIал и Iэхэр ину ищIу, кIуэцIеигъэм икъуза макъым кърипIытIыкIыу псом япэ къыхэгуоукIащ:

– ТIури фызэдэшхати, СулътIан гущIыIу зыкъищIыжащ! ТIуми фи бжэмышххэр къэфхьыжащ!

БэтIал и хьэкум пхэнжым пэрыуэу щIалэ цIыкIухэр къызэрыгъэдаущащ:

– СулътIанщ текIуар!

– Дэ тлъэгъуащ!

– ДжэбрэIил, СулътIан и бжэмышхыр къетыж!

– Умар иджыри нэгъуэщIым иребэн!

ДжэбрэIил тэмэму илъэгъуат хэт текIуами, арщхьэкIэ пIащIэтэкъым къахэпсэлъэну. Езы щIалэ цIыкIухэм пэжымрэ пцIымрэ ерыщу зэрызэхагъэкIыр и гуапэу къахэплъэт. ЩIалэ цIыкIухэр къыщызэдилъым, БэтIал зиущэхужри тIэкIуи икIуэтыжащ, бжьэ быным матэм щхьэщахуа мыщэм ещхьу. ЩIалэ цIыкIухэр леймыгъэгъуу къызэрызэдилъам ДжэбрэIил игъэгуфIащ. Бжэмыш хужьыбзэр хуишиящ пщIэнтIэпсыр IэщхьэкIэ ирилъэщIэкIыу бауэбапщэу щыт щIалэ къуафцIэ псыгъуэ цIыкIу СулътIаным. Умар цIыкIури къызэрыраудам ириукIытэжауэ упщIэ пыIэмкIэ и пхэщIым есэбауэурэ макъ псыгъуэ цIыкIуу жиIащ:

– ИкIи дызэдэшхакъым! ТекIуар СулътIанщ! Сэ иджыри, Iил, нэгъуэщIым себэнынщи, си бжэмышхыр къэсхьыжынщ.

ДжэбрэIил макъ лъэщкIэ щIалэ цIыкIухэр игъэгушхуащ:

– Хьайдэ маржэ! Фызэбэнхэ! Фыкъызэрытедзэ! Фыкъызэрыгъэтэджыж! Iэрыхуэу зывгъасэ! Фи Iэпкълъэпкъхэр щIэвмыгъалIэ. ФымыгъафIэ. Уэрэдыр къыхадзэм демыжьууфыр хуэмыхущ, шыбзыр къыщахукIэ къадемыуэфыр Iыхьэншэщ! Щхьэж и бжэмыш къэфхьыж.

НэгъуэщI щIалэ цIыкIуитI утыкум къызэришэри лъэщу зэрыубыдащ. Мырзэ дадэ и Iуэхур зэпигъэуауэ кIэлъыплът и пхъурылъху ДжэбрэIил гъащIэм игъэгушхуауэ сабийхэм ядихьэхауэ зэригъэджэгум, зэриущийм. Дадэр жьакIэ хужьым къыхэгуфIыкIт.

* * *

Гуащэгъагъэрэ Мардиерэ унэм къыщIэкIыжащ. Мардие щыгуфIыкIыу и бгъэм ирикъузылIэт гуфIапщIэу къиха дарий бэхуцеяпхъэ плъыжьыр. Сабиигъуэ лъандэрэ и псэм хэпщIа ДжэбрэIили, абы и анэри, и адэри, бжэIупэм Iус лIыжьри, къабзэу пхъэнкIа пщIантIэри, бжыхьхэри, пщIантIэм щызэрызехьэ щIалэ цIыкIухэри а дакъикъэм пщащэм и гум нэхъри ехуэбылIат. Апхуэдэ гулъытэ къыхуищIу къетар хьэлэлагъ мыкIуэщIыж

зиӀэ Гуащэгъагъщ. Мардие и анэ Бжьэу дэщӀыгъуу щӀакӀуэ хуагъэпцӀащ, вакъапхъэ хуаӀуэтащ, цеяпхъэ хузэӀуащащ старшинами, ефэндыми, хамэ пщӀэнтӀэпсым емыпэгэкӀ нэгъуэщӀ къулейхэми. Пщащэ цӀыкӀум и Ӏэгуфэ лы цӀынэ Ӏэнэ щӀихам зыри къыӀэщӀамылъхьэу къыдагъэкӀыжащ. Анэми игу хэщӀт и пхъур ӀэнэщӀу къызэрыдагъэкӀыжам папщӀэ. Билалщ зи лажьэр зэанэзэпхъур хамэм я деж пщӀэншэу зэрыщыулэуар. Билал ахэм яубзэу, янэцӀу, япыбзеихьу, и щхьэгъусэри, ипхъури лэжьакӀуэ, ӀуэхутхьэбзащӀэ яхуегъакӀуэ.

ПщӀантӀэм дэтхэм гу къызэрылъатэнури щыгъупщэжауэ, ДжэбрэӀил кӀэлъыплъащ пщащэр пщӀантӀэм дэкӀыжу сэмэгурабгъумкӀэ пхъэгулъей гъуэжьхэм къухьэжыху. Пщащэ зэкӀужым кӀэлъыплъар ДжэбрэӀил и закъуэкъым. Гуащэгъагъ и Ӏэхэр и блэгущӀэм щӀэлъу и нэхэр пщащэм тенауэ и хъуэпсапӀэр игукӀэ зэригъэзэхуащ: «Тобэ, ярэби! Сыту цӀыху къабзащэ хъуа Мардие! Зи къэшэгъуэ щӀалэщ ДжэбрэӀили. Ди насып къихьрэ а тӀур зэнатӀэ хъуатэмэ, сыту дехъулӀат, ди выр гъуахъуэри хъуным хэхуат. Шэч хэмылъыжу, ДжэбрэӀилрэ Мардиерэ гу зэлъатащ, зэдихьэхащ. Мардие и адэмрэ и анэмрэ дахэзагъэтэмэ, тхьэр къытхуэупсат. Сыт дащӀыхэмызэгъэнур? Ахэм яӀэ мэл щэ ныкъуэр дэри диӀэщ, былым тӀэкӀухэмкӀи дызэщхьэщыкӀкъым. Ди тхьэ, ди мурадыр къыдэгъэхъулӀэ. Ди щӀалэр пӀэщхьагъ тынш щӀы! Насыпым дыхыумын!»

* * *

Хьэжрэт хьэблэ къыщхьэщыт къыр уардэ гъуабжэжьхэр къат-къату, дапхъэ-дапхъэу бгъуэнщӀагъыу, бгыжьэхэу зэтетщ. Бгы къатхэм я зэхуаку джабэхэр иджыри бжьыхьэ гъэужь щхъуантӀэщ. Бгыщхьэ джабэм кърехъуэкӀт мэл фӀыцӀэ хъушэ цӀыкӀу, иджыпсту уафэ къащхъуэ къабзэм къеха уи гугъэну. Бгыщхьэ лъагэм тес лӀым къамылыр игъаджэт. МыпӀащӀэу, гуапэрэ щабэу зыхэзышиикӀ макъамэр Мырзэ дадэ и тхьэкӀумэм къызэреӀусэу, дакъэ кӀапэм иригъэтӀылъэкӀащ тхъусэри шынакъ ныкъуэщӀри. Зэрысымаджэм къыхэкӀкӀэ куэд щӀауэ унэм къыщӀэмыкӀауэ иджы ищӀэщыгъуэпсу дыгъэр зытезыгъапсэ цӀыхум ещхьу, дадэр щӀэдэӀут къамыл макъамэм. Гумрэ псэмрэ едэхащӀэу езыджэ макъамэм щӀэдэӀут Гуащэгъагъи. ДжэбрэӀил игу къэкӀт зричу дэжыну и адэр зытес бгыщхьэм, атӀани зызэтриӀыгъэжт анэш дадэрэ и анэмрэ къыхуащӀыну унафэм пэплъэу. НетӀэ дунейр кӀэкӀэ зезыхьа щӀалэ цӀыкӀухэри игъэбэяуат макъамэм. Хъуреягъыр апхуэдизу щэху хъуати, бгышыхь зэтетхэм я жьэ бгъуэнщӀагъхэр Ӏурыхуауэ къамылым едэӀу къыпфӀэщӀт. Мырзэ дадэ и щхьэ хужиӀэ щӀыкӀэу псалъэт:

– Къэсыжащ си ныбжьэгъур! Сыту гуфӀэгъуэшхуэ! Сыту сыхуэзэша сэ а лӀым!

Исхьэкъ папщӀэ Мырзэ дадэ си малъхъэ жимыӀэу си ныбжьэгъукӀэ зэреджэр Гуащэгъагъ и гуапэу адэм къыхуеплъэкӀащ. Дадэр тӀэкӀурэ щэхуу щысауэ псэлъэн щӀидзэжащ:

– Къамыл макъамэмкӀэ си ныбжьэгъум сэ фӀэхъус къызех, къысщӀоупщӀэ.

ПщӀантӀэм дэтхэр къамылым хэдэӀуапэт. Къамылыр зэми къаджэт макъ кӀыхь ӀэтакӀэ, зэми теуэгъуэхэр кӀэщӀ-кӀэщӀу кърищт. Макъамэм и бзэр дадэм зэридзэкӀт:

– Иджы псоми къыфщӀоупщӀэ гъэмахуэр дауэ ифха жеӀэри. Си ныбжьэгъур яхуезэшащ къуажэми цӀыхухэми. Мэлхэр гъэтхъауэ кърихулӀэжащ. Аращ макъамэм къиӀуатэр. ДжэбрэӀил, уэ, дауи, пщӀэкъым

уи адэм и макъамэбзэр. Сэ уезгъэсэнщ макъамэкӀэ жаӀэр зэхэпщӀыкӀыу, жэуапи ептыжу. ЕдэӀут, ДжэбрэӀил, иджы си ныбжьэгъур щӀолъэӀу тутынрэ щтамылрэ.

– Зэзгъэщ!Ӏэнщ, дадэ, сызыхуеипэщ ар! – жиӀащ ДжэбрэӀил.

Иджырэ къэс пщӀантӀэм щэхуу дэта БэтӀалыр ДжэбрэӀил еупщӀащ:

– Сыт макъамэ Мырзэ зи гугъу ищӀыр? Исхьэкъи мыщхьэхыу гъуаплъэ хьэлъэр дауэ къыздырихьэкӀыфрэ гъэмахуэ еным? ГъэщӀэгъуэнщ цӀыхум язынықъуэр, къамыл, макъамэ, уэрэд, къафэ, къызгурыӀуэкъым ахэр.

БэтӀал и псалъэхэр Мырзэ дади зэхихати, и щхьэр хьэлъэу, ауэ жыжьаплъэу къиӀэтри БэтӀал хуэхъуащӀэ щӀыкӀэу жиӀащ:

– Е хьеуан, апхуэдэу жаӀэрэ атӀэ? Макъамэр тхьэм и бзэщ. Макъамэр цӀыхум и гум, жыгхэм, псыхэм, жьыбгъэм, Ӏэщым я бзэщ. Макъамэр ди адэжьхэм я бзэщ, ахэр дунейм ехыжами, я псэр макъамэкӀэ къыдопсалъэ. Ӏэщ пэтрэ зэтоувыӀэри макъамэм щӀодэӀу.

БэтӀал пщӀантӀэм дэкӀыжыну ежьэжащ. Абы хуэгъэзауэ ДжэбрэӀил жиӀэнӀауи лейуэ къилъытащ анэш дадэ и ужькӀэ.

Гуащэгъагъ унэм щӀыхьэжащ. Ар тетӀысхьащ жьэгум дэт шэнт лъахъшэм. Дзасэ псыгъуэ кӀыхьым фӀэблауэ жьэгущхьэм пылъ тутын тхьэмпэ гъуахэр Гуащэгъагъ къыфӀихыурэ ӀэгукӀэ ирихьэжэт пхъэ тэбакъ фӀыцӀэм. Тутын сабэм щӀисыкӀт абы и нэхэри, щӀэх-щӀэхыурэ и щхьэр къиӀэтти жьэгу уэнжакъ лъагэм худэплъейт. Жьэгум къыщхьэщыт чий уэнжакъым уафэ къащхъуэ хъурей тӀэкӀу къытепӀати, уэнжакъыр тхьэгъушу уафэм кӀэрыщӀауэ Исхьэкъ узыншэу Къущхьэхъум къызэрехыжам и гуфӀэгъуэкӀэ зэрыдунейуэ зэхахыу зууэ къыфӀэщӀащ Гуащэгъагъ. Лъахъстэн фӀыцӀэ щабэм къыхэщӀыкӀа нэд цӀыкӀум Гуащэгъагъ иригъэзэгъащ тутынри, щтаучри, щтэеуэри, щтамылэри, ар къыщӀихщ, и къуэм иритри жриӀащ:

– Нэдыр худэхи уи адэм худэкӀ.

Анэм къыӀэщӀилъхьа нэдым ДжэбрэӀил еплъурэ жиӀащ:

– Сэри си адэм деж сыдэжыну сопӀащӀэ, уи унафэм сежьэти аращ зыщӀэсӀэжьар.

Нэд фӀыцӀэр топым хуэдэу дридзеймэ къиубыдыжу ДжэбрэӀил лъэбакъуэ псынщӀэкӀэ джабэм кӀэрыхьащ. Гуащэгъагъ и къуэм кӀэлъыплъащ, атӀанэ тхьэусыхэ щӀыкӀэу Мырзэ епсалъэу щӀидзащ:

– И теплъэкӀи, и къарукӀи, и лэжьэкӀэкӀи тхьэм узэрелъэӀуну щӀалэ хъуащ. Ауэ и хьэлкӀэ иджыри сабиигъуэм къикӀакъым. ЩӀалэ цӀыкӀухэм ядэгъэджэгу, дэгъэуей, къегъэух. Унагъуэ едгъэщӀатэмэ, нэхъ зызэтриубыдэжынт.

ЩӀын иуха пхъэ шынакъ хужьыбзэр Мырзэ дадэ дакъэ кӀапэм тригъэуващ. ЖьакӀэшхуэр дыжьын налъэу дыгъэм зэхигъэцӀуукӀыу и пхъум худэплъейри, псалъэр къригъэжьащ:

– ЩӀалэ хьэлэмэтыр лӀыжь пщӀыну умыпӀащӀэ. Жьыгъэр езыр къылъэщӀыхьэнщ. ГъащӀэ кӀыхь насыпыфӀэ тхьэм ищӀ. ДжэбрэӀил хуэдэу зи щӀалэгъуэр щӀалэу езыхьэкӀым и насыпщ. Сабийхэм ядэджэгу цӀыхум и гур инщ икӀи хьэлэлу зэӀухащ мы щӀылъэ дызытетым хуэдэу. Сабийхэр фӀыуэ зылъагъур тхьэми фӀыуэ кьелъагъу. Абы щӀалэ цӀыкӀухэр зэриущийм сыкӀэлъоплъри, ар сабий щэным къимыкӀауэ схужыӀэнукъым. Зэгуэрми цӀыхур зымущхьэкӀуну, зымыгъэикӀэну лӀыфӀым и пӀэ къиуващ ди щӀалэр. Ей, Гуащэгъагъ, сэ щӀыналъэ Ӏэджэ зэпысчащ. Си лъэр фӀэкӀауэ Тыркури, хьэрып къэралхэри къызэхэскӀухьащ, си жьыщхьэ хуэфэщэн насып тӀэкӀу къэзгъуэтынкӀэ сыгугъэу. Насып дэнэ къэна,

щIакхъуэ Iыхьэ къызэуалIэмэ дуней насыпу къэслъытэт. Тхьэр нэфIкIэ къызэплъри си щхьэр хамэщI къисхыжащ. Сэ щIыналъэу зэпысщахэм ДжэбрэIил хуэдэхэр нэхъыбэу щыIатэмэ, сабий мэжалIэхэри, пцIыри, зэрыукIхэри, дыгъуэхэри куэдкIэ, куэдкIэ нэхъ мащIэ хъунт…

ДжэбрэIил, мо щIалэ лъэрыхь псынщIэр, зи лъынтхуэхэм мафIэр щызекIуэр, бланэ жэру бгым дэкIти, Гуащэгъагъ гуфIэу абы худэплът.

ДжэбрэIил мыгувэу къиихутащ къыр лъагэм и щыгум. Зэадэзэкъуэм я Iэхэр зэрыубыдащ бохъусыж-псэужкIэ. ДжэбрэIил адэм и Iэр щикъузым гу зылъимытэжа щхьэкIэ, Исхьэкъ зыхищIащ щIалэм къару зэгъэуIуа зэрыкъуэлъыр. ИкIи игукIэ и къуэм хуэхъуэхъуащ: «Тхьэм ухущIигъэхьэ, си щIалэ! Умылъэпэрапэу шы жэр утесу гъащIэ кIыхь бгъэщIэну тхьэм жиIэ!» Мы гъэмахуэм Исхьэкъ и жьакIэм тхъугъэр нэхъри къызэребэкIам, и нэгур зэрызэхэуам ДжэбрэIил гу лъитащ. ИлъащIэIуэкIэ щыхъуакIуэ мэлхэр куэду лыфIэу Къущхьэхъум къехыжати, ДжэбрэIил мэлхэм еплъурэ игу къэкIыжащ адыгэ псалъэжь «Мэлыхъуэр гъурмэ, мэлхэр пшэр мэхъу» жыхуиIэр. Мы гъэмахуэм щIалэм нэхъри зричу, нэхъри лIыфэ къызэрытеуам Исхьэкъ арэзы ищIауэ и къуэм еупщIащ:

– Къуажэм сыт щыхъыбар? ЦIыхухэр цIыкIуи ини узыншэкъэ? Унагъуэм псори фIыкъэ? Анэш дадэ мыгъейшейуэ гъэмахуэр ириха? Уи шым сыт и щыIэкIэ?

– Къуажэри бэIутIэуншэу бжьыхьэ техьащ. Унагъуэри гуныкъуэгъуэншэщ. Анэш дадэ зы махуэ щхьэузи къыхуихуакъыми, деплъмэ догуфIэ. Дадэ мыувыIэу хьэблэм хьэкъущыкъухэр яхуещI. КъэпщэхуаΙ мэкъупIэ дестынищри пызупщIри дыгъэлу зэтеслъхьэжащ. Сишри хъарзынэщ, пэжу, зэман къызэмэщIэкIыу щытащ сызэрыхуейуэ сыкIэлъыплъыну.

– КъызгуроIуэ, си щIалэ. КъызгуроIуэ уи шым узэрыхуейуэ уи нэIэ щIытумыгъэтыфари. Иджы пщIантIэ Iуэхур сэри пхуэзгъэпсынщIэн слъэкIынущ. Гъэмахуэм ехьыжу улэжьащ. Пхъэ гъэсыну пщIантIэм щызэтеплъхьари солъагъу. Iуэхушхуэ ухущIыхьащ. Хьерыр уи натIэу упсэу!

Зэадэзэкъуэм псалъэр щагъэтащ. ДжэбрэIил къеплъыхри мэлхэм ябгъэдэс хьэщхъуэ щэджащэ Парий щIэмыупщIэу къызэригъэнам папщIэ и адэм щыукIытэжауэ жиIащ:

– Ди Парий дауэрэ къыбдэгъуэгурыкIуа гъэмахуэм?

– Сыту псэущхьэ уэгъурлыуэ тхьэм къигъэщIа мы хьэр! Зы лIы хуэмыху нэхърэ нэхъыфIщ уи гъусэну. ЛъэкIэ кIуэуэ зы дыгъужь къыкъуигъэплъакъым.

Парий и щытхъу зэраIуатэр къыгурыIуа хуэдэ, загъуэурэ къахудэплъейт.

Исхьэкъ лъахъстэн нэд фIыцIэм кърихa тутын Iэпэщызыр ириубащ зэгуэрым Мырзэ дадэ хьэмкIутIейм къыхищIыкIыу кърита лулэ фIыцIэм. Щтаучымрэ щтэеуэмрэ я мафIэр щтамылэм хигъанэри IэпэкIэ тутыным трикъузащ. Дакъикъэ ныкъуи темыкIыу лулэм къыщхьэщихащ Iугъуэ къащхъуэр. Тутын хуэлIэр игъэтIысурэ Исхьэкъ псалъэт:

– Тхьэм къытхуиухам дыхуэзэнщ. Мэжджытым уахыхьэу щIэбдза? ЦIыхум тIэкIу захэбгъэгъуащэми зэранкъым. ПщIэнукъым гурыщхъуэ IейкIэ зигу дыкъэкIынур. Муслъымэн диныр Iумпэм тщIыуэ дыхагъэIуэнщ. Дзыр къэхьыгъуафIэ щхьэкIэ, зыкIэрыдзыжыгъуейщ. Уи ныбжьэгъу БэтIал щIымахуэ лъандэрэ мэжджытым нокIуэ.

Исхьэкъ диным хущIэкъуащэкъым. ДжэбрэIил динри мэжджытри жьэнахуэу кърыгъэсыхьэу гу лъитащи, щIалэ гушхуар и хьэлым игъэлъэпэрэпэнкIэ мэшынэри аращ. ДжэбрэIил и ней мэжджытым щIыщыхуар

Исхьэкъ къыхуэщӀэн лъэкӀкъым. ДжэбрэӀилрэ динымрэ Ӏуданэ фӀыцӀэ щӀызэпачам езым и хъыбари иӀэжщ.

Хьэжрэт хьэблэ щыщ щӀалэ цӀыкӀу куэдым ядэкӀуэу ДжэбрэӀили мыдрисэм щеджащ. ЕщӀэ нэмэзым и фарз псори, къурӀэным и сурэхэмкӀэ уеупщӀми здэжейми къыбжиӀэнущ. Адрей сохъустэхэм къурӀэным ит хьэрып псалъэхэм я мыхьэнэр ямыщӀэу Ӏурыбжэу зрагъэщӀамэ, ДжэбрэӀил ещӀэ хьэрып псалъэхэм къарыкӀыр. Тхьэм и бзэу ялъытэ хьэрыпыбзэм къикӀыр куэдым я дежкӀэ щэхуу къэнэжмэ, ар ДжэбрэӀил адыгэбзэкӀэ зэредзэкӀыжыф. АбыкӀэ къыщхьэпар дадэращ. ИстамбылакӀуэхэм я гъусэу Кавказым Мырзэ щикӀыжам и щхьэ здихь имыщӀэжу лэжьапӀэрэ егъэзыпӀэрэ лъыхъуэу хьэрып къэралхэр къызэхикӀухьащ. Хьэрыпыбзэ зригъэщӀам нэмыщӀауэ Мырзэ зы соми къимылэжьыфауэ факъырэу и щхьэ къихьыжащ хэкум. Ахъшэ иӀэпэу щытами, Мырзэ тегушхуэнутэкъым кхъухькӀэ кӀэщӀу тенджызым къызэпрыкӀыжыну. Тыркухэм яубыдыжынут. Мырзэ хьэкӀэкхъуэкӀэ щакӀуэм ӀэщӀэкӀам ещхьу, лъагъуэ пхыдзахэм зыщигъэпщкӀуурэ АрмениемкӀэ къикӀуэсыкӀыжащ. ДжэбрэӀил мыдрисэм кӀуэуэ щӀидзэри, хьэрыпыбзэкӀэ япэ дерсыр къызэрырату Мырзи егъэджакӀуэ хуэхъуащ. Ефэндым щӀалэ цӀыкӀур къурӀэнымкӀэ дин ислъамым хуригъаджэт, Мырзэ дадэ щӀалэ цӀыкӀур къурӀэнымкӀэ хуригъаджэт хьэрыпыбзэм. ЩӀалэ цӀыкӀур дихьэхащ дин хуэхъунум нэхърэ щӀэныгъэ хуэхъуну хьэрыпыбзэм. Езыри гурыхуэти, еджэным хъарзынэу ехъулӀэт. Хьэрып псалъэхэм къарыкӀыр зэрищӀэм и фӀыщӀэкӀэ, зыхурагъаджэ дин Ӏуэхугъуэхэм ар нэхъ кууу хэпсалъэ хъуащ. Ефэндым зыгуэркӀэ еупщӀыным къыщымынэу, щӀалэ цӀыкӀум зыгуэрхэр къигъэнэхуэну, едэуэну зыкъыщиӀэти щыӀэт. Зи гупщысэкӀэ хэлъэт зиӀэ щӀалэ цӀыкӀум и пӀэ кърищт ефэнды тэмакъ кӀэщӀыр. Ар ДжэбрэӀил щӀэгуауэт:

– Узужэгъуащ уэ щӀалэжь цӀыкӀур! Уэ зым нэмыщӀ сыту къахэмыкӀрэ мыдрисэм щӀэс къомым! Адрейхэм нэхърэ нэхъ Ӏэзэу уэ щхьэ зыкъэплъытэжрэ? НэгъуэщӀхэм уэ уакъызэрыщхьэщыкӀыр еӀуящӀэн закъуэращ!

Динымрэ ДжэбрэӀилрэ Ӏуданэ фӀыцӀэ щӀызэпачам нэгъуэщӀ хъыбари къыдокӀуэ.

Гъэмахуэ пщыхьэщхьэ хуэгъазэу щӀалэ цӀыкӀум къуажэм къихужт жэмхэр. ДжэбрэӀил къыздэкӀуэжым и нэхэр хуэзащ гъуэгу гъунэм телъ блэ фӀыцӀэ цӀыкӀунитӀэм. Блэм и щхьэ цӀыкӀур щӀым къытриӀэтыкӀауэ бзэгу псыгъуэ дыкъуакъуэ цӀыкӀур зэригъакӀуэт. Блэм и гупэкӀэ лъэбакъуищ хуэдиз хъункӀэ пэжыжьэу сабэм ерагъыу хэплъагъуэ къудейуэ Ӏэбжьанэ хуэдиз хъуну хьэндыркъуакъуэ цӀыкӀур щыст, блэм къыхуэплъэу. Хьэндыркъуакъуэр зэ къапкӀэти къэувыӀэжт. Аргуэру хьэндыркъуакъуэр и пӀэ ижыхьауэ хуэплъэт шыӀэныгъэ хэлъу бзэгур къыхуэзыгъэлъагъуэ блэм. Нэрымылъагъу ӀуданэкӀэ зыгуэр къекъуу къигъэлъеям ещхьу, аргуэру хьэндыркъуакъуэр къапкӀэт. Апхуэдэурэ хьэндыркъуакъуэр блэм гъунэгъу къыхуэхъут. Блэми и бзэгур игъэлъагъуэу сабыр дыдэу щылът. ЩӀалэ цӀыкӀур хьэпщхупщхэм еплъу щыту игу къэкӀыжащ ефэндым зыхигъэдэӀуауэ щыта ахърэт хъыбарыр. Бегъымбарыр щагъэсынум щыгъуэ блэм жьэкӀэ пхъэ гъурхэр къихьурэ мафӀэм трилъхьэт. Хьэндыркъуакъуэм жьэкӀэ псы къихьурэ трикӀэт бегъымбарыр зэрагъэсыну мафӀэр игъэункӀыфӀыну. Аращ алыхьым щӀиухар блэр букӀыныр псапэу, хьэндыркъуакъуэм уеуэныр гуэныхьу.

Хьэндыркъуакъуэр блэм гъунэгъу къыхуэхъуат нэхъри. ДжэбрэӀил игу къэкӀыжащ блэм и пэр щызыпхэ духьэ ефэндым яригъэщӀар. Щы-

мыуэу абы духьэр псынщIэу къибжащ. Иджы щIалэ цIыкIур пэплъэт адэкIэ духьэм къишуунум. АрщхьэкIэ духьэм щипхэтэкъым блэм и жьэр, блэм бзэгу псыгъуэ фIыцIэр зэригъакIуэти, уи гугъэнт мыдэ къакIуэ жиIэу хьэндыркъуакъуэм бзэгур хуищIу кърИджэу. Хьэндыркъуакъуэр къэсыпащ блэм и Iупэ дыдэм. Блэм и щхьэр хьэндыркъуакъуэм нэхъри щыкIэ нэхъ цIыкIут. ДжэбрэIил илъагъур и фIэщ мыхъуу, блэм хьэндыркъуакъуэр зыжьэдигъэтIысхьащ. Ауэ сытми зыжьэдигъэтIысхьа, зэ епщэгъуэкIэ ягъэпща шэрыбым хуэдэу, блэм и жьэр зэIыкIащ. Духьэм зыри къызэримыкIар ДжэбрэIил щхьэжэ щыхъуауэ, башымкIэ еуэри блэм къыжьэдигъэхуащ хьэндыркъуакъуэр. Абы и ужькIэ ефэндым иригъэкIуэкI дерсым къыхыхьащ жыхьэнмэм ирадзэхэм блэ фIыцIэ шынагъуэхэр зэрыраутIыпщыр. Абы къытехъеикIауэ псалъэр ДжэбрэIил хиубыдыкIри иIуэтэжащ духьэм блэм и жьэр зэрыщимыпхар, блэм башкIэ еуэу хьэндыркъуакъуэр къызэрыжьэдигъэхуар. Сохъустэ къомым зэхахыу ДжэбрэIил духьэр къызэригъэпудам ефэндыр къигъэгубжьри ткIийуэ еупщIащ:

– Дапщэрэ къэббжа духьэр?

– Зэщ, – жэуап къитащ щIалэ цIыкIум.

– АтIэ ущыуащ, щIалэ! Уэ жаIэм уедэIуу зыхэбубыдэтэмэ… уи Iэхъуэ башым нэхърэ нэхъ къарууншэу жыпIэрэ Алыхь лъапIэм Iэнэмэт къытхуищIа духьэр? Блэм узэреуа башыр уэращ зытехуапхъэр. Блэм и жьэр щупхэн щхьэкIэ духьэр зэкIэлъыкIуэу блэрэ къэббжын хуеящ.

ДжэбрэIил егупщысакъым ефэндыр нэхъри къызэрыгубжьынум, езым хьэзаб зэришэчынум, занщIэу иIуэтэжащ Iуэхур зэрекIуэкIауэ, езым къызэрыгурыIуэу:

– Духьэр блэрэ къэзбжыхукIэ блэм хьэндыркъуакъуэр идриинут. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, блэм нэщыпхъуэкIэ хьэндыркъуакъуэр зришалIэкъым, блэм нэщыпхъуэ иIэу аракъым, блэм и бзэгур кърегъэжри шияуэ зэрегъакIуэ, ар хьэндыркъуакъуэм бадзэ е аргъуей фIощIри ишхыну мапкIэ, атIанэ блэм къигъэпцIа хьэндыркъуакъуэр зыжьэделъафэ.

ДжэбрэIил иIуэтахэр гъэщIэгъуэныщэ ящыхъуауэ мыдрисэм щIэс щIалэ цIыкIухэр едэIут. Ефэнды лIы гъур лъагэр къызэрымыкIуэу къигъэгубжьащ щIалэ цIыкIум и гупщысэкIэм, и псалъэхэм муслъымэн диныр къызэрагъэикIам. Акъылым икIа жыпIэну ефэндыр гъуэхъуащ:

– Уи гупщысэ мыхъумыщIэхэр нобэ адэкIэ зыщыгъэгъупщэ! КъыбгурыIуа, щIалэ цIыкIу? Уэ зыщумыгъэгъупщэнумэ, сэ пщызгъэгъупщэнщ! Мыдэ къыдэкI! Мобдеж къуэлъ шыгъум лъэгуажьэкIэ хэувэ! – Ефэндым и Iэшхуэр ищIащ шыгъужь пхъашэр зыкъуэлъ плIанэпэмкIэ.

А махуэм ДжэбрэIил хьэзабу игъэвар щыгъупщэкъым. Ар лъэгуажьэмыщхьэу сыхьэт енкIэ хэтащ плIанэпэм къуэлъ шыгъужьым. ЗыкъыщиIэтыжам лъэгуажьэтесхэр апхуэдизу узти, и къупщхьэхэр зэхэущэба къыфIэщIт. Мыдрисэм къыдыщIэсхэм ящымыукIытататэмэ, ар ныбафэкIэ пщыурэ и тIысыпIэм и щхьэ нилъэфэсыжынт. Лъэбакъуэ ичын щыгъэтауэ, захуэу къызэфIэувэжыфтэкъым. ДжэбрэIил и нитIыр тенат псом япэ ис БэтIалым. Ар БэтIал щыгугъыпэу и нэ гуIэхэмкIэ елъэIут къэтэджу зыкъыщIигъакъуэу и тIысыпIэм нигъэсыжыну. АрщхьэкIэ, дэнэт, зымыгъэунэхуам узыхищIэнкъым жыхуаIэрати, БэтIал ефэндым еплъти и щхьэр иригухыжт зыри имылъагъу зищIу. «Тетхэм я пащхьэ зыщыгъэдахэ, щэхуу, нэмысыфIэу фэ зрегъэплъ, екIи фIыкIи зым и Iуэху ухэмыхьэ» жиIэу ар и адэм зэриущийм текIакъым. Нэхъапэм шыгъур

зи лъэгуажьэкIэ зыгъэунэхуа щIалэ цIыкIуитI къыщылъэтри ДжэбрэIил и тIысыпIэм нагъэсыжащ. ЩIалэ цIыкIуитIым ефэндыр ятегуоуащ:

– Фызыхуейр арамэ, къэтэджыжам и пIэ физгъэувэнщ! Гъуамэхэр! Хэт и Iизынкlэ фыкъыщылъэта? ФыкъыщIэтэджа щхьэпсыншэм ипшынар Алыхьым къытрилъхьа къуэдыщ!

ДжэбрэIил гъыну хьэзыру игу къызэфIэнауэ ефэндым пэпсэлъэжащ:

– Хьэм и губжьыр кхъуэм трелъхьэ жыхуаIэм ещхьу, уэ сыбгъэшэча хьэзабыр Алыхьым къыстрилъхьауэ жумыIэ!

Ефэндыр шейтIануз хъуауэ ДжэбрэIил и плIэм чыкIэ къыхэуащ. ЩIалэ цIыкIум абдежми Iым къыжьэдэкIакъым, шыгъум нэхърэ чыри нэхъыфIыIуэт. Абы къыщиублауэ ДжэбрэIил динми, ефэндыми, мыдрисэми, мэжджытми фIэлIыкIынygъэу яхуиIэр иухащ.

Исхьэкъ зыпэплъэ жэуапым ДжэбрэIил егупщысри, мыпIащIэурэ жэуап иритащ:

– СыкIуэнщ мэжджытми, и къуэр диным пылъкъым къыпхужезмыгъэIэн папщIэ, Iуэхур абы нэсмэ, Мэчэ Мэдинэ сыкIуэнщи хьэж къэсщIынщ.

Исхьэкъ и къуэм хуеплъэкIри, гушыIэрэ и фIэщрэ къыпхуэмыщIэну жиIащ:

– Сэ псалъэ къызумыгъэхьын щхьэкIэ егъэзыгъэ нэмэз пщIынущ…

Зэадэзэкъуэм псэлъэныр щагъэтащ. Бжьыхьэ пщыхьэщхьэ щэхур къыщхьэщыхьэт бгы лъабжьэм щIэс Хьэжрэт хьэблэ. Бгъэныщхьэ унэжь лъахъшэхэр ещхьт нэгъабэрей мылыфыр зытепцIыхьыжа къандзэгум. Iуэхум хэтт цIыхухэри, зыгуэрхэм мэкъу зэтралъхьэт, хэти ибгъэт щIымахуэм Iэщыр зыщIэтыну къакъырэр, нэгъуэщIми иунэщIт пхъэ гулъэр.

Къуажэм къыдэплъэмэ ДжэбрэIил и нэри, и гупщысэри зыкIэлъыплъыр нэгъуэщIт. ГъунитIым къыIут къазмакъей банэ чоухэм ящышынэу зызыхузам ещхь уэрам зэв цIыкIумкIэ Мардие псыхьэ кIуэт. Пщащэм и дамэм тет гъуаплъэ гуэгуэнышхуэм теджэгукIт дыгъэм и нурыр. Зэадэзэкъуэр щэхуу щысауэ, къуэм жиIащ:

– Анэш дадэ къыпхуезэшащи, уилъагъуху и фIэбэ мащIэщ. Къамыл макъамэмкIэ ущепсалъэм занщIэу нэрылъагъуу къэщIэрэщIащ.

Исхьэкъ зыкъиIэтыжри и къуэм унафэ хуищIащ:

– АтIэ хьайдэ, си щIалэ! Умыбэлэрыгъ, лIыгъэ зыхэгъэлъ. Фочри щIакIуэри къыпхузогъанэ. Парии уи гъусэщ. Щтауч, щтэеуэ хуэдэхэри къыпхузогъанэ. Пщыхьэщхьэ мэлхэм егъэзыпIэ яхуэпщIынур БгъуэнщIагъыжьращ. Жэщ кIыхьагъым мафIэр зэпумыгъэу. Тхьэм и шыкуркIэ бжьыхьэ уэфI хуабэщ. Бжьыхьэ хъуныфIи дыкърихьэлIэжащ. Уэсыр кууэ къытрилъхьэху мэлхэр хъуакIуэми загъэнщIынущ. АбыкIи ди мэкъур нэхъ къызэтенауэ гъатхэ дытехьэну дыгугъэнщ.

Тутынылъэ нэдыр къищтэжри, Исхьэкъ техьащ хурекIуэкI щIыкIэурэ бгым къех лъагъуэм.

Махуэр и кIэм нэблэгъати, иджы дыгъэр щхьэщысыкIт къуршыщхьэ жыжьэхэм я щыгум. МафIэм ису хыуейм щIэтIысыкI кхъухьым ещхьу, мыгувэуи дыгъэр къухьащ толъкъуныжьу зизытIахэм ящхь бгыщхьэ жыжьэхэм я щIыб.

# КультурэмИ лъагъуэм

ЖЭМАН Ахьмэд

# Iуащхьэмахуэ сыт щыгъуи си плъапIэт

*Дыгъуасэмрэ нобэмрэ къагъэщIа гупсысэхэр*

*Си адэ къуэш* ***Исмэхьилрэ***
*си къуэш* ***МуIэедрэ*** *я фэеплъу*

Сыкъэсащ!

Гум щызу сыбауэу си хъуреягъыр къэсплъыхь хъунущ иджы.



Iуащхьэмахуэ щыгум ситщ, метр 5621-рэ зи лъагагъым. Мы махуэр быдэу гум иубыдапхъэщ: нобэ июлым и 26-щ, 1998 гъэщ.

Дунейр пшагъуэщи, зысплъыхь щхьэкIэ, слъагъушхуэ щыIэкъым. ЩIыIэр градус 20-м нызэрохьэс. Пшэ гуэрэнхэр щIэфиихьыжу блолъэт. Уэсыр апхуэдизкIэ пхъашэщи, фошыгъу щащэ уи щхьэм къыфIакIутэ фIэкI пщIэнкъым. НапIэзыпIэм пшэхэр мащIэу зэкIэщIокIуэтри, нэр щIисыкIыу щIыхуу уафэр къыпхопс. Арыххэуи пшэхэр зэIуоуэжри – уафэ теплъэгъуэр щыIаи-щымыIаи. Дакъикъэ нэхъ дэмыкIыу уафэбгъум къыщонаIуэ апхуэдэ щхьэгъубжэ напIэ зытIущ. СызыIэпишэу, сыкъигъэуIэбжьу соплъ а зэблэхъухэм, нэхъыбэ сигу изубыдэн си гугъэу. Ауэрэ пшэ техьэ-текIым къыхоувыкI Кавказ къуршхэм я щыгур.

МащIэрэ си нэгу щIэкIат мы теплъэгъуэр, Жэналъкъыщхьэ е Чегетыщхьэ сытету, «ПщыкIузым я егъэзыпIэ» лъагапIэм сыкъеплъыхыу. Кхъухьлъатэм сису сакъыщыхуеплъыхари нэхъыбэжщ ди къуршхэм. Ауэ нобэрей махуэр зыми ещхькъым. Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм сытетщ нобэ! ТхьэщIагъ дунейм къыхуеплъыхыу щхьэщытщ Iуащхьэмахуэ. Ди щхьэкIэ щыIэр уафэм и закъуэщ. Псалъэ къысхуэгъуэтыну пIэрэ си гум щыхъэр ирисIуэтэжыну? Iуащхьэмахуэ лъапэ Высоцкэм щитха сатырхэр гум къыполъадэ:

*Весь мир на ладони – ты счастлив и нем,*
*И только немного завидуешь тем,*
*Другим – у которых вершина еще впереди.*

УсакIуэм и гум къиIукIа псалъэхэм пэджэжу къыщIэкIынщ Кавказ къуршхэм япэу Iуплъа цIыху минхэм я псэр. Ди лъахэр зэ зылъэгъуар Iэмалыншэу ятхьэкъу цIыхуIэ иджыри зыхэмыIэба уэздыгъей мэзхэм, абыхэм уардэу къащхьэщыт къуршыщхьэ папцIэхэм, мылылъэ лыдхэм къащIэж псы уэрхэм. Ди хьэуам и къабзагъыр-щэ! Нарт лIыхъужьхэм я фадэу щыта нарзаным зэ еIубам дауэ игу ихужын къарурэ гукъыдэжкIэ узыгъэнщI псы хущхъуэр!

Олимп Тхьэхэм ауэ сытми Кавказ къырым ираIулIат я лIыхъужь хахуэу Прометей. Езы Алыджым – сытри здэщыIэу жыхуаIэ Грецием – щымащIэу пIэрэт ар здепIулIын – бгы нэхъ жумыIэмэ, къелыжу яIэт. Хыри щIыри зэпыпчу хамэщIым умышэну Iэмалыншэт? Ауэ щыхъукIи, лыгъэр къызыщхьэщих Мысырым яшакъым – Кавказым е Эвксин Понтым и Iэшэлъашэхэм нэхърэ мынэхъыкIэу алыджхэм а щIыналъэр яцIыхуртэкъэ. Нэхъ тыншыжращи, лIыхъужь щхьэзыфIэфIыр тенджызым ирагъэтхьэлами зэфIэкIт! Хьэуэ, Iэмал имыIэу къуршым кIэраIулIэну хуейт. Ари хъунт, ауэ Кавказ къуршхэр щхьэ къыхаха?

Iуащхьэмахуэ щыгум сыздытетым, куэд щIауэ зи бэлыхь сиукI а упщIэм и жэуапыр зэуэ къэзгъуэтащ. НапIэзыпIэу си щхьэм къихьа гупсысэм апхуэдизкIэ сытриIэтыкIати, Архимед нэхъей, «Эврика!» жысIэу сыкъэкIий пэтащ. Ауэ занщIэу зызэтезубыдэжащ: къуршыщхьэм ситу алыджыбзэкIэ сыкъыхэкIиикIам, сыту пIэрэт си гъусэхэм къысхуагугъэнур? И щхьэр зэкIуэкIащ тхьэмыщкIэм, жаIэнт. Хьэуэ-хьэуэ, Архимед сэрэ ди цIэхэр тIэкIу зэщхьми, мифологиер нэхъ къулей зыщI къэхутэныгъэ сщIауэ къэслъытэжми, макъкIэ зыми зыкъезгъэщIакъым, хъунт «эврика» закъуэм нэмыщI, алыджыбзэм нэгъуэщIи хэсщIыкIыу щытамэ, – ари щIэсщIэр Архимедрэ Алыджымрэ яхуэсщI пщIэм и хьэтырщ. Сытми, а дакъикъэм си гъусэхэм гурыщхъуэ зыхуезмыгъэщIу си бзэр субыдащ. Иджы а зи гугъу сщIы къэхутэныгъэмкIэ згъэзэжынщи.

НтIэ, алыджхэм сытым къыхахыу я Прометей лIыхъужьыр ди къырхэм нэс къахьу кърaIулIа? Абы и жэуап тэмэм зэи срихьэлIакъым си щхьэкIэ, ар нэIурыт дыдэу щыт пэтми. Тхьэм жиIэмэ, Прометей и Кавказ эпопееу сэ згъэпсынур Будапешт дэт Литературэ институтым езгъэхьынщ, Лайош Мештерхази и архивым бгъурылъу хуэфэщэн увыпIэ игъуэтын хуэдэу. Абы зыщывгъэгъуэза нэужь, фэри фыхуитщ фи гупсысэхэр Кэндзабуро Оэ, е Габриэль Гарсиа Маркес, е Фазиль Искандер хуевгъэхьыну. Хъыбарыжьхэм, шыпсэхэм, псэщIэ къаIугъэкIэным хуэIэзэ а тхакIуэшхуэхэращ сигу къэзыгъэкIар Прометей и щэху зэхэзэрыхьам си еплъыкIэ гуэри хэзгъэувыну. Ауэ щыхъукIи, а си гукъэкIхэм зы мэскъалкIи сытрашакъым псори зыщыгъуазэ пэжым, зыри зыщымыгъуазэри хэтыжу. Мыбдеж щыстха псори ипэжыпIэкIэ къэхъуащ. Е къэхъуагъэнщ. Е дяпэкIэ къэхъункIэ хъунщ.

Мыр езыр къызэрыгуэкI литературэ тхыгъэкъым, цIыхуитIым я гухэлъыр илъэс щэщIымрэ напэкIуэцI щитхумрэ къигъэтIэсауэ шэщIа тхылъкъым. Си щхьэм, си гъащIэм тезухуэжа гуэруи щыткъым, Iуащхьэмахуэ сызэрыдэкIар къанэ щымыIэу, уеблэмэ, езгъэлейуэ пIэрэ жыпIэну къэсIуэтэж пэтми. Мы си тхыгъэм – Iуащхьэмахуэ лъапэ щызэIуха си Iэнэм – щызэхуэшащ ЩIы хъурейм и Iыхьэ псори. Апхуэдэу спортсменхэр щызэхуос я Олимп джэгухэм (абы иджыри дытепсэлъыхьынкъэ). НтIэ, сытыт фи гугъар – «мэджэрэз мыувыIэу ЩIы хъурейр», дэ псори абы и гупкIэм дисщ, псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, Хиросимэ

и уэзджынэр дэтхэнэ зыми къызэрытхуэджэр зи гущхьэ къэмыкI Iэджэ къытхэт пэтми.

КъыфхуэсIуэтэжыну си мурад хъыбархэр сэри зэгуэр зыгуэрхэм жаIэжу зэхэсхауэ аращ. Мы дунейм апхуэдиз къыщохъури, утIысу зыри къыщIэбгупсысын слъагъуркъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, машинэр псынщIэу къезыхуэкIыр мащIэкъым. Апхуэдэ хъыжьэхэр къаубыдын фIэкIа къалэн зимыIэхэри щыIэщ, пэжкъэ? А тIур щызэхуэзэкIэ, яку къыдэхъуэ псалъэмакъхэмрэ Iуэхухэмрэ Зощенкэ е Булгаковыр нэхъыфIу тетхыхьыфынут. Ильфрэ Петроврэ псори ятхауэ, Жванецкэмрэ Задорновымрэ  псори сценэм щаIуэтэжи фи мыгугъэ. Апхуэмыдэ Iэджи къыщохъу иджыри ди гъуэгу пхыдзахэм. Пэжу, къалащхьэм дэсхэм 101-нэ километрым адэкIэ къыщыхъур зыкIи къафIэIуэхукъым. А псом тетхыхьыну зэман яIэкъым машинэ исхэмрэ гаишникхэмри. Сэри сы-Достоевскэщ жысIэркъым, ауэ, итIани, къалэмыр нэхъыбэрэ сIэщIэлъщ рулым нэхърэ, зэман гуэри къысхудохуэ. НтIэ, хэт зэран къысхуэхъур абыхэм защIэзгъакъуэу, езыхэри зыдэзгъэIэпыкъуурэ, я хъыбархэм щыщ гуэрхэр къестхэкIыжыну (нэхъыбэкIэ сытегушхуэркъым, си тхыгъэ цIыкIум иджыри мэлхэм я гугъу щыфхуэсщIын хуейщи).

МашинэфIыр, псом хуэмыдэу хамэ къэрал щащIар, хъуэпсапIэу щыIэм ящхьэщ, гур зыгъэпхъэрщ. Мис а гур здэпхъэрым зи Iэр лъэIэсыфхэри щыIэщ. «Мерседес-600» – аращ иджы дунейм и пщалъэр, пщIэ зыхуэтщI зиусхьэнхэу Платон, Сократ, Декарт, Спинозэ, Кьеркегор, Хайдеггер! ХХ лIэщIыгъуэр нызэрыхьэсащ, дэ «мерсюкыр» къытлъымысурэ. ДунеищIэмрэ цIыхущIэхэмрэ къыткIэщIозэрыхь. «УрысыщIэхэр» гъащIэм и тепщэщи, хамэщIхэми я цIэ-я щхьэр ноIус. Догуэ, щIыпIэ пхыдзахэм щымыIэу ара апхуэдэ «щIэхэр»?  Щыгъунэжщ. Мэзкуу дэсхэри щыгъуазэщ абы, псо дыдэр ямыщIэми. Нэхъыбэ ящIапхъэт. Хамэ къэралхэми нэхъыбэ щащIапхъэщ дыдей «щIэрыпсхэм» я хъыбару. Псалъэм папщIэ, си жагъуэ мэхъу си лъахэгъухэр Михаэль Шумахер благъэ хуэхъуным зы мащIэ фIэкI зэримыIэжар зэхэхауэ зэрывмыщIэр. Е зэрывмыщIэххэр. НтIэ, сэ фхуэсIуэтэнщ ар, ауэ мыдэ Прометей и хъыбарыр и кIэм нэзвгъэгъэс.

Фэ къыфпоплъэ мэлыхъуэ хъыбархэри. Ахэр си адэ къуэш Исмэхьил къыщызжиIэжауэ щытащ хъупIэми, мэкъупIэми, и гъащIэ псом зэ санаторэ кIуэуэ махуищ фIэкI щымыIэфу къэкIуэсэжа нэужьи. Иджы мис, гугъуехьым къыхиха узыфэ Iэрамэу ди хъупIэ удзыпцIэм ещхьу зэщIэбэтам пэмылъэщу ар дунейм зэрехыжрэ илъэсхэр дэкIауэ, си къалэным пызобжэ си адэ къуэшыжьым и гупсысэмрэ и псалъэмрэ дунейм къытезгъэхьэжыну. Абы жиIэ псоми арэзы сытехъуэртэкъым сэ, езыми Iэмалыншэу зыми тригъэчыныхьыртэкъым, сытми дунейм щилъагъумрэ щызэхихымрэ зы еплъыкIэ гуэр хуиIэти, апхуэдэуи къиIуэтэжырт, набдзэгубдзаплъэу гъащIэм пхырыплърэ дэтхэнэ Iуэхугъуэ къызэрыгуэкIми, политикэр щыгъэтауэ, езым и философие хилъэгъуэфу.

ГъэщIэгъуэныщэщ мэлыхъуэхэм уащIэдэIуну. Зэхэпхар занщIэу птхыжыфмэ, нэхъыфIыжт. Дигу къэдвгъэгъэкIыжыт къызэрырадзэ щымыIэу гъуэгущхьэ станцхэм теса лэжьакIуэжь къызэрыгуэкIхэм Пушкиным пщIэшхуэ яхуищIу зэрыщытар е Лермонтовым зи ныбжьыр хэкIуэта штабс-капитан Максим Максимыч зэригъэлъэпIар. Мэлыхъуэхэм ятетхыхьыр мащIэщ. Иджы нэгъуэщI «лIыхъужьхэмрэ» нэгъуэщI хъыбархэмрэ япэ йощ, сэ сщIэрэ, Моникэ Левинскэм Унэ хужьым щигъэхъахэр е апхуэдэ гуэрхэр. Захуагъэ-тIэ ар! ТхьэхужыIэу

жыпIэмэ, ди мэлыхъуэжьхэм хуэдэхэракъэ ди нобэрей станц, хьэуэ, «хъупIэ смотрителхэр», ди Максим Максимычхэр! Ахэракъэ бгырыс лъэпкъхэм я лъабжьэр? Зы лэгъупэжь нэс дунейм текIыжыху къэс, къыкIэлъыкIуэну лIакъуэм и гъащIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ гуэр хокIуэдыкI.

Мис апхуэдэ лэгъупэжьт Исмэхьил. Сэри, Печоринми Белкинми я зэфIэкIым хуэдэ збгъэдэмылъми, си адэ къуэшым и цIэмрэ и гупсысэмрэ тхыдэм къыхэзнэну мурад сщIащ. Шэч хэмылъу, дэтхэнэ зыми и Iыхьлыхэм яхэтщ апхуэдэ мэлыхъуэхэр, хэт ищIэрэ, абыхэм я нэIуасэу къыщIэкIынкIи мэхъу си адэ къуэш Исмэхьил, е МуIэед, е Тажудин… Я гъащIэр губгъуэжьым щахьащ ахэм, уэшхымрэ уэсымрэ яуфэнщIу, мэлымрэ дыгъужьымрэ яку дэту. ЗэрыжаIэжымкIэ, «щхъуэжьхэм» лъакъуитIкIэ зекIуи мымащIэу къахэкIт! Езы мэлыхъуэжьхэрщи, ахэр цIыху сэфэтым икI я хабзэтэкъым, я дунейр ирахьэкIт я псалъэрэ я напэрэ ягъэпэжу, мэлыхъуэхьэр зей цIыхум зэрыхуэпэжым ещхьу. А мэлыхъуэхьэхэм зы тхылъ щхьэхуэ яхуэфащэт, ауэ дэнэ щыIэ апхуэдэ зэман, си псалъапэр армырми кIыхьлIыхь сщIащ. АтIэми, сIуэтэжын хуейр гъунэжщ. ИкIи сопIащIэ: кхъухьлъатэм ситIысхьэу «Мэзкуу – Налшык» уэгу гъуэгуанэр зэпысчын хуейщ, адэкIэ сыкъызэтемыувыIэу Терскол сыкIуэнурэ Iуащхьэмахуэ сыдэкIынущ.

Ыхьы! СитIысхьащ, зытIэтащ, детIысэхащ, сынэсащ, щыгу дыдэм лъэсу сыдэкIащ. Иджы «ПщыкIузым я егъэзыпIэм» сынэсыжу, абдеж къыщызэжьэ си къуэмрэ сэрэ кIапсэ гъуэгур ямыгъэувыIэ щIыкIэ абыкIэ дехыжын, адэкIэ си адэ-анэм я деж секIуэлIэжу, «Налшык – Мэзкуу» кхъухьлъатэмкIэ сежьэжын хуейщ. Ауэ зэкIэ щыгум сытетщ Высоцкэм и псалъэхэр сигу къэзгъэкIыжу:

*В суету городов и в потоки машин*
*Возвращаемся мы – просто некуда деться! –*
*И спускаемся мы с покоренных вершин,*
*Оставляя в горах свое сердце…*

Дэнэ сыздэпIащIэр, иджыри зы талайкIэ сытетынщ мы щыгум, дапщэщ иджыри апхуэдэ махуэ къыщысхуихуэнур…

Си щхьэм хужызоIэж: «Эврика!» жыпIэу укIиину ухэта къудейтэкъэ иджыпсту. Сытыт апхуэдизу узыгъэпIейтеяр? А-а, Прометейт. Кавказ къуршым кIэрыIулIауэ щытатэкъэ а тхьэмыщкIэжьыр, Геракл къэсу хуит къищIыжыху. ИтIанэ зэгъусэу кхъухьым итIысхьэхэри я Алыджым ягъэзэжащ а тIум, зэикI къамыгъэзэжыну.

Iуащхьэмахуэ сыздытетым, си нэгу щIэтщ Прометей иужь дыдэу нэщхъейуэ мы ди къуршыщхьэ лыдыжхэм зэрахуеплъэкIыжар. Илъэсищэ бжыгъэхэр щрихьэкIащ абы мыбдеж, езы Гефест дыдэм гъущIкIэ ириIулIауэ. Iуэху тынштэкъым ар, дауикI, псом хуэмыдэу къуршыбгъэр къэлъатэурэ и тхьэмщIыгъур щиуIум деж. Арат Олимп тхьэхэм я унафэр! ИкIэм-икIэжым гущIэгъу къыхуащIащ. Геракл къыхуагъакIуэри, хуит къищIыжащ. Арати, лIыхъужьитIыр хым техьэжащ, илъэсищэм къриубыдэ  хъыбарыщIэхэр зэхуаIуатэу. Геракл жиIэн иIэт – зэрихьа лIыхъужьыгъэ пщыкIутIым, щхьэщытхъуагъ хэмылъу, хутепсэлъыхьыжт. И гъусэм ишэча бэлыхьымрэ гукъэкIыж хьэлъэхэмрэ щхьэщихын мурадкIэ, абы и псалъэмакъыр зэрыхъукIэ трилъащIэурэ иригъэкIуэкIт. Уи закъуэкъым, жиIэрт абы, нэгъуэщI цIыхуфI Iэджэми лей къалъысащ уэ къырым уепхауэ укIэрытыхункIэ.

– Уи мыгугъэ, Прометей, адрейхэр тхъауэ. Сэри, езы Зевс дыдэ срикъуэ пэтми, зэхэзехуэн сащIауэ щытащ, гъэру сащэри пащтыхь гуащэ Лидие и деж сыт хуэдизкIэ сыщыIа? Эврисфей бзаджэнаджэм сызыхигъэта къудейр пщIам, уигу къысщIэгъунт. А угъурсызым и унафэт игъащIэм къамытхъуа шэщхэр зэрызгъэкъэбзар. Сэ абы къарууэ хэслъхьам ущIэмыупщIэ. Иджы, зэрысщIэмкIэ, Пащтыхьым и шэщхэр нэхъеижу шы вейм зэщIищтэжащ, ябзыщI ахъумэ. Абы и закъуэ сэ згъэвар. Немей аслъэным ебэнын жыпIэн, лерней гидрэм езэуэн жыпIэн? Зэпыту укIуэ ар! А емынэм, сицилие мафием нэхъей, щхьэ куэд пытти, зыр пызупщIащ щыжыпIэм щхьитI къыфIэжырт! Сытми, си насып текIуащ. Ауэ мафием теухуауэ унафэ гуэри къысхуащIатэкъыми, еплъ иджы, дунейм щыбагъуэри, тез хъуащ. Уа, Прометей, абыхэм я зэхэзекIуэ мы къуршхэм щумылъэгъуауэ пIэрэ?

– Хьэуэ, зыри слъэгъуакъым, къуршыбгъэмрэ мэлыхъуэхэмрэ фIэкIа.

– А, сэри а мафием зыщыздзейм нэхъ къызощтэ, – и Iэр ищIащ Геракл. – Мис, уэ си гуапэ дыдэщ суригъусэну. КъызжеIэжыт, дауэрэ щепхьэкIа уи гъащIэр Кавказ къуршхэм?

Прометей и хъыбарыр иришэжьащ:

– Сыт сэ, сеIулIауэ сыкIэрылъащ къырым, къуршыбгъэжьыр къэсрэ си тхьэмщIыгъум къеуIуу. А зы щIыпIэрат зэуIури, сытуи имыужэгъурэт. ТхьэмщIыгъу фIэкIа зыри и гум Iэпих хъунтэкъым. Узым нэмыщI, хуабэми щIыIэми саукIыу, си Iыхьлы-благъэхэм зыгуэркIэ гу къыслъатэн жысIэу си гъащIэр схьащ. Зы цIыху си хэкуэгъухэм ящыщу къысщIэупщIакъым апхуэдиз лIэщIыгъуэм и кIуэцIкIэ. Уэращ япэ дыдэр, Геракл. Ухуейуэ щытмэ, а си тхьэмщIыгъур зыфыщIа къуршыбгъэр нэхъ гъунэгъу схуэхъуащ, си адэжь лъахэу Микен щыпсэухэм нэхърэ. Тхыдэм псори зэхигъэкIынщ, Геракл, псори и пIэ иригъэувэнщ. А бгъэжьым си тхьэмщIыгъум еуIун фIэкIа нэгъуэщI имыщIа уи гугъэрэ? Шхын къысхуихьурэ сызыгъэшхар аращ, и пэмкIэ къызжьэдикуэурэ – сэ си IитIыр пхатэкъэтIэ? Афиным гъуэмылэ къысхурахыху сежьамэ, сылIати. А бгъэжьымрэ мэлыхъуэхэмрэ мыхъуамэ, илъэс щэ ныкъуи схуэхьынтэкъыми. Пэжыр жысIэнщи, бгъэр си тхьэмщIыгъум къыщIеуIур шхын щхьэкIэ лIэуэ аратэкъым, атIэ сыкъызэщигъэууэ арат, жейм сыхилъэфамэ е, сэ сщIэрэ, сыкъэмэхамэ. Сэ илъэсих-блы къэс зэ сыкъызэфIэмахэрт. Арати, си тхьэмщIыгъум хуищIэу къеуIурт си бгъэжьри, зэуэ зыкъэсщIэжырт. КIэщIу жыпIэмэ, абы теухуауэ мифологием зэхиджэ къомыр уи фIэщ умыщI. КъэбукIын дэнэ къэна, хъумэн хуейщ, Тхылъ плъыжьым итхэн хуейщ кавказ къуршыбгъэр! Уэгум щыхуарзэу уэзгъэлъэгъуащэрэт ар! Моуэ мэл гуартэм ныщхьэщыхьэрэ мэлыхъуэр бэлэрыгъакъэ – мывэ хъурейм ещхьу зридзыхрэ щынэ цIыкIур хипхъуэтыкIыу. Сэри сIуигъахуэрт къищэкIуа щынэ фIыцIэм и лIым щыщ. Дунейм тет хъункъым абы нэхърэ нэхъ IэфI. Бгъэм и лъэужьыр къахуурэ, мэлыхъуэхэри зэгуэрым си деж къэсащ. Тхьэм ещIэ, къупщхьэлъапщхьэхэм щыщ сIэщIэхуа хъунт, щынэщIэ цIыкIум и къупщхьэхэр лым дэзгъакIуэу сшхы си хабзэми. Сытми, къысIуоуэ мэлыхъуэ гупри, зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу къыспкърыупщIыхьу щIадзэ: ухэт, дэнэ укъикIа, сыт мыбы щыпщIэр?.. Бгъэжьри я гущхьэ къэкIыжтэкъым. Мыращ-моращ жысIащ, сэ езыр Алыджым сыщыщщ, Олимп судым и унафэкIэ мы къырым сраIулIауэ си тезырыр щызохьэкI. Бгъэжьым къищэкIумкIэ къыздогуашэ, армыхъумэ, шхын щхьэкIэ сылIэнт, Афиным гъуэмылэ лъэпкъ къысхурагъэхкъым. НакIуэ,

жаIэ, тхьэмыщкIэжь, ди пщыIэм, удгъэлъэпIэнщ, мэлыл уэдгъэшхынщ. Хьэуэ, жызоIэ, мэлылкIэ нобэкIэ срикъуащ, кIэрыкIыпIи сиIэкъым, зэрыфлъагъущи, бгым быдэу сеIулIащ. Я фIэщ мыхъуу, къеIащ-неIащ си гъущI цепым, ауэ дэнэт. Тхьэм я къарум текIуэнт цIыху цIыкIур. НтIэ, Прометей, жаIащ мэлыхъуэхэм, илъэсищэ хъуауэ мыбдежыр уи хэщIапIэмэ, дэ сыту дымыщIарэ ар? ДяпэкIэ удихьэщIэщ, уепха пэтми, ди мэл куэд птекIуэда пэтми. Дэ мыгувэу къэдгъэзэжынщ, жаIэри ежьэжахэщ.

Куэд дэмыкIыуи къытрагъэзащ, шэ гъэпцIа гуэр, шхум ещхьу, ауэ нэхъ гуащIэу, къысхуахьри – чыфыр жаIэ езыхэм. Сытым хуэдэу губампIэр игъэтIысрэ абы! Абы нэмыщI, я хъуржынхэм хьэлIамэ гъэва, кхъуей плъыжь кърахри къызатащ, фо къызыкъуахри си уIэгъэхэм къыщахуащ. Псыуэ тесфыхьыжари нэхъ IэфIыжт, нарт санэ жари, я лIыхъужьхэм я фадэу.

– СощIэ, сэри сефащ а псым, – зэпиудащ Геракл. – Дауи, бжьамийхэмкIэ къытхуашэу дэ дызэфэ псыр зырикIщ абы елъытауэ. Мыбы сыкъэсыхукIэ, си кхъухьым ита псыр къысIэщIэухэри, мыдрей «понтовэ» псы игъэхъуахэм щыщ сефэу сыхуежьати, си лъатэр зэIигъэхьэ пэтащ. Тенджыз ФIыцIэм и Iэшэлъашэм къыщыщIэж псым уефэ хъужрэ Чернобылым и ужькIэ. Сытми, мыбы сыкъэсри, япэ къысхуэза псынэм сыIугъуэлъхьащи, софэри-софэ. Мывэ зытелъадэр плъыжьыбзэщ, езы псыр къабзэмылщ, щIыIэщи уи дзэм дохьэ. Моуэ къасщIэу си къарур къысхыхьэжати, а уи цепхэр IэкIэ зэпысфыщIыкIыну сыкъигъэгугъэрт! Аракъэ нарзаным пелуанхэм я санэкIэ щIеджэр… ПщIэрэ, Прометей, – зыкъызэщIипхъуэтащ Геракл, гъэщIэгъуэн гуэр игу къызэрыкIар наIуэу, – иджы ущыщхьэхуиткIэ, дяпэкIэ блэжьынум егупсысыпхъэщ. А къуэш-благъэ къыпхуэхъуахэм урагъусэу хьэрычэт гуэрхэр пщIэ мыхъуну пIэрэ, «совместнэ предприятэ» жыхуаIэм хуэдэу? Мэлыл, мэлыфэ, цы, нарзан жыпIэми, Алыджым щикIынут ахэр псори.

– Сыт щхьэкIэ, – зригъэщIэгъуэкIащ Прометей, – Алыджым щыIэкъэ? Апхуэдэу щытащ мыбы сыкъэмыкIуэ щIыкIэ.

– Ара уи гугъэр, – пидзыжащ Геракл, – уэ укъызэрытрэ куэдым захъуэжащ, къуэш. Пэж дыдэр жыпIэмэ, пляжрэ помидоррэ нэхъ хъуэпсэгъуэ къытхуэнэжакъым. ЗикI, шэч къытумыхьэу, тIэкIу зыгъэпсэхуи, Iуэхум яужь ихьэ, Кавказым къызэрытебгъэзэнум хуэдэу. Уи мыгугъэ, сэ фейдэ къэслъыхъуэркъым, сэ къысхэхъуэр, къанэ щымыIэу, Тхьэхэмрэ Тхьэ унэхэмрэ къурмэн яхузощI. Зы лъэIу закъуэ пхузиIэну аращ. Бгырысхэм я гъусэу япэ къызэIупх СП-м си адэ шыпхъужь Деметрэ и цIэр фIэщ. АбыкIэ сыкъэбгъэгугъэрэ?

– Укъызогъэгугъэ…

– Дэгъуэщ. СызэреплъамкIэ, а уи ныбжьэгъухэм помидор щIагъуэу къадэхъуркъым. Абы иужь уихьэмэ, Кавказ лъэныкъуэмкIэ уи Iуэхур къыщикIыну си гугъэщ. Абы и мызакъуэу, бгырысхэр нэгъуэщI IэщIагъэ гуэрхэми хуэбгъэсэнщ, псом хуэмыдэу, мафIэ къыщагъэсэбэпхэм. Абыхэм лIыхъужь бэлыхьхэр яIэу жаIэ, нарткIэ еджэу. Уэ пхуэдэ зы хъыжьэ яхэтщ абыи, Сосрыкъуэ жари. ЩIалэщIэщ, ауэ икъукIэ лъэрызехьэщ, я Тхьэхэм я лъэмбым йопкIэ жыпIэну. А зыращ тхьэхэм я зэхуэсышхуэхэм ирагъэблагъэр. Уэ пхуэдэ къабзэу мафIэр къидыгъури цIыхухэм къахуихьащ абыи. Уэр нэхъей, а щIалэри бгым кIэраIулIэмэ, хъуакъым. Ди тхьэхэм я щыуагъэр яIэщIэмыкIащэрэт абыхэми… ЦIыхухэм щхьэкIэ зыщIэбгъэлIэжын щыIэу сщIэркъым сэ. Сыти яхуэщIи, фIыщIэ ящIынукъым икIи ирикъунукъым…

Мис апхуэдэу уэршэрурэ я гъуэгу хагъэщIырт Элладэм и лIыхъужь ахъырзэманхэм. ИкIи я гукъэкIыжхэм кIэ ямыгъуэтурэ, Кавказ къуршхэр хьэуам хэткIухьыжащ.

Прометей тезыр къыщытралъхьа Олимп судым и протоколыр куэд щIакъым къысIэрыхьэу зэрыщIэзджыкIрэ. Дауэ нэзмыхьэсынрэ ар си тхылъеджэхэм деж! ЗанщIэу жысIэнщи, Прометей и Кавказ хъыбарым теухуауэ сиIэ еплъыкIэр къанэ щымыIэу щIегъэбыдэ а тхыгъэ Iущым.

Прометей игъэкъуаншэу прокурорым жиIа псалъэ дыгъэл къомыр дызогъэху. Пэжыр жыпIэмэ, зыри зыпумыдзыфын куэд хэтщ абы къипсэлъами. Тхьэхэм мафIэр къафIэбдыгъуу цIыху цIыкIум яIэщIэплъхьэ-ныр Iуэху джэгу езыр! Прометей и уэчыл жьэмейхэм къапсэлъа щхьэ-хужыIэхэми зыкIи дыхуэныкъуэкъым. Уеблэмэ, уэчыл щIэмысыххауэ къысщохъу а судым. Ауэ аракъым гъэщIэгъуэныр. «Афиным, е Микеным, е Олимпым я хъуреягъкIэ щыпсэухэм щыщу зы цIыхупсэ ди унафэмкIэ мыарэзыуэ уэрамым къыдыхьакъым, зы плакат закъуи зыщIыпIи къыкIэралъхьакъым мафIэ къахуэзыхьам къыдэщIу», – итщ протоколым. Ягъэкъуаншэм жиIам щыщу къибджыкIыни щыIэкъым, псалъитI къудей къыжьэдэкIауэ аращ:

– КавказымкIэ – сыарэзыщ.

Тхьэхэм къытралъхьа тезырымкIэ мыарэзыми, зэрынэрылъагъущи, Прометей фIэкъабылт зыкIэраIулIэнур Кавказ къуршхэр зэрыарар. Уеблэмэ, шынагъэ иIэт хеящIэхэр щIегъуэжу нэгъуэщIыпIэ ядзынкIэ, псалъэм папщIэ, нэхъ я пэгъунэгъу Кипрым. Пэжу, абы и арэзыныгъэм зыри елъытакъым. ИтIани тхьэхэм я мурад щэхур къищIауэ къызыщыхъу Прометей игукIэ гуфIэрт.

А лъэхъэнэ жыжьэм щыгъуэ алыджхэм нэхъ бгышхуэу яцIыхур Кавказым и къуршхэрат. Америкэр иджыри къызэIуаха щIыкIэтэкъым, Индиемрэ Гималаи бгыхэмри нэсатэкъым. Олимпыр лъагэт икIи гурыхьт, ауэ тхьэхэм кърагъэкIуртэкъым я пащхьэ нэхум Прометей бзаджащIэр кърanэну. Дауэт тхьэхэм я зэхуэсыпIэ, я ешхапIэ-ефапIэм деж ар кIэрыIулIауэ илъэсищэкIэ зэрыщыбгъэтынур? Олимпыр щымыхъукIэ, Алыджым щыIэ адрей бгы цIыкIуфэкIухэр къезэгъыххэртэкъым. Къэнэжыр Кавказ къурш уардэ дахащэхэрт.

Прометей дауэ мыкъуэншами, тхьэхэм абы хуэфэщэн пщIэ къыхуамыщIын ялъэкIтэкъым. Дауэ щытми, ари тхьэпэлъытэт, къызэрыгуэкI цIыхум ещхьу гъуанэдэууэ «Iуебгъэпlэну» е хьэр щыщIащIэм лIапIэ бгъэкIуэну къезэгъыщэу щыттэкъым. Арати, Прометей пщIэ лей хуащIу, Кавказ къуршхэр гъэрыпIэу хухахащ.

Хэбгъэзыхьмэ, Эверест зэрыщыIэри а зэманым алыджхэм ящIэу щытагъэнри хэлъщ. ИтIани абыкIэ еплъэкIакъым. Лъагагъратэкъым Iуэхур зытещIыхьар. Эверест жыжьэIуэт, Кавказыр, абы елъытауэ, гъунэгъубзэт. ПсэкIи нэхъ я пэгъунэгъут. Алыджхэр Кавказым къэкIуэрейуэ щIыщытар мафIэ къызыIурылъэлъ выхэр щIащIэу иривэным, хьэмэрэ дыщафэр ягъэкIуэсэным и закъуэтэкъым. Шашлыкыр-щэ, нарзаныр-щэ, амазонкэхэр-щэ, мифологие зэпэджэжхэр-щэ – дэнэ зэуIуу апхуэдиз фIыгъуэ щыбгъуэтынур? Гималаи узылъэмыIэсыра? Кавказым гугъущэ удемыхьу гъэм и зэман псоми унос-укъосыж. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ, узэрыхуеижынур пщIэнукъым. Мис, иджы хуей хъуакъэ. Илъэсищэ бжыгъэхэр дэкIмэ, Геракл мыбы къесылIэнущ къалэнышхуэ и пщэ дэлъу – Прометей хуит къищIыжыну. Ар, пэжу, иужькIэщ, нобэкIэ

Олимп тхьэхэм зэдэарэзыуэ унафэ гуащIэр къащтэ: «Прометей щхьэзыфIэфIыр Кавказ къуршхэм кIэрыIулIэн».

– Кавказым теухуауэ – сыарэзыщ, – пагэу егъэIу Прометей и ужьрей псалъэхэр.

Тезырыр лIыхъужьми тхьэхэми яхуэфэщэн хуейт. Дауэт нэгъуэщIу тхыдэм къызэрыхэбнэнур а Iуэхугъуэ егъэлеяр? Губзыгъэр фIыщ. Я унафэ IущымкIэ тхыдэм къыханакъэ я щхьэри, Прометеи, Кавказри? Армырауэ пIэрэ Прометей игу-мафIэм игъэхуэба къуршхэр лъахэ щIахуэхъуар лIыгъэмрэ щыпкъагъэмрэ зи нэрыгъ бгырысхэм? Дауэ къыщамылъхунрэт мыбдеж мывэм и къуэ Сосрыкъуэ, лъэхъэнэ дэкIауэ Прометей ещхьу нартхэм мафIэ къахуэзыхьар? Ахэр шыпсэ къудейуэ плъытэ хъуну? Шыпсэ дыдэуи дощIри, мыхьэнэшхуэ зиIэ шыпсэщ.

* * *

А псор зэзгъэзахуэу сытетщ Дунейм и щыгум. Жыжьэ срихьэжьакъэ си гупсысэ цIывам. Аращ бгыхэм я къару жыхуаIэжыр. Абыхэм щIылъэ зэшыгъуэм утраIэтыкI, Тхьэм хуэфэщэн гуращэм ухуашэ, Iуэхугъуэ мыхьэнэншэу гъащIэр зытебгъэкIуадэр пкIэрагъэщэщ. Мыпхуэдэ лъагапIэм утетмэ, уи гупсысэмрэ уэрэ укъызэхуонэ. Дуней хьэхум и зэхэлъыкIэм, а дунейм уэ щыбубыд увыпIэм нэхъ кууэ ухэмыплъэн плъэкIыркъым, къалэ зэрыхьзэрийmрэ машинэ Iэуэлъауэмрэ уапэIэщIэхукIэ. А зэрыхьзэрийми бгъэзэжынщ, ауэ ар иужькIэщ. ИджыкIэ Уафэм, Къэхъугъэм, КIэ ЗимыIэм я пэгъунэгъуу ущытщ. АкъылкIэ пхузэщIэмыкъуэ абрагъуэ гуэрым уитхьэкъуащи, гукIэ зыбгъэкъабзэу тобэ къэпхьыжыну уохъуапсэ.

Адыгэм ауэ сытми Iуащхьэмахуэ къыпфIищакъым уэ, бгы уардэ. Шэч хэмылъу, и махуэщ уи лъахэм къихьам, уи хьэуа къабзэу бадзэуэгъуэ гуащIэм и щыIэтыIэр бгъэм щызу езышэхам. Сэри зыщызгъэнщIкъым уи теплъэгъуэм, сыкъызэралъхурэ си нэгу щIэт пэтми. Сытым ирамыгъапщэу къэна уи сыджитIыр: бгырыс хахуэм и пыIэм, зэпсэгъуитIым я къауц щхьэнтэм, гур зыгъэмахэ хъыджэбзыбгъэм… Зэш-зэтIолъхуэныкъуэу мы IуащхьитIыр псоми къахощ, зыр зым хуэгумащIэу, жьыбгъэмрэ щIыIэмрэ зым адрейр щихъумэ хуэдэ зэкъуэту. Сытым езгъэпщэн иджыри Iуащхьэмахуэ? Дзэпщымрэ и къуэдзэмрэ, пащтыхьымрэ гуащэмрэ. Алыдж лIыхъужь Атлас и къарумрэ и ерыщыгъэмрэ еплъыт хъуну Iуащхьэмахуэ уафэм и щIэгъэкъуэн къэмылэнджэжщ, ар триIэтыкIыу ди нэр здынэплъысым адэжкIэ щыIэхэри дигъэлъагъуну хущIэкъу къыпфIэщIу.

*Узнай, а есть предел – там, на краю земли,*
*И можно ли раздвинуть горизонты?*

Высоцкэм и псалъэхэр гъуэгу гъусэ щыпхуохъу мыбдеж.

Iуащхьэ Махуэ и щыгум уитмэ, нэкIэ, псэкIэ уолъагъу мыбы щегъэжьауэ Къазбэч нэсыхункIэ. Хы ФIыцIэмрэ Каспий тенджызымрэ я зэхуаку дэлъ щIыналъэр. Сабийм хуэдэу зызоплъыхьри сропагэ Высоцкэр зыщIэупщIэхэм жэуап къазэрыхуэзгъуэтам: хьэуэ, щыIэкъым гъунапкъэ, ди хъуреягъэр кIэ зимыIэ Дунейщ. КIэ иIэкъым уи нэплъэгъуэми, уэгу лъащIэми.

Махуэ къэс си нэгу ущIэтами, си Iуащхьэмахуэ, сыту кIыхьт си

гъуэгуанэ сыкъыпхуэзышар! Япэ дыдэу сыщыпIуплъар сыткIэ къэсщIэжын – Къармэхьэблэ щалъхуа сабий псоми хуэдэу, ди Iуащхьэ цIыкIум япэу сыщыдэкIарагъэнт. Е нэхъ иужьыIуэкIэ, щIалэтанэ дыхъуауэ, си къуэшхэмрэ сэрэ, ди адэр ди пашэу, мэкъуауэм и «IэфIагъыр» къыщытщIарат? Ар зэ мыхъуми зыгъэунэхуам фIыуэ ещIэ мэкъу Iэтэми, шатэ бжэмышхми я уасэр. Дэ зы илъэси къэмынэу гъэмахуэ цIывыгъуэм етхьэкIыу щытащ а хьэкъыр, июль, август мазэхэр икIыху. Ди закъуэт ар? Къуажэм дэс псоми арат я Iуэхур, гъэмахуэ хъуам. Ди Къармэхьэблэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщыщIэж Балъкъ и Iуфэм дахащэу етIысэкIам, нэгъуэщI Iуэху дэлъыжу къыпхуэщIэнтэкъым. Сыт пщIэнт, хьэлъэми, Iэмалыншэт ар. Абы щыгъуэ си гум жьы дезыгъэхуу зы хьэлыфI зыхэслъхьат: мэкъу ущеуэкIэ, сытми егупсыс, узыпэрыт Iуэху хьэлъэм къинэмыщIа. Iэджэми хуэжэрт си гупсысэр, ауэ хэубыдыкIауэ зы гурыфIыгъуэ сиIэти, ар зытеухуари Iуащхьэмахуэт.

Мэкъу аргъынэр къетхьэхыурэ, хуэму дыкъекIуэтэхт джабэнэкIум, дыкъэгъэшыжарэ пщIэнтIэпсыр къыдэхуэхыу. Ей, а мэкъуауэгъуэри, ар Iэмалыншэу дэтхэнэ къуажэдэсми и Iэрылъхьэ Iуэхущ. Уфэфэжу удз тенджызыр – гъэ къэс пщIэншэу къытлъыс «курортщ». Ди щIыпIэр бгылъэми, IэнатIэ нэхъ тынши, тафи иIэти, хэти хуейт щIы кIапэ нэхъыфIыIуэ хупабзыкIыну. Ар зэщхьрати: санаторэм хэткъэ «люкси» къызэрыгуэкI пэш цIыкIуи, хьэмэрэ мафIэгум купе щхьэхуэ щабэхэр иIэкъэ, тIысыпIэ гъурхэр щынэхъыбэжми. Арати, гугъуехьыр зи натIэ си къуажэгъухэр IыхьэфlкIэ гугъэми, нэхъыбэм къалъысыр щIы гугъусыгъу кIапэлъапэрат. Сыт ящIэнт-тIэ, къалъысыр я Iыхьэу екъуу ирахьэкIт. Ди цIыхур тэмакъкIыхькъэ езыр? Зэм-зэм къыщитхъыхукIэ.

Губгъуэм ит лэжьакIуэжьхэри, дауи, хуейт зыщIыпIэ зыгъэпсэхуакIуэ кIуэну. Апхуэдэ насып къызылъыс закъуэтIакъуэхэри щыIэт, удз тенджыз щхъуантIэм хэкIыу тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм къыщыщIидзу. Абы я бжыгъэ мащIэм зэрымыщIэкIэ хэхуауэ щытащ си адэ къуэш Исмэхьили – тенджызым нэмысами, «Псей щхъуантIэхэр» санаторэм къыщыщIидзат профсоюзым и фIыгъэкIэ. Дунейм къызэрытехъуэрэ губгъуэрэ бгыщхьэрэ нэхъыбэ сыт илъэгъуат абы. Къуратышхуэм, Лэхърэнышхуэрэ Лэхърэн цIыкIурэ я зэхуакум, Жэналъкъы сэнтхым и лъэныкъуитIымкIи зы вакъапхъапIи иIэ хъунтэкъым абы мэл щимыгъэхъуарэ мэкъу щемыуарэ.

Сытми, къыщыщIедз си адэ къуэшыжьыр санаторэм. ИгъащIэм имылъэгъуа гъащIэт ар – псори къекIурэ дахэу, лэжьакIуэхэм къыпажыхьу. Медсестра ныбжьыщIэ цIыкIум ишытIэрт. Пэжу, и лъакъуэм фIэкIа иригъэIусэртэкъым, и пкъыр зэрыщыту хуащIыну и тхылъым ит пэтми. ЩыукIытэрт мо хъыджэбз цIыкIум. МащIэри къелъэIуа ар, лэжьапIэм сыIуебгъэхунущ, сыномыгугъуа хуэдэу, жиIэурэ. АрщхьэкIэ дэнэт. ЩIыIэ узым зэщIиубыда и лъакъуитIыр фIэфI дыдэу иригъэшытIащ. АпхуэдизкIэ игу ирихьати, ярэби, Къармэхьэблэрэ Чыщбалъкърэ яку дэлъ пщыIэхэм тес лэжьакIуэжьхэм яхуэкIуэурэ ахэри мыпхуэдэу ишытIамэ, сыт хъунт, жиIэу хъуэпсат. Мыбыхэм къэкIуэну хущIыхьэгъуэ яIэкъым абыхэм, лэжьыгъэм къыпэрымыкIыу еIэзэтэмэ, мэлыхъуэхэри нэхъ узыншэ хъунти, Iуэхури нэхъ дэкIынт. Хэт егупсысын абы? ХъупIэм медсестра дэнэ къэна, мылицэр щымащIэщ. Щыкуэдыр сыт жыпIэмэ, аркъэр псы къиуам щыхуэдэщ.

Ахэр зэригъэзахуэу щылъыхукIэ, медсестрам и Iэпэ щабэ цIыкIу-

хэм я лэжьыгъэр и кӀэм нэсащ. А Ӏэпэ щабэ цӀыкӀухэм я хъыбар иужькӀэ иӀуэтэжат Исмэхьил, зэриӀуэтэжари зэ закъуэт – цӀыхум жаӀэнумрэ дыщӀагъунумрэ пщӀэнукъым. Узытепсэлъыхьыни щыӀакъым, щӀигъужат Исмэхьили, абы жиӀэр зэрыпэжым зыми шэч къытримыхьэнуми. Исмэхьил цӀыху пэжт, – щыӀакъым жиӀамэ, щыӀакъым.

Дапхуэдизу игу иримыхьами, тхьэмахуи щыӀэфакъым Исмэхьил а санаторэм. Ещанэ махуэм, нэху къекӀри, балконым къытеуващ. Пщэдджыжьыр сыхьэтиплӀ хъуа къудейти, езым дежкӀэ къэтэджыгъуэ дахэт, къалэдэсхэм дежкӀэ жейм и ӀэфӀыгъуэт. Е дэ ди Тхьэ, мыпхуэдэ махуэм дауэ ужейуэ узэрыхэлъынур, Ӏуэхум и гуащӀэгъуэу, мэкъур губгъуэм илъу? Абдежым пшэм къыхэлъэта щыблэу и щхьэм къилъэдащ мурад быдэу зытемыкӀынур. Сыт зегъэшытӀэ, сыт ваннэ? КӀуэжын хуейщ. НасыпыфӀэ ухъу, зи Ӏэпэ цӀыкӀухэм тыншыгъуэр къыпыщ медсестра цӀыкӀу. Узыншэу фыщыт, дохутырыфӀхэ. Дохутыр нэхъыщхьэм сэлам ехыжыпхъэт, ауэ дыгъуасэ зыгъэпсэхуакӀуэ кӀуауэ жаӀэ. Мэкъу еуэну хъунщ ари. ЛӀы бэлыхь гуэрщ, Исмэхьил къыщыкӀуам и кабинетым щӀишэу гуапэу къызэрепсэлъар дауэ щыгъупщэн? Къепсэлъа къудей, щӀыӀалъэм коньяк, кӀэнфет гъэщӀэрэщӀа къыдихащ, пхъэщхьэмыщхьэр и пащхьэм итыххэт. Исмэхьил, коньяк сефэркъым жиӀа пэтми, абджыху рюмкӀэ цӀыкӀу бжьэпэтехуэу къыхуригъэхъуащ, мыр коньякыфӀщ, КъалэкӀыхьым щащӀ, ермэлыхэм я фадэм къыкӀэрыхуркъым, жиӀэрти. Ӏэщыхъуэхэр коньяккӀэ дыерыщкъым, пидзыжащ Исмэхьил, дэ аркъэм нэхъ тыдокъузэ – губампӀэ гъэтӀысуи, щӀыӀэм дыкъезыгъэлуи диӀэр аращ. Дэ, щӀигъужащ Исмэхьил,  коньякым дытегъэтӀысхьи, къалэкӀыхьдэсхэри, Ермэлыхэри ар къыщӀэгъэкӀыным пэлъэщыжынкъым. Дохутырыр дыхьэшхри, и бжьэр къиӀэтащ: «Сэри махуэ къэс сефэркъым, къакӀуэ псоми садефэркъым. Мы птулькӀэр мазэ мэхъу зэрыӀусхрэ, гъэш заводым и унафэщӀыр къэкӀуауэ тӀэкӀу дыхэӀубащ, абы лъандэрэ хэмыщӀауэ дэтщ. Ауэ нобэ уи цӀэкӀэ сефэнущ, пщӀэ зыхуэсщӀ Исмэхьил. Гъэшри лыри ди жагъуэкъым дэ, ауэ ар къытхуэзылэжьхэм сыт яхэтщӀыкӀыр? Фэ фхуэдэхэращ ди берычэтри ди напэри. Абы щхьэкӀэ сефэнущ».

«КӀуэ аракъэ, сигъэукӀытат, – жиӀэжырт си адэ къуэшым, – апхуэдэу ирагъэблагъэр къулыкъущӀэшхуэхэращ. Сэ мэлыхъуэжьым мэ гуэр къыскӀэрихыу пӀэрэ жысӀэу, зыспӀытӀ-зысхузу сисащ и пащхьэм. А къалэдэсхэм я псэлъэкӀэр дыдейм хуэдэкъым, моуэ дахэу, щӀэгъэкӀэрэхъуауэ мэпсалъэ. Дауэ щытми, Ӏэщыхъуэ псоми я гугъу щищӀакӀэ, сызыхыхьэжми яхуэсӀуэтэжын хуейтэкъэ? ДяпэкӀи, Тхьэм жиӀэмэ, гуфӀэгъуи нэщхъеягъуи ирехъу, дэни щыжысӀэжынщ сэ а псалъэ гуапэхэр. ЦӀыхуфӀым и пщӀэр гъэкӀуэдэн хуейкъым».

КӀыхьу иӀуэтэжырт Исмэхьил а хъыбарыр, зэпигъэу-къыщӀидзэжурэ. А дохутырыр напэм зэрытепсэлъыхьрат егъэлеяуэ сигу ирихьар, жиӀэрт абы. Мы дунеижьыр шэрхъщи, мэкӀэрахъуэ илъэс мин хъуауэ, цӀыхури емызэшу абы и гущӀыӀум итщ. Мэлыхъуэм, шу-лъэсми, щӀы щхьэфэр къипщу жэщкӀи-махуэкӀи бгым итщ. ЦӀыху щыплъагъур зэзэмызэщ, жыжьэу шу блэкӀмэ, мэлыхъуэ башыр пӀэтынци, сэлам епхынщ е пщыӀэм зыгуэр къытехьамэ, екӀурэ ещхьу ебгъэблэгъэнщ. Адрейм сыт, хэт узэпсэлъэнури, напэм узыхутепсэлъыхьынури? Хьэрэ дыгъужьрэ нэхъ гъусэ бгъуэтынукъым. Ар езыр, напэр, кӀэи пэи зимыӀэщ, упсэуху егупсыс, тепсэлъыхьи, бухынукъым. Аращи, лъэхъуу идохьэкӀ гъащӀэр, уэмрэ щӀымрэ я кум диту.

Зы профессор гуэр Америкэм щыIэу жаIэ, зыдэс къалэм игъащIэм къыдэмыкIауэ. Еууей, тхьэмыщкIэ, ди губгъуэжьым хуиту изгъэтащэрэт, мис абдеж и щхьэм илъ псори екIуу щызэригъэзэхуэнт, иукъуэдийрт и гупсысэр Исмэхьил, сыт мы дунеижьыр, ди япэкIэ яухуащ, ди ужькIи щыIэнущ. ЦIыху зэблэхъур кIэ зимыIэщ, апхуэдэ къабзэщ «напэ» жыхуаIэжри: зэIумыбзщ. Зэхэгъэжи ищIэркъым, цIыху къызэрыгуэкI е къулыкъущIэ жыхуэпIэхэри зыми щыщкъым. Напэр е уиIэщ, е уикъэкъым. Ар мэлыхъуэ башкъым, ухуеймэ, къапщтэу, ухуэмеймэ, бгъэтIылъыжу. Ардыдэрщ жесIар а дохутырми. Мы къалэм сщIэркъым, жысIащ, ауэ пщыIэм напэ зимыIэ мэлыхъуэр тезэгъэнукъым. Мэл дыдэхэми Iумпэм ящI апхуэдэр, уи фIэщ хъурэ… Ещанэ бжьэм ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и фIыгъуэкIэ, и мамырыгъэкIэ, и берычэткIэ дефэри, сыкъыщIэкIыжащ.

Мис апхуэдэурэ сыкъыщыIащ санаторэм, пибзыкIыжырт Исмэхьил и псалъэр. ЛIы хуэдэу сэлам есхыжыфакъым а дохутырым. Еплъ абы, къулыкъу пэрытми, мэкъуауэгъуэр блигъэкIыркъым. Иджыри зэ срихьэлIэжащэрэт. Къупщхьэ узхэм теухуауэ хуэсIуэтэн куэд сиIэт иджыри. Напэм и Iуэхури и кIэм нэдгъэсатэкъым.

Хъумак Iуи дохутыри, – зыми къамыщIэу, къыщIэкIуэсыкIри къэкIуэжауэ щытащ Исмэхьил. ШэджагъуэхуэкIуэу унэм къыщыщIэувэжым, зыми игъэщIэгъуакъым. Езыми, псалъэ лей хэмыту, къыдалъхуам ещхь и мэлыхъуэ щыгъынхэр щитIэгъэжщ, и шыжьыр зэщIищIэри, сыхьэт дэкIатэкъым ди мэкъупIэм нызщыхыхьэжам. Зи мэкъупIэр ди щIым къыбгъурылъыр къэджащ: «Сыт, Исмэхьил, уи мэлхэр умылъагъуу зыбгъэпсэхуфкъэ?». «Хьэуэ», – кIэщIу пидзыжащ мыдрейм. «ЛIо, къалэм зы мэли щумылъэгъуауэ арат?» – хъурджэуэныр ягъэбэяуртэкъым и къуажэгъухэм. ГушыIэр хэхауэ, а махуэхэм кърнуубыдэу мэл зытIущи илъэгъуат Исмэхьил. Тхьэм ещIэт ахэр къызыIэщIэкIа, сытми, мэлхэр гъуэщауэ паркым итт. ЯкIэлъыплъурэ, икIыпIэм нэсри гъуэгушхуэм нэблэгъащ. Гъуэгу зэхэкIыпIэм деж ахэр щтэIэщтаблэу щиувыкIауэ зэхэтт – машинэхэмрэ цIыхухэмрэ я куэдагъым игъэщтат хьэмэрэ ГАИ-м и лэжьакIуэхэр, цIыхуу дэтым я пэбжу, Налшык уэрамым зэрыдэзыр ягъэщIагъуэу арат? Ди къуэш осетинхэм зыгуэркIэ далъэщIыхьэжын хуейтэкъэ, я «Аланиер» Ищхьэ лигэм щыджэгуу пашэ хъуа нэужь? Дэри топджэгур ди жагъуэкъым, уеблэмэ, «Аланием» и гъуащхьэтетыр адыгэщ, итIани ар мащIэIуэщ уигу ирибгъэфIыну. Арати, дегупсысщдыкъегупсысри гъуэгу хабзэр гъэзэщIэным «дилъ щытщIэжащ». Ди Iэщхьэлъащхьэр дэхьеяуэ зеддзщ а Iуэхуми, псом япэ димыщыжауэ дыувыIакъым. Ауэ ГАИ лэжьакIуэхэр, я башыр ямыгъэтIылъу, еужьэрэкI пэтми, абы я закъуэтэкъым гугъу зезыгъэхьыр, машинэзехуэхэри мычэму ядэIэпыкъут. Аращ-тIэ, а тIур зэгуэхыпIэ имыIэу зэпхакъэ. Тхьэм щхьэкIэ, псори здрагъэхьу къуэды тралъхьэуи пхужыIэнутэкъым, щхьэусыгъуэншэуи укъагъэувыIэнутэкъым. Ауэ щхьэусыгъуэр гъунэжти… ИтIани уи хьэтыр къыщалъагъу къэхъурт. Сытми, къэрал псом дыхэIуэнымкIэ ялъэкI къагъанэртэкъым гъуэгухъумэхэм. Мыдрейуэ машинэ исхэри, жыпIэнурамэ, я псэ еблэжыртэкъым: зэм укъэувыIэ здэмыхъуну къалэку уэрамым деж лъэныкъуитIымкIэ ирикIуэу машинэхэр къызэхагъэувэнт, зэми зэдэжэ ящIынт, телевышкэм щегъэжьауэ уэрам нэхъыщхьэм и кIыхьагъкIэ. Дауи, зэдэжэм хэтыну я насып къихьыртэкъым зи машинэм и псынщIагъыр километр 260-м и кIэ къехыр. Гъуэгу зэхэкIыпIэ къэс

фIэлъ нагъыщэхэр – км 40-м уфIэкIыу зымыдэхэр, – ауи ялъагъуххэртэкъым щIалэ хъыжьэхэм. Щымыхъужым, къалэкум дэз къащIащ ГАИ баш зыIыгъхэр – абыхэм я къалэнт гъуэгу нагъыщэхэр гулъытэншэ зыщIхэм я нэIэ трагъэтыну. А пщэрылъыр хъарзынэу зэфIагъэкIауэ къалъыта нэужь, ахэр еужьэрэкIыу апхуэдэ IэнатIэ дыдэ щыпэрыуващ Ростов – Баку къэрал гъуэгум. Мыбдежым Iуэхур щынэхъ тыншт: 07 регионым къыхимыубыдэ  машинэу хъуар къэгъэувыIи узэфIэкIат. Псом хуэмыдэжу ди гаишникхэр «яхуэгумащIэт» 77, 99 Мэзкуу кодхэм, апхуэдэхэр къагъэувыIэу цырыцу къамыщыныр Iэмалыншэт, Налшык икIахэр «Внуково» аэропортым къызэрыщащым ещхьыркъабзэу. Дэ езыр къэрал щыхьэрым дыхуэгумащIэкъэ сытым дежи? ИтIанэ, 77 бжыгъэхэр тфIэфIщ, тхуэмахуэщ. Машинэ номерыр «7» защIэу щытмэ, абы исыр зылъэкI гуэру аращ. «7»-р нэхъыбэхукIэ, пщIэри нэхъ лъагэщ. 777-м, 07-ри щIыгъужи – мис ар лIыгъэ дыдэщ. Мэзкуу кодыр зыIэрыбгъэхьэфмэ – 777 – 77! Апхуэдэу машинитху итащ Къэбэрдейм  – Тэрч, Бахъсэн районхэм щыщ ехьэжьахэм яйуэ! Псори зэщхьт, я абджхэри фIыцIэт, итIани ди гаишникхэм жыжьаплъэу зэхагъэкIыфырт ахэр, Тхьэм ирещIэ, я бжьамийм къриху Iугъуэм CO2-уэ хэтымкIэ къацIыхурэт?

КIэщIу жыпIэм, ГАИ-ми и лIыхъужьхэм я фIыгъэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр фIы дыдэу къыщацIыхуащ Калининградрэ Сахалинрэ, Магаданрэ Бакурэ я зэхуаку дэлъ къэралышхуэм и кIапэ-лъапэ псоми. Пэжу, Баку абы ирихьэлIэу ди къэралым щыщыжтэкъым, итIани абы къикIыу урысей гъуэгухэр, – Север жыжьэмрэ Сыбыр тIуащIэмрэ нэсыху, – зыуфэбгъуа хьэлъэзешэ машинэхэм я бжыгъэр зыхуэдизыр пхужыIэнтэкъым, удз гъэгъам, хадэхэкIым, пхъэщхьэмыщхьэм къикъутэу. А здэкIуэхэми ямыщIэщыгъуэжу, сатуущIэ къамылыфэхэр щIыналъэ пхыдзауэ щыIэм я бэзэрхэм тезти, зэхэзехуэн ящI пэтми, «лица кавказской национальности»-кIэ зэщхэр нэхъ мащIэ хъуртэкъым. Щхьэи Iуэху ящIрэ? Колыма зэкIэ жызуми шэфтали къыщагъэхъу щIыкIэкъым. Зы зэман, зауэ нэужь лъэхъэнэм, зы еджагъэшхуэ гуэрым зигъэIэзэу къыхилъхьауэ щытащ Ищхъэрэ щIыпIэхэми сытри къыщыбгъэкI хъуну,   – чыцIыбжьэри, индие шейри, нэгъуэщI куэди. Абы фейдэуэ хэлъынум ущIэмыупщIэт: Хы Мылылъэм щыIэ щIэныгъэ станцхэми, модэкIэ ГУЛАГ жыпIэми, шеифIымрэ чыцIыбжьэмрэ (бананымрэ) гъунэжу ягъуэтынут, егъэшапщIэми текIуадэ щымыIэу. ШеифIкIэ иримыкъур «ГУЛАГ архипелаг»-р зи хэщIапIэхэрати, ар къанэ щымыIэу абыхэм яIэрыбгъэхьэ хъунут, банану къыдэхуэр езы Африкэ дыдэм хуебгъашэмэ, я номинхэр шхын щхьэкIэ лIэнтэкъым е, сэ сщIэрэ, антиколониальнэ зауэм сэбэп къащыхуэхъункIэ хъунт. АрщхьэкIэ дэнэт, абы лъандэрэ лIэщIыгъуэ ныкъуэ дэкIами, номиным я шхыныгъуэхэр къыщыкIыу щытам къыщынэжащ. Уеблэмэ, иджы ди Ищхъэрэ щIыналъэми а банан жыхуэпIэр щыгъунэжщ, ауэ щыхьымрэ хыкхъуэмрэ нэхъ гъуэтыгъуей щыхъуащ. НэгъуэщI пхъэщхьэмыщхьэхэр жыпIэнущи, абыи дыщагъащIэркъым Кавказ Ипщэм къикI сатуущIэхэм. Ахэр хэт жыпIэмэ, дыгъуасэ лъыгъажэ зауэ зэзыщIылIэу иджы зэгъусэу бэзэрым къытеувэжахэрщ. Дызезыхуэр сытыт, жаIэ хъунщ иджы, метритI щхьэкIэ дымызауэу, занщIэу дунейпсо сатум щхьэ зыхэдмыгъэпшэхъуарэ, полякхэм ещхьу. Аращи, дыгъуасэ зэбий кIэуфIыцIу щытахэр нобэ хьэр щыщIащIэм зэгъусэу щыIэщ, щIыIэм иукIрэ валенкэхэр трагъауэу, Испанием къыщыкIа мыIэрысэ,

Тыркум къикIа хадэхэкI, Китайм къраша хьэпшып, Румынием щащIа цIыкIуфэкIу хуэдэхэм ириуэркъыу.

* * *

Мэлыхъуэ пщыIэм щамыIуатэрэ зыхамыщIыкIрэ гъуэтыгъуейт. Ауэ сытми тепсэлъыхьу къэмынэжу, лъэхъэнэхэр зэхуашэрт, зэрагъапщэрт. Куэдрэ я бзэгупэм телъым ящыщт илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ и пэкIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэшхуэр. Сыт пщIэн, урыс пащтыхьхэр ди щIым къехъуапсэ зэпытт сыт зэмани, хэщэтыкIырт мэлыхъуэжьхэр, дауэ ящIми, зыIэрамыгъэхьэу увыIэнухэтэкъым. Щхьэусыгъуэ хъарзыни яIэтэкъэ – Тыркум я геополитикэ мыхъумыщIэм пэщIэтыфын папщIэ, тенджыз Iуфэм хуиту щытепщэнхэу хуейт. Илъэсищэкlэ мыувыIэу екIуэкIащ а зауэ угъурсызыр, зы пащтыхьыр текIрэ адрейр теувэу, инэралхэр чэзууэ зэблагъэкIыу. Лъыпсым ирагъэтхьэлащ бгырыс лъэпкъхэр. Ауэ сытми лъыгъэжэнкIэ Iэзэт 1812 гъэм и лIыхъужь Ермолов инэралыжь гущIэгъуншэр? Лъапсэрыхыр къытхуагъакIуэри, сытми Кавказ Ищхъэрэри Урысейм и лъэгу щIагъэуващ. Тхьэм щхьэкIэ, илъэсищэ нэблагъэкIэ Iей-фIыми зэтраIыгъащ апхуэдэ щытыкIэр. Ауэрэ къэралыр щэщэжу щыщIидзэм, дэтхэнэ щIыналъэри, лъэпкъри, жылэри щхьэхуэу ООН-м хыхьэну щIэхъуэпс хъуащ. Ди пщыIэм зи бэракъ фIэлъу нэху дыкъекIынур дымыщIэжу дыкъэнащ, гушыIэрт Iэщыхъуэхэр, ауэ дэ мыгъуэ дэнэ дыкIуэн мэл хъушэр тщIыгъуу, тщIымыгъущи – хэт къытхуейр?

Шэшэн зауэми хуабжьэу хигъаплъэрт мэлыхъуэхэр. Хэт ар зи пэм къикIар? Дауи, шэшэнхэр къэралым гуэзымыгъэкIынухэращ. Мыдрейхэми сыт яхуэмыгъуэтыр? Дэнэт здэкIуэнур? Хэту пIэрэ ахэр зэщIэзыгъэсту Мэзкуу пэщIэзыгъэувар? Жэуапу мэлыхъуэхэм къахуэгъуэтыр зыт: Америкэм и хьэгъэщагъэщ ар псори, панисламист жыхуаIэхэр я гъусэжу. Зауэ къэгъэхъеин фIэкI Iуэху зимыIэхэр щыIэщ, абы мылъкушхуэ къыхахыу. Зауэ цIыкIу щыIэкъым, ар Iэмал имыIэу мафIэшхуэ хъун хуейщ. Еплъыт Шэшэным: бгым итIысхьа щIэпхъаджащIэхэм хьэрэкIытIэрэ бомбэкIэ яхэуэу, мыдрей цIыху мамырхэм ялъэмыIэсу жаIащ япэ щIыкIэ. Ауэ, зэрыхабзэти, цIыху мамырырщ гузэвэгъуэ нэхъыбэ зылъысар. Мин бжыгъэкIэрэ хэкIуэдакъэ лIыжь-фызыжь, сабий, цIыхубзхэр? Iэщэ къэзыщтахэми хэщIыныгъэ яIащ, ауэ щIэх дыдэу я бжыгъэм къыхэхъуэжащ: зауэ кърашIэкIам игъэбампIэхэр, Iыхьлы хэкIуэдахэм ялъ зыщIэжынухэр, зи унэ-лъапсэ зэхакъутахэр замыIэжьэу зэуапIэм Iууващ. МыдэкIэ урысей цIыхубэм я Iуэху еплъыкIэми зэуэ зихъуэжащ: Афган зауэм хэкIуэдари хъунти. Ауэ щыхъукIэ, абы хэкIуэдахэр хамэ къэралым нэс «груз-200» фIащауэ бэным дэлъу къашэжу щытащ, иджы адэ-анэхэм я бынхэм я хьэдэ напи ялъагъужыну хуимыту, мазэ бжыгъэкIэ Ростов моргым щIагъэлът.

Залымыгъэм зыри къикIакъым, мамыру зэгурыIуэнуи лъэныкъуитIми гукъыдэж яIэу фэ теттэкъым. Пэжыр жыпIэмэ, зэхэвэ-зэхэжьэм и къежьапIэр нэхъ зэщхьыр «абрэдж-генерал джэгут». ИужьыIуэкIэ политикхэм бжьыпэр зыгуэрурэ яубыдыжащ, щIэрыщIэу дзэм IэщIалъхьэжын хьисэпкIэ. ЩытыкIэр нэхъри зэхэзэрыхь мыхъумэ, ефIэкIуэну фэ теттэкъым. Гъунапкъэр гъэпщкIуауэ къызэпызыупщIхэр куэд хъуат, цIыхум ятеуэу яукIыныр, е цIыху ядыгъуу ящэжыныр зыми щыщтэкъым. Iыхьлы тхьэмыщкIэхэм щхьэщэхуж ахъшэ зэхуахьэсурэ кърагъэлт

ядыгъуахэр. ЗэраIуатэмкIэ, «БАБ» зыфIащам фIэкIа пщIэншэу гъэрыпIэм цIыху къизышыжыф щыIэтэкъым. Абы бгъэдыхьэкIэ гуэрхэр иIэм шэч хэлътэкъым… Езы Шэшэн кIуэцIми, зэрыжаIэмкIэ, «щхъуэжьхэр» щызэныкъуэкъут, хэт нэхъ щхъуэми, хэт нэхъ Iыхьэшхуэрэ ахъшэшхуэрэ лъысынуми яхузэхэмыгъэкIыу. Ауэ сыт, зэрыхабзэщи, «щхъуэжьхэр» зэрылIыхукIэ, «мэлхэр» я кум докIуадэ.

Урысейм и лIыщхьэхэми я къару пэлъэщыж хуэдэтэкъым цIыхум ирата псалъэхэр мащIэ-куэдми ягъэпэжыну, арати, псэукIэр екIакIуэрт. Ари гурыIуэгъуэщ: сыт хуэдиз мылъку текIуадэр Шэшэным щызэхакъутар зэфIэгъэувэжыным?! ЗэратхэмкIэ, а мылъкум щыщу здэкIуапхъэм нэсыр зы Iыхьэт, адрейр зэхадыгъуэжырт зауэр фейдэ хэхыпIэу зиIэ напэншэхэм.

Федерал унафэщIхэми Iуэхур мамыру зэхагъэкIыну яIуатэ щхьэкIэ, Ичкерие гъунапкъэр щIытIрэ гъущI кIапсэ банэкIэ къырагъэбыдэкIырт, блок-постхэр трагъэувэрт. Республикэ щхьэхуэу щытахэр Союзым хэкIыу хамэ къэрал хъуами, Федерацэм хэтхэр гуагъэкIынкIэ Iэмал зимыIэт.

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

***Тхыгъэр зейм теухуауэ:***

*Жэман Ахьмэд Билал и къуэр 1956 гъэм Къармэхьэблэ къуажэм къыщалъхуащ.*

*1978 гъэм Ростов дэт университетыр къиухащ, экономикэ IэщIагъэмкIэ. А университет дыдэм 1982 гъэм и кандидат лэжьыгъэр щыпхигъэкIащ. ИужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр университетым щригъэджащ, къэрал къулыкъущIапIэхэм IэнатIэ зыбжанэ щрихьэкIащ.*

*1997 гъэ лъандэрэ Мэзкуу щопсэу икIи щолажьэ, банк IэнатIэмрэ Плехановым и цIэкIэ щыIэ Экономикэ академием щегъэджэнымрэ зэдихьу. Мы лъэхъэнэм «Агентство по страхованию вкладов» Къэрал IуэхущIапIэу Ипщэ Федерал щIыналъэм щыIэм и унафэщIщ.*

*1998 гъэм Жэман Ахьмэд Iуащхьэмахуэ дэкIащ. ИужькIэ, 2007 гъэм адыгэхэм ящыщу япэу ар къыщыхутащ Африкэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Килиманджаро и щыгуми.*

*«Iуащхьэмахуэ сыт щыгъуи си плъапIэт» тхыгъэр 1999 гъэм Мэзкуу дэт «Сампо» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым ар Улан-Батор щытрадзащ монголыбзэкIи. Дэ теддзэр адыгэбзэкIэ зытхыжар Мэремкъул Ларисэщ.*

# Псори зэгурызыгъаIуэ фIыгъуэ

Псоми зэрытщIэщи, ди бзэкIэ тха адыгэ литературэ диIэ зэрыхъурэ зыкъомыфI дэкIащ. Иужь илъэсхэм ди бзэм къыхыхьащ «хэхэс адыгэ литературэ» фIэщыгъэри. Абы къедгъэубыдыр хамэ хэку щыпсэу адыгэм нэгъуэщIыбзэкIэ итхарщ. Пэжу, куэдым къызэралъытэмкIэ, хамэбзэкIэ тхар ар зэрытха бзэм и литературэм хохьэ. Ауэ сэ къысфIощI адыгэм итхар, ди адыгэбзэм къибгъэтIэса нэужь, ар адыгэ литературэм щыщ Iыхьэ хъуу. Псалъэм папщIэ, тырку литературэм новеллэ жанрым и лъабжьэр щызыгъэтIылъа Омер Сейфеддин (Хьэтыкъуэ Умар) и тхыгъэхэр хамэбзэ куэдкIэ щызэрадзэкIым, ахэр дунейпсо литературэм хыхьащ. НтIэ, сыт адыгэ литературэу къэплъытэ щIэмыхъунур абы и тхыгъэ адыгэбзэкIэ зэрадзэкIахэр? КъимыдэкIэ, апхуэдэхэр зэдзэкIыныр ди лъэпкъ икъухьар зэхуэзышэж Iэмалхэм ящыщ зыщ.

«Хэхэс адыгэ литературэ» фIэщыгъэр иIэу нобэ ди бзэм щIэуэ къыхыхьар нэхъапэхэм щымыIауэ аракъым – ахэр щыIащ, ауэ адыгэбзэкIэ зэрадзэкIтэкъым, тхакIуэм тетхыхьхэми ар зэрыадыгэр жызыIэн къахэкIтэкъым. ТыркубзэкIэ тхэм тетхыхьыр тыркурт, хьэрыпыбзэкIэ тхэм – хьэрыпырт. Ахэр сыткIэ хуейт я лъэпкъхэр зэрыгушхуэ, я бзэм, я культурэм зезыгъэужь тхакIуэхэр зэрыадыгэр жаIэну? Арати, зэрылажьэ бзэхэм яй хъурт.

Хэхэс адыгэ тхакIуэхэм я лэжьыгъэхэм къыхаха гуэрхэр адыгэбзэкIэ зэрадзэкIа нэужьщ а тхыгъэхэр адыгэ литературэм щыщ Iыхьэу утыку къыщихьар. Ахэр ди тхылъеджэхэм я деж къэсын папщIэ псом хуэмыдэу щIэгъэкъуэн хъуащ «Хэхэс адыгэ литературэ» фIэщыгъэр иIэу 2005 гъэм дунейм къытехьа тхылъыр.

Я хэку имысыж адыгэхэм, нобэ дэнэ щIыпIэ щымыпсэуами, я нэхъ мащIэрамэ, бзэ тIурытI ящIэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, зы бзэ фIэкIа зымыщIэ цIыхум гъащIэр зэрилъагъури а бзэм и «нэмкIэщ». БзитI зыщIэр ниплIкIэ маплъэ, и гупсысэр нэхъ жанщ, и щIэныгъэр нэхъ куущ. Ауэ апхуэдэр хамэбзэкIэ щытхэм дежи а бзэ къигъэсэбэпым и анэдэлъхубзэм и псэр, и гупсысэкIэр хелъхьэ. Аращи, абы и къарур тIуащIэ мэхъури, тхакIуэм и зэфIэкIри нэхъ ин ещI. Абы и щапхъэхэр дэри диIэщ. Ахэм ящыщ зыщ Хьэлауэ Бэшар. Ар тхакIуэшхуэ дыдэхэм яхэуvауэ щымытми, ущымыгуфIыкIыу къанэркъым Хьэлауэм 2002 гъэм Щам къыщыдигъэкIа тхылъым, «Iущагъым и псынэ» зыфIищам.

Хьэлауэ Бэшар адыгэ щIалэщ, Сирием къыщалъхуащ, абыи Налшыки щеджащ, хьэрыпыбзэри, адыгэбзэри, урысыбзэри ещIэ. ИщIэ къудейм къыщымынэу, а бзищыр зей лъэпкъхэм я тхыдэми, я щэнхабзэми щыгъуазэщ. Псом ящхьэращи, и адыгэ лъэпкъым и гъуджэу къилъытэ нарт хъыбарыжьхэр фIы дыдэу ещIэ. А псори зыхыбощIэ Хьэлауэм и IэдакъэщIэкIхэм укъыщеджэкIэ. Ахэр зэрытхар хьэрыпыбзэми, адыгэ щэнхабзэм и зы Iыхьэу къэслъытэри, а тхылъым щыщ напэкIуэцI зыкъом зэздзэкIащ. «Феплъыт си лъэпкъыр зэрыдахэм, зэрыIущым», – къыбжиIэ хуэдэщ Бэшар и тхылъым.

Мыбдеж къыщытхь сурэтыр а тхылъым и жинтым тещIыхьарщ.

***Къалмыкъ Аднан.***



# Iущагъым и псынэ

***Адыгэм жиIащ:***
*Гъаблэм благъэр пщегъэгъупщэ.*
*Адэм зигъэнщIакIэ, быным я ныбэ из хъуркъым.*
*Бжэмыш нэщI ныбэ из ищIыркъым.*
*Iущыгъэр ящэ-къащэху хьэпшыпкъым.*
*ЦIыхур кIийуэ къалъху, щэIуу мэлIэж.*
*Тхылъыр щIэныгъэм и IункIыбзэIухщ.*

***Тхьэшхуэм жиIащ**:*
*Iущым фIыгъуэ псори иIэщ.*

«Уэ нэхъ Iущ ягъуэтакъэ къысхуагъэкIуэну?» - жиIэу пщы пагэр Къэзанокъуэ Жэбагъы щыхуилъым, Къэзанокъуэм щабэу пидзыжащ: – «Iущхэр Iущхэм я деж ягъэкIуащ, сэращ къагъуэтар уи деж къагъэкIуэну».

***Тхьэм и лIыкIуэ Хьисэ жиIащ:***
*Зызыгъэпагэ мэпуд,*
*Мыпагэ мэлъапIэ.*
*Пылым щымышынэу,*
*ХъумпIэцIэджым щымэхъашэр куэдщ.*
*Сэшхуэр хыфIэзыдзэу*
*СампIэмкIэ зауэр хахуэкъэ!*
*Талом уIэщIэкIыу,*
*Емынэм и куэщIым ущихуи къохъу.*

***Хьэрыпым жиIащ:***
*УсакъкIэ ажалым уIэщIэкIынукъым.*

***Хьэрыпми адыгэми жаIащ:***
*УмыщIэххэу узэрыхуа мащэм*
*Ажалышэм укърихгъэлынкIи мэхъу.*

***Адыгэм жиIащ:***
*Лэжьэным уи пщIэр еIэт,*
*Хуэмыхугъэм иреудых.*
*Насыпыр пщэдджыжьым ягуэш.*
*Бжьэ здэщыIэм фо щыIэщ.*
*УзэлIалIэ къохъулIэ.*
*Жьэпхъалъэм илъ бдзэжьейракъым узэщэнур – псым хэсыращ.*

***Тхьэуэ лъапIэм жиIащ:***
*Тхьэм и жагъуэщ жыIэзыфIэщхэр.*

***Си Хэкум и быным жеIэ:***
*МафIэм пхъэкIэ зигъэнщIыркъым,*
*ЩIыр псыкIэ ирикъуркъым.*
*Тхылъ укъеджэн щхьэкIэ,*
*И напэкIуэцIхэр зэбгъэдзэкIын хуейщ.*
*Псалъэ IэфIым гуауэр пщегъэгъупщэ.*
*И ужь укъинамэ, япэ уищыжыныр гугъущ.*
*Делэр пщIыхьым хэтурэ жьы мэхъу.*
*Бажэ жейнэдым пщIыхьэпIэкIэ зегъэнщI.*
*ГъукIэр лIэмэ, и IэдакъэщIэкIыр къыщIонэ,*
*Гурыхуэр лIэмэ, и псалъэ Iущхэр къонэ.*
*Мывэшхуэр дэдзеигъуейми, къедзыхыгъуафIэщ.*

***Кавказым щыжаIэ:***
*Си шейтIаныр нэгъуэщIым и мелыIычым нэхърэ нэхъыфIщ.*
*Япэ нэсым япэ зегъэпсэху.*
*Ямыгъэзу зэхахыркъым.*
*КIуэдари уимыIэри зыщ.*
*Къэпхьэхуа иумыгъэхьэхуж.*
*Хьэхуу къэпщтар хьэхуу умытыж.*

***Си къуэш хьэрыпым жиIащ:***
*Дунейм щIэныгъэншэу укъытохьэ,*
*УупщIэу утетщ,*
*Уигу щыкIауэ утокIыж.*
*Къалэр мывэ зырызурэ зэтесщ.*
*Къалэшхуэри зы хъуаскIэм егъэс.*
*Пэрэ кIэрэ зимыIэ щыIэкъым.*

***КъызэупщIащ:***
*– Уэ Кавказым урикъуэ?*
*– НтIэ! – жысIащ.*
*– Сириеми урикъуэ?*

*– Нтlэ! – жыслащ.*

*Ягъэщlагъуэу упщlахэщ:*

*– Ар дауэ?*

*– Сэ гъущl укъуэдиягъитlым арижэ мафlэгум срещхьщ, зым сытекlмэ, къуэм сыдэхуэнущ, – жыслащ.*

***Нартхэм зэращlу щытам ещхьу, lущхэр Аущ жыг щlагъым щызэхуэсащ, нэхъ пщlэ мыхъунур къарабжэкlыну. Абыхэм жалащ:***

*Зыбгъэхеижын щхьэкlэ, нэгъуэщlыр умыгъэкъуаншэ.*
*Умей къыумыщтэ.*
*Зумыгъэпхъашэ – къутэгъуафlэ ухъунщ.*
*Хъыданыжьу зумыгъэлалэ – къуэзыгъуафlэ ухъунщ.*
*Хьэдзэм lэмбатэ къыхыумыщlыкl.*
*Хуумыщlыжыфын бжэ lуумых.*
*Зы уэшх ткlуэпсым иуфэнщlыным хуэдиз зумыщl.*
*Мафlэс ирибгъэунклыфlын папщlэ псы къабзэ къыумылъыхъуэ.*
*Мывалъэ хьэсэ умывэ – зыри къытекlэнкъым.*
*Уафэ уимылэу уэшх ущымыгугъ.*
*Зумыгъэпагэ,*
*Тхьэм зызыгъэпагэ, щхьэщытхъужхэр фlыуэ илъагъуркъым.*
*Лъагапlэ уздынэсам нэхърэ нэхъ лъагэж щыlэщ.*
*Джэдум дзыгъуэ кърехуэкl,*
*Хьэр дыгъужьым щошынэ,*
*Дыгъужьым мыщэм зыпыlуедз,*
*Мыщэр пылым пэщlокlуэт,*
*Пылыр дзыгъуэм егъащтэ.*
*Упщlэ:*
*– А гупым хэт нэхъ лъэщыр?*
*Дзыгъуэрауэ жумылэ!..*

***Жалащ, жызыlари адыгэращ:***
*Жыг зи закъуэр жьапщэм щошынэ.*
*Лъабжьэ зилэм къуэпси къыдэжынущ.*

***Тхьэм и лlыкlуэ Хьисэ жилащ:***
*Нэфым нэф къришэкlмэ, тlури мащэ йохуэ.*

***Адыгэм жилащ:***
*Зы мащэм тlэу уихуамэ – унэфщ.*

***Тхьэм и лlыкlуэ Мухьэмэд жилащ:***
*Фlэщхъуныгъэ зилэм блэр зы гъуэмбым тlэу щызригъауэркъым.*
*Тхьэмыщкlэщ тхьэкlуми, нэи, бзэгуи илэу дэгур, нэфыр, бзагуэр.*
*Нэхъ тхьэмыщкlэжщ, щlэныгъэ илэу къэзымыгъэсэбэпыфыр.*

***Жалащ, жызыlари адыгэращ:***
*Напэм япэ псэр ихуэ.*
*Зауэ екlуэкlыу унэм ущимыкlукl!*
*Лlыгъэр къащэхуркъым.*
*lэщэр пхъумамэ, уехъумэж.*

*Зыщумыгъэгъупщэ:*
*Мыщэм башкӀэ уеуэмэ, богъэгубжь.*
*Зы жыг мэз хъуркъым, зылI дзэ пэлъытэкъым.*
*ЛIы зэкъуэтхэм бгыр ирагъэкIуэт.*
*Зауэм и кIэр хьэдагъэщ.*
*ЗауэлIхэм ядэзэуэну ежьа лIы лъашэм зыгуэр ещащ:*
*– Уа, тхьэмыщкIэ, укъыщIэмыпхъуэжыфурэ уаукIынщ.*
*Абы пидзыжащ:*
*– «Уа, тхьэмыщкIэ! Сэ сыкъыщIэпхъуэжыну сыкIуэркъым.*
*СыкъимыкIуэту сызэуэну сокIуэ.*

***Къэзанокъуэ Жэбагъы еупщIахэщ:***
*– ПцIымрэ пэжымрэ сыт я зэхуаку?*
*Къэзанокъуэр и тхьэкIумэмрэ и нэмрэ теIэбащ,*
*А тIум я зэхуакур и зэхуакущ къригъэкIыу.*

***Адыгэм жиIащ:***
*Псэр мыплъэмэ, нэри плъэркъым.*
*ЩIэуэ къэунэхур зэвгъащIэ, блэкIари зыщывмыгъэгъупщэ.*
*Жьы зимыIэм щIэ иIэкъым.*
*УпщIэ щIэщхъуркъым, щIэщхъу щIэнэжыркъым.*
*Уэгум хъыринэ иумыщIэ!*
*ЩIэныгъэншэм насып иIэнукъым.*
*Адакъэр мыIуэкIэ, нэху щын къанэркъым.*

***Кавказырысым жиIащ:***
*Къамылъхуа лIэркъым,*
*Хамыса къэкIыркъым.*
*Хэхъуэ здэщыIэм хэщIи щыIэщ.*
*Ажалыр къызэрысу, гугъэр мэкIуэд.*
*Псым итхьэлэм блащхъуэми зыкIэрещIэ.*
*Псым итхьэлэр, хы лъащIэми щогугъэ.*

***Адыгэм жиIащ:***
*ЛIы хъунур гущэхэлъу къыбощIэ.*
*Уэшх къыщешх щIыпIэм жыг къыщокI.*
*ГуфIэмрэ гуIэмрэ зэпхащ.*
*Лъабжьэ зиIэм щхьэкIи иIэщ.*
*ЦIыху бзаджэр жыг лъабжьэншэм ещхьщ.*
*УмытIыс щIыкIэ зыплъыхь,*
*Умыпсалъэ щIыкIэ гупсысэ.*
*Тыншу къакIуэр тыншу мэкIуэж.*
*Жьым къихьар псыдзэм ехьыж.*

***Индусым жиIащ:***
*Iущыгъэр фIыгъуэ гъэтIылъыгъэщ –*
*Хэпхми, хэщIыркъым, зепхьакIи, жьы хъуркъым.*
*ТхьэмыщкIэщ иIэр зымылъагъур.*
*ЯтIэм хэлъми, дыщэр дыщэу къонэж.*
*Бадзэри зы махуэ гуэрым хъуэпсащ*
*И пащхьэ къихута абрэмывэр Iуигъэджэрэзыкlыну.*

***Iущхэм жаIащ:***
*Зэкъуэтыныгъэр къарущ.*
*Телъыджэр лIы зэкъуэтхэм къалъху.*
*Банэ хэзысэм санэ пичыжыркъым.*
*ФIыгъуэ хэзысэм фIыгъуэ къехыж.*
*Лъабжьэр быдэмэ, блыныр лъагэщ.*
*Щхьэхуит дапщэ кхъэм щIэлъ,*
*Щхьэхуимыт дапщэ уардэунэ щIэс?*
*Губжьыр зытекIуам шыIэныгъэр IэщIокI.*
*Бзэгур шым хуэдэщ:*
*Пхъумамэ, уехъумэж, уепцIыжамэ, къопцIыж.*
*Псалъэ дахэм блэр гъуэмбым къреш.*

***Нобэрей щIэныгъэр здынэсамрэ дыгъуасэреймрэ***
*НысащIэр шы пщIэгъуалэ тес щауэ епщIыхьыжыркъым –*
*ЗэпщIыхьыр «Мерседес» хужь ис щIалэщ.*
*Япэм ди бынхэмрэ дэрэ ди зэхуаку лъэмыж дэлъащ,*
*Иджы бгы гъуанэ кIыфI ди зэхуаку дэлъщ.*
*Зы лIым и гужьгъэжьыр адрейм трикъутэн щхьэкIэ,*
*Къалэ псо щызэтракъутэ зэманщ.*

***Кавказырысым жеIэ:***
*Зы мастэкIэ джэбынри нысащIэ бостейри яд.*
*Уи къуэшым хуэптIа мащэм ущихуэжи щыIэщ.*
*Уи жьэгу мафIэм уи унэр щигъэсыжи къохъу.*
*Уи къуэшыр зыгъэхъужа хущхъуэм уэ уигъэлIэнри хэлъщ.*
*Иужьу къыптепсыха гуауэм япэм итар пщегъэгъупщэж.*

***ЖаIащ, жызыIари адыгэращ:***
*Ем жьыгъэр псынщIэу къегъэс,*
*ФIыгъуэм ныбжьыр кIыхь ещI.*

***Iущхэм жаIащ:***
*Ди Тхьэ! ФIыр дыгъэлъагъу и ужь диувэну,*
*Iейри дыгъэлъагъу зыщытхъумэну.*

***КIыхьым жиIащ:***
*Дэтхэнэ зы кIэщIми бзаджагъэ хэлъщ.*

***КIэщIым пидзыжащ:***
*Дэтхэнэ зы кIыхьми делагъэ хэлъщ.*

***Кавказырысым жиIащ:***
*МэкъумэшыщIэр щIышхуэм ехъуапсэри,*
*ЩIы цIыкIур IэщIэкIащ.*
*Пщэдейрей жэм нэхърэ –*
*Нобэрей къаз.*

***ЖаIащ:***
*Сэ сыуэркъщ, уэ упщщ,*
*Шыр псафэ зышэнур хэт?*

*Уз мыхъужынум и хущхъуэр лIэныгъэрщ.*
*Уз зэрыцIалэм и закъуэу къикIухьыркъым.*

***Адыгэм жиIащ:***
*Iэзэр малIэри, сымаджэр мэхъуж.*
*Уегупсысмэ, лIэныгъэм нэхъ ппэгъунэгъу щыIэкъым.*
*Узыр бжэмкIэ къыщIохьэ,*
*МастэнэмкIэ йокIыж.*

***ЖаIащ, жызыIари адыгэращ:***
*Дыгъужьыр жьы хъумэ,*
*Хьэхэм я джэгуалъэ мэхъу.*
*Къуаргъым укIэлъыкIуэмэ,*
*ПсэхэлIэм ухуешэ.*
*Фадэ ефа бжэныр дыгъужьым йобэн,*
*Ауэ ар лъхуэмэ, аслъэн къилъхуркъым.*
*Адакъэм ущытхъукIэ, бгъэ хъунукъым.*
*Бабыщ псыдзэ щышынэркъым.*
*Дыгъужь здэщымыIэм щыхь щохъуакIуэ.*
*Дзыгъуэр уигу щытемыхуэкIэ,*
*Джэдур гъэныбжьэгъу.*

***Хьэрыпыр пэджэжащ:***
*Дэтхэнэ зы адакъэри и куэншыбыщхьэ щоIуэж.*
*Жыгыщхьэм тес бзууищэ нэхърэ –*
*Уи Iэм ис зы бзу.*

***Хьэрыпым жиIащ:***
*Хуэмыхуагъэ хэзысэм факъырагъэ къехыж.*
*Псори гугъэм епхащ, хэхъуэм нэмыщIауэ.*

***Кавказырысым жеIэ:***
*ПщIэр тхы, умыщIэм еджэ.*
*Дыщэ зиIэракъым къелыр – ныбжьэгъу зиIэращ.*
*ФIыхэм я гъусэу улIэныр нэхъыфIщ,*
*Iейхэм я гъусэу упсэу нэхърэ.*

***ЦIыхубзыр***
*Джульеттэ щымыIамэ,*
*Шекспир Лондон и уэрамхэм хьэулейуэ дэувэжат.*
*Сэтэней гуащэ нэмыщIамэ,*
*Сосрыкъуэ нарт къызэрыгуэкIт.*

***Сократ жиIащ:***
*ЦIыхубзыр Тхьэм и тыгъэ лъапIэщ.*

***Наполеон жиIащ:***
*ЦIыхубзыфIыр быдапIэхэм я нэхъ быдэщ.*

***Iущхэм жаIащ:***
*Къамэр щытыншыр и сампIэрщ,*

*МафІэм и тыншыпІэр и жьэгурщ,*
*ЛІым и псэхупІэр и унэрщ.*
*Зэ узыхуеину Іэщэр*
*Сытым щыгъуи уи Іэгъуэщ.*
*Къытебгъэзэжурэ узэджэ зы усэр зэщ зэратхар.*
*Зэ узыхъума бгырыпхыр минрэ зыщІопхэ.*
*Ажалыр уздимыгугъамкІэ къокІ.*
*ФІагъыр куэдагъым япэ итщ.*
*ЦІыкІущ жыпІэу утемыгушхуэ,*
*Инщ жыпІэу ущымышынэ.*
*Уигу иримыхь мывэм уи щхьэр зэгуеуд.*
*Ем е къелъху.*

***Адыгэм жиІащ:***
*Уи Іэщым и уасэ умыщІэу бэззэр тумышэ.*
*Нэхъ ІэфІыр уи пщІэнтІэпскІэ къэблэжьыращ.*
*Псы хуэлІар псыдзэ хуейкъым –*
*Зы псы Іубыгъуэми ирокъу.*
*УнэщІэуэ и бжэр быдэщ.*
*Джэд зыдыгъури джэдыкІэ зыдыгъури дыгъуакІуэщ.*
*Псалъэр хьэхуу ятыркъым.*

***Къэзанокъуэ Жэбагъы жиІащ:***
*Щхьэ куцІыр мыулъиин щхьэкІэ зэпымыууэ гъэлажьэ.*
*Жьэхъумрэ щхьэ быдэмрэ бэлыхь гъэбатэщ.*

***Сэ жызоІэ:***
*Ажалыр тІэу къакІуэркъым.*
*ЩІыхьыр тІэу кІуэдыркъым.*
*Розэр тІэу пачыркъым.*
*Адыгэм хьэщІэр и щІасэщ.*
*ХьэщІэр езыр щыхуейм деж къокІуэ,*
*ЩыкІуэжыр уэ ущыхуейм дежщ.*
*Сыт хуэдизу умышууейми, зэуэ шитІ утетІысхьэфынукъым.*

***Иужьрей псалъэ***

Мы тхылъыр щыпІэщІэслъхьам, пщэдджыжькІэрэ «Уи пщэдджыжь фІыуэ!» ныбжесІэрт, пщыхьэщхьэм – «Уи пщыхьэщхьэ фІыуэ!». ДызэрыцІыхуащ, сызэрыадыгэри къэпщІащ. Си псэм и хуабэр уэсшэкІащи, сызыхэпщІамэ, си насыпщ.

Си гум къыбгъэдэкІыу фІэхъус узох. Зэи дызэрымылъагъужын нэхъей, «Узыншэу ущыт!» бжесІэркъым, зы хьэблэ гуэрым дыщызэхуэзэнкІи мэхъу.

*Бэшар*

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий

# ЖыIэгъуэхэр



Гъэщlэгъуэн къыпфlэщlым хэщlурэ гъащlэр мэкlуэщl.

Дунейр чэзущ, зимычэзум къыплъигъэсмэ.

Къарууншэм и гуращэм лъэщ зэрыхъуу зехъуэж.

Илъэс хыщlым щlигъуам балигъ зэрымыхъуар къыщищlэжи щыlэщ.

Жьэхъум зи гугъу ищlым хищlыкl щlагъуэ щыlэкъым.

Уи нахуапlэм къыхэмыхуэжхэр пщlыхьэпlэу уолъагъу.

Фlы гуэр пщlамэ, зыlыгъ – къыдэбгъэжеижмэ, гугъу уехьынущ.

Щыкlам и гъащlэр кlэщlщ.

Гуэныхьу къалъытэхэм ящыщ гуэрхэр псапэм щымыщу пlэрэ?

Гъащlэ гъуэгу: и ныкъуэм утетщ, къэнар къыптетщ.

Къыпхуэмыгъэсурэ къэсам узыщыщтэу щытар щефlэкlыр мащlэкъым.

Цlыхум хужыпlэмрэ жепlэмрэ щызэтехуи щыlэщ.

Лъэпощхьэпо щlыщыlэр сыт? Уелъэ-уепкlэурэ къызэбнэкlын щхьэкlэщ.

Пэж защlи пцlы зэфэзэщи щыlэ хъункъым.

Тхьэм жедгъэlэну дызыхуей псом я уасэт Езыр зыхуейм дыщlэдэlумэ.

Адэ-анэр сымаджэми бэджынэми насыпыфlэщ, бын хуэдэ бын къакъуэувэмэ.

Псалъэм пщlэ щlатрэ? – жаlэу куэдрэ зэхыбох. Щlамыту сыт къанэрэ, гъащlэри дэкlуэу?

Мащlэрэ lэфlу псалъэр гъащlэ ныбжьми хуокlуэ.

Гуащэ ябгэр зыхэкlыжыр зи бзэр lэфlым къылъос.

Уэ зэпщlэжар къуащlа пэлъытэщ.

Уи бий къыпфlэщlурэ екlуэкlым уризырикlыу къыщlэкlмэ, укъиукlакъэ?

Лlэщlыгъуэ ныбжьым нэсар нэхъыжьхэми хабжэжыркъым.

Жэщи махуи щlым унамыгъэсу укърахьэкl нэхърэ, уэр-уэру узекlуэжмэ нэхъыфlщ.

Уигу иримыхь хьэл зыхэлъым ущымыхьэ – гууз бгъуэтынщ.

Узэджэр фlымэ, зрилъэфыхьурэ къокlуэ, узэмыджар хьэмкlэу къос.

Чэнджэщ уотри хьэм хуадз, хъуэн уодзри япхъуатэ.

Быныр ибэу къыщынэр адэ-анэр щамыlэжракъым – я уэсятыр щамыгъэзащlэрщ.

Мылъку зимыlэр факъырэщ, гукъыдэж зимыlэр тхьэмыщкlэщ.

# «Умыдзыхэ, си нанэ дыщэ…»



ЦIыху щыIэу къыщIэкIынкъым къэзылъхуа и анэр фIыуэ зымылъагъу, абы и гуапагъэр, и IэфIагъыр, и хьэлэлагъыр зыхэзымыщIа. А псоми щыцIыкIум деж емыгупсыс щхьэкIэ, балигъ хъуа нэужь дэтхэнэ зыми къыгуроIуэж и анэр псэемыблэжу къызэрыщхьэщытар, жэщ, махуэ имыIэу темыплъэкъукIыу зэрипIар, и анэдэлъхубзэм и япэ псалъэхэр абы зэрызэхригъэхар. Быныр балигъ хъуа нэужьи анэм и гъащIэ псор ехь абыхэм ятеубгъуауэ, я гурыгъузым хэмыкIыу. Арагъэнщ адыгэхэм анэр нэм щIрагъэщхьыр, Агънокъуэ Лаши зэрыжиIащи, ар «дунейм и дыгъэу», «дунейм и мазэу», «дунейм и жылэу» къыщIалъытэр. Зэман жыжьэхэм къыщегъэжьауэ ди лъэпкъым егъэлеяуэ анэм, бзылъхугъэм пщIэ хуищIу зэрыщытар къыхощыж адыгэ IуэрыIуатэми. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, анэр, цIыхубзыр гъэсакIуэ акъылыфIэщ, унагъуэм и хъумакIуэ нэсщ, пэжыгъэм, цIыхугъэм, захуагъэм я бэнакIуэ къэмылэнджэжщ. БлэкIа лIэщIыгъуэхэм лъэпкъым къигъэщIа цIыхубз образ телъыджэхэу Сэтэней, Дахэнагъуэ, Iэдииху, Мэлычыпхъу, Уэрсэр, Ахумыдэ, ЩхьэцфIыцIэ, Бэдэху, Лашын, Гуащэгъагъ, Хъымсад сымэ, нэгъуэщI Iэджэми ди зэманми гъэсэныгъэ къалэн хьэлэмэтхэр ягъэзащIэ, иджырей цIыхухэм лъэныкъуэ куэдкIэ щапхъэ яхуэхъуу. IуэрыIуатэм гулъытэншэу къигъанэркъым бзылъхугъэхэм я къызэрыгуэкI гъащIэри – ахэр я бынхэм, я щхьэгъусэхэм зэрахущытыр, унагъуэм и щIыхьымрэ и зэфIэкIымрэ къаIэтын, зыхуей хуагъэзэн папщIэ псэуныгъэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэ Iэджэ къызэрагъэсэбэпыр.

Анэм, цIыхубзхэм ятеухуауэ адыгэ IуэрыIуатэм къыщыIэта гупсысэ дахэ псоми я гугъу дэ иджыпсту тхуэщIынкъым, абы лэжьыгъэ щхьэхуэ теухуапхъэщ, ауэ абыхэм ящыщ зы хъыбар щапхъэу къэтхьынщ. Адыгэ IуэрыIуатэм хэтщ «Анэм и гур» жиIэу зы хъыбар, анэм хуэмыфащэ къезыпэса и быным хуиIэ лъагъуныгъэм и кууагъыр телъыджэлажьэу къыщыгъэлъэгъуауэ. Гуащэмрэ нысэмрэ зэзэгъыртэкъыми, нысэ напэншэм, гущIэгъуншэм и лIым хуигъэуващ и анэр иукIыжу и гур къыхуихьыну. И щхьэгъусэм и жыIэм емыбэкъуэф къуэ лIыгъэншэм и анэр мэзым ешэ, абы щеукI, и гур кърихауэ къыздэкIуэжым, мэлъэпэрапэ, ар зылъэгъуа анэгур щIоупщIэ: «УиукI мыгъуэти, си щIалэ! Iейуэ игъэуза»? – жи. Сыт кърimыщIами, анэм и быным хуиIэ лъагъуныгъэр абы нэхърэ нэхъ гукъинэжу къэбгъэлъэгъуэну гугъущ.

IуэрыIуатэм и мызакъуэу, анэм, бзылъхугъэм и лIыгъэр, и гум, и псэм я къабзагъыр, и лъагъуныгъэм и кууагъыр Iэтауэ щыгъэлъэпIащ адыгэ литературэми. ТхакIуэхэр абы нэхъ мащIэрэ тепсэлъыхьми, усакIуэхэм

яхэткъым анэм псалъэ гуапэ хужызымыIа, ар ину зымыгъэлъэпIа. Абы и щапхъэу къэтхынщ шэрджэс усакIуэ Кхъуэхъу Хъанэ и зы усэ:

*ИщIэу пIэрэ еш анэпсэм –*
*Жэщи махуи тхуэгузавэу,*
*Дыщихъумэу псыви мафIи,*
*Бынхэм фIыкIэ къытхуэупсэм?*
*Япэ дыдэ дыгъи, мази,*
*ЩIылъэ щхъуантIи,*
*Тафэ хуити, къуршыжь мэзи*
*Долъагъу бынхэм анэ нитIкIэ.*
*ГъащIэ IэфIым, дуней хуитым*
*ХуэтщIыфамэ лъагъуныгъэ,*
*Тпимыубыду нэгъуэщI быным*
*ТхуещIыф анэм и псэр тыгъэ!*

ЩIэлъ гупсысэм и мыхьэнэр нобэ нэсу къыдгурымыIуэжми, куэд щIауэ адыгэхэм къадогъуэгурыкIуэ «Анэшыр къихьэмэ, псатхьэр магъ» псалъэжьыр. ХуэбгъэфащIэ зэрыхъунумкIэ, абы матриархатым и нэпкъыжьэ телъщ. Армырамэ, адэшыр мыхъуу, анэшыр щхьэ нэхъ лъагэ, анэр къызыхэкIа лъэпкъым пщIэ лей щхьэ нэхъ хуащIыныпхъэ? Матриархатым къыдекIуэкIа хабзэхэм епхагъэнущ ди зэманми адыгэ унагъуэхэм ящыщ куэдым анэмкIэ я благъэхэм пыщIэныгъэ нэхъ зэрыхуаIэр.

Ди адыгэ тхакIуэ-усакIуэхэм я гъащIэм и къекIуэкIыкIар щыдубзыхукIэ, дэ сыт щыгъуи зи гугъу тщIы хабзэр ахэр къызыхэкIа я лъэпкъымрэ я адэмрэщ. Тэмэму пIэрэ тхакIуэр къэзылъхуа и анэм, ар къызыхэкIа лъэпкъым екIи фIыкIи зыри зэрахужыдмыIэр? Зэщхьэгъусэхэм зэдагъуэт бынхэм тIуми ялъ хэтщ, абы бжьыпэр щызыубыдынур, сабийхэр нэхъ зэщхь хъунур пщIэнукъым.

ЩоджэнцIыкIу Iэсхьэд къуитху иIащ, абыхэм ящыщ дэтхэнэри зи лъэныкъуэ хъуар иджы зэхэгъэкIыжыгъуафIэкъым, ауэ и щхьэ течауэ жыпIэ хъунущ я теплъэкIэ, я Iэпкълъэпкъ, инагъ-цIыкIуагъкIэ ахэр зэщхьэщыкIыу зэрыщытар. Зэшхэм я нэхъыжь ТIалийрэ (ТIалибуи ятхыу щытащ) Алийрэ мыщхьэпэлъагэу, къуэгъуу щытамэ, Уэлий, Зул, Данил сымэ нэхъ лъагэхэу, Iэчлъэчхэу, къару зэрахэлъыр я теплъэм къигъэлъагъуэу щытащ. Алий и къуитI Лиуанрэ Мухьэмэдрэ я лъагагъкIэ, IэпкълъэпкъкIэ я адэ къуэшищым нэхъ ещхь хъужат. Абыхэм я адэшхуэ Iэсхьэди, абы и адэж Пщыкъани я сурэт ди деж къэсакъыми, - я гугъу тхуэщIынукъым.

ЗэрыжаIэжу щытам тепщIыхьмэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и анэр ямылейуэ фIыуэ илъагъурт. И щIалэ курытыр нэхъыбэм щIыпIэ жыжьэхэм зэрыщыIэм, и Iуэху зытет зэримыщIэм къыхэкIкIэ анэм игури абы нэхъ хуэмыгъуэт, и гугъу нэхъ ищIрейт. А тIум яку дэлъа лъагъуныгъэр зыщылъагъупхъэри и япэ усэ телъыджэ «Нанэр» (щIалэщIэу Тыркум щитха а тхыгъэм япэм зэреджэу щытар «Анэм и деж письмощ») и анэм зэрытриухуам, лъэпкъ усыгъэм и налкъут «Къамботрэ Лацэрэ» романым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэм езы усакIуэм и анэм и цIэр зэрыфIищам я закъуэкъым. Ар дэнэ щIыпIэ щыIэми, Iэмал имыIэу щIэх-щIэхыурэ и анэм деж къэкIуэжырт, зэман куэдкIэ еуэршэрылIэрт, я Iуэху зыIут зэхуаIуатэу зэбгъэдэсхэт. Нэхъуеиншэу зыхущыт и анэм и мызакъуэу, Алий фIыуэ

илъагъурт ар къызыхэкIа ЗекIуэрейхи, абыхэм я дежи куэдрэ щыхьэщIэрт, езым и ныбжь анэш щIалэхэм я гъусэрейт.

Лъэпкъ зэхэгъэж зэрыщыIэм и зэранкIэ 19-нэ лIэщIыгъуэм фыз къэшэным гугъуехьищэхэр пылъащ, усасэшхуэ зэрыщIатым и гугъу умыщIыххэми. Архивхэм щахъумэ тхылъхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, ЩоджэнцIыкIу Iэсхьэд и адэ Пщыкъан пщылIыпIэр Кавказым щытрахыным и пэ къихуэу уэркъыу щытагъэнущ, иужькIэ мэкъумэшыщIэ щхьэхуитхэм хатхэжами. Ди хэкум 1863 гъэм щрагъэкIуэкIа къыхэтхыкIыныгъэм ипкъ иткIэ, а илъэсым абы иIащ унэIуту цIыхухъуищрэ цIыхубзитIрэ. Пэжщ, Пщыкъан и унэцIэм уэркъ (узденъ) псалъэр пыткъым, ауэ фIэщ щIыгъуейщ а зэманым къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэхэм унэIут яIау? Гу лъытапхъэщ нэгъуэщI зыгуэрми: Пщыкъан и Iуэхур зэхэмыгъэкIыжыгъуафIэми, абы и унэкъуэщ, унэIуту цIыхухъуиплIрэ цIыхубзиплIрэ зиIа ЩоджэнцIыкIу Шыгуанэ и унэцIэм «уэркъ» псалъэр пытщ.

И къуэ закъуэм фыз къыхуишэну мурад щищIым, зэрыхабзэу, Пщыкъани нысэ хуэхъун къыщилъыхъуэр езым хуэдэ лъэпкъхэм я дежщ. КъызыхэкIахэр зэрызэхуэдэм и фIыгъэкIи абы и къуэ Iэсхьэд къыхуишэр Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ, лъэпкъышхуэу щымытми, уэркъ унагъуэм къыхэкIа ЗекIуэрей Лацэщ. 1885-86 гъэхэм Къэбэрдейм щекIуэкIа етIуанэ къыхэтхыкIыныгъэм а лъэпкъыр зэрыуэркъыр щыгъэбыдащ. ЗекIуэрейхэ щыуэркъкIэ, япхъу иратынкIэ хъуну щытакъым, езыхэм нэхърэ нэхъ лъэпкъ лъахъшэм. ЗэхэгъэкIыжыгъуафIэкъым Iэсхьэдрэ Лацэрэ езыхэм я жэрдэмкIэ зэрышарэ нэхъыжьхэм я унафэ абы хэлъарэ, ауэ, зэрыцIыхуу, зэхуэзэхэу щытыпами, я Iыхьлыхэм я Iизыншэу а Iуэхур зэрызэфIэмыхьам шэч хэлъкъым.

ЩоджэнцIыкIу Пщыкъан благъэ хуэхъуа ЗекIуэрей Аслъэнбэч Мысост и къуэр (1822) бынунагъуэшхуэу щытащ: (абы иIащ хъыджэбзищрэ щIалищрэ). Бынхэм я нэхъыжь Хъаний 1858, абы къыкIэлъыкIуэ КIулэ 1861, зэшыпхъухэм я нэхъыщIэ Лацэ 1864 гъэхэм къалъхуащ, зэкъуэшхэм я нэхъыжь Жыхьфар 1869, абы къыкIэлъыкIуэ Сэфар 1873, я шынэхъыщIэ дыдэ Алимырзэ 1876 гъэхэм къалъхуащ.

Ди зэманым лъэпкъхэр пасэхэм хуэдэу зэрыIыгъыжкъым, хэбгъэзыхьмэ, куэдым я благъэхэр яцIыхужыххэркъым. Абы и зэранкIэ Iыхьлыхэр щызэрышэж къохъу. Мы тхыгъэмкIэ ди мурадыр усакIуэшхуэм и анэр къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэр къэдгъэнаIуэу а лъэпкъитIым я щIэблэм я Iыхьлыхэр едгъэцIыхужынырщ.

Зэшыпхъухэм я нэхъыжь ЗекIуэрей Хъаний Аушыджэр щыщ Бэрбэчхэ яшащ. ГъэщIэгъуэныракъэ, и анэми ещхьу, абыи бынуэ къуищрэ пхъуищрэ къыщIэхъуащ: Хьэжумар, Жантемыр, Темыр, Блинэ, Мэржан, Жанпагуэ. Хъыджэбзхэм я дэкIуэгъуэ щыхъум, абыхэм я къуажэгъухэр къыхахащ – Блинэ Битокъухэ, Мэржан Къардэнхэ, Жанпагуэ Къумыкъухэ яшащ. Сэ зэрысщIэжымкIэ, ЩоджэнцIыкIухэ ягъэгъуащэртэкъым я анэ шыпхъу Хъаний, ахэр зэкIэлъыкIуэрт. Алий и бынхэм пыщIэныгъэ нэхъ зыхуаIар Къардэнхэ иса Мэржанщ.

ЗекIуэрей Аслъэнбэч ипхъу етIуанэ КIулэ ГъукIэпщхэ Хьэжы дэкIуащ. Зэрыунагъуэу ахэр пасэу хэкум иIэпхъукIащ, Иорданым и щыхьэр Амман щыпсэуахэщ, пхъуищ яIащ, абыхэм я Iуэху зытетым дыщыгъуазэкъым.

ЗекIуэрейхэ япхъу ещанэ Лацэ, зэрытщIэщи, ЩоджэнцIыкIухэ исащ. Архив тхылъхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, ар зыдэкIуа ЩоджэнцIыкIу Iэсхьэд 1860 гъэм къалъхуащ. А тIур щызэрышар иджы зэхэгъэкIыжыгъуа-

фIэкъым, ауэ я бынхэр къыщалъхуахэм тепщIыхьмэ, 1890 гъэм и пэщIэдзэхэм хуозэ.

ЩоджэнцIыкIухэ Iэсхьэдрэ Лацэрэ быний зэдагъуэтащ (ауэ ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэм и къекIуэкIыкIам зэрыщитхыжамкIэ, зэщхьэгъусэхэм бын пщыкIуз яIащ, Iэсхьэд 1924 гъэм, Лацэ 1936 гъэм дунейм ехыжахэщ). Iэсхьэд и бынхэу дэ дызыщыгъуазэхэр я ныбжькIэ зэрызэкIэлъыкIуэр мыращ: ТIалий, Чэмилэ, Лиц, Уэлий, КIулилэ, Алий, Зул, Данил. ГъэщIэгъуэнщ Iэсхьэд и бынхэм я цIэхэм псоми хьэрф «л»-м узэрыщыхуэзэр. Къалъху сабийм адыгэхэм нэгъуэщIым цIэ фIрагъэщырт, абы къыхэкIыу а цIэхэр зэпыщIауэ, е зэпэджэжу щытын дэнэ къэна, жыжьэрэ гъунэгъуу щызэбгъэдэмыхьэр нэхъыбэт. ЩоджэнцIыкIухэ къащIэхъуа сабийхэм я цIэхэр апхуэдизу зэпэгъунэгъу щIэхъуар, хэт и фIыгъэми, адыгэ IуэрыIуатэр куэдрэ зэжалIэу щыта Iэмалыр – макъ дэкIуашэхэм я зэщIэжьыуэныгъэ аллитерацэкIэ зэджэр – къызэрыщагъэсэбэпарщ.

Iэсхьэд и бынхэм я нэхъыжь ТIалийрэ абы и щхьэгъусэ АбытIэ Мыдэрэ (Зеикъуэ щыщщ) зы щIалэщ яIар – Муртаз. Муртазрэ абы щхьэгъусэ хуэхъуа Аргъэщокъуэ Раерэ зы щIалэрэ хъыджэбзищрэ зэдагъуэтащ.

ТIалий къыкIэлъыкIуэ Чэмилэ щхьэгъусэ хуэхъуар Къэхъун щыщ Жамборэ Шущ (япэм я унэцIэу щытар Хьэмырзэхэщ). Жамборэ зэщхьэгъусэхэм быниплI зэдагъуэтащ: Суфян, Надя, Зэмудин, Любэ сымэ.

Лиц зыдэкIуар Джэрыджэ ХьэзрэIилщ, ахэр Кушмэзыкъуей щыпсэуащ, бын яIакъым.

Уэлий япэ и щхьэгъусэу щытар Шакъ Цацэщ, а тIум зыпхъу яIащ – Женя. ЕтIуанэу къишэжам бын дигъуэтакъым.

КIулилэ (зи гъащIэм и къекIуэкIыкIар «Мадинэ» поэмэм лъабжьэ хуищIар) Сэрмакъ щыпсэу Махуэхэ яшащ, абы бынищ къыщIэнащ: Час, Iэлисахь, Масирэт сымэ.

Алий къишар и малъхъэ Жамборэ Шу и шыпхъу нэхъыщIэ ШэIидэтщ. А тIум я хьэгъуэлIыгъуэр щыдахар 1927 гъэр арагъэнущ. А зэщхьэгъусэхэм быну къащIэхъуащ плIы: Налжан (Ленэ), Чытаун (Тае), Лиуан, Мухьэмэд сымэ.

Чытаун дэмыкIуауэ дунейм ехыжащ, Налжан зы хъыджэбзрэ (Мадинэ) зы щIалэрэ (Аслъэн), Лиуан зы щIалэ (Мурат), Мухьэмэд зы къуэрэ (Заур) зы хъыджэбзрэ (Мадинэ) яIащ.

Зул Мэлыхъуэхэ япхъу Сурэт къишащ, абы зыпхъу – Сасэ – къыщIэнащ, езыр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдащ.

Зэшхэм я нэхъыщIэ Данили Жамборэхэ япхъу къишауэ щытащ, ауэ бын ямыгъуэтауэ езыр зауэм хэкIуэдащ.

ЗекIуэрей Аслъэнбэч и къуэ пажэ Жыхьфар ГъущIапщэхэ Рэсбулэт къишэри, Щихъболэтрэ Жанрэ жаIэу бынитI зэдагъуэтащ. Жыхьфар пасэу дунейм зэрехыжам къыхэкIкIэ, сабийхэр хамэ лъэпкъ хамыутIыпщхьэн щхьэкIэ, Жыхьфар и щхьэгъусэр и шынэхъыщIэ Алимырзэ кърагъэшэжыгъащ.

Зэкъуэшхэм я курыт Сафаррэ абы щхьэгъусэ хуэхъуа Дудар Гуащэкъарэрэ сабиибл зэдапIащ: Данэху, Щэуал, Хъаджэт, Бэлэтокъуэ, Дин, Нащхъуэ, Лалэ сымэ. Быным я нэхъыжь Данэху («Къызбрун» драмэм и лIыхъужь нэхъыщхьэм а цIэр зэрехьэ) Алийрэ Чэмилэрэ ягъусэу траха зы сурэт ди деж къэсащ. Ар унагъуэ имыхьэ щIыкIэ дунейм ехыжащ. Данэху къыкIэлъыкIуэ Щэуал Кушмэзыкъуэхэ Шэриз къишащ, ахэм бынищ зэдапIащ: Лолэ, Толэ, Светланэ. Абы къыкIэлъыкIуэ Хъаджэт

ГъукIэлI Хьэчим дэкIуащ, ар нэмыцэхэм яукIащ, зы къуэ – Лонэ къащIэнэри. Бэлэтокъуэ Псыхуабэ щыпсэуащ, и щхьэгъусэр урысу щытащ, быну яIар тхузэхэгъэкIакъым. Дин и щхьэгъусэр Къэжэр Сэбирэтщ (Къэжэр Индрис и шыпхъущ), а тIум бынищ зэдагъуэтащ: Балэ, Николай, Этери сымэ. Нащхъуэ Лу Зубер и щхьэгъусэу щытащ, бынищ зэдапIащ. Зэшхэм я нэхъыщIэ Лалэ Гъурф Хьэжмурид и щхьэгъусэу щытащ, зы хъыджэбз яIати, ари пасэу дунейм ехыжащ. Сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуами ЩоджэнцIыкIухэ нэхъ зыпыщIауэ щытар Сафар и бынхэрщ, нэхъ зыкIэлъыкIуэхэри Динрэ Лалэрэт.

ИщхьэкIэ зэрыжытIащи, Аслъэнбэч и бынхэм я нэхъыщIэ Алимырзэ и шынэхъыжь Жыхьфар и щхьэгъусэ Рэсбулэт бынитI щIэсу кърагъэшэжыгъащ, иужькIэ абыхэм зы щIалэрэ (Мартин) зы хъыджэбзрэ (Былыхъу) зэдагъуэтыжащ (Алий ящIыгъуу ахэм зытрагъэха зы сурэт къэнащ).

БлагъагъэкIэ ЩоджэнцIыкIухэ къаубыд Лацэ и анэ Дисэ и анэкъилъхухэри. Ар езыр ЛампIэжьхэ япхъущ (Кушмэзыкъуей щыщщ), абы и зы шыпхъур Уэдыхь Iэбисал ишащ. А тIум я къуэ Уэдыхь Аслъэнбэч совет лъэхъэнэм къулыкъушхуэхэр зэрихьащ, Къалмыкъ БетIал дэлэжьащ. ИкIи IэщIэкIуэдэжащ. Абы къыщIэнащ щIалитI – Анатолэрэ Аркадийрэ. Ещанэ и шыпхъур Бекъул Жанхъуэт (Кэнжэ) и щхьэгъусэу щытащ, быну яIам дыщыгъуазэкъым.

ЩоджэнцIыкIу Iэсхьэд и унагъуэм и тхыдэм уриплъэмэ, гу лъыботэ мыпхуэдэ Iуэхугъуи: Iэсхьэд къызытепщIыкIыжа Мамсыр къуэу иIар Пщыкъанщ, абыи къыщIэхъуар Iэсхьэд и закъуэщ. Ауэ абы езым къуитху игъуэтамэ, и къуэхэм ящыщу ТIалий зы къуэ, Алий къуитI яIауэ аращ, адрей зэшхэм – Уэлий, Зул, Данил сымэ – къуэ къащIэхъуакъым. А зэкъуэшхэм я бынхэм я натIэ хъуар апхуэдэщ. ТIалий и щIалэ закъуэ Муртази къыщIэхъуар Хьэсэн и закъуэщ, абы езыми иIэр зы щIалэщ – Алий. ЩоджэнцIыкIу Алий и щIалитIми – Лиуанрэ Мухьэмэдрэ – къуэ зырызщ яIар – Муратрэ Зауррэ. ИужьреитIми яIэр къуэ зырызщ.

Совет лъэхъэнэм и илъэсхэм лъэпкъхэр зэбгрылэжьыкIауэ щытами, иужьрей зэманхэм зэлъэпкъэгъухэр зэрыгъуэтыжу, зэкъуэувэжу щIадзащ: зэIущIэшхуэхэр ирагъэкIуэкI, я лъэпкъ тхыдэр зэфIагъэувэж, абы теухуа тхылъхэр ятх, я газетхэр къыдагъэкI. Мы ди тхыгъэми и къалэныр, зэрыжысIащи, 19-нэ лIэщIыгъуэм и кIэуххэм благъагъэкIэ зэбгъэдэува лъэпкъитI ЩоджэнцIыкIухэрэ ЗекIуэрейхэрэ я бынхэр усакIуэшхуэм и анэмкIэ и Iыхьлыхэр дгъэбелджылыуэ, абыхэм къащIэхъуа щIэблэр нэIуасэ зэхуэтщIынырщ. Зы мащIэкIэ ар тхузэфIэкIамэ, ди мурадыр къыдэхъулIауэ къэтлъытэнущ.

***ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,***
*филологие щIэныгъэхэм я доктор.*

# Гугъэмрэ гъащIэмрэ я зэпыщIакIуэ

*Налшык школ-интернатыр къызэрызэIуахрэ илъэс 65-рэ мэхъу*



Зи гугъу фхуэсщIыну зэманыр ди нобэм куэдкIэ ещхьщ, ауэ зыкъомкIи къыщхьэщокI. Ещхьщ зауэм фабрикэхэр, заводхэр, колхозхэр зэтрикъутауэ зэрыщытамкIэ. Ещхькъым нобэ цIыхухэм гугъапIэ щIагъуэ зэрамыIэжымкIэ. Япэхэм щыгъуэ цIыхухэр гугъэрт, гугъэр гъащIэми къаруми я щIэгъэкъуэнт.

ИгъащIэми хабзэу къокIуэкI нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ, адэхэмрэ бынхэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтемыхуэу. Ауэ, нэхъыщхьэращи, мо лъэхъэнэм нобэмрэ пщэдеймрэ зэпэщхьэхуэ мыхъуу, зэпыщIауэ щытт.

Нобэрей ди зэманыр дыдж, хьэлъэ зыщIыр цIыхур ишхын, щитIэгъэн хуэныкъуэуракъым, атIэ ди блэкIа псори зэрыдгъэикIэрщ, зэрыдгъэпудырщ, гущIэгъуншэу зэрыхэдутэрщ.

«Уи хьэм фIэпщ и цIэщ», – жиIащ пасэрейм. Дэ ди блэкIам, ди щхьэм махуэ къэс дзы къыхудолъыхъуэ. АтIэ, пэж дыдэу, псори ежауэ зэрыжаIэм хуэдэу, ди дыгъуасэр Iей дыдэу щытауэ пIэрэ?

Къэтщтэнщ зауэ нэужь япэ илъэсыр – 1946 гъэр. Гъатхэ уэшхым зыкъыдэзыужь удзу, зи сабиигъуэр зауэм хиубыдахэр ТекIуэныгъэм и дыгъэм дыкъыдэщIэрэщIэжырт. Дыщыгъыныджэми, дыкъэхуэбэжат, дымэжалIэми, ди ныбэ из хъужауэ къытщыхъурт. Нэхъыщхьэр – зауэр иухат... Еджэн щIэддзэжынут!

Иджы зы махуэ закъуэ школыр ямыгъэплъамэ, сабийхэр къаутIыпщыж. Дэ дызыщеджэ классхэр апхуэдизкIэ щIыIэти, шакъэр шакъалъэм иштыхьырт. Тетради, дызэреджэн тхылъи диIэтэкъым. ИтIани щIэныгъэм дыхуэнэхъуеиншэт.

Зэманыр апхуэдэу хьэлъэ пэтми, зи адэ зауэм хэкIуэда сабийхэм папщIэ Налшык къыщызэIуах школ-интернат. Сабий зеиншэхэр гъэшхэным, хуэпэным, егъэджэным къыдэкIуэу, а еджапIэм IэщIагъэлIхэр игъэхьэзырын хуейт. Ауэ интернатым зэкIэ къиштэфынур цIыхуищэрэ щэ никъуэрэт. Зауэм зэпиуда еджэныгъэм пызыщэжыну хуейм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъыбэт. Къуажэхэм курыт еджапIэ щыIэжтэкъым, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэтракъутат, ягъэсат. СощIэж, ди къуажэ (Куба) дэта курыт школышхуэм и лъэгухэр кърачурэ Балъкъ лъэмыж тралъхьауэ зэрыщытар. Иужьым ари ягъэсыжат.

Зауэ нэужьым классибл школхэр къызэIуахыжу щIадзащ. Еджэным пызыщэжыну зи нэ къикIхэм дежкIэ интернатыр хъуэпсапIэт. Абы щыгъуэщ сэ япэ дыдэу «конкурс» псалъэр щызэхэсхар, и мыхьэнэри къыщысщIар. 1946 гъэм августым и 1-м зи насып къихьу, конкурсым пхыкIа сабии 150-м сэри сащыщт.

Сыту псынщIэIуэу кIуэрэ зэманыр! Абы лъандэрэ илъэс 65-м щIигъу блэкIащ.

Августым и япэ махуэм интернатым и директор Къамбий ХьэматI подсовет зэхуишэсат. Абы кърихьэлIат еджапIэм и лэжьакIуэ псори.

«Дэ нобэ къыдощтэ зауэм и бынхэр, ахэр псоми ди зэхуэдэ анэмэтщ, – къыщIидзащ и псалъэр ХьэматI. – Ахэр пцIанэщ, лъапцIэщ, мэжэщIалIэщ. Ди еджапIэр, фэри зэрыфщIэщи, жэнэт плIанэпэкъым: къызэдгъэпэща тепIэнщIэлъыныр къыдомэщIэкI, зэреджэну тхылъхэмрэ тетрадхэмрэ тхурикъуркъым, сабийхэм талонхэр хуагуэшащ, ауэ иджыпсту я гур къыщIэзыубыдэн шхын диIэкъым. Нобэ сыт яхуэвгъэхьэзырар?» Директорыр пщафIэм дежкIэ плъащ.

– Шыпсыранэ хьэнтхъупсрэ жэгундэ гъэварэ, – жиIащ пщафIэм.

– Флъагъуркъэ, – щэтащ ХьэматI, – шыпсыранэпсрэ жэгундэ гъэварэщ нобэкIэ диIэр. ЩIымахуэм еджакIуэхэр зыщIэсыну пэшхэри тхуэгъэплъынукъым... Сабийхэр пIэ хуабэкIи къытхуэгъэгугъэнукъым: я щхьэнтэхэм, джэдыцым и пIэкIэ, пхъэупсахуэщ илъыр, уэншэкухэм – хьэуазэщ. ШхыIэн дыта къахудэтхат, ауэ шхыIэнщIэбзэ диIэкъым. ЖыпIэнурамэ, дэ иджыри куэдым дыхуэныкъуэнущ. Ауэ, абы щхьэкIэ къэмынэу, сабийхэр едгъэджэн хуейщ. Дауэ?! Баштекъузэ, хэгъэзыхь хэмыту ахэр щIэныгъэм дедгъэхьэхын хуейщ. Ар егъэджакIуэхэм я закъуэ Iуэхукъым. А псор нэсу къыдэхъулIэн папщIэ, еджапIэм щылажьэу хъуар дызэкъуэмыту, зыр зым дыдэмыIэпыкъуу хъунукъым.

Сэ сщIэжыркъым ди егъэджакIуэхэм ящыщ гуэр къыттекIияуэ, дигу хигъэщIу ди щхьэ лъахъшэу дигъэлъагъужауэ. Зы унагъуэм хуэдэт интернатыр: ди егъэджакIуэхэм я жыIэр дэ зэи тIу тщIыртэкъым, езыхэри, нэфI-ней яхэмылъу, адэ-анэфIым хуэдэу къытхуэIэфIт, къытхуэгумащIэт, ауэ икIи къытхуэткIийт. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм ящыщ зыри псэужкъым. Тхьэм ахърэт нэху къарит!

Интернатым и ужькIэ дэ дыщеджащ университетхэм, институтхэм, аспирантурэхэм, хэт илъэсиплIкIэ, хэт тхукIэ, хэти илъэсийкIэ. Интернатым дыкъэмыкIуэ щIыкIи илъэси 7–8-кIэ деджащ. Ауэ интернатымрэ абы и егъэджакIуэхэмрэ дэтхэнэ зыми ди гъащIэм, ди гум увыпIэ щхьэхуэ щаубыдащ.

ЕгъэджакIуэхэри, ди адэ-анэхэм хуэдэу, дэ насыпыфIэ дызэрыхъуным яужь итт. Ахэр дэтхэнэ ди ехъулIэныгъэми щыгуфIыкIырт, дэри ахэр къызэрытщыгугъыр дгъэпэжырт. Къапщтэмэ, интернатыр къэзыуха цIыху 500-м къахэкIакъым гъуэгу пхэнж теува, IейкIэ зи цIэ зыгъэIуа. ЦIыхуищэм нэхърэ нэхъыбэ езыхэр школ егъэджакIуэ хъужащ, дэ къытхэкIащ щIэныгъэлI куэд: академикхэр, щIэныгъэ зэхуэмыдэхэм я докторхэр, профессорхэр; дэ къыддеджахэм яхэтщ артист цIэрыIуэхэр, усакIуэхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр, зауэ хуэIухуэщIэм епхауэ къулыкъушхуэ зезыхьэ, IэнатIэшхуэ зыIыгъ унафэщIхэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми щхьэхуэу утепсэлъыхь хъунут. Ауэ сэ зи гугъу сщIынур интернатым и къызэгъэпэщакIуэ Iэзэу, и япэ директору, егъэджакIуэу, гъэсакIуэу щыта, цIыху телъыджэ, псэ хьэлэлу къыдбгъэдэта Къамбий ХьэматI ПIытIэ и къуэрщ. А зэманым ар илъэс 33-рэ хъууэ арат.

И ныбжькIэ щIалэми, ар хунэсат адыгэбзэм, адыгэ литературэм я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ гуэрхэр хуищIыну: ар щылэжьат къуажэ пэщIэдзэ школым, щригъэджат педучилищэм, иужьым абы и унафэщIи хъуат. Интернатым къэкIуэн и пэкIэ ХьэматI и унафэщIу щытащ ди тхылъ тедзапIэм. А лъэхъэнэми Къамбийм нэхъыбэу и нэIэ зытригъэтар сабийхэр зэреджэну тхылъхэр гъэхьэзырыныр, ахэр къыдэгъэкIынырат. Псом хуэ-

мыдэу – «Нарт хъыбархэр» щызэхуэхьэсауэ къыдагъэкIа тхылъышхуэм. А лэжьыгъэм зы щIыпIэ дежи къыщыхэгъэщатэкъым Къамбий ХьэматI и цIэр, ауэ а тхылъыр къыдэгъэкIыныр зи жэрдэмри абы къару нэхъыбэ езыхьэлIари езырат. Ар сыт щыгъуи къыздрихьэкIырт, зы урок кIуэртэкъым а тхылъыр имыIыгъыу. Зэм абы езыр къытхуеджэрт, иныкъуэхэм деж дэ дыкъригъаджэрт, щапхъэ гуэрхэр къыщыдригъэтхыкIи щыIэт.

ХьэматI школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щригъэджырт. Абы ахэр фIы дыдэу ищIэрт, зыпищI щыIэтэкъым. Хэт сыт итхами, ахэр сытым теухуами, ХьэматI жэщыбгым къэбгъэтэджами, гукIэ къыбжиIэфынут. Абы и къалэнхэр ди нэкIэ тлъагъухэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэт.

Интернатым пэщIэдзэ класс иIакъым, абы зэрыщеджэр илъэсищт – еянэм къыщыщIэдзауэ епщIанэм нэс. Сабий гуащIэ мащIэ, Iэпсыгъуэлъэпсыгъуэ цIыкIуу интернатым къэкIуахэм зрачауэ, балигъ хъуауэ, я акъылкIи заузэщIауэ къаухырт.

Къамбийр гъэсакIуэ-ущиякIуэ Iэзэт. Ар абы къыхуигъэщIат. Гу къабзэт, псэ хьэлэлт. Псори къыгурыIуэрт. ЕджакIуэм урокыр зримыгъэщIами, зэранами, зыгуэрым езэуами, интернатым щIэкIуэсыкIыжами (апхуэди къэхъуу щытащ), ХьэматI и макъым зригъэIэтыртэкъым, нэгъуэщIхэм зэхахыу ешхыдэртэкъым. Зэгуэрым жэщыбгым етIуанэ къатым къыщыхъуа зэрызехьэм интернатыр къыдэушащ. Тхьэм ещIэ зэпаубыдар, пэшым и бжэр къагъэбыдауэ щIалэ цIыкIухэр зэзауэрт. Хъыджэбз цIыкIухэр дыгужьейри, директорым и деж дызэрыхьащ, – ар щыпсэур еджапIэм и гъунэгъут, – къэдгъэушыжри къэхъуар жетIащ. ХьэматI асыхьэту школым къэсащ, абы и макъыр зэрызэхахыу щIалэ цIыкIухэр щэху хъужри, бжэр къыIуахащ. Къызэрыгъэплъа щIалэ цIыкIухэм яхэплъэри, «си сыхьэтым сыкъимыгъапцIэмэ, гъуэлъыжыгъуэр блэкIащ», – жиIащ. АфIэкIаи жимыIэу къыщIэкIыжри, и кабинетым кIуащ. Интернатыр щым хъужат, ауэ зыри жейртэкъым. Зэрана щIалэ цIыкIухэр абы и деж зырызурэ щIыхьэурэ къахуигъэгъуну елъэIуащ. Директорым губжьауэ фэ теттэкъым, абы зым жриIэрт: «Куэдщ, кIуэи жей», адрейм, – «хъунщ, хъунщ», ещанэм – «дяпэкIэ умыкъуейщIеиж». Зэзауэр зэхэзыублар директорым и пащхьэм иува нэужь, ар абы къеплъри щэтащ икIи и щхьэм хуэпсэлъэж щIыкIэу жиIащ: «Сэ си гугъат сыкъыхэмыщтыкIыу сыжей хъуну, уэ мыбыхэм уащыхэткIэ...» ХьэматI и псалъэр ныкъуэжыIэу, щIалэ цIыкIур къыщиудри къэгъащ.

Зэгуэрым интернатым щIэкIуэсыкIыжат нэхъ еджакIуэфI дыдэхэм ящыщ зы. ХьэматI абы кIэлъигъакIуэри щIалэр къригъэшэжащ. ЩIалэ цIыкIур директорым и кабинетым щIыхьэри, зыри жимыIэу, зэхэуфауэ блыным кIэрыуващ. Абы къызэреупщIыну и гугъа псоми я жэуапхэр игъэхьэзыракIэт: «Сыхуейкъым седжэну, сыхэвгъэзыхьыфынкъым. Школкъым мыр – казармэщ: хьэмэмым, шхапIэм сатыру, сэлэтым хуэдэу, докIуэ. Ужеину ухуэмейми, гъуэлъыж, уи жеин иримыкъуами, къэтэдж...»

Зи щхьэр ехьэхауэ щыт еджакIуэм ХьэматI и нитIыр теплъызауэ заулрэ щысащ. ЩIалэм и щхьэр къыщиIэтым а тIум я нэхэр зэхуэзащ. ХьэматI, пыгуфIыкIри, абы шэнтыр иригъэлъэгъуащ.

– ТIыс, – жиIащ, – комсомол собранэм и пэ къихуэу сыночэнджэщыну арат... Комитетым нэхъыфI дыдэу еджэхэр, жыIэдаIуэхэр, Iуэхум нэхъ ткIийуэ пэрытыфынухэр хэхын хуейщ. Уэри укъэзгъэлъэгъуэн си гугъэщ...

ЩIалэ цIыкIур цIыплъ къэхъуащ. Сытым нэхъри нэхъ къищтэнт абы иджыпсту апхуэдэ дзыхь кърагъэзыну, щIалэ цIыкIур абы куэд щIауэ щIэхъуэпсырт...

ХьэматI дэ къыджиIэрейт: «Интернатыр собескъым, си псэм хуэдэхэ, мыр школщ икIи фыкъыщIэкIуар феджэну аращ». Ауэ интернатыр ди дежкIэ икIи собест.

Зэгуэрым интернатым нэкIуащ корреспондент, школым теухуауэ итхыну. ЕджакIуэ зыбжанэ директорым и кабинетым дашащ. Корреспондентым дэ зыкъытхуигъэзащ: «КъызжефIэт, сыт интернатым фыкъыщIэкIуам и щхьэусыгъуэр». Ар, дауи, зыпэплъар «деджэну», «щIэныгъэ зэдгъэгъуэтыну», н. къ. жытIэну арагъэнт. Ауэ зэхихар нэгъуэщIщ: «Ди унагъуэр инщ, адэ диIэжкъым, анэм дыхуэгъэшхэжыркъым, мыбы дыщагъашхэ, дахуапэ...»

Интернатым щIэсым я нэхъыбэм я адэр зауэм хэкIуэдат, зи анэм бомбэ къутахуэ е шэ къытехуэу иукIахэри къытхэтт. Зэман хьэлъэт ар ди дежкIэ, ди егъэджакIуэхэм я дежкIэ нэхъ гугъужт. Хьэл зэмыщхьхэу щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэу щэрэ тхущIрэ: хэт псынщIащэу, къэлыдыгъуафIэу, хэт щэхуу, зыгъэгусэрейуэ, хэт пагэу, хэт къуейщIейуэ... Ахэр псори зэхэту зы школым и еджакIуэхэт, зы гупт.

Директорми егъэджакIуэхэми псалъэ дыгъэлкIэ дигу фIы къащIурэ дыкъагъапцIэртэкъым: «Республикэр фэ къыфщогугъ...» «Фи къалэнщ», – жаIэу. Ауэ школым гъэсэныгъэ лэжьыгъэр ткIийуэ щыгъэувати, республикэ пащхьэм щихь жэуаплыныгъэр дэтхэнэми зыхищIэрт. Езы зэманым дэ нэхъ Iущ, ди ныбжьым нэхърэ нэхъ балигъ дищIырт.

Зы илъэс фIэкIа хъуатэкъым интернатыр, япэ гупым ар къаухыу къыщыщIэкIам. Ахэр псори еджэным адэкIэ пащэну зэбгрыкIащ. Абы я фэеплъу Къамбий ХьэматI и кабинет блыным къыкIэралъхьащ школыр къэзыухахэм зэщIыгъуу траха сурэтыр. Ахэр щыгъыныджэми, лъапцIэми, мэжэщIалIэми къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэхуэным щIэхъуэпсхэрт.

ДыхущIэрыIэурэ зэманыр дгъэпIащIэ хуэдэт, нэхъ псынщIэу деджэну, нэхъ щIэхыу къэдгъэзэжыну дыхуейт. Флъэгъуащэрэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм едгъэхь лъэIухэр. Ахэр тхьэрыIуэм ещхьт: «ДынывольэIу фи унафэм щIэт еджапIэ нэхъыщхьэм дыщIэвгъэтIысхьэну, ди республикэр икъукIэ хуэныкъуэщ лъэпкъ кадрхэм. Сыхуейщ IэщIагъэлI сыхъуауэ къэзгъэзэжыну, зауэм зэхикъута Хэкур зэфIэгъэувэжыным си къаруи хэслъхьэну...»

Интернатым щеджахэр я гъащIэ псокIэ хуэпэжащ я щIалэгъуэм ятхауэ щыта псалъэхэм.

Си гум зехуз ар сигу къэкIыжыху: Къамбий ХьэматI дунейм щехыжам си ныбжьэгъухэм си пщэ къралъхьат абы теухуауэ фэеплъ псалъэ газетым стхыну. Абы щыгъуэм цензурэр ткIийт. Дунейм ехыжам сыт хужаIэнуми, абы и унафэр зыщIыр обкомырат. Сэ, Тхьэм щхьэкIэ, гуапэу сригъэблэгъащ КПСС-м и обкомым идеологиемкIэ и секретарым. Къамбий ХьэматI теухуауэ стхам набдзэгубдзаплъэ дыдэу къеджэри, къызэупщIащ ар: «Сыт хуэдэ наградэхэр иIэ мыбы?» – жери, «Знак Почета» орденыр, – жысIащ. «А зыра?!» – игъэщIэгъуащ абы.

А зы закъуэрат ди егъэджакIуэм къыхуагъэфэщар. ЩIыхь цIэ гуэрхэри къыфIащауэ щытакъым. Апхуэдэ Iуэху дапщэрэ къамыIэтами, Къамбийм и нэм къыщIаIурт, кърахъуэнырт зауэм щыгъуэ нэмыцэхэм яубыда щIыналъэм зэрисар. Пэж дыдэуи, нэмыцэхэм ди республикэр щаубыдам ар я Дохъуэшыкъуей къуажэм дэсат. Фронтым ираджатэкъым. И щхьэусыгъуэр и Iэ лъэныкъуэм Iэ тхьэмпэ зэрыпымытыжырт. Ауэ къулыкъушхуэ зыIыгъхэр хуейтэкъым ар къагурыIуэну, зэхащIыкIыну. Ди егъэджакIуэм увыIэгъуэ имыIэу къыкIэщIэтхыхьхэрт. АпщIондэху Къамбийм и Iуэхур

щIэрыщIэу «зэхагъэкIыжырт». ИкIэм-икIэжым ар партым къыхадз, и IэкIэ къызэригъэпэща, игури и псэри зыхилъхьа интернатми къыIуагъэкI. Ауэ, Алыхьым иухагъэнти, ХьэматI интернатым щригъэджахэм ящыщ зы а зэманым МГУ-м щIэст, КПСС-м и ЦК-м парт-къэрал кIэлъыплъыныгъэмкIэ и комитетым и председателым и къуэм и гъусэу. Абы и фIыгъэкIэ зэхуагъэр зэфIагъэувэжауэ щытащ...

***АФIЭУНЭ Рае,***
*Урысей Федерацэм культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.*

# Адыгэ щэнхабзэм щIыналъэхэр зэпэгъунэгъу ещI

***Гъэмахуэм и пэщIэдзэхэм Тыркум щыхьэщIащ ди культурэм, искусствэм я лэжьакIуэ гуп. Нобэ ди псэлъэгъущ абыхэм я пашэу щыта усакIуэ, журналист Лыкъуэжь Нелли.***

**– Нелли, Тыркум фыкIуэн щIэхъуам и щхьэусыгъуэмкIэ къыщIэддзэмэ, зи гугъу тщIыр нэхъ гурыIуэгъуэ хъуну къыщIэкIынщ.**

– Пэжу, Iуэхум и пэр умыщIэм, и кIэр къыбгурыIуэнукъым жаIэ. Ар къызэрежьар мыпхуэдэущ. Интернетым и адыгэ сайтхэм фIы дыдэу щыгъуазэ си цIыхугъэ гуэрым къызжиIат Тыркум щыщ ди лъэпкъэгъу зы щIалэ абы щIэх-щIэхыурэ къызэрихьэр, адыгагъэм, адыгэбзэм, хабзэм, щэнхабзэм куэду къызэрыщIэупщIэр. Ар зыщIэупщIэхэм ящыщ куэд жэуапыншэу къызэрынэр фIэемыкIу хъури, си цIыхугъэр къызэлъэIуат а щIалэр зэзгъэцIыхуну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ интернеткIэ цIыхугъэ дызэхуэхъуащ Тыркум хыхьэ Мараш къалэм щыщ, абы щыIэ Адыгэ хасэм ныбжьыщIэхэр адыгэбзэм щыхуезыгъаджэ Емуз Бэязитрэ сэрэ. Ар Къэбэрдей Джылахъстэнейм, Къаншыуей къуажэм иIэпхъукIахэм ящыщу къыщIэкIащ, езыр къыщалъхуар Тырку Джылахъстэнейм и Къарэахьмэд жылэрщ. Бэязит унагъуэщ, и щхьэгъусэр Губырхэ ейщ, бынищ яIэщ.



*ХьэщIэхэр Тыркум нэсащ.*



*Мараш къащыIущIа хэгъэрейхэр.*

Бэязит къыщIэлъэIурт хэкужьым щыщхэм езыхэм зэхагъэувэжа адыгэ концерт яхуэтшэу я цIыхухэм едгъэлъагъуну. Абы теухуауэ ды-

зэгурыIуэри, Тыркум щыдгъэлъэгъуэну концертым хэтынухэр къыхэхынымрэ ар зэрекIуэкIынур гъэпсынымрэ зыкъомрэ делIэлIащ.

**– Тыркум кIуа гупым хэт сымэ хэтар?**

– Ди гупым хэтащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ адыгэ театрым щылажьэхэу КIэмыргуей Валентинрэ КIарэ Ларисэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артисткэ Даур Иринэ, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэу Нэгъуей Анзор, Беслъэней Ренатэ, Мамхэгъ Анжелэ, Хьэмырзэ Азэмэт сымэ, шыкIэпшынауэ икIи уэрэджыIакIуэ Иуаз Зубер, къэфакIуэхэу Тхьэгъэпсэу Нартщауэрэ Сокъур Залинэрэ. Апхуэдэу дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуу ди гъусащ Беслъэней Натэрэ Нэгъуей Радимэрэ.

Дэ япэ щIыкIэ дыщетIысэхар Истамбылти, аэропортым дыщыщIыхьам, Истамбыл щыIэ Адыгэ Хасэхэм ящыщ зым и тхьэмадэ Жылэхьэж Эрдогъэн къытпэплъэрт и лэжьэгъу гуп и гъусэу. Антеп дыкIуэн хуейт, кхъухьлъатэм дитIысхьэжуи, зэманыр къэблэгъэху дызэпсалъэу дыщысащ. Антеп гуапэу къыщытпежьэщ удз гъэгъахэр зыIыгъ гупышхуэ, гъуэгубгъум деж зы джэгушхуи щытщIри, Мараш дашащ. ХэщIапIэ тхуащIащ «Соффрон» хьэщIэщ ехьэжьар.



*Концертым къекIуэлIахэр куэд дыдэ хъурт.*



*Емуз Бэязит япэ концертыр къызэIуех.*

Мараш дэт Адыгэ Хасэм и унэм къыщытцIыхуащ абы и тхьэмадэр, Тумэ Шахуэр, Жылэхьэж Ибрэхьим, Дзыгъуэнэ Хьэнэфий, Щанэ Эрхьэн, КIэрэф Озгур, Сэмэн Эргун, Пэунэжь Надир, Къущхьэ Хьэмид, ГъукIакъуэ Эрол сымэ. Хасэм хэт цIыху 1000-м нэблагъэр зэкIуалIэ мы унэшхуэм ресторан, ныбжьыщIэхэр спортым, адыгэ къафэм щыхуагъасэ, адыгэбзэм щыхурагъаджэ пэшхэр хэтщ. Хасэм и лэжьапIэр ухуэным текIуэда мылъкум и зэхуэдитIым щIигъур хэзылъхьар Мэмрэш Джэнгизщ.

Емуз Бэязит лъэпкъым куэдкIэ сэбэп хуэхъу, адыгэгу зыкIуэцIылъ цIыхущ. Ар щIэх-щIэхыурэ хэкужьым къокIуэж икIи ди тхакIуэхэм я тхыгъэхэм кIэлъыплъ, щIиджыкI зэпытщ. Бэязит фIыуэ щыгъуазэщ Думэн Хьэсэн, Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, МафIэдз Сэрэбий сымэ я тхыгъэхэм. Дэ хуабжьу зыкъыдигъэлIэлIащ Бэязит и къуэш нэхъыщIэ Невзэти. КъызэрызгурыIуамкIэ, губернаторми, къалэм и унафэщIхэми къытхуащIауэ хъуар зи жэрдэмыр аращ. Дыщыпсэуа хьэщIэщым и уасэм щыщIэдзауэ къыттрагъэкIуэдар аращ зэзыгъэуIуар. ГъэщIэгъуэн пщыхьэу, Невзэт IэкIуэлъакIуэу концертхэр къыддригъэкIуэкIащ. Ар щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ, хыхьэхэкIышхуэ зиIэ цIыхущ.

Хуабжьу гурыхь сщыхъуахэм ящыщщ щIалэгъуалэр зэрызэрыIыгъыр. Иджырей хъыбарегъащIэ Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ ахэр псынщIэ дыдэу зэрощIэ. Мараш дыщынэса махуэм зэрытыркуу зэлъащIысат хэкужьым икIа хьэщIэ гуп зэраIэр. Абы дыщыIэхукIэ дэ ди гъусащ Мэремыкъуэ Мэхьмуд, Щоджэн Эмрэхь, Сэбэней Тимур, Мэремыкъуэ Хъайри, Дэхъу Хьэкъан сымэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт а щIалэхэм пщIэрэ нэмысрэ зэрадэтлъэгъуар.

Мараш къалэм къыщыдэкI газет зыбжанэм «Кавказым къикIа гуп ди деж щохьэщIэ, концерт щагъэлъагъуэ», – жаIэурэ ятхащ, дыщыIэхункIи дыкъежьэжа нэужьи зэпамыгъэууэ я телевиденэм дыкъигъэлъэгъуащ, я интернет хъыбарегъащIэхэми дыхагъэхьащ, ди сурэтхэмрэ хъыбархэмрэ абы гъунэжу иралъхьащ.

**– И гугъу къытхуэщIыт фи концертхэр зэрекIуэкIам.**

– Тырку тхакIуэ цIэрыIуэм и цIэр зэрихьэу Мараш къалэм щыIэ «Нефэка» Щэнхабзэ центр инырщ ди япэ концертыр щыттар. ЦIыху 800 хуэдиз щIэхуэрт абыи, тIысыпIэрэ лъэ увыпIэрэ имыIэжу цIыхухэр къызэхуэсат.



*Бесльэней Натэрэ Емуз Невзэтрэ концертыр ирагъэкIуэкI.*



*Усабийуэ плъагъур нэхъ уигу къинэжу жаIэ.*

Сценэр удз гъэгъакIэ екIуу гъэщIэрэщIат, и блыным «Налкъутналмэсу зэщIэпщIыпщIэ си Кавказ» жиIэу тетхат. Нэхъыбэу усэбзэкIэ гъэпса ди сценарийм Хэкум, лъэпкъ хабзэм, лъагъуныгъэм теухуа уэрэдхэр ебэкIырт. Апхуэдэт, псалъэм папщIэ, «Адыгэ лъахэ», «Хэт жызыIэр адыгэр дыкIуэдыжыну?», «Си Налшык», «Адыгагъэ», «Си дахащэ», «ПсыIэрышэм и уэрэд», «Дахэжан», «Губгъуэм ит тхьэрыкъуэ», «Еджэрыкъуей», «Зэзэмызэ уи гум сыкъэгъэкI», «Мазэгъуэ жэщ» уэрэдхэр. Концерт программэм театр теплъэгъуэхэмрэ гушыIэхэмри хэдгъэхьат.

Концертым щIэддзэу къекIуэлIахэм адыгэ пшынэм, шыкIэпшынэм я макъхэр щызэхахым, пэшышхуэр щым хъуат, щIэсхэм я нэпсхэр яхуэмыубыду къафIежэхырт. ИтIанэ, егъэлеяуэ я гум дызэрыдыхьар къыдагъащIэу, мыухыж Iэгуауэ къыттрагъэщэщащ.

Концертыр къызэрыдэхъулIар куэдкIэ я фIыщIэщ ар езыгъэкIуэкIа КIэмыргуей Валентинрэ КIарэ Ларисэрэ. Я бзэр шэрыуэу, езыхэри екIуу зэщыхуэпыкIауэ сценэм итащ. Концертыр пхужымыIэну игъэдэхащ шыкIэпшынэми. Ар хэдгъэхьэн и пэ, «ШыкIэпшынэр дауэ къащыхъуну пIэрэ, ярэби, яцIыхуу пIэрэ, къагурыIуэну пIэрэ?», – жытIэурэ дычэнджэщами, егъэлеяуэ я гум дыхьащ. СыхьэтитIрэ ныкъуэкIэ едгъэкIуэкIыну дубзы-

хуауэ арат концертыр, ауэ дыкъамыутIыпщу сыхьэтиплIым щIигъукIэ сценэм дитащ.

ЕтIуанэ концертыр Гёксун университетым щыттащ. Абы Джылахъстэней къуажэхэм къикIауэ цIыху Iув щызэхуэсат студентхэм нэмыщIкIи. Университетым дезыгъэблэгъар Гёксун дэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Токъу Бэдрийт.

**– Концерт зэрывгъэлъэгъуам нэмыщI, нэгъуэщI зэIущIэхэми фыхэта?**

– Тыркум дыщыщыIэну махуэхэм трагъэхуат Мараш Адыгэ Хасэм хэт «Уэркъ» рестораныр, ди лъэпкъэгъу Наурыз Нефрин и тыкуэныр къыщызэIуахынур. Ди гупым и къафэрэ уэрэдкIэ а Iуэхухэр дгъэдэхащ. Абы кърихьэлIат къалэ унафэщIхэмрэ депутатхэмрэ.

Къалэм щаухуа мэжджыт екIур махуэ бжыгъэ дэкIмэ къызэIуахыну я мурадти, абыи зыщыдагъэплъыхьащ. Зи кIуэцIыр дахэу къищIыкIа, зи щIыбри екIуу зехьа дин IуэхущIапIэр егъэлеяуэ дигу ирихьащ. Абы къыщытхутепсэлъыхьащ муслъымэн диныр зэраIыгъымрэ зэрызэрахьэмрэ, къипкI-къилърэ залымыгъэрэ диным хэмыту, цIыхухэм яку зэгурыIуэ дэлъынымкIэ диныр сэбэпышхуэ зэрыхъум.

Адыгэ Хасэм и унэм дэ дащыIущIащ хэгъэрейхэм я къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэм хэтхэм, литературэм, музыкэм, театрым дихьэххэм. Дэтхэнэри хущIэкъут езыр дэзыхьэхым теухуауэ щIэ гуэр къызэрищIэным. Дэри дызыщIэупщIэн диIэт. Гуапэт ди лъэпкъэгъухэм адыгэбзэкIэ дазэрепсалъэр гуфIэгъуэшхуэу зэралъытэр.



*Наурыз Нефрин и тыкуэныр къыщызэIуахым.*



*Тыркум щыпсэу адыгэхэм лэжьэкIи ящIэ. ХъэщIэхэр ирагъэблэгъащ помидор щагъэкI хуабэщым.*

Ди хэкуэгъухэм Мысостышхуэ Пщызэбий егъэлеяуэ фIыуэ ялъагъуу, ЖьэкIэмыхъу КIунэ яцIыхуу, Къардэнгъущ Зырамыку и тхыгъэхэм щыгъуазэу, Нало Заур жыпIэмэ, я псэр къыхыхьэжу къыщIэкIащ. Абыхэм я лэжьыгъэм теухуа упщIэ куэдкIи зыкъытхуагъэзащ.

**– Фезыгъэблэгъахэм, Тыркум япэу фызэрыкIуэр къалъытэу, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зыщывагъэплъыхьа къыщIэкIынщ…**

– Тыркум дыщыкIуар хэхыныгъэхэм ирихьэлIати, абы щыпсэу адыгэхэм я Iуэху дэкIыу зэрыщытыр нэрылъагъу тщащIу, къуажэ 54-рэ зи IэмыщIэ илъ губернатор Шукрю Коджотоле, Мараш къалэм и унафэщI Пойраз Мустэфа, къулыкъуэщIэ Къущхьэ Шейда сымэ дыхуагъэзащ. Адыгэ лъэпкъым адэкIи я Iуэху зэрефIэкIуэнум, илъэс пщIы бжыгъэхэм щIигъуауэ Урысеймрэ Тыркумрэ щэнхабзэ, щIэныгъэ, экономикэ зэ-

пыщIэныгъэхэр зэрызэхуаIэм, абы адэкIи зэрызрагъэужьыну щIыкIэм теухуа псалъэ зэхыдагъэхащ. 2008 гъэм Тыркумрэ УФ-мрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, щIыналъитIыр щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ жыджэру зэрызэдэлажьэри къыхагъэщащ. Хэкужьым и лIыкIуэхэр дыкъытеувыIащ адыгэр апхуэдэу дуней псом щызэбгрыдза щIэхъуа щхьэусыгъуэхэм, ди зэпыщIэныгъэр дгъэбыдэну дызэримурадым. Дэ къыхэдгъэщащ уэрэд жызыIэми, къафэми, театрым и лэжьакIуэми, усакIуэми я къалэныр зэрызэтехуэр, щхьэж зэрыпсалъэ бзэмкIэ лъэпкъым зэрыхуэлажьэр. ЗэIущIэм и кIэухым фэеплъ сурэтхэр зытредгъэхащ.

Апхуэдэу зыщытплъыхьащ Джылахъстэней адыгэ къуажэ зыбжанэм – Къарэахьмэд, ХьэпцIей, Къаншыуей, Хьэджумар (Инарыкъуей). Абыхэм япэмыжыжьэу щыIэ Анзорей, Астэмрей, Яндрей, Фындыкъ, Сарайджыкъ, Дейвабойно, Хьэзиз и къуажэ (Ермулу), Къамшыкъ жылэхэми я гугъу къытхуащIащ. ДыщыблэкIым дагъэлъэгъуащ абазэхэ къуажэхэу Мэмэтбей (Куэшхьэблэ), Мэхьмудбей (Тыгъухьэблэ), Тахьирбей (Щауэжь хьэблэ), Языкъуей, Алтынбогъэ, Акифия, Кумбатыр, убых къуажэжь Чэрмурлюр.



*КIарэ Ларисэрэ КIэмыргуей Валентинрэ спектаклым щыщ теплъэгъуэ ягъэлъагъуэ.*



*Мамхэгъ Анжелэрэ Тхьэгъэпсэу Нартщауэрэ къофэ.*

ДыздэщыIа къуажэхэм дащыхуэзащ я нэхъыжьыфIхэм. Ахэр зи ныбжьыр илъэс 90-м нэблэгъа Ащхъуэт Бэщрий, Думэн Хьэбиб, КIэмпIарэ Фэкрет, КIэмпIарэ ХьэIишэт, Тумэ Бедрий, Токъу Бедрий, нэхъ щIалэIуэ МытIыжь Шейдэ сымэщ. Иуаз Зубер шыкIэпшынэ здедгъауэм, Ащхъуэт Бэщрий къыджиIащ абы и анэр а Iэмэпсымэм пхъэпшынэкIэ еджэу зэрыщытар. Сыт жытIэми, Хэкурат нэхъыщхьэу зи гугъу тщIыр, абы нэхъыбэу къыщIэупщIэхэрти. Нэхъ къыхагъэщт ХэкумкIэ къэкIуэжыну къеIэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар, щIэблэм бзэр яIэщIэху зэрымыхъунур. КъэкIуэжын мурад зиIэхэр щIэупщIэрт Урысеймрэ адыгэхэр щыпсэу республикэхэмрэ я унафэщIхэр сыткIэ къадэIэпыкъуфынуми. Нобэ хэкужьым щыIэ къуажэхэмрэ унэцIэхэмрэ яфIэгъэщIэгъуэну куэду къыщIэупщIащ. «КъэкIуэжмэ, тырку хабзэщ, тырку динщ къытхуздахьынур жаIэу нэмыплъ къытхуамыщIыну пIэрэ?», – жызыIаи нэхъыжьхэм къахэкIащ.

Дэ псалъалъэкIэ дызылъыхъуэ адыгэ къэкIыгъэцIэхэр Тыркум щыпсэу ди хэкуэгъухэм зэращIэр тфIэхьэлэмэтт. Гуапэт жьыи щIэи адыгэбзэр мащIэ куэдми зэраIурылъыр.

– Илъэс 50-м сыщIигъуащи, Тыркум ис унафэщIхэм адыгэхэр зэгуэр дыщыдакъуза, ди бзэкIэ дыпсэлъэжыныр къыщытпаубыда срихьэлIакъым. Дэ жылэ-жылэу дызэхэсу, ди бзэкIэ дызэпсэлъэжу дыкъогъуэгурыкIуэ, – жиIащ МытIыжь Шейда. – Хэт ищIэрэ, нэхъапэм ди нэхъыжьыфIхэр хуит щамыщIа щыIами, иужьрей илъэс 50-м апхуэдэ Iуэху зэIумыбз мыбы щекIуэкIакъым. Адыгэхэм ди Iэхъуэ-шыхъуэу, Iэпыдзлъэпыдзу, хэхэсыр ахэра хуэдэу къытхэса нэгъуэщI лъэпкъхэри зэрыпсалъэр адыгэбзэщ.

ДыщыхьэщIа псэупIэхэр илъэси 120–130-рэ хъу, бгыкъухэр зэрылъ, адыгэ ухуэкIэкIэ щIа унэ бидэхэт. Абыхэм сурэт ятетхыху Iэнэхэм къыт-хутрагъэуващ адыгэ кхъуейжьапхъэри, жэмыкуэри, пIастэри, лэкъумри, лыцIыкIулыбжьэри, хьэлывэри, нэгъуэщI ди лъэпкъ шхыныгъуэхэри.



*Къалэ унафэщIым и хэщIапIэм.*



*«Хэкужьым къикIа слъагъуну сыщыгугъыжакъым».*

Адэжь хэкум къызэрыхуэзэшым и щыхьэту, дызэрыхьа унагъуэхэм я блынхэм фIэлът бжьакъуэхэр, адыгэ фащэхэр, Iуащхьэмахуэ и сурэт. Апхуэдэ плIанэпэ зимыIэ дрихьэлIакъым. ИтIанэ, я унэ библиотекэхэм адыгэ тхылъхэр щызэхуэхьэсат. IутIыж Борис, МафIэдз Сэрэбий, Нало Заур, нэгъуэщI ди тхакIуэ куэдым я тхыгъэхэр щIэлът. Абыхэм си тхылъи яхэлъу щыслъэгъуам, дауи, си гуапэ хъуащ. Зы тырку тхылъ хэмыту адыгэ тхакIуэ защIэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэсаи, тырку тхылъ фIэкIа зыщIэмылъ унагъуи дрихьэлIащ. Адыгагъэ, адыгэбзэ, хабзэ, лъэпкъ, Хэку мыхьэнэр абыхэм нэхъ зыхащIэу, я лъым хэту апхуэдэщ куэдыр, ауэ а псом жыжьэу къыхукъуэпъ фIэкIа, езым зыкIи ахэр къехьэлIауэ щымыт хуэдэу къызыщыхъухэри щыIэщ.

Кафе гуэрым дэ щыдагъэшхащ бжэнышэм къыхэщIыкIа морожнэ. Ар Тырку псом щыцIэрыIуэщ, фIыуэ щалъагъу, бжэнылыр нэхъ къащтэ, зэрыхущхъуэр къалъытэри.

Мараш дыкъикIыу Истамбыл дыкъэсыжа нэужь ди ещанэ концертыр абы щыттащ. Дыкъыщежьэж махуэм дашащ природэм щаухуа музей хьэлэмэтым. Абы щызэхуэхьэсат нэхъапэм мы щIыпIэм щыIа къэра-

лыгъуэжьхэм я ухуэныгъэхэм я макетхэр. ГъэщIэгъуэнырати, кнопкэхэм ящыщ зыр тепкъузэмэ, узыщIэупщIэр урысыбзэкIэ къыбжиIэрт. Куэду гукъинэ тщыхъуащ а музейр.



*Даур Иринэ уэрэд жеIэ*



*Лыкъуэжь Нелли кIэух зэIущIэм къыщопсалъэ*

Кхъухьлъатэм дису дыкъыздэкIуэжым сэ псэкIэ согуфIэ Мараш дэс адыгэхэм Адыгэ унэ, Адыгэ Хасэ зэраIэм папщIэ, согуфIэ, къалэн зыщащIыжауэ куэдым адыгэбзэр зэраджым, псори зэрызэ нэхъ мыхъуми я лъэр ди деж къахусыжыну дызыхуэза псоми дыкъызэрагъэгугъам щхьэкIэ. Ауэ къэкIуэнымрэ къэкIуэжынымрэ яку дэлъщ упщIэ куэд, жэуап ямыгъуэтмэ, хэхэсхэр нэхъ псынщIэу хэшыпсыхьыжыну пIэрэ, жыуигъэIэу.

*Епсэлъар*

***ТЕКIУЖЬ Заретэщ.***

# Хъуэжьэ и Куэбжьэ

*Пасэрей псысэхэр*

## ДжэгуакIуэхэм я пцIы упсыкIэр

Еуэщ-еIэри, джэгуакIуэ гуп КIахэм къикIыу Къэбэрдейм къэкIуэну къожьэ. Апхуэдэ зы гуп Къэбэрдейм икIыу КIахэм кIуэнуи йожьэ. Куэд якIуа, мащIэ якIуа — сытми махуэхэм ящыщу зы махуэ гуэрым а гупитIыр губгъуэм щызэIуощIэ. ЩызэIуощIэри сэлам зэрах:

— Дэнэ фыкъикIрэ?

— Къэбэрдейм дыкъокI, КIахэм докIуэ.

— Дэри КIахэм дыкъокI, Къэбэрдейм докIуэ.

Арати, хьэщIагъэ зэрамыхыу хъунт? — еуэри, я гъуэмылэ зэхалъхьэ, я махъсымэ зэхакIэри, тхьэрыкъуэф Iэнэ пэротIысхьэ. Йошхэ-йофэ.

— АтIэ, Къэбэрдейм сыт щыхъыбар? — жи КIахэм я джэгуакIуэ тхьэ-мадэм.

— Уэлэхьэ, ди хэку хъыбарышхуэ илъмэ, — жи Къэбэрдейм я джэгуакIуэ тхьэмадэм. — Еуэри, зы выщIэ мылъхуэс дгъашхэрт зэрыкъэбэрдейуэ, и кIэбдз лъакъуитIыр Джылахъстэнейм итрэ и кIэ бацэмкIэ нэгъуейм бадзэ яхуеуэу, и фIалъэ лъакъуитIыр къурш лъабжьэм щIэтрэ езыр Дзэлыкъуэ щехъуу. Бжьыхьэр къэсмэ дыукIыжын ди гугъэу, къыздикIари-къыздихуари дымыщIэу зы бгъэжь къытеуэри выщIэр ихьащ.

Куэдрэ уэгум уфэразэу итаи ар, выщIэр щишхын тIысыпIэ имыгъуэту, сытми зы зэман зэ къыр папцIитI къигъуэтри, а тIум яку дэтIысхьащ, зэран къысхуэмыхъуIауэ сышхэнщ, жыхуиIэу. ЗыдэтIысхьар бжэным яхэт ажэжь гуэрым и бжьакъуэ зэхуакурауэ къыщIокI. А дакъикъэм уэшх къешхыу къыщIэкIынти, бжэныхъуэ Къуиижь ЦIыкIу, ажэм и жьакIэ щIагъыр гъуэщапIэщ жиIэри, щIэтIысхьауэ щIэсти, Iэуэлъауэ гуэр зэхихри къыдэплъеящ. Ажэ жьакIэр зэгуихри, жьакIитI зэхуакум къыщыдэплъым, бгъэжьым выщIэ блэгъур къыщIитхъауэ ишхырти, Къуиижь ЦIыкIу щыщтэри лъэтэжащ. Щылъэтэжым, блэгъур къыIэпхури бжэныхъуэм и нэм къыщIохуэ.

Блэгъур и нэм щIэлъу Къуиижь ЦIыкIу жэщ хъуху бжэныр игъэхъури къыдихуэжащ. Пщэдджыжьым аргуэру бжэныхъуэ кIуэну къыдокI.

Бжэн къыдэзыхуахэм гу лъатэ Къуиижь ЦIыкIу нэкIэпсыжэ зэрыхъуам.

— Сыт уи лажьэ, Къуиижь ЦIыкIу? — къоупщI и къуажэгъухэр.

— Си нэм аргъуей къыщIэхуащ.

— ДэнщыIэ! — жаIэри щIэплъэм, зыгуэр къалъагъу, аргъуейми емыщхьу, зэщхьри къыпхуэмыщIэу.

Церпышхуэ щагъэлъадэ, вышхуищэ щIащIэжри, выщIэ блэгъур къыщIалъэф, хьэблэр ежауэ Шэчэр Iуфэ ялъэфри, абы къыщагъанэ.

Абдежыр куэншыб идзыпIэ мэхъури щIы пшэр трещIэ, удзыпцIэ дахэ мэхъуж. АдкIэ къиIэпхъукI, мыдкIэ иIэпхъукIыурэ зы жылэ цIыкIу къытотIысхьэ абдеж. ХъуэпсакIуэу къакIуэм къахэтIысхьэм, загъэпщкIуну къакIуэм къапытIысхьэурэ, къуажэшхуэ мэхъу. Блэгъум и кIапэр зыщIыпIэ деж къыщIэщырти, ар зы бажэжь цIыкIу къигъэунэхури, мэжалIэху къакIуэурэ къегъуу щIидзащ. Блэгъум бажэр къегъуху, жылэм щIыр мэхъей жаIэурэ тыхь тхьэлъэIу ящI. Бажэри етащи, блэгъур кърелъэфэкI, егъэкIэрахъуэ-къегъэкIэрэхъуэж. Мэгузавэ жылэр: зэм дыгъэр къуажэ гупэм къыщыщIокI, зэм къуажэ щIыбым къыщыщIокI; зэм я псыр къуажапщэмкIэ блэж мэхъу, зэм къуажэ щIыбымкIэ щежэхыу къыщIедзыж. Гужьеиху тхьэлъэIу ящIурэ жылэшхуэр къулейсыз мэхъу.

ИтIанэ жылэ унафэкIэ уд гуэр ягъаплъэри, бажэр блэгъум зэрегъур абы къехутэ. ЩакIуибл кIуэри, бажэжь цIыкIур гъуэм къыщикIым еуэщ аби, къаукIащ. Жылэр дэкIри, бажэм и джабэ къыдэгъэзеям фэр трахри адрей лъэныкъуэр къахудэмыгъэзейуэ къагъэнащ. Зы джабэм къытраха фэр къуажэм цIыхухъуу дэсым джэдыгурэ пыIэу яхурикъуащ.

Къуажэжьымрэ къуажэщIэмрэ яку псыр дэжти, къуажэжьым щыщу зэнысэзэгуащэ псыхьэ макIуэ, лэгъупым бжэгъу щIаури. Бажэфэ щIэлъэныкъуэр темыхыу къызэрынар щалъагъум, нысэр гуащэм йолъэIу:

— Мо бажафэ къэнэжар къытезгъэх! — жеIэри.

Гуащэм хуит къищIри, къуажэ псом яхузэмыдзэкIа бажэр лъапэкIэ къызэридзэкIщ аби, фэм и кIапэр иубыдри къытрилъэфащ. А бажэфэ ныкъуэр къыздихьри, илъэс мыхъуа и къуэм пыIэпхъэ хурикъуакъым. Залэ закъуэ хуэчэмти, тIыфибгъурэ ныкъуэрэ хилъхьэжри пыIэ хъурей хуищIащ.

Ар зи нэгу щIэкIа Къэбэрдейм хьэIусыпэ зрату исыр зэхуэсауэ мазибл мэхъури зэхэсщ зэныкъуэкъуу, дэтхэнэра абыхэм нэхъ иныр, жаIэри. ВыщIэра? Бгъэжьыра? Ажэжьыра? Къуиижь ЦIыкIу? Бажэра? Нысэра? И къуэра?

— Аращ ди хэку щыхъыбарыр, — жи Къэбэрдейм я джэгуакIуэ тхьэмадэм. — Иджы уэри къыджеIэ фи дежкIэ щыхъер-щыхъыбарыр.

— Ди дежкIэ щыхъер-щыхъыбарыращ, — жи КIахэм я джэгуакIуэ тхьэмадэм. — КIахэр зэрыкIахэу дызэхыхьауэ лэгъуп цIыкIу идогъэщI. А лэгъуп цIыкIум гъуаплъащIэ щий йолэжь, хъурейуэ къетIысэкIауэ. Абы къетIысэкIа щийр зым и уадэ макъыр адрейм зэхимыхыу зэпэIэщIэщ…

Ар щызэхихым, Къэбэрдейм я накъырапщэр къэуIэбжьри и жьэр къыIурыхуащ:

— А гъуэгу махуэ ежьэн, апхуэдиз зинагъ лэгъупымкIэ сыт фщIэнур? — жиIэри.

КIахэм я къамылапщэр къэпсалъэри:

— Къэбэрдейм я выщIэ мылъхуэсыр иридгъэвэну арат! — щыжиIэм, мы дунейр икъутэжу дыхьэшх макъ къэIуащ.

ДжэгуакIуэхэр къызэплъэкIмэ, жылагъуэр къызэхуэсауэ къэдаIуэрт… Къэбэрдейм я пцIы кIыхьыр кIахэм я пцIы кIэщIым щIиIубауэ арат.

## Бжьэ натIэхур къызэралъыхъуэжар

Си щIалэгъуэм кхъахэу сылIыжьт. Си адэ кхъахэм и сабиигъуэти, чышым тесу уэрамым дэтт, и шыр игъалъэу, игъажэу.

Бжьэ матэ ди куэдт, яшх пэтми жылагъуэм яхуэмыухыу. Матэр ду нэхърэ нэхъ инти, бжьэуэ дэсыр илъэс псом схуэбжыртэкъым, дакъикъэм збжыф къудейт. Зы дакъикъэ гуэрым збжыри, зы бжьэ натIэху цIыкIу къэту къыщIэкIащ. Ди адэр гущэм хэлъти, къэзгъэушри жесIащ бжьэ фэкъур зэрыкIуэдар.

— Щхьэ уакIэлъымыплъэрэ, хьищым я кум къыдэкIа! — жиIэри, къауэщ аби, тIэрабгъуу сыкъриудащ. — Сэ ар дыщэ гулъэкIэ сонэм я дей къыщысщэхуат. Бытырбыху щагъэпщкIуами, Истамбыл гъэру щаубыдами, къэгъуэтыжи къэхуж!

Алъпыжьым сыкъиIэтыжыфыртэкъыми, ди адакъэпщ лъакъуэхур къыщIэсщ, ди саур уанэр теслъхьэщ, ди жыр вабдзэжьри езгъэшхщ аби, сыдэшэсыкIащ. КъуакIи-бгыкIи, Истамбыли, Бытырбыхуи щIэсщыкIри згъуэтакъым, тIу, уэлэхьэ, сымыгъуэта! Къызогъэзэжри, тенджыз морем сыкъызэпрыкIыж пэтрэ сеплъыхмэ — ди бжьэ натIэхур щIищIауэ абазэ гуэрым хы лъащIэр иривэу, вагъэбдзумиблыр зэуэ къыгуихыу солъагъу. Адакъэ лъакъуэхум зыщIызогъэгъауэри, хы лъащIэм сох, абазэр къоплъэри, адакъэ лъэджажэр гуахъуэбжьэ хуэдизу щилъагъум, цIутI жимыIэу фэкъу цIыкIур къыщIетIыкIыж аби, къызетыж. И ху чысэри лэжьапщIэу къытрелъхьэ.

Адакъэ лъакъуэхум жагъын иџтауэ къыџыџIэкIым, уанэр бжьэ фэкъум къытызолъхьэ, адакъэ увыIар Iэдэжу соубыдыжри сыкъожьэж. Шэ џIывым хуэдэу дыкъыздэкIуэм, тхьэмахуэ гъуэгу къызыпытча къудейуэ, фэкъу џIыкIур бауэкIэџI мэхъу аби, шыныбэпхыр зэпочри, си ху чысэр Псыжь хоџаџэ. Къэсџыпыжынкъэ жызоIэри, бжьэ фэкъумрэ адакъэ лъакъуэхэмрэ солъахъэр аби, хъуэкIуэну соутIыпџ, сэри Псыжь скIыџтэу сыIуоувэ, арџхьэкIэ зы ху џIыкIу згъуэтыжакъым, пшахъуавэм хэпџкIуати.

МазэкIэ уџемыпсыхкIэ уешынтэкъэ — зызгъэпсэхуну жыг џIагъ гуэрым сыџIогъуалъхьэри, занџIэу сыIурех. Сыкъэушыжмэ, бжьэ натIэхур дыгъужьым зыIуридзауэ, ар къытрихыжын и гугъэу, адакъэр џхъуэжьым езауэу солъагъу. Сабгъэдолъадэ, дыгъужьым саур уанэр теслъхьэу сыкърикIуэжын си гугъэу. «Хьэф!» — жиIэу џхъуэжьыр къыџыпхъуэм, сыжьэдэпхъуэџ аби, ди бжьэ фэкъу џIыкIур и лъатэм къисхыжаџ. Езы џхъуэжьыр адакъэ лъакъуэхум хуэздзри езгъэшхаџ, «СызэрыкIуадэ мыгъуэр хэт и ныбэ!» — жиIэу гуIэжу. Уэлэхьэ, езгъэшхам, тIу!

Арати, уанэр НатIэхум тызолъхьэж, Лъакъуэхури Iэдэжу къызошэжьэжри, ди унэ сыкъокIуэж.

Сыкъэсыжмэ — ди пџIантIэм джэгушхуэ дэтџ.

— Адэ къыпхуалъхуаџ! Адэ къыпхуалъхуаџ! — жери, и жьакIэпэр пысэсыхьу си къуэрылъху џIыкIур къыспожьэ. — ПсынџIэу, — жи — Тхьэм и дей дэжеи, дадэ ирагъэпскIыну, уаџхъуэпс къытхуэхь.

«Сыт иджы сџIэнур?» — жызоIэри сокIэрахъуэ. Си нэр тохуэри, къызолъагъу Псыжь хэџэџа си хур къэкIри, дэкIейм-дэкIейурэ, уэгум џIэуэџ аби зыкъагъэшыжауэ, я џхьэмыжхэр бажэкIэ хуэдиз хъууэ къелэлэхыу. Зы мэш лъэдий соубыдри уафэм сыдопџей, уафэ джабэмкIэ сожэкIри, Уаџхъуэм зы псы Iэпхъуалъэ къыIызох, зы ткIуэпс кIэрызмыгъэхуу къызохь. Тхьэм и псу УаџхъуэпсымкIэ си адэр догъэпскI аби, жьакIэхурэ дахэшхуэу къыџIокI. Абы къыдэхуа гъэпскIэпсыр Къэбэрдей псом илъэскIэ ярикъуаџ, къалъхуу хъуар ирагъэпскIыу.

Псыжь къыхэкIа мэшыр мэхыжьэж жаIэри, зэрыунагъуэу дыкIуэџ аби, џхьэмыж миныр зы пхыру, пхыр миныр бэжэкъыу (чресу), бэжэкъ миныр гъасэгуу, гъасэгу миныр зы џэджу, — џэдж мин хъуаџ. Абы къиIукIа ху матэр тхьэмахуэ Iусу тхурикъуаџ.

Иджы мис абдежым къэхъуарџ зэтџIэн дымыџIэр. Япэу ягъэжьа пIастэ лэгъупыр яубэну Iэнэм џытраупџIэм, зы IэшкIэ џIыкIу къыкIэрыхури, унэ лъэгум къихуаџ. Ди адэр имыџIэу абы хэувэри хэнаџи, илъэсипџI хъуауэ къытхухэчыжыркъым, магъ-мабжэри хэтџ.

# Мыщэм сыт и къэубыд!

ХьэтІохъущокъуэхэ япхъу Баринэ, хъыджэбз дэсу арати, зы махуэ гуэрым пэзубыдащ, мы си пащІэ лъабжьэм зы ба къыхуумыщІау сыарэзыкъым, — жысІэри. Сэри сыдогушыІэ, езыми ар ещІэри, «кІыр-кІыр-кІыр-кІыр» — жиІэу къызэрылъэлъу мэдыхьэшх. Хэзгъэзыхьыпэ щыхъум, зыкъысхуритІащ:

— Уэрэ дэрэ дызэрызэпылъррэ илъэс дапщэ хъуа, Къуэдзокъуэ? — жиІэри.

— Уэлэхьэ, зыбжанэ хъуам!

— АтІэ, — жиІащ, — Хьэмырзокъуэ Аслъэнджэрий зэрысцІыхурэ мазэ хъуакъым; мыхъуа пэтми, дыгъуасэ мыщафэ къысхуихьри кІуэжащ. Уэ зогъэщакІуэ бэлыхь, сыту зэ уигу сыкъэкІыу, бажафэ нэхъ мыхъуми схущумынарэ?

— Іау, уэлэхьэ, Хьэмырзокъуэм мыщафэ къыпхуихьамэ, сэ мыщэ псэу къыпхуэсшэным! — жызоІэ.

— Тлъагъум тІуэтэжынщ! — жи.

— ЕІ, уэ сэ пцІыупсыфэ къызуплъауэ щхьэ мы дунейм сытет! — жысІэри сыкъэшэсыжащ, ди унэкІэ къэзмыгъэзэжу, мэзым мыщэ лъыхъуэ сыщІыхьэжащ.

Махуэ сощакІуэри згъуэтыркъым, махуитІ сохьэулейри и лъэужь сытехьэркъым. «Къуэдзокъуэ къокІуэ» — жаІэри, мэзым щыщІэІуэм, хьэкІэкхъуэкІэр щІэкІауэ арат. «Фэ тхьэр вгъэпцІакъэ щІыгум фимыкІыжым!» — жысІэри сакІэлъежьащ. Сэри сыкІуэм, хьэкІэкхъуэкІэхэри кІуэурэ, къуршым щынэсым, гъуахъуэ къахэкІыу щІидзащ. «Хуэза фи Іуэхур» — жысІэри, схууэрэ, къуршым и зы къуэ куу дэсхуащ. ХьэкІэкхъуэкІэхэр кІуэм, сэри сакІэлъыкІуэурэ къуэр зэв хъууэ хуежьащ, мыгувэу къуэм и кІэм нэсри къыр блыным щыжьэхэуэм зэщІэгъуэгащ, Къуэдзокъуэм дыІэщІокІуадэ жаІэри.

— Фымыгъуахъуэ, хуэмыхухэ! — жысІэри сахэгуоуащ. — Сэ фэ къомым сыфхуейкъым: сэ сызылъыхъуэр зы мыщэ закъуэщ.

ХьэкІэкхъуэкІэхэр къэгуфІэжри къагъэзэжащ: псом япэ мэз бжэнхэр къэзутІыпщыжащ, абы яужь кІэщІкІэ иту мэзыкхъуэхэр гъуахъуэу къыдэжыжащ, къыкІэлъыкІуэу бажэхэр къыдэущыкІыжащ, къыкІэлъылъэри тхьэкІумэкІыхьхэр къыдэцІэфтыжащ… — апхуэдэурэ псори къэзутІыпщыжри мыщэ гупыр къыдэзнащ. Къэзбжри — мыщэ минищрэ мыщэ щищрэ хъурт, акъуш тІощІырыпщІи ягъусэжу. А къомым къахэтэджыкІщ аби, зы мыщэ зэрамыщІэж къэуващ:

— Къуэдзокъуэ, уэ къэплъыхъуэр, шэч хэмылъу, сэрауэ къыщІэкІы-

нущ, — жиӀащ. — Мы гупым сэ нэхърэ нэхъ ини, сэ нэхърэ нэхъ блани яхэткъым: мыбы япщыр сэращ.

Пэж ухуеймэ мыщэр домбейт, витӀ нэхърэ нэхъ ин жыпӀэну.

— Мы тхьэмыщкӀэ къомыр утӀыпщыжи уэрэ дэрэ дыкъызэхуэгъанэ! — жи. — Зи насып текӀуэм деплъынщ…

Хъунщ жысӀэри, мыщэ къомыр къэзутӀыпщыжри, дэ тӀур дыкъызэхуэнащ. Сызижагъуэн и махуэт ар зыуэ гъуахъуэрти! Абдежым дыщызэрыубыдщ аби, хьэкӀэкхъуэкӀэми, къуалэбзуми, цӀыхуми я щхьэр къыкъуагъэжауэ къаплъэ мыхъумэ, къыкъуэкӀын дзыхь ямыщӀу, дызэрызехьащ мыщэжьымрэ сэрэ; дызэрызехьэщ, дызэрыфыщӀщ аби, щӀы здэтшха мыхъумэ, дызэрытегъэкӀуакъым. Брус зырыз къатщтэри дызэзауэу щӀэддзащ, арщхьэкӀэ, тӀуми ди брусхэр къутэри хыфӀэддзэжа мыхъумэ, дызэрытегъэкӀуакъым. Щымыхъужым, къуэ джабэ зырызыр дыубыдри мывэкӀэ дызэзауэу едгъэжьащ. Щхьэл цӀыкӀу хуэдиз хъу мывэжьхэр къырым къыгуэтчурэ дызэзэуащ мывэ дымыгъуэтыж хъуху, арщхьэкӀэ тӀури дызэрытегъэкӀуакъым. Сабэу къэтӀэтар пшэ фӀыцӀэу дыгъэм трихьэри, дунейр жэщ мазэхэу кӀыфӀ ищӀащ. Абдежым мыщэр къопсалъэри:

— Куэдщ ар, — жи, — Къуэдзокъуэ и къуэ: уэрэ дэрэ ди лӀыгъэ зэрыгъэунэхуащи, дахэкӀэ дызэбгъэдэгъэкӀыж!

— Уи адэ зыгъэпсэун ар! — жызоӀэ. — Уэ узутӀыпщыжмэ, сэ Баринэ хуэзыбгъэшэнур сыт? ПцӀыупсу сыбгъэкӀуэжыну ара?

— Ей, уэ Баринэ сыхуэпшэну къэбгъэгугъауэ! — жиӀэри губжьауэ къежьащ. Абы и жьэ ущӀам выщӀэ жьэдэхуэнт, апхуэдизкӀэ быхъути! Сэри си къамэр къисхри, зы бжэгъу кӀэщӀ къыпызгъэлъэтщ аби, ар сӀыгъыу мыщэ гъуахъуэм сыпежьащ. Мыщэр къэсри, къыщыпхъуэм, бжэгъу кӀэщӀыр и кум деж щызубыдри жьэдэзгъэуващ: мыщэм и жьэр щызэтрипӀэжым бжэгъум зэтримыгъыхьэу иубыдащ.

Бжэгъу кӀэщӀым и зэхуэдитӀым деж си аркъэныр щызгъэлъадэщ аби, сыкъэшэсыжри мыщэр гъуахъуэу Баринэ къыхуэсшэри, я шыфӀэдзапӀэм еспхащ. Жылэр абы еплъыну зэхуэсауэ зэхэту, Баринэр къызбгъэдэхьэщ аби, си пащӀэ лъабжьэм хуэзэу ба къысхуищӀри, щӀэлъэдэжащ. И адэр къаплъэри, и пащӀэкӀэм щӀэгуфӀыкӀа мыхъу, зыри жиӀакъым.

Мыщэм и фэр ХьэтӀохъущокъуэхэ я хьэщӀэщышхуэм ирапхъуати, Ӏэбгъу къэмынэу унэ лъэгур щӀиуфат.

Мыщэр делэщ, мыщэм сыт и къэубыд!

**ХЬЭТУЕЙ Заурбэч**